

SILSILAH
WAYANG PURWA
MAWA CARITA



Dening
S. Padmosoekotjo

Cap - capan kaping I - 1985



BERSEKUTU BERTAMBAH MUTU

NEGERI SEMBILAN

Jo 4.2.00..

Silsilah Wayang Purwa
Mawa Carita
Jilid VI.

Promosi Buku - Buku lidang
Jakarta, 30 April 1996


J. Dwi
Agusanto -





SILSILAH WAYANG PURWA MAWA CARITA

Jilid VI



Dening :

S. Padmosoekotjo

*

Kabar dening :

PT „Citra Jaya Murti”

Jl. Rungkut Industri II/18

Surabaya

Cap-capan kaping I — 1985

**BADAN ARBUS PROV. JATENG
DI SEMARANG**

No. Daft.	110-164/a
Tanggal	06 - 07 - 2011



Dicetak offset : PT. Citra Jaya Murti
Surabaya.

Pangeling-eling

*Sinarkara kinarya mengéti
Layang Sarasilah Wayang purwa
jilid néném palesthane
ing tanggal loro Mulud
Senen Paing Jimawal warsi
Suka nyata trus heng tyas
yen Masehi nuju
Nopembér aémlikeur tanggal
sinangkalan Suci ngesthi trus samadi
duk ing mangsa Kalima.*




ATURE PĒNĒRBIT

Kanthy rasa suka sukur kita ngaturake Buku *Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita* jilid VI sing tansah diantu-antu dening para sutrēsna. Isine buku iki nyaritakake letakzone para kadang Pandhawa sawise kalah main dhadhu karo Korawa banjur katundhung saka Hastinapura, nganti tēkan pangudine para pinisēpuh kanggo nyēgah timbule pérang ing antarane para darah Bharata, kang karan Bharatayuddha.

Kaya ora ana gunane Pēnērbit ngaturake komēntar utawa cênthangan apa-apa ngenani isine buku, jér kabeh wis diandharake kanthy gamblang lan néngsemake dening pangripta. Kita mung pêdu matur manawa sawise jilid VI isih ana sajilid maneh kang bakal kabubar, yaiku jilid VII, jilid kang pungkasan.

Wasana Pēnērbit ngaturake sugêng maos sarta ora lali ngaturake gunging panuwun marang para sutrēsna kang wis kasdu paring pamrayoga, panyaruwe apadene pangalémbana marang wétune buku kang gedhe bangêt pigunane tumrap pémbangunan kapribaden iki.

Nuwun.



Surabaya, 1985

Pēnērbit.

THE NATIONAL COAT OF ARMS

Surat Thani's national coat of arms depicts a red shield containing a white five-pointed star. The star is surrounded by a green border. The border contains the words "surat thani". Above the shield is a red crest depicting a white elephant standing on a green base. The elephant is holding a white sword in its right front paw. The base of the crest is a green lotus flower.

Surat Thani's coat of arms was officially adopted on 15 January 1982. It is based on the traditional heraldic symbols of Thailand, specifically the elephant and the sword.



Atur pangiring

Isinipun buku "Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita" wiwit saking jilid I ngantos dumugi jilid VI punika sanes karanganipun panitra piyambak. Panitra namung méthiki saking buku-buku lan kalawarti-kalawarti ingkang isinipun wontén gégayutanipun kaliyan cariyos ringgit purwa. Namanipun buku-buku lan kalawarti-kalawarti punika kasébut wontén ing *Daptar kapustakan lumampir* buku punika.

Tarkadhang wontén pèthikan ingkang namung dipun-ébutakén namaning bukunipun tanpa dipun-pratelakakén asmaning pangriptanipun; punika jalaran panitra sampun késupen asmaning pangriptanipun, nanging isining cariyosipun taksih kengétan.

Kajawi pèthikan saking buku-buku lan kalawarti, isinipun buku "Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita" jilid I dumugi jilid VI punika ugi wontén ingkang saking pèthikan giyaran cariyos ringgit purwa RRI lan saking pagélaran ringgit purwa ingkang sampun nate dipun-tingali dening panitra.

Purworöjo, Sènen Paing 2 Mulud taun Jimawal 1917.

Utawi: 26 Nopembér 1984.

Panitra: S. Padmosoekotjo.



D A F T A R I S I

BAB	KACA
— Pangeling-eling	5
— Atur Penèrbit	7
— Atur pangiring	9
230. Widura ditundhung dening Prabu Drèstarastra	13
231. Maharsi Maitreya ngésotake Duryodana	16
232. Widura nyantakake pérang-tundhinge Bhima — Kirmira	19
233. Prabu Krésna tétingjo Pandawa ing alas Kamyaka	22
234. Arjuna kadhawuhan nyuwun gégaman kaswargan	25
235. Arjuna miratapa ing wukir Indrahila	29
236. Arjuna pinaringan gégaman kaswargan	32
237. Arjuna ana ing Suralaya	35
238. Jalaran tan kapadhan ing iih, Dewi Urwasi ngésotake Arjuna	38
239. Arjuna nyirmakake para Niwatakawaca	41
240. Arjuna nyirmakake para asura ing Hiranyakusuma	45
241. Maharsi Bhrigadhaswa nyaritakake kesurang-surange Prabu Nala ..	48
— Silsilah XXVIII: Naga Karkotaka	60
242. Pandawa léléana-brata lan matirtha diayomi Maharsi Lomasa ..	64
243. Maharsi Agastya wasanans ndhahar daitya Watapi	67
— Silsilah XXIX: Danawaraja Iwala lan daitya Watapi	67
244. Dumadine sanjata bajra, sanjatane Bathara Indra	73
— Silsilah XXX: Ramaparasa (Parasurama)	73
— Silsilah XXXI: Bathara Indra lan Bathara Wisnu	77
245. Maharsi Cyawana kakunge Dewi Sukannya dimalihake timur ..	80
246. Bathara Indra lan Bathara Agni nyatakake gëdhening kawélasane Prabu Usinara	84
247. Pandawa digendhong nayaka raséksa, Dropadi digendhong Gathut-kaca	87
248. Bhima ngupaya tunjung kaswargan, dumadakan ketemu Hanuman ..	90
249. Bhima mrajaya asura Jathasura	95
250. Bhima nyilmakake Asuraraja Prabu Maniman lan para yaksa-raséksa ..	98
251. Arjuna tumurun ing marcápada	102
252. Bhima ginubéd Naga	105
253. Pandawa konduring alas Kamyaka, kérawuhan Krésna lan Bégawan Markandheya	109
254. Dongeng mina agung	112
255. Kawonténanipun tétiyang ing satunggal-satunggalipun jaman ..	115

256. Para Narendra kang pantés tinulad-tinuladha	120
— Silsilah XXXII: Bathara Widatri	123
257. Wanita kang béktil marang guru-laki	124
258. Duryodana nedya ngerang-erang Pandawa, ditawan Gandarwazaja	128
259. Pandawa némku pakewuh, wasanane mandar antuk pituduh	138
260. Pandawa sésingidan namur salira ana ing Wiratha	146
261. Mahasenapati Kicaka gandrung-wuyung marang Sairandri	150
262. Ballawa mrajaya Mahasenapati Kicaka	153
263. Prabu Matsya ditawan mungsuh, diluwari dening Ballawa	156
264. Bréhannala pratela yen salugune Panéngah Pandawa	159
265. Arjuna ngobrak-abrik wadyabala Korawa	166
266. Pandawa dédunung ing Upaplawya	172
267. Krësna mangarsani sarasehan ing Upaplawya	177
268. Arjuna lan Duryodana nyuwun bantuan Kresna	182
269. Brahmana Pancala lan Sanjaya ora oleh gawe	187
Daftar kapustakan (Bibliografie)	194



BAB. 230. WIDURA DITUNDHUNG DENING PRABU
DRÊSTARASTRA.

Lêt sawatara sasi saka oncate para Pandawa manjing alas, Prabu Drêstarstra nimbal Sang Widura, dingendikani mangkene: „Yayi Ksaktri, wruhani-ra! Wiwit saoncate Pandawa, rasaning panggalihingsun tanah ora krapenak, pi-jér mélang-mélang, nguwatirake anane lélékan kang ora nyénengake ing témbe, seienteke wéwangén téluwas warsa hang kudu dilakoni dening Pandawa dadi wong buwangan. Manawa mulih Pandawa ményang praja banjur tuuh Bharatayuddha, pérang gegémpuran padha kadang, gek kapriye polahingsun. O, yayi Widura! Kabeh prakara kang wis kēbanjur, ora kena dibaleni maneh. Mulane sakabehe bab kang bahal ingsun Hindakake, luwih dhisik néddy ingsun mupakatake marang sira, supaya ingsun aja ngantik héduwung pamburine. Yayi Ksaktri! Saméngko ingsun mundhut pamrayoga marang sira, kapriye bisane ingsun kasirungan panggalih téntrem-ayém, kalis ing rasa was-sumélang.”

Widura: „Kaka Prabu, pépundhen kawula! Boten namung kamulyan lan kewibawan, nanging ugi katéntrenan, alandhesan kautamen. Sok sinténa ingkang salindak-tandukipun tansah alandhesan kautamen, témtu tansah kasinungan katéntrenan, manahipun boten nute goreh-rongéh. Nanging tityang ingkang murang kautamen, ingkang lepat udaii klenlu tindakipun, punika ingkang lajéng kasinungan manah was sumélang, kuwatos tampi wohing tindakipun ingkang lepat utawi ingkang klenlu. Paduka témtu boten kasamaran, bilih samangke kautamenipun bangsa Kuru ngalami risak, awit saking lékasipun Duryodana ingkang abudi candhala. Kaka Prabu, dununing sémbah kawula! Manawi kawula kapareng ngaturi pamrayogi, atur kawula makaten: „Paniguwaos paduka kajawi kongge memayu ayuning praja, ugi kapigunakna kange nggulanénthah para putra, supados sami abudi utami. Korawa-Pandawa kaongkaha sagédipun guyub-rukun wiyyéng saka kapti. Manawi Korawa-Pandawa sami kéléjéng cécéngilan, kaka Prabu témtu cinacab dening jagat. Pandawa tununtén katimbalan, dipun-luwurana anggenipun dedos tiyang bucalan, nagari Indraprasta kaparingna wangsul dhaténg Yudhisthira. Duryodana, Karna saha Dussasana hadhawuhana mèthuk mantukipun Pandawa saking wana manjing praja. Manawi paduka karsa ndhahar atur kawula makaten punika, Pandawa témtu sirna sak-sériking manahipun, Dropadi ikal panglitz-igitipun dhaténg Dussasana, saha osma paduka lajeng pulih huncara kados wingi-nguni.”

„Kaka Prabu témtu dereng késupen, bilih nalika lairipun Duryodana mawa cipta-sasmita sahlangkung awon. Nalika samantén kuldí-kuldí sami mbéngingéh, sinaréngan pambaunging sagawon ajeg, sinauran swanténipun péksi blékétupuk saha kukukbeluk. Amargi miréng cipta-sasmita sahlangkung awon punika, nalika samantén kawula enggal-enggal ngaturi pamrayogi

dhateng peduka, supados bayi Duryodana dipun-bucela kematwon, supados praja Hastina lan darah Bharata ngalami basuki-raharja. Putra paduka kathah, kalong setunggal boten dudos punapa, jér kangege kawidujenganipun tiyang sanagari. Atur kawula makaten punika paduka boten karso manggalih, mandar lajeng ndhawahakén dëduka. Sapunkha Duryodana sumpun diwasa, sagé sagédipun paduka namung kédah ngrukunakén kaliyan Pandawa. Duryodana, Karna saha Dussasana kadhwahana mintahsama dhateng Pandawa lan Dropadi, Wondene Suwalaputra (Sakuni), iughang dados tukipun sadaya plawon, kédah dipun-pidana. Manawi Duryodana tuwin Dussasana boten purun rukun kaliyan Pandawa, këkalihipun prayogipun dipun-tundhung soking praja."

Sarampunging ature Sang Widura, Prabu Dréstarastru duka, amarga darbe pangira yen Sang Widura iku mung nedya mikolehake Pandawa, lan ora darbe rasa tressna marang Korawa. Saka bangéting dukane, Sang Prabu nganti mentala *nundhung Sang Widura*, didhawuhu oncat saka Hastinapura.

Sawise nundhung Sang Widura, Prabu Dréstarastru banjur juméneng saka palénggahané, banjur mak kleput manjing ing prabasuyasa. Wondene Sang Widura, ing sapungkure Prabu Dréstarastru tumuli miyos saka kadhaton karo ngéndika: „*Kotatra mèathi bahan tanpa bêbèndunutig Jatatu.*”

Saka kadhaton Hastina, Sang Widura kondur menyang suyasa padémémane, nedya tata-tata. Sawise saméktia, Sang Widura banjur tindak menyang alas, nedya ngupaya Pandawa.

Praptane Sang Widura ing *slos Kamyaka*, ditampa kanthi pangaji-ajé dening para Pandawa. Sawise bage-binage kasugéngan, Sang Widura ngéndikakake kaanane praja Hastina lan kasugéngané para wredhu. Ana ing alas Kamyaka Sang Widura rumangsa ayém lan tèntrém, sabén dina astung tunungan marang para Pandawa ing babagan kantarpun lan kaprajan. Ing wayah bengi Sang Widura lan para Pandawa padha sarasehan karo para beamana, ngrembug isine Wedha lan Purana.

Kacarita Prabu Dréstarastru, ing sapungkure Sang Widura, panggalihé saya ora bisa tèntrém, tansah goreh-rongéh, lan rumangsa keduwung olehe nundhung Sang Widura. Keduwung, amarga wiwit saocute Sang Widura, ruwéh-rénténging praja dipanggalih dhewe; mangka adate, Sang Widura kang tinanggénah ngilangi rérwuéding praja. Kajaba saka iku, Sang Prabu nguwatirake, kumpule Sang Widura karo Pandawa ana ing miadyaning alas, bakal njalari saya moncering Pandawa ing babagan apa bae, kang njalari Korawa bakal saya kontit ing samubarange. Awit saka iku, Sang Prabu banjur dhaswuh marang *Sanjaya* ndikakake nimbalii Sung Widura, kadhwahuan kondur menyang praja.

Ora kocap lakune ana ing dalan, ganeangin carita Sanjaya wis tékan ing alas Kamyaka, ditampa bécik dening para Pandawa lan Sang Widura.

„Sēmūnipun rawuhipun parian Sanjaya ing wana Kamyaka sajak hanthi kusung-kusung. Wonfēn wigatos punapa, paman?“ Mangkono pandangune Prabu Yudhisthira, sawise bage-binage kasugengan.

Sanjaya: „Sinuwun, kauwuningana! Sapengkhēcipun Sang Widura oncal saking Hastinapura, panggalihipun Prabu Drēstaratra tansah botēn sahea, tansah gorch-congeh, botēn nate sagēd lēntrēm, nulis-awis sagēd sare pulēs, milanipun kērēp nandhang gērah. Awit saking punika, kaparēngipun Sang Prabu, kawula knutus nimbalī Sang Widura, hadhawuhan kondur dhatēng Hastinapura, sesarēngan kallyan lampah hula, ing dintēn punika ugi.“

Prabu Yudhisthira: „Paman Sanjaya! Uwa Prabu sēmūnipun botēn sagēd tétilor paman Widura. Kula botēn ngaturi kondur, lan ugi botēn nēdyā nggondhelli dhatēng paman Widura. Karia kondur utawi botēn, kula sumang-gakahēn dhatēng kaparēngipun paman Widura piyambak.“

Nalika midhangēt ature Sanjaya marang Prabu Yudhisthira, Sang Widura kaya gimugah trēsnane marang Prabu Drēstaratra, njalari kape-ngin turmuli kondur ményang Hastinapura. Mulane sawise antuk palilahe Prabu Yudhisthira, Sang Widura banjur kondur ményang Hastinapura, didherake Sanjaya.

Praptane Sang Widura ing kadhaton Hastin agawe suka-rēnaning pang-galihe Prabu Drēstaratra. Wiwit ing wéktu iku, Sang Prabu bisa ngrasakake tèntrēm-ayém, lan ing sabanjire nganti sawatara lawase, sirna gorch-congeh lan was-sumélanging panggalihe.



BAB 231. MAHARSI MAITREYA NGESOTAKE DURYODANA.

Sawise Pandawa sawatara lawase adéedunung ana ing alas Kamyaka, ing sawijining dina *Maharsi Maitreya* rawuh ing kadhaton Hastina. Naik priksa rawuhe Sang Maharsi, Prabu Dréstaratra gurawanlan mèthukake. Sang Maharsi diherekake munggah ing kadhaton, diaturi pinatak ing dhampar dènta. (Dènta = untu. Dhampar dènta = dhampar saka untu, maksude untu gajah, yaiku gadhang). Sawise bage-binage kasugéngan, Maharsi Maitreya ngandika: „*Sinuwun, kawuningana! Sasampunipun*” njahah desa milang kori” dumugi ing pundi-pundi, kula lajeng ndholèngi candhi-candhi, wasanoripun lajeng nusup-nusup ing wana gerojan, wana glédhégon lan wana gréng. Saréng lampah kula dumugi ing wana Kamyaka, saklangkung gumun-ngunguning manah kula, sumérèp para Pandawa rinuwung para brahmana. Yudhisthira pambayuning Pandawa katingal ngalelu wonten ing madyaning para brahmana. Para Pandawa sami mangangge wasuculing sato, rambutipun dipun-klebang. Para Pandawa kula célaiki lan kula takeni, sababipun sami adéedunung wonten ing madyahing wana. Wongsalanipun jalanan kawon main dhadhu lumawan Duryodana ingkang dipun-wahili Surwila-putra, ingkang pamainipun saklangkung julig-culika. Kajawi sadaya raja-darbekipun téles dipun-kékap dening Duryodana, ngantos dunugi nagari tuwin kadhaton sisinipun, kédah nétepi sésanggénan gesang wonten ing madyahing wana dasos tiyang bucalan kaliwélas wersa, lan sisigidan salébhétipun sewarsa. Inggih jalanan miréng katranganipun Pandawa ciakalén punika ingkang murugakén kula lajeng héraya roya dumugi kadhaton Hastina.”

„Wo, sinuwun! Lékesipun Duryodana ngapuz krama dhaténg Pandawa sarana main dhadhu kanthi lampah julig-culika punika saklangkung mbé-bayan, sisip-sembiripun sagec njalari dumadosipun pérang kadang ingkang nggégirisi, ingkang adamél sisinipun darih Kuru. Sinuwun, kawuningana! Dhaténg kula ing Hastinapura punika, saking kumédah-kédah kula kapengin ruméksa karaharjanipun darih Kuru, inggih darih Bharata, tuwin widadanipun Hastinapura. Sinuwun, wonenipun Duryodana ngantos kapengin ndarbeni rajabrananipun Pandawa sarana lampah ciéru, jalanan sinurung watakipun angkara-murka. Wontenipun kadadosan ingkang ngantos ngéndhangakén Pandawa dhaténg wana punika salébhétipun jéngandika ingkang ngasta pusaraning praja, milanipun jagad témtu lajeng ngremehakén jéngandika. Jagad témtu badhe pitaken makaten: „Punapa sababipun ingkang ngasta bangbang aluming praja bolén nyégaah sampun ngantos wonten lélémpahan makaten punika?!”

Prabu Dréstaratra: „Nuwun setwu, Sang Maharsi! Salugunipun kawulu sampun mbudidaya nyégaah plakéngipun anak kawula, nenging saking wang-kodipun Duryodana, bolén purun manut-militurut dhaténg panyégaah kula. Prakawis tangkéripun kaliyan Pandawa, Duryodana inggil sampun kula pituturi supados sagec raket-supéhét, jér Pandawa punika kadang nak-ndhe-

rekipun. Nanging sadaya pitutur kula punika bêbasanipun mlêbêt kuping kiwa mèdal kuping tengen, boten dipun-raosakén dening Duryodana. Milanipun manawi wonién kaparengipun Sang Maharsi karsa paring pitutur dhaténg anak kawula punika, sangéti ing atur panuwun kawula."

Sarampungine ngéndikane Prabu Dréstarastra, Maharsi Maitreya noteh marang Duryodana, banjur ngéndika: „Kaki Prabu Duryodana! Pangajaping-sun marang sira, muga sira tétepa bakti lan mbangan-turut marang rama-ibunira, bisaa nétépi unen-unen "anak anung anindita," tégesé: putra laluwih tanpa ceda. Sira dadia tépa-tuladhané para arinira lan para kawula Hastina kabeh, Kautemanira, luhuring budinira, pangaji-ajinira mareng yayah-rena, tressnira marang kadang-warja, kabeh iku kénara tinulad-tinuladha dening arinira kabeh sarta para kawula. Marang para Pandawa, di rakétpupéhét pangrèngkuhira, jér iku kadangira nak-dulur dhevé. Aja nganti Korawa kurang sayuk-rukun karo Pandawa. Aja nganti sira utawa arinira ana kang darbe tindak keng bisa njelari tuwuhing pasulayan karo Pandawa. Pasulayan iku tuking karusahan, nanging sayuk-rukun tuking karaharjan lan këkuwatan, mulane ana paribasan "Crah agawe bubrah, rukun agawe santose."

„Kaki Prabu Duryodana! Sira tinitah satrya darah Bharata kang kasusru ing jagad, aja nganti kasinungan pambégan kethuha angkara-murka, lan kudu bisa mbrostha mungsuhé para Jawa, yaitu para raséksa-danawa kang bisa mancals warna awulud apa bae kang dikarépoke, jalanan kasinungan ajé kamayan. Kajaba iku, weuhanira kaki Prabu! Kang sinébut satrya wirotama iku salugane ora nung bisa ngasorake mungsuhé hang kasat-miripal bae, nanging uga bisa néluhake mungsuhing atine, yaiku sawarnanéng kékarepan ala Mulane ana unen-unen mangkene. „Kang patut sinébut satrya punjul ing apapak surasakti mandraguna dhevé iku, satrya kang sabén-sabén bisa néluhake krénséging atine dhevé kang tumuju marang panggawe ala.”

„Kaki Prabu Duryodana! Sira sumurup dhevé, para Pandawa, laluwih-laluwih Arjuna lan Bhima, sugih kaséktien tur sudira ing rena. Samangsé prélu, kéné pininta staya ngadhépi parongmuha. Arjuna kang bangéti wasis-titis njémparing sarana tangan kanan-kering, tur darbe langkap aren Gandhiwa so-ka péparing dewa, sarta endhang wadhah jémparing sing ora bisa èntek isine, sanajan dipanahake kaping piro bae, mèsthi bisa mbrostha parongmuha. Bhima kang karosane madhani dirada sasra, mokal yen ta anoo titah kang kuwawa lumewuan ing yuda. Raséksa Hidhimba kang karém mangsa jalma, sirna dening Bhima. Danawaraja Prabu Baka kang angadhaton ing madyaning alas Wetrakiya, sing sabén-sabén mangsa manungsa kang manggon ing sajroning nagarane, bangéti agawe giris-mirising atine sapa bae. Aja maneh sing nganti woni lumewuan Prabu Baka ana, salagine ngrungu jénénge bae uis gêtér atine. Nanging wasanane Danawaraja iku uga sirna dening Bhima. Prabu Jarasandha, Ratu Magada kang kondhang wudhu tandhang samangsé mangsah yuda, suprandene mèksa sirna dening Panénggak Pandawa. Durung launes iki, raséksa téguh-timbul aran Kirmira kang nguwasaní alas Kamyaka, kadange

Prabu Baka lan mitrane sinarawedi ruséksa Hidhimba, nédyá gangguga-we marang para Pandawa; nanging wasanane uga banjur sirna dening Bhima.”

„Kaki Prabu Duryodana! Saya luwih gédhé kékutawané Pandawa, umar-
ga ingayoman dening Wasudewaputra sarta darbe ipe Dhresthadhyumna, ra-
japutra Pancala. Cékak-aose, sanajan dewa pisar méshti kasoran seupama
lumawan Pandawa. Yen ing marcapada, janji titah kang isih bisa kétamanan ing
lara-pati bae, ora ora kang kuwawa lumawan Pandawa. Atwit saka iku, pi-
wélingingsun marang sira kaki Prabu, dí guyub-rukun rakèt-supéhét karo
Pandawa, aja nganti tumindak kang bisa njalarí tuwuwing wiji pasulayan karo
para Panduputra.”

Saparipurnaning ngandikane Maharsi Maitreya, Prabu Duryodana
nyablek wéntise dhewe kang kiwa karo mlengos, mratandhani ewanng
panggalihe.

Amarga rumangsa diremehake, Maharsi Maitreya duka, satémah banjur
ngéndika kang ménku SOT mangkane: „Heh Duryodana! Amarga sira bangé
ngremehake marang wong kang nédyá ruméksa karuharjanira, ing témbé ana
ing madyaning Bharatayuddha méshti halakon rémuwéntisira kiwa pinupuh
gada dening Bhima.”

Midhangé SOT kang dingéndikakake dening Maharsi Maitreya mang-
kono iku, Prabu Dréstarastram géter panggalihe, mulane enggal-enggal matur
ngrerépa marang Sang Maharsi, nyuwun cabaring SOT kang ménas dingé-
dikakake.

Pangandikane Maharsi Maitreya: „Sagédi pun SOT kula cabar, namung
manawi Duryodana purun réruhunan kaliyan Pandawa. Nanging manawi
putra jéngandika punika tétep puguh lumuh guyub-rukun kaliyan Pandupu-
tra, SOT kula témtu klampah soestu.”

Kaguwa saka bangeting kapengine ngréti sapira kékutawané Bhima,
Prabu Dréstarastram nyuwun marang Maharsi Maitreya, karsaa ngéndikak-
ake kapriye carane Bhima olehe mrajaya raséksa Kirmira. Nanging Sang
Maharsi ora karsa, pangandikane: „Kula botén badhé croyos punapa-punapa
malih, amargi putra jéngandika pun Duryodana sampun botéh sagédi luntur
dening pitutur. Mangke ing sapéngker kula, parampara jéngandika Sang
Widura kadhaiwuhana ngondharakén bab punika.”

Sawise ngéndika mangkono, Maharsi Maitreya banjur musna. Prabu
Duryodana uga banjur lengser saku ngarsane ingkang ruma, amarga rumangsa
ora keduga midhangétake andharane Sang Widura kang mratolakake patine
raséksa Kirmira nalika pérang-tandhing lumawan Bhima.

BAB 232. WIDURA NYARITAKAKE PÉRANG-TANDHINGE BHIMA LUMAWAN KIRMIRA.

Ing sapungkure *Maharsi Maitreya*, Prabu Drēstarrastra ngèndika marang Sang Widura: „Yayi Ksaktri! Bangé! gururi-ngunguniling panggalihingsun, dene miturus pangandikane *Maharsi Maitreya*, *Bhima* kuwawa lumawan *Kirmira*, nganti raséksa kinaawasa iku tuméke ing palestra. Yayi Ksaktri! Apa sira mangérti yayi, kapriye caritane pérang-tandhing?”

Widura: „Kaka Prabu, pèpundhenipun pun Widura! Kawula mangrétos bab punika saking setunggalng brahma, nalika kawula tetunggrilan kalyan Pandawa wontén ing wana Kamyaka.”

Prabu Drēstarrastra: „Ingsun bangé! kumacelu, kapengin bangé! mangréti, humudu-kudu ngrungi, kapriye pérang-tandhinge *Bhima* lumawan *Kirmira*, rotadanawa kang kasusa teguh-timbul sakti mandraguna. Mara yayi Widura, bab iku caritakna marung parijenenganingsun.”

Widura: „Nuwun inggih sandiku, sinuwun! Makafén aluraning cariyosipun brahma dhaléng kawula!”

Saoneatipun Pandawa saking pasainuwan, jalanan kasoran anggenipun main dhadhu, lajéng nusup-nusup wana, padas-papan ingkang prayogi dipun-énggeni. Ngantos ligang dintén tigang diatu para Pandawa anggenipun nalasak wana-wasa. Wessanapun maréngi wanci madya ratri, lampahipun Pandawa dumugi ing wana Kamyaka, inggih wana ingkang lajéng dipun-énggeni Pandawa ngantos dumugi iapunika. Sawéng kemawon dhog dumugi ing wana punika, dumadakan mak bédhéngas! wontén raséksa geng alihur jumédhul saking grumbul, malang-kadhat, ngadhangi lampahipun Pandawa. Raséksa punika saklangkung galak kagila-gila, namanipun *Kirmira*. Sumérep janma-manunga ingkang sami isangangge waueailing sato, raséksa Kirmira nggero saklangkung sora, suwantenipun ngumandhang ing akasa. Saking séruning panggeronipun Kirmira, wana Kamyaka ngantos oréng, péksi-péksi sami mibér pating blébér, kewan-kewan wanana ingkang agéng-agéng mawut; kidang, sangsang, bantheng, sára lan singa sami lumajéng asalang-tunjang, nedya ngupados pangungsen. Dewi Krésia ingkang sajög-jumlèg dereng nate sumérep raséksa, saklangkung girls-miris, enggal-enggal nalusup ing antawisipun para Pandawa kalyan mutipi netranipun. Rési Domya ingkang sampun priksa bilih raséksa punika limrahipun sami ndarbeni aji kamayan, botén kendhat ngucapakéni mantra, milanipun nalika raséksa punika maték aji kamayan, aji punika botén tumama dhaténg Pandawa.

Prabu Yudhisthira ingkang kalis ing dosa nyelaki Kirmira, ndangu makaién: „E, raséksa! Sira iku sapa, lan ana gawe apa ana ing saironing alas iki?”

Raséksa: „Heh manungsa, sumurupa! Aranaku Kirmira, ye sing nguwani alas iki. Aku lagi ngupaya mémangsan, wondene sing dahmangsa sing wis

kasorotan lumawatanaku. Bolik kowe, sapo aranmu, len ana préluitu apa tēku mrene? Apa kowe nedya nyirohake gunakmu supaya dadi mēmangkono, amarga rumangso ore kédiaju lumawatanaku? Len panen mangkono, kowe nedya tumuli dakenungsa."

Yudhisthira: *"Samurupa rasēksa! Ingusun thi Prabu Yudhisthira. Kata ing Indraprastha, utrujané pembuyut Prabu Parada, mēdhina kowe wiš tau ngrungu. Sawise kelangan nagara omerta kasorotan main dhadhé, ingusun bañuw ngumbarau tusup-tusup ilas, kesanahané lihan ogé alas kene, karo kadung-kadangingsun Bhima, Arjuna lan Iya-liyane Anasangsuri, ingusun sakandarungsun kabeh nedya adékaturung luq' alas Kuniyaku kene nganti ičkan wémaranéne anggoningsun dadi Wong Buwangan."*

Nalika miréng tēmbung "Bhima," raséksa Kirmira jingklak-jingklak awil saking bingahipun, wicanténipun: ..We bla! Bléja kérnyayonan bangét alu ing wéngi iki, kétémur karo manurasa kuna dekimpé-unpi. Wiš lauwes anggonku ngupaya Bhima iwuwalé tékan iwu ngendé éntri, iwu kétémura, jébus saiki maru dhewe ana ing ngarépku. Utuhun kuncu bekuu, nauku bralimanu, kung mruaja a kadangku wérdha Prabu Baka, Danawaraja iwu napucu Ekaéksa ing telokku alas Wetrakiya. Kajaba pramya undurku céndhuk Bhima iwu mrajaya mitraku sitarawedi raséksa Hidhimbi ana iwu olas iki, mandar hanjur nginggalake sadulure wiudon yaiku raséksa Hidhimbi iwu pehluhanwari sénébut Hidhimbi Pat). Dadi, Bhima wiš atung pati nyawu loru. Céng pati kuteu nyaur pati Aku sing bakal mafésake putine hadengku lan mitraku. Mihane kékénéran bangét tékané Bhima iwu olas iki, tur ing wayah bengi, mbénéri iku lagi goléh mémangson. Biyen, Bhima bisa unggul ing yuda lumawatan Danawaraja Baka iku Song Hidhimbi, amarga Asura loru iku wiš kadhuk tuwa. Nanging saiki Bhima bakal lumawatanuku Asura kung lagi nédhéng lumawatan, méshti bakal meti, banyur hakimanyu. Loro Maharsi Agastya nalika nifahor Asuraraja Manjawi."

Sanajan Asura Kirmira sampon mampang-mampang nedya nyirnakakén Bhima, Prabu Yudhisthira ingkang dhasaripun panceun sahar-drana, taksih sareh kemawon, pangandikanipun: ..E. Asura! Panduganipun. sédyamu mangkono iku fangeh halakone.."

Saiébétipun Prabu Yudhisthira ngéndikan kaliyan Asura Kirmira. Bhima caneut taliwanda, lajeng mbédholt wit mandira, dipun-bucali pang-pang lan ronipun. Samérep Bhima ngundha kajeng mandira. Kirmira kados dipunububi krodhaniipun, nggero sora lan asésumbar maclya-ciya, swanténipun kados blédhéng ing mangga kasanga. Bhima enggal-enggal mupuhakéni kajeng mandira ing angganipun Kirmira, nangng ingkang pinupuh babar-pisan botén ebah, ajég mbéggéggé pindha lugé sinukarta. Kirmira ugi lajeng mbédholt wit mandira, saténsah lajeng dumados pérang-gada, pupuh-pupuhul sarana kajeng mandira, tangkis-tinangkis, goco-ginoeo. Dangu-dangu kajeng mandira ingkang minangka gadu samidene ajur, lajeng pérang tanpa sunjata, Jangkah-jinangkah, cengkah-cinéngkah, téndhang-tinéndhang, dugang-dinugang,

banting-binanting, pithing-pithing. Kékalihipun sami téguh-timbulipun, sami kiyatipun, samidene botén purun ngucira ing yuda, mlanipun pérangipun saklangkung nggégiristi, pindha tarungipun sima gembong lumawan singabarong. Wana Kamyaka bosah-basih kétrajang ingkang sami pérang, kajeng alit-alit sami röhah, ingkang agéng-agéng kathah ingkang pokah, pang-pangipun sami sempal kaparapal. Dangu-dangu tandangipun Kirmira katingal këndho, lan saya dangu katingal saya këndho, mandar lajéng lémpe-lémpe. Kosok-wangsulipun, Bhima saya liwung tandangipun. Nalika priksa Kirmira prasasat sampaun tanpa krékat, Bhima ngétop ténaga; mèngsaipun dipun-asta bangkekanipun, lajéng dipun-angkat lan dipun ubéng-ubéngakéh wonten ing sanggingiling mustaka ngantos dangu, wasananiipun lajéng dipun-banting ing sela. Dhawahipun ing sela mangkuréh, lajéng dipun-idak gigiripun lan dipun junjung sirahipun, dipun-déngkek ngantos putung ula-ulaniipun. Kirmira mbéngok saklangkung sora, terus palastra.”

Sigégi.

Sarampunging caritane, Sang Widura matur mangkene: „Kaka Prabu, ma hatén pancakaranipun Bhima lumawan Asura Kirmira, ingkang wasananiipun Bhima ingkang unggul ing yuda.”

Sasuwene mèdhingétake caritane Sang Widura, Prabu Dréstarastra piјér njéngér, kagawa saka bangting gumun-ngungune marang karosane Bhima. Pangudarasane mangkene: „Manawa ing témbe nganti dumadi Bharatayuddha, mendah liuwunging pangomuke Bhima-Arjuna marang Korawa, amarga sénuring dening pangigit-igitting atine.”

Sawise ngudarasa mangkono, Prabu Dréstarastra ngéndika mangkene: „Yayi Ksaktri! Dodi kuwajibane para wrédhya Hastina, kalebu ingsun lan sira, kudu nyégha aja nganti Bharatayuddha dumadi.”

Widura: „Kaka Prabu! Bharatayuddha botén badhe dumados, manawi Duryodana purun ngangge rémbagipun para wrédhya. Nanging manawi Duryodana botén sagédi tinarbu ka manahipun mbucul watakipun anghara-murha, botén purun ngulunggékén wéwéñangipun Pandawa, sanajan ratuning dewa botén badhe sagédi nyégha dumadosipun Bharatayuddha.”

BAB 233. PRABU KRÈSNA TÈTINJO PANDAWA ING ALAS KAMYAKA.

Sanajan ora diaturi priksa, suwe-suwe *Prabu Krèsna* miyarsa pawarta yen Pandawa kalah main dhadhu lumawani Korawa, banjur kudu ngalami urip dadi wong buwangan ana ing madyaning alas lawase 12 warta, lan sésingidan sawarsa, Awit saka iku Prabu Krèsna tindak tètinjo ményang alas Kamyaka, didherekake para rajaputra darah Boja, Wrénsni lan Andaka. Dewi Sumbadra uga ndherek, karo ngémban Abimanyu, *Sang Dréstadyumna* uga tètinjo Pandawa, didherekake *Pancakumara* (éjaka lima) atmajane Dewi Dropadi, yaiku: 1 *Prutiwîndya* patutan karo Prabu Yudhisthira, 2 *Stratasoma* patutan karo Sang Bhima, 3 *Strugkirti* patutan karo Sang Arjuna, 4 *Satanika* patutan karo Sang Nakula, 5 *Strutakarman* patutan karo Sang Sahadewa.

Praptane Sang *Janardana* (Krèsna) sapandhereke ing alas Kamyaka bêbarèngan karo Sang *Dréstadyumna* sapandhereke, bangé agawe suka-rénane para Pandawa, luwih-luwih Dewi Dropadi, bangé suka amarwata suta. Sawise padha satata lènggah, kabeh padha ngélipur para Pandawa lan Dewi Dropadi karo ngembéng waspa. Dewi Sumbadra muwun karo nyung-kémi padane Sang Arjuna, mangkono uga Dewi Dropadi nalika disungkémi para Pancakumara, uga muwun.

Kanthi nawung duka, Prabu Krèsna ngéndika: „*Bumi bakal ngisép gétihé paru candhala Hastina*, yaiku: *Duryodhana, Sakuni, Karna, Dussasana lan liya-liyane*. Ing témbé, sawise Korawa sawudyabulané sirna-gempang tumpés-lapis tanpa sisa ing Bharatayuddha, inguri banjur njuménengake Ratu yayi Yudhisthira ana ing Hastina.”

Kagawa saka bangéting kumiwéjasén priksa kasangsarane para Pandawa lan saka kumudu-kudune enggal bisa mulihake panguwasane Sang Yudhisthira, Sang Janardana kaya nedya ngébur-nglebura jagad, nanging banjur lilih lan lérém panggalihé, amarga dirapu dening Sang Arjuna.

Dewi Dropadi kairing Sang *Dréstadyumna* marak ing ngarsane Prabu Krèsna, mratelakake sangsara, nalangsa lan kéranta-rantaning panggalihé: „*Dhu! Sri Krèsna ingkang pinunjur ing jagad!* Wontén kapareng paduka karsa midhangé takén, kawula budhe ngaturakén siya-siya saha anggenipun mémirang Korawa dheténg kawula. Ing sokawit gelung kawula dipun-séndhal dening pun candhela Dussasana. Sasampunipun gelung kawula wudhar, kawula lajéng dipun-jambok lan dipun-larak-larak dheténg ing pasamutwan papanipun main dhadhu. Sanajan kawula nangis kélara-lara lan asésambatngaruhara, pun candhela Dussasana babur-pisan bolén ngrewes. Botén wontén ingkang mènggak siya-siyanipun Dussasana dhaténg kawula, ing mangka para wréda Hastina, kadosta: eyang Bhisma, Prabu Dréstarastra, Rési Drona, Bapa Guru Krépa saha pamán Widura sami lènggah wontén ing pasamutwan. Won-

tēn ing pasamuwan, awit saking prentahipun Karna, kawula nedya dipunwudani dening pun candhala Dussasana, tapili kawula wongsal-wangsul dipun-sēndhal. Karna nguwus-uwus dhatēng kawula makaten: "Putri ora suci, putri siji kok darbe guru-laki lima; mulane antuk bēbēnduning Jawata."

„Dhuh Sri Krēsna, pangayomanipun para ingkang sami kawlas-asih! Pandawa punika pululanipun Prabu Drēstarastrā, dados kawula kaprēnah mantu-pululanipun. Nanging punapa sababipun dene Korawa mēntala siya kaniyaya saha mēmirang kawula ingkang laksih kalēbēt kadangipun. Lan ingkang kawula guminakēn, hla kok para Pandawa kendēl kemawon priksa semahipun dipun-siya saha dipun-wēwirang dening Korawa; mangka para Pandawa punika kasusra ing jagad kasudiranipun. Tanpa guna karosanipun Sang Bhīma ingkang punjul ing apapah, saha gandhiwanipun Sang Arjuna saking pēpōringipun Jawata, botēn dipun-ēngge mbelani bojonipun. Mangka piwulang suci mratelakakēn, bilih tiyang jalēr punika sorajan ringkikh ingah-ingih kados punapa, kēdah wani mbelani semahipun, jér waṣibipun guru-laki panceñ kēdah ngayomi bojonipun. Ngayomi dhatēng bojo punika atēgēs ngayomi dhatēng turunipun, lan ngayomi dhatēng turun punika atēgēs ugi ngayomi dhatēng dhiri pribadi. Milanipun matuk sanget wontēnipun bēbasan "Sadumuk bathuk, sanyari bumi."

Akeh-akeh wēwadule Dewi Krēsna marang Sang Janardana, mratelakake nalangsa lan kēranta-rantaning panggalih; wasanane Sang Dewi hanjur mangkurēb ungkēb-ungkēb ana ing ngarsane Prabu Krēsna, muwun, astane karo pisan katutupake pasuryane.

Priksa kaananing Dewi Dropadi mangkono iku, Prabu Krēsna bangēt trēnyuhing panggalih, pangundikane: „Dhuh mustithinaning para putri, wruhanira! Wong-wong kang padha mēmirang lan/utawa siya-siya marang sira, bojo-bojone ing tēmbe saparipurnane Bharatayudha mēsthi bakal padha nangis nalangsa kēranta-ranta kaya tangisim, ntaraga mēruhi bangkening guru-lakine pating glasah ana ing lēmah akuthah ludra dening pangamuke yayi Bhīma lan Arjuna. Mulane, dhuh putri kang luheur ing bud! Ménēnga, aja nyumēlangake uripira ing tēmbe. Wruhanira! Ingsun mēsthi tansah ngayomi Pandawa. Ingsun pratignya nedya njumēnēngake Ratu binathara yayi Yudhisthira ing Hastina; dodi sira mēsthi banjur dodi pramesuarine Narendra binathara moneh. Swarga-nraka bisa rusak, ardi Himawan bisa jugrug, samodra bisa asat, bumi bisa bēngkah; nanging pangandikaningsun ora bakal clau, mēsthi kalakone.”

Dresthadhyumna surambah: „Kakang mbok, hawuningana! Ing tēmbe wantēn ing Bharatayuddha, para Korawa lan sadaya ingkang mbiyantu dhiptēng Duryodana, tēmlu sirna-gēmpung tumpēs-tapis tanpa sisa. Sang Yudhisthira badhe mrajaya Prabu Salya, Sang Bhīma mrajaya Duryodana, Dussasana lan sanes-sanesipun, Sang Arjuna mrajaya Karna, Jayadrata lan sanes-sanesipun, Srikanthi mrajaya Rēsi Bhīsma, kula badhe mrajaya Rēsi Drona.”

Sawise midhangētake pangandikane Prabu Krēsna lan Sang Drēsthadyumna, Dewi Dropadi lipur panggalihe.

Sang Wasudewaputra ngudarasa: „*Saupama nalika samana ingsun ana, panduganingsun ora klokon ana kadadean mangkene.*”

Yudhisthira: „*Punapa nalika samantēn paduka pinuju botēn wontēn ing Anarta? (Anarta - Dwaraka, Dwarawati).*”

Krēsna: „*Botēn, yai Prabu, Nalika samantēn kula pinuju andon yuda nglurugi Danawaraja Prabu Salwa, Ratu ing Soba. Sababipun makatēn: Prabu Salwa mrinani dhatēng pējahipun Kangsa, lan ugi mrinani dhatēng Prabu Sisupala ingkang kula prajaya wontēn ing pasamuanan sēsaji Rajasuya ingkang dipun-wontēnakēn dening yai Prabu, milihipun nglurugi Dwarawati. Niyatipun Prabu Salwa badhe mirajaya kula. Nanging amargi nalika semantēn kula botēn wontēn, taksih wontēn ing Indraprastha, Danawaraja punika lajēng ngrisah kadhaton Dwaraka saho ndaniēl pēpējah saklangkung kathah. Prabu Salwa awahana rata nama Sowa ingkang sahlangkung nggēgirisi sahe sa ged ngambah ing pundi kemawon brightang sinédya, wongsal-wangsul ngalerengidul-ngetan-ngilen kaliyan bēngak-bēngok. „Endi Krēsna, endi Krēsna! Durung léga rasaning panggalihingsun, manawa durung kelekon mocok murdane Krēsna.”*

„*Dhatēng kula saking Indraprastha, sasampunipun tampil wéwaduipun para rajaputra, kula lajēng ngèrigakēn wadyabala pēpak sedédamēlung ayuda, nglurugi Danawaraja Prabu Salwa ing nagari Soba.*”

„*Makatēn yai Prabu, ingkang njalarī kula botēn mirēng wontēnipun kasukan main dhadhu, ngenios Dewi Dropadi ngulamé nalangsa kéranta-ranta, njalaran dipun-icēwirang lan dipun-siya-siya, wasanaripun dodos tiyang bucalon dalasan para Pandawa sadaya.*”

Sawise tētēmon karo Pandawa sawatara suwene, Prabu Krēsna sapandhereke padha pamitan, banjur kondur mēnyang Dwaraka, nitih kreta apangi-rid kuda Sawya lan Sugriwa, kinusiran Dwaraka. Ing sapungkure Prabu Krēsna, Sang Drēsthadyumna sapandhereke uga banjur pamitan kondur mēnyang Pancala.

BAB 234. ARJUNA KADHAWUHAN NYUWUN GEGAMAN KASWARGAN.

Pandawa olehe adhédhepok ana ing alas Kamyaka nganti sawatara taun lawase, banjur pindhah ményang sacédhake tlaga Dwetawana. Para brahmana akeh bangét kang ndherékake pindhahe Pandawa, lan uga banjur padha adhédhepok ana ing sacédhake tlaga Dwetawana. Sabén dina, ing wayah awan-léngi, akeh brahmana kang padha ngidungake Wedha, satémah njalari tlaga Iweilawana lan papan-panggonan ing sakiwa-téngéne dadi suci.

Sawise ngawéning dina Maharsi Krésna-dwiipayana, iya Maharsi Wiyasa, rawuh ing padhepokane Pandawa. Prilcsa ingkang eyang rawuh, para Pandawa lan Dewi Krésna gugup-gurawan mèchukako, génti-génti nyungkémi padare Sang Maharsi karo ngrésiki lèbu kang tumemplek ing samparane. Sang Maharsi banjur diidherékake manjing ing padhepokan. Sawise satata lènggah lan tige-bléngé kasugéngan, Sang Maharsi ngéndika: „Putuningsun para Pandawa! Ing suni wuning manawa sira godhu séneng adédunung ana ing kemu, amarga kajabu papane bewera, céduhak tlaga Dwetawana kong banyuwé bénih nyarong akinclong-kinclong kaya kacu. Nanging soléméné sira lucih pruyuk adhédhepok ana ing papanira lucus, valka ana ing alas Kamyaka, amara ing kana akeh bédurone kong njalori sira bisa misungsung daging marang para brahmana kanthi ganjang. Mulane kulip, sira bécik padha balla ménying alas Kamyaka, dhédhépoka ana ing kemu maineh.”

Sawise ngéndika mangkono, Sang Maharsi nyandhak astane Sang Yudhisthira, diajak misah-rada adoh karo kadang-kadange.

„Kulip, putuningsun Yudhisthira! Samajan durung lau kawiyos pa-nganahanira marang ingsun, nanging ingsun ieuuning, manawa sira salagu-ne bangéti nguwatirake bekal osoring yudhane Pandawa ing témbé, yen nganti duméti Bharatayuddha. Sis giris-adris mdrung hasuktene Rési Bhisma, Rési Drona, Rési Krépa lan Karna kong pranayate ngedati-edabi, kong mésihine ing témbé buhal padha mbiyantu marang Koruru, Wruhaniru, kulu! Prapataningsun iki nédya ngilangi rasa kuwatir lan giris-mirising pang-galihra. Ingsun nédya maringi aji Pratismitri marang sira. Aji kang nédya ingsun paringake marang sira iki, ménko wéjangna marung arintri si Arjuna. Saute sira wéjang aji Pratismitri, Arjuna banjur dhaduhana mratapa, supaya bisa fétémon karo Bathara Mahadewa lan pam Lokapala, suria bisa nyuwun gégenan hasuwégen. Munuwa Pandawa bisa darbe gegaman seka péparinge paredewa, mésihni buhal bisa unggul ing Bharatayuddha.”

Sawise ngéndika mangkono, Sang Maharsi banjur ménjang aji Pratismitri maing Sang Yudhisthira.

„Wis kulip, karua basuki; ingsun kordur ményang padhepokan Sata-srege.” Mangkono wékasaning pangandikane Sang Maharsi.

(Kang sinébut “Lokapala” iku dudu arano nagara kaya kang kocap ing

padhalangan, nanging asmane dewa 4 kang siji-sijine darbe panguwasa tar tamtu, yaiku: 1 Bathara Indra ngratoni para dewa, 2 Bathara Baruna nguwasan banyu saisine, 3 Bathara Yama nguwasan ala, 4 Bathara Kuwera nguwasan rajabrama. Pm).

Ing sapungkure Maharsi Kréshadwipayana (Maharsi Wiyasa), Prabu Yudhisthira ngéndikani para ari mangkene: „*Yayi Bhima - Arjuna, Nakula - Sahadeva apodéne sru yayi Drapadi, wruhanira! Eyang Maharsi ora neyogyani manawa Pandawa lestari adhéédhepok ana ing kene, sajajan panggonan iki ngrésépake. Dhawuhé eyang Maharsi, Pandawa ndikakali bali adhéédhepok ana ing papane lawas, yaiku ana ing alas Kamyaka maneh. Dhawuhé eyang Maharsi kudu kita estokake, mulane padha tumulua iwa-ta.*”

Para ari matur sëndika, Sawise samékta, para Pandawa sarta Dewi Krésna kairing Rési Domya padha budhal menyang alas Kamyaka, idhéédhepok ana ing alas iku maneh. Para brahma uga banjur padha borong menyang alas Kamyaka maneh.

Sawise adhéédhepok ana ing alas Kamyaka maneh, Sang Yudhisthira ngéndika marang Sang Arjuni: „*Yayi Arjuna, wruhanira! Eyang Maharsi dhawuh marang sru lumuntar ingsun. Wose, sru kadhwuhan nyuwun ége-man hastwagan marang para dewa, supaya Pandawa ing témbe bisa unggal ing Bharutayuddha. Bab iku kalakone mesthi bar sareng mratapa Piecinge eyang Maharsi*”

Durung nganti rampung ngéndikane Sang Yudhisthira, Sang Arjuna wis matur: „Sëndika, sëndika kaka Prabu! Lajeng kaparèngipun kaka Pabu, benjing punapa mangkat kuda??!” Olehe enggal-enggal matur mangkonoku, kagawa saka bangéte suka-rénaning panggalibé Sang Arjuna.

„Méngko dhisik yayi, ingsun banjurne ngéndikane eyang Maharsi. Pieelinge eyang Maharsi, sadurunge mangkah mratapa, supaya lakunira tasah sluman-sluman slamet waras-wiras séger-bugér, kudu ingsu wiéjang aji Pratismitri, aji kang mèntas ingsun tampa saha eyang Maharsi. Wondene mangkaira mratapa, prayogane ing dina iki uga.”

Sawise wiéjang aji Pratismitri, Sang Arjuna tumuli ngagém agéran kaprjuritan. Racikane mawa ulés walulangging sato, ngagém kéré (baju zira), nganggar curiga lan pédhang, nggendhong endhong kèbak warastrá. Sawise pamitan marang para kadang lan Dewi Krésna, Sang Arjuna banjur tindak è-dya mratapa, astane kiwa mawa tameng lan langkap Gandhiwa. Nalika umangkah sapisan, Sang Arjuna tumènga ing akasa, nuli tumungkul ing prawi, ing batin mangesthi sirnane para Korawa haro unjal napas dawa. Kabu kang tininggal kari, para kadang, Dewi Krésna, Rési Domya lan para brahma banget sumédhot panggalibé.

Tindake Sang Arjuna mangalor, ngénér ardi Himalaya. Amarga kai meték mantra, tindake rikat kaya dibalangake. Awan-bengé térus tinda

bae, tanpa ngaso. Sawise ngliti ardi Hirawan, Sang Arjuna banjur wiwit ngambah dalam kang rumpil asungil, bangé mbébayani. Baréng tindake tékan ing ardi Indrakila, dumadakan panjenèngane ngrungu swara: „E, mandhég, mandhég! Ora kéné bablas!”

Sang Arjuna lingak-linguk mriksani kanan-kering, priksa ana pandhita lagi mésu brata ana ing sangisore mandira; pasuryane sumorot, pakulit-aning salirané kuning anglit mas sinangling, remane kinlabang, polatane sumeh ngrésépake. Karo mriksani marang Sang Arjuna, Sang mésu brata ngéndika: „Kulup, wruhanira! Ing panggonan iki dadi pedunungan para brahma lan para muni kang padha tarah brata mangesthi keténtréman, tinggal kedonyan, sépi ing cécéngilan lan panas-baran. Mulane sawarnane gégaman wis ora ana gunane ana ing kene. Awit saka iku kulup, buwangén gégamanira iku. Sira téka ing papan kene, iku atégés sira wis ngunggahi kasucioning aurip.”

Sang Arjuna ora karsa ndhahar atur parnyayogane Sang Pandhita, mulane atur wangslane mangkene: „Kawuningana Sang Maharsi! Kula punika tinimbé dodos golongan satrya, Ingatasipun satrya, botén henging tilar wéweka. Sanajan wonten ing pundi kemawon hé dah tansah samékta déda-méling ayuda, kengge ruméksa katéntrémaning jagad, mbrastha sintén kemawon ingkang otindah sasar-bélasar, ingkang mahanani rétuning bawana.”

Midhangé atur wangslane Sang Arjuna, Sang Pandhita karénan ing panggalih, pangandikane: „Heh musthikaring para satrya, wruhanira! Selugune ingsun iki rotuning pera dewa Bathara Sakra, iya Bathara Indra, Ma-ru prasajoa kulup, salugune sira derbe kapréluan apa, dene nganté kéraya-rayá téka ing papan kang bangé sépi-sonya mangkene.”

Midhangé pangandikane Sang mésu brata yen panjenèngane iku salugune Bathara Indra, Sang Arjuna enggal-enggal ngrungkébi padane, banjur matur mangkene: „Pakulun, anggen kawula kéraya-rayá tanpa ngeteng pringganing marga ngantos dumugi ing ngriki punika, wosipun nédyé nyuwun sanjataning ayuda dhaténg Jawata. Milanipun tanpa pépindhan binguhaning manah kawula, segéd pinanggih paduka Pukulun, mugi wonténa kapareng paduka karsa paring nugerha sanjata kaswergen dhaténg kawula.”

Bathara Indra: „Dhek mau ingsun wis pratela, sira wis bisa tékan kene iku atégés wis bisa ngunggahi sucining aurip. Ingsun ora ngira, manawa sira isih darbe pangangkah saya akching gégamanira, mangka sira wis ndarbeni gégaman warne-warna. Kulup, Arjuna! Tinimbang ngumpulake sawaraning gégaman, apa ora luwih prayoga sim nggayuh sajetining kamulyan lan katéntréman?”

Arjuna: „Pukulun, kawula dereng kapengin dhaténg sajetining kamulyan lan katéntréman, jalanan kawula nilar kadang-kadeng kawula ing-

hang sami nandhang kasurang-surang gesang wonten ing madyaning wana Kamyaka, labet dereng sageéd nandukakéén piwalés dhaténg piawoning mèngsah inghang saklangkung julig-culika. Siyang-ratri inghang kawula impi-impi namung kedospundi sageéd kawula ngéntas para kadang saking jurang kasangsaren. Manawi kawula ngeca-eca ngalami gesang ngraosakéén hamulyan lan katéntréman sajati, mangku kadang-kadang kawula sami kawlus-era nandhang késurang-surang, wah, mendah jagad argenipun nggèng dhaténg kawula.”

Bathara Indra : „*Kulup, Arjuna! Ingsun bangét mangayubagya marang golong-gililing tekadira kang sarwa koduga nandhang panas-périh lara-lara kanggo ngéntas para kadangira. Sajég-jumlég ingsun durung tau mirangguli satriya wirotama hang santosaning paraggalihe lan kasudirane satimbang kala-wan sira. Kulup Arjuna, wruhanira! Ingsun buhal minangkani panyuwunira, manawa sira wis bisa ndulu marang dewaning adewa sésembahane sagung dumadi, yaiku Sang Hyang Siwah utawa Sang Hyang Trinetra, iya Sang Hyang Bawa, Sang Hyang Maha, Sang Hyang Sangkara, Sang Hyang Gititana, Sang Hyang Mahadewa, Sang Hyang Sarwa, ya Sung Hyang Rudra hang mawa langkap Pinaka.”* (Pinaka aranining langkape Bathara Mahadewa; yen langkape Bathara Wisnu aran Saraga, langkape Arjuna aran Gandhiwa. Pm.)

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Indra hanjur musna.



BAB 235. ARJUNA MRATAPA ING WUKIR INDRAKILA.

Ing sapungkure *Bathara Indra*, Sang Arjuna banjur mratapa ana ing wukir *Indrakila*.

Akeh buku kang nyaritakake "Arjuna mratapa" (nganti tèkan patine Danawaraja Niwatakawaca), kayaata: 1 Arjunawiwaha — Dr. A. Seno Sastroamidjojo, 2 Cipta Hening — Imam Supardi, 3 Arjunawiwaha — R.S. Prawiranmadja, 4 Arjunawiwaha — Dr. Radjiman Wedyadiningrat, 5 Ardjunawiwaha — Dr. R. Friederich, 6 Mintaraga gancaran — Dr. M. Priyatutama, 7 Mintaraga Pustaka Marta — Sri Asiani Ca, 8 Arjunawiwaha — Sanusi Pane.

Kabeh iku babone saka layang *Arjunawiwaha abesa Jawa-kuna* karang-ane *Empu Kanwa*, ing jamane *Prahu Airlangga* (taun 1019 — 1042).

Buku *Silsilah Wayang Purwa* mawa carita jilid III Bab 128 wis nyaritakake "Arjuna mratapa ing wukir Indrakila" kang isine kurang-luwih padha karo isine buku-buku ing dhuwur iku, lan uga meh padha karo kang kocap ing *carita padhalangan*. Wondene isine carita ing ngisor iki miturut *Wanaparwa*, parwa III ing layang Mahabharata. Mèsthi bae ana bedane karo isine buku-buku kang kasébut ing dhuwur iku, lan uga ana bedane karo kang kocap ing pagélaran wayang purwa.

Awit saka bangéte genturing kasutapané Sang Arjuna, lémah ing wukir Indrakila lan sakiwa-tengéne nganti *kumukus*, késunukan panasing salirane Sang tapa (Arjuna), satémah para brahmaṇa-rési padha ora bétah adédunung ana ing kono, képekésa padha pindah adhéhdhepok ana ing panggonan liya. Para dewa padha sunélang, nguwatirake manawa Sang tapa bakal ngéndhilih panguwasane para dewa ing Suralaya. Awit saka iku, akeh dewa kang marak marang Bathara Mahadewa, nyuwun supaya menggak Sang Arjuna aja mbanjurake olehe mratapa.

Pangandikane Bathara Mahadewa: „E, para dewa! Sira aja padha mrihatinike tapa-brutane Phalguna, sèbab ingsun ora kasamaran marang ancas-sédyane Sang Panéngah Pandava. Olehe mratapa, ora nedya ngéndhilih panguwasuning dewa, ora nedya nggayuh kamukten lan kamulyan haswargan, lan ora kapengin nggayuh umur dawa. Mulane sira padha muliha menyanyang padununganira dhewe-dhewe. Ing dina iki uga ingsun nedya rawuh ing wukir Indrakila, némóni Arjuna.”

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Mahadewa membé warne Kerata (tuwaburu, gréma), asikép langkap Pinaka, nggendhong endhong isi jémparing kango ampuhing bedhore ngungkuli ampuhing wisane sarpa mandi, tédhak ing ardi Himawan didherakake Dewi Ume lan para péri-prayangan. Baréng tin dake watara mung kari sapambalang dohé saka Indrakila, Sang membé warne Kerata priksa w a r a h a k a kang gedhene kagiri-giri tur tandange nggégirisí,

nédya némpuh Sang Arjuna, mulane enggal-enggal ménthang langkap Pinapa kung wis pinasangan warastra.

Sang Arjuna uga priksa yen nédya tinémpuh waraha, mulane uga banjur ménthang langkap Gandhiwa kung wis pinasangan warastra. Karo ngineéngake jémparing tumuju marang waraha, Sang Arjuna ngéndika: „Téku ing kene, ora nédya ganggu-gawe marang sapa bae. Nanging manawa ana tilah kung nédya goragodha marang aku, mesthi deksirnakake.”

Sawise ngéndika mangkono, mak clorot! Jémparinge Arjuna lumépas saka langkap Gandhiwa. Lumépasing jémparinge Sang Arjuna bêbaréng an karo cumloroting jémparinge Sang Kerata, lan jémparing loro iku bêbaréngan tumancép ing angganing waraha. Amarga kétaman jémparing loro bêbaréngan, waraha, iku ambruk ing bantala térus palastra, bangkene malih warma raséksa kang gedhene pindha prabata. Tumanduke jémparing loro iku nywara jumépret pindha swaruning bléhdhéng ing mangsa kasanga, amarga angganing waraha iku bangéti atos pindha gunung waja.

Nalika Sang Arjuna nédya mundhut jémparinge kang tumancép ing bangkene raséksa malihane waraha, kaget priksa Kerata gedhe-dhuwur cahyane mancorong pindha géni sésaji, pakultitaning salizane kuning pindha mas sinangling.

„Heh Kerata! Kowe kuwi salugune sapa, dene waní mbéburu ana ing alas kung haduh sépi mangkene ihi, bairing uanudyu pira-pira. Kajaba iku, e Kerata, geneya kowe haduh waní murang tata njeúmparing waraha kung wis luwih dhisik dakinéng nédya daldépasí warastra?”

Midhangéti ngéndikane Sang Arjuna Mangkono iku, Kerata mesém, banjur mangsuli kanthi swara manis manuhara: „E, satriya wirotama! Aja haduh ati bela tampa sumurupa! Alas iki wéwéngkonku, lan ing saluwase aku panceen manggon ana ing kene. Hla bollik kowe kuwi sapa aranmu, kok wanuh-wani mratapa ana ing kene?! Sumurupa, alas iki wingite hépalipati, kékak pringga-baya, bêbasan sato mari mati, janina mare palastu.”

Arjuna: „Sumurupa, Kerata! Jénengku Arjuna, panéngahing Pandawa. Mulane aku woni mratapa ana ing alas iku, amarga aku prucaya marang kasektenku, kékualaning langkapku lan ampuhing panahku. Kowe sumurup dheiwe, ruséksa kung gedhene pindha wukir Indrakila ihi, amarga kétaman panahku, tanpa njoluk banyu, mati padha sanalika.”

Wangsulané Kerata: „Wo, kleru kowe, Arjuna! Dudu panahmu kung njolari patine ruséksa iku, yanging panahku kung tumancéb luéh dhisik ing anggane. Sawise raséksa iku mati dening panahku, banjur panahmu sumusul tumancéb ing bangke iki. Dadé, panahmu ora ndayaní apa-apa tumrap ruséksa ihi.”

Midhangéti wangsulané Kerata mangkono iku, Sang Arjuna duka, amarga ruimangsa disapelekake panahe, mulane banjur ngéndika séréng-sora mangkene: „Apa?! Kowe handha kapriye?! Panahku ora ndayaní

apa-apa?! Kandhamu mangkono iku atégés kowe ngremehake marang aku, We, hla! Klakon dakképosi panahku, kowe!"

Wangsulane Kerata karo mesém-péndhém: „*Lépasna panahmu, dakkédhahane dhadhaku.*"

Mak clorot! Jémparinge Sang Arjuna lumépas saka Gandhiwa ngénani dhadhane Kerata, nanging kang kétaman ora bucik babar-pisan. Priksa Kerata ayém bae, Sang Arjuna kaya diububi dukane, Kerata tumuli diudani jémparing tanpa wilangan kele. Kerata nimbangi, satémah banjur padha alancaran warastra. Suwe-suwe panahe Sang Arjuna éntek, endhonge banjur kosong.

,We, hla! Bangéti gumun-ngungunku, kok bisa éntek panahku. Lan kang bangéti agawe gawoking atiku, hla kok Kerata ayém bae dakudani jémparing. Mangka sing uwis-uwis, mungsuhku héta man panahku siji bar wis ora njeluk banyu. Iya ta, Kerata! anggéré ore mlayu bae, mangsa wurunga tékan ing kahyangane Bathara Yama kowe!"

Sawise nglocita mangkono, Sang Arjuna banjur nyédhaki mungsuhé, Kerata nédyá dipupuh sarana langkap Gandhiwa; nanging Gandhiwa kénéa dirébut dening Kerata. Sang Arjuna saya riwut tandange. Ngunus pédhang, disabétake marang mungsuhé. Nanging pédhang iku banjur putung, ditangkis dening Kerata sarana langkap Pinaka.

Sawise panahe éntek, langkape dirébut mungsuhé lan pédhange putung, Sang Arjuna njégrég dhélég-dhélég, pungunandikane: „*Sapo baya mungsuhku iki! Sajég-jumiégi aku durung tau kasurun pérang, sanajan lumawan mungsuh kang teguh-tanggon sakti mandraguna. Hla kok seiki, mung lumawan gréma bae, nganti kasoren eku. Coba, daksiranane gace réca.*"

Sawise ngunandika mangkono, Sang Arjuna mundhut lèmpung ginawe réca, pinétha Bathara Mahadewa. Sawise réca dadi, nuli dikalungi oncen-oncen kembang, banjur disungkémi. Baréng tuménga, ora kayaa kéjoting panggalihé Sang Arjuna, priksa oncen-oncen kembang kumalung ing gulune Kerata.

,*Adhuh! Dadi mungsuhku iku Bathara Siwah kang sinémbah sagung titoh!*"

Mangkono panglocitane Sang Arjuna karo mlayoni Bathara Mahadewa (Bathara Siwah), banjur nyungkémi padane, matur ngrérépa nyuwun pangak-sama.

BAB 236. SANG ARJUNA PINARINGAN GEGAMAN KASWARGAN.

Bathara Mahadewa bangét karenan marang lèkase Sang Arjuna, pangan-dikane: „E, Arjuna! Bangét suka-rénoning panggalihingsun nguningantri ka-séktén lan kaprawiranira apa dene gédhéning tehadira. Ingsun ora kasamaran marang luhuring budinira, kapengin ngéntas kadang-kadangira seku jurang kasangsaran. Ingsun bangét mangayubaga marang sédayanira mangkono iku, mulane ingsun nedya rugrahani jémparing Pasupati marang sira. Miturut pamawas ingsun, sira huwawa kanggonan jémparing iki. Mara tampanana kulup, jémparing Pasupati iki.”

Sang Arjuna nyémbah, banjur nampuni jémparing Pasupati kanthi pangati-atí.

Nalika Sang Arjuna nampuni jémparing Pasupati, sanalika banjur ana gara-gara gora reh kagiri-giri. Bumi oréng gonjang-ganjing, langit kélap-kélap, gunung manggut-manggut, samodra kocak pindha kinébur. Kilat-thathit maliwérán, prahara mawatikan. Ing gégana kapiyarsa swaraning tambur-klasangka mawurahan. Sanajan ing wayah awan, ndaru katon pating elorot ing akasa.

Sasiréping gars-gara, Sang Arjuna matur marang Bathara Sangkara: „Pukulun, patruwun halulu, mugi wonéng kaparéng paduka harso ngan dihakakén caranipun numukakén jémparing Pasupati punika, pukulun.”

„Wruhanira, Arjuna! Pasupati iku héné sira tamakake sarana cipta, sarana wicara, utane sarana langkapira Gandhiwa iku. Sarana Pasupati, sira bisa nyirnakake mungsuhire sape bae. Sanajan Rési Bhisma, Rési Drona, Rési Krépa utawa Karna, nèsthi sine manawa kétaman Pasupati. Nanging poma di eling, Arjuna! Pasupati ora héné sira tamakake marang mungsuhire kangu ora sakti. Manawa Pasupati nganti sira tamakake marang titih kangu ora sakti, bisa njalari rusaking Tribawana lan sirnane sagung dumadi.”

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Mahadewa banjur musna. (*).

Ing sapungkure Bathara Mahadewa, Sang Arjuna kewiyos panglocitane mangkene: „Bérga kémayangan fémén aku! Ora mung bisa ndulu marang tewujude Bathara Mahadewa, nanging uga bisa nggépok salirané dewaning adewa kangu anetra télu, iya Sang Hyang Trinetra, kangu wis maringi jémparing Pasupati, panglèburing satru sakti. Saméngko idham-éhamanku kapengin ngéntas . . .”

(*) Bathara Mahadewa ing padhalangan atmajane Bathara Guru. Yen ing Mahabharata, Bathara Mahadewa iku Bathara Sangkara, ya Bathara Siwal utawa Sang Hyang Trinetra.

Durung nganti rampung panglocitane Sang Arjuna, késaru rawuhé Bathara Baruna, dewaning banyu saisine, didherekake dewaning narmada, para sandhya (dewa-dewa atmajane Bathara Dharma cacahé 12) lan para naga. Ora antara suwe Bathara Kuwera uga rawuh ing Indrakila, nitih kreta kéncaha pinatik manik nawa rétna, didherekake para yaksa sarta para gandarwa. Lé tuké sakédhép neira Bathara Yama, dewa kang nguwasaní naraka lan kang kasinungan panguwasa minangka pangrusaking sagung dumadi, rawuh ing Indrakila didherekake para Kingkara (wadyabalane Bathara Yama). Kang rawuh ing Indrakila karti dhewe Bathara Sakra (Indra), wahana dirada Airawata, didherekake para dewa. Nalika samana, ardi Indrakila sakiwa-tengéne banjur katon bangéts asri anglam-lami, jalanan késunaran gébyaring kéncaha lan sésotya agém-agémane para Caturlokapala (Lokapala papat yaiku: Bathara Indra, Baruna, Yama lan Bathara Kuwera) sapandhereke.

Bathara Yama ngéndika marang Sang Arjuna: „Heh Arjuna! Sira ingsun paringi diwyacaksuh (suci Bathara), supaya bisa ndulu marang ingsun. Wruhanira, Arjuna! Ing uripina kong dhisik (dhek biyen), sira iku Rési Kaswargan kong bangéts pinunju, péparabé Rési Nara, Awit saha kaparenging Bathara Brahma, dewaning adewa, sim kadhwuhuan manjanma ing marcapané linairake dadi golongan satriya. Sumurupa, Arjuna! Mungsuhira kong sakti mandraguna, Rési Bhismha, panjanmane Wasu Dyahu (Prabasa) ing tembe bakal kasoran dening sira. Mangkono uga Suryopati (Karna), iya bakal sira dening sira. Lan sira uga bisa ngasorake para ruséksa sinakti kong padha manjanma awujud manungsa (yaiku pari Korawa Pm) apadene para danawa kong sinebut Niwatakawaca. E, Arjuna! Minangka pambiyantuningsun marang sira anggonira nedya mbrastha mungsuh-mungsuhira, ingsun nguruni sanjata marung sira. Mere tampanana ga da kong ingsun ulungake iki, Arjuna.”

Sang Arjuna nyembah, banjur nampani gada kang dilulungake dening Bathara Yama. Sawise gada ditampani, Bathara Yama sapandhereke tumuli musna.

Ing sapungkure Bathara Yama, Bathara Baruna ngéndika marang Sang Arjuna mangkene: „E, Arjuna, bêbanthenging satriya darah Bharata! Awit saha panujuuning panggalihingsun marang gedhening tekodira nedya ngéntes kadeng-kadhangina saha juranginé kasongsaran, ingsun paring sanjata marang sira. Mere tampanana sahjata Paça iki.” (Jawa-kuna: paça = Indonesia: jérat).

Bathara Kuwera dewaning kasugihan (majabranan) uga maringi sanjataning ayuddha marang Panéngah Pandawa, nanging ora dipratelakake araning sanjata kong diparingake.

Sawise Bathara Yama, Bathara Baruna lan Bathara Kuwera padha maringi sanjataning ayuddha marang Arjuna, Bathara Surapati (Indra), ratuning para dewa, ngéndika: „Kulup, Arjuna! Bangéts suka-rénaningsun dening sira wis nindakake pamrayoganingsun mbanjurake niému brata, nganti sira oru

mung bisa ndulu bee marang dewaning adewa Sang Hyang Trinetr, nanging uga bisa nggêpok salirane, lan banjur pinaringan jêmparing Pasupati Samôngko ingsun uga nedya ngruhani gégoman marang sira. Maru, kulup, Jêmparing Antarhana iku tampenane!"

Sawise jêmparing Antarhana ditampani dening Sang Panengah Pandawa, Bathara Sakra ngandiku: „Kulup, Arjuna, wruhaniru! Dayane jêmparing Antarhana iku manawa sira lèpasake, njalari mungsuhira kepati nendru. Pangajapingsun, ting sabanjure sira bisa dadi stayane dewa. Samangsa ana parangmuka kang nedya ngrabasa Surakaya, sira bisa mbrastha. Wruhaniru, kulup! Mengko ing sapungkuringsun, kretaningsun kung kinusiran Sang Matali bakal prapta ting kene mèthuk sira. Sira munggaha ményang Surakaya. Ya kretaningsun kung kinusiran Sang Matali iku kung minangka wahana ungahira ményang Surakaya, supaya sira bisa télémón kero para dewa."

Sawise ngendika mangkono, Bathara Indra sapandhereke banjur musna.



BAB 237. SANG ARJUNA ANA ING SURALAYA.

Sang Arjuna, musthikaning satriya darah Bharata, sawise darbe sanjata pêparinge Sang Hyang Trinetra lan Caturlokapala (Lokapala 4: Bathara Indra, Baruna, Yama, Kuwera), bangêt suka amarwata suta, rumangsa oleh gawe tapa-bratane.

Ing sapungkure Caturlokapala, nalika Sang Gudhukesa (Arjuna) tu-menga ing akasa, priksa kreta jumédhul saka mega, sumorot abra-amarakata madhangi akasa, swarane gumludhug nggögirisi. Kreta iku titihane Bathara Indra, apangirid turangga salekssha kang rikating abure pindha keclaping cipta. Kang ngusiri kreta iku Bathara Matahi, agém-agémane mawa cé-plok kéncaha tinretes sésotya. Dludag rérèngganing kreta iku adhandhan kéncaha pinatik manik nawa rétna. Baréng kreta iku wis ngambah ing lémah, Sang Palguna (Arjuna) priksa ing jérone isi sanjataning ayuda maneka warna kang bangêt ngedab-edabi.

Ndulu kehing kuda pangiride, endahing kretane lan dhandhaning dludage, maneka warnaning gégaman kang ana ing jérone lan endahing bu-sanane Bathara Matahi kang ngusiri, Sang Arjuna kamitenggengén, kagawa saka bangéting gumun-ogungune.

Bathara Matahi tédhak saka kreta, ngurmati Sang Arjuna, banjur ngéndika: „Kakeuningana, Raden! Dhaféng kula punika ngémban timbalan-ipun rama jengandika Bathara Indra, ndikakakéñ mèthuk jengandika, mi-lanipun mugi jengandika tumuntén harsa nitih kreta ingkang kula kusri punika.”

Wangsulané Sang Arjuna: „Nuwun sewu, jengandika kemawon kula aturi minggrah ing kreta rumiyin. Kula badhe sésuci rumiyin ing bengawan Gangga saha sésaji Udakatarpana tumrap para dewa tuwin para pitri.”

Sawise ngéndika mangkono Sang Panéngah Pandawa banjur tindak menyang bengawan Gangga. Saparipurnaning sésuci lan sésaji Udakatarpana (sésaji banyu suci), Sang Arjuna tumuli nyédhaki kreta, banjur munggah lan lenggah. Bathara Matahi null ngabani turangga salekssha pangiriding kreta. Kreta banjur ndédel ngayuh gégana ora jang mega, rikating abure ngungkuli keclaping cipta. Saya suwe samubarang kang ana ing bumi katon saya cilik, wasanane banjur ora katon babar-pisan. Baréng sawarnaning isen-isen ing donya wis ora kasat-mripat, Sang Palguna (Arjuna) banjur priksa kreta kéncaha pinatik sésotya maewu-ewu titihane para Jawata. Ing papan kono ora ana sréngenge lan rémbulan, nanging mèksa padhang dening ujwalaning barang-barang, amarga kabeh barang kang ana ing kono padha surmunar angénguwung nélahi. Wola-wali Sang Arjuna wuning guhyaka (makhlik saténgah dewa pandhereke Bathara Kuwera), apsara, widadara lan gandarwa (juru ngidung kaswargan).

Ora antara suwe abure kreta tékan ing Amarawati, yaiku kutha-krajane

Kaindran utawa Indraloka (Indrabawana). Sang Arjuna priksa dirada gedhene saardi Keleso, gadhing papat dawa-dawa. Ya dirada iku kang aran *Aruwana*, titihane Bathara Indra. Ing Amarawati iku dadil padunungan para Narendra, para senapatining perang lan para prajurit kang padha alaku utama utawa kang palastra ing madyaning rana.

Kadhatone Bathara Indra banget endah-peni dumunung ana ing sa-tengah-tengahe Amarawati, ing sacédhake taman Nandana kang luwih de ning azri anglam-lami. Taman Nandana iku dadil papane para dewa, apsa, widadara lan liya-liyane kang padha aléledhang, kékak kékémbangan maneka warna; ana kékémbang-kékémbange kang lagi kuncup, ana kang nédhéng medém lan ana kang wis mèkrok mbabar ganda.

Sawise ngliwati taman Nandana, Sang Parta (Arjuna) wuninga rombongan kang dumadi saka kumpule para *siddha* (sétengah dewa),, para Wesu, para *Brahma*-rési lan dewa kembér (Bathara Aswin). Rombongan iku di dhawuh dening Bathara Sakra (Indra), ndikakake mèthuk Sang Arjuna. Kreta mandhég, Sang Arjuna téthak, némori para warganegara rombongan. Sawise padha pitépungan, Sang Arjuna diidherekake rombongan marak marang Bathara Purandara (Indra). Baréng tékan ing ngarsane Bathara Indra, Sang Arjuna mangkuréb ana ing sacédhake Sang Bathara, nanging banjur dicandhak astane lan ditarik, nulli dipangku. Sasuwene dipangku, Sang Arjuna diélus-éhus paiparapane lan diarasi mustakane, sarta kinudang-kudang dening Bathara Indra. Sawise sawatara suwene ana ing pangkon, ratune dewa *Sang anetra* sosro pangrurahing Asura Wreta banjur diawuh marang Sang Dananjaya, ndikakake lenggah ing dhampar dhewe jajar karo panjenénengune. (Kang njalar Bathara Indra *anetra* sosro mriksana Silsilah Wayang Purwa Jilid II bab 61: Sunda lan Upasunda, kata 21 – 27. Wondene kang nyaritakake Bathara Indra mrirajaya Asura Wreta, mriksana Silsilah Wayang Purwa Jilid III bab 139. Prabu Salya nglipur Pandawa, kata 210 – 225).

Ana Gandarwa sagolongan kang lèbda ing babagan kagunan-karawitan padha nabuh gamelan karo kékidungan, dipandhegani dening Bathara Tamburu (ing padhalangan sinébut: Témboro. Pm). Akeh widadari kang padha mbéksa manut wiramaning gendhing, kayata: Dewi Gréti, Dewi Menaka, Dewi Ramba, Dewi Purwacitti, Dewi Swayampraba, Dewi Urwasi, Dewi Mistakesi, Dewi Warutini, Dewi Gopali lan liya-liyane. Para widadari iku sajrone mbéksa tarkadhang ana kang miraga angénganyut jiwa, ana sing mbalang-mbalang liring marang Sang Arjuna, ana maneh kang néñangi brangta asmara sarana ngéntrog-ngéntrog payudarane.

Sawise sawatara suwene lenggah jajar karo ingkang rama mriksani para widadari kang padha mbéksa, Sang Arjuna banjur kadhwuhan adédunung ana ing suyasa dhewe ing sajroning kukuban kadhaton. Pangarép-arepé kapengin pinaringan gégaman maneh bisa kaléksanan. Baréng wis sawatara dina olehe ana ing Kalindran, Sang Arjuna pinaringan sanjata *Bajra* dening ingkang rama (Bathara Sakra), lan sanjata liyane kang manawa dilépasake banjur

murub makantar-kantar, agawe kobare mungsuh.

Sawise wuwuh gégaman rong warna iku, Sang Arjuna kelingan maneh marang kadang-kadange kang tiningga lan alas Kamyaka, lan banjur kêpengin tumurun ményang Macapada. Nanging kaparéngé Sang Hyang Purandara (Indra), Sang Arjuna kadhawuhan ana ing Suralaya nganti limang warsa,

“Kulup, putreningsun Arjuna! Sira puruhitaa marang Bathara Citrasena, sinawa kagunan karawitan lan béksa Kaswargan, amarga iku ing lémbe gedhe gunane tumrap sira ana ing Marcapada.” Mangkono dhawuhé Bathara Indra.

Dhawuh iku diestokake dening Sang Dananjaya. Sabèn dina Sang Dananjaya sowan marang ratuning gandarwa Bathara Citrasena ing padungané, prèlu sinawa kagunan-karawitan lan béksa kaswargan. Sang Panéngah Pandawa iku kaduk séneng ing babagan kagunan - karawitan lan béksa, mangka panceñ kasingungan dhasar (Indonesia: bakat), mulane gampang nampa piwulange Bathara Citrasena. Sadhela bae Sang Arjuna wis wasis ing babagan kagunan-karawitan lan béksa kaswargan.

Kahanan ing Kaswargan iku kabeh kang kadulu, kang rinungu lan kang ingambu sarwa endah-peni, nengsémaké lan mencutake. Ewadene, kabeh iku ora njalarí laline Sang Panéngah Pandawa marang para kadang kang lagi nan dhang késurang-surang ngalami urip ana ing madyaning alas. Sawise lèbdia ing babagan kagunan-karawitan lan béksa kaswargan, Sang Arjuna katéntangi maneh elinge marang para kadang, lan turuh ancasé kapengin tumuli tumurun ményang Marcapada, nanging durung diparéngake dening Bathara Indra.



BAB 238. JALARAN TAN KAPADHAN ING SIH, DEWI URWASI NGESOTAKE ARJUNA.

Ing sawijining dina Bathara Indra ngendika marang Ratuning Gandarwa Bathara Citrasena: „E, Ratuning Gandarwa! Saka kaparenging karsaningsun, Arjuna ora mung kudu mumpuni ing babagan kagunan-karawitan lan bêksa Kaswargan, nanging uga kudu lèbda ing bab ulah asmara—turida. Mulane sira ingsun utus némoni widadari Urwasi ndhawuhake timbalaningsun, dheweke ingsun paréngake tétemon kawo Arjuna ana ing suyasa padunungane. Ingsun ora késamaran yen widadari Urwasi nalika ngebarake kuwasaning bêksané bêbârèngan haro para widadari Hyâ-lyane ditonton Arjuna ana ing kene, wola-wali mbalang liring marang Arjuna, lan Arjuna kérêp maspadakake marang dheweke. Dodi, si Urwasi haro Arjuna padha dene hasmarane, Aja késiuwen, bisa si Urwasi haro Arjuna tétemon ing dina iki uga.”

Sang Citrasena matur sëndika, tumuli mangkat némoni Dewi Urwasi, tétungguling para widadari.

„E, Urwasi, wruhananira! Praptaku iki ngemban dhawuhé Sang Hyang Sakru (Indra). Panjénengane mundhut gawemu. Sang Arjuna kang kautamane, luhuring budine, haséhken lan kaprawirané, bagusing rupane lan tajéming polulané sarta iantipung gréhitone hasusre ing jagod, apadene bisa manjing ajur-ajer mancale putra mancale putri, diparéngake ngrasakake kanikmetaning Kaswargan. Awit saka iku, dhawuh timbalane Sang Hyang Indra, sira diparénguke karonsih haro Sang binagus Panéngah Pandatwa.”

Midhangot ngendikane Bathara Citrasena mangkono iku, Dewi Urwasi kang dhasare panceñ kegiwang marang Sang Arjuna, bangétsuka-reña panggalih, utur-wangsulané kanthi cikak-aos mangkene: „Kuta sëndika nges-tokahén dhawuh-timbalanipun Sang Bathara.”

Ing sapungkure Bathara Citrasena, Dewi Urwasi banjur ngadi-salira. Remane kang ngandhan-andhan kinlabang lan cinéplok kêmhang Kaswargan, akékonyoh bubukan cêndhana, ngagém onceen-oncen ginanda wida Kaswargan. Sullistyaning suwarnane Sang Dewi agawe suréming kaendahan Kaswargan. Kincanging imbane bangétsilangoni, liringing netrane anglat-thathit; pakultaning salirane kuning anglit mas sinangling, payudarane wewéng nyéngkir gadhing; wadanane sumunar ngénguwung, prasast rébut sorot karo sunaring sasangka kang pinuju purnama. Wéntise gilig awarna kuning nému girling, poloke bundér rinéngga kroncong kencana tinrete sésotya, ngagém rimong ngangrangan putih atipis ramyang-ramyang nénanji brangta.

Sawise rampung olehe ngadi salira, ing wayah sandyakala Dewi Urwasi tindak menyang suyasa padunungane Sang Arjuna. Tindake lengket-lengket macan luwe. Baréng tékan ing plataraning suyasa, Dewi Urwasi képriksan Sang Arjuna. Kanthi gugup lan gitu-gitaning panggalih, Sang Arjuna méthuk rawuhé Sang Dewi, ature: „Dhuh musthikaning para widadari! Wontén karsa paduka badhe dhawuh punapa dhaléng kawula, dene duhu-duhu kéraya-rayo ro-

“*wuh ing padienungan kawula*.”

Dewi Urwasi: „*Dhuh tetungguling satriya darah Bharata ingkang antuk ngrahaning Jawala, kaparéng kula mrasajakakén mula-bukaning pisowan kula. Nalika para gendarwa ngurmati jengandika sarana kékidungan binarung ing gêndhing, kula soha pam widadari sanes-sanesipun sami ngebarakan kaprigélan mbéksa anut wiramaning gangsa. Nalika samantén kawula mangrétos bilih jengandiké sekhédhap-sekhédhap nbalang líring dhaténg kawula. Bab punika sajekipun këpriksan dening Bathara Indra, tandha-yéh tosiipun Sang Bathara dhareuh dhaténg ratuning gendarwa Sang Citrasena, ndhikakakén ndhawuh kula supados sowen dhaténg jengandika. Dhuh Raden, kawuningana! Goroh-waleh punapa, salugunipun manah kula piyambak botén prabeda kaliyan panggalih jengandika, ugi hépanduk fèmparingipun dewa-ning SIH. Dados, panggalih jengandika nomu condhong kaliyan manah kula. Ing saébétipun suyasa punika, ing wékdal punika ingkang wontén namung jengandika kaliyan kula. Dados sapunka wékdal ingkang saklangkung prayogi manawi jengandika kaliyan kula sami lélangén asmara.*”

Midhangéti ngéndikane Dewi Urwasi mangkono iku, Sang Arjuna bangéti kéjot panggalihé. Saluguting kolang-kaling ora ngira manawa Sang Dewi bakal ngéndikakake babagan asmara. Ing batin Sang Arjuna bangéti gégitun, dene nalika samana wola-wali nglirik marung Sang Dewi, satémah banjur kini-rra kayungyun marang panjénongane.

„*Dhuh tetungguling apsari! Mugi wontén kaparéng paduka karsa ngluberakén samodra pangaksama. Sarema pinara sasra kawula botén gadhah manah kados ingkung paduka ngéndikakéti kela wou punika. Pancen kapara yéktos, nalika paduka rigebaréh kawasisan mbéksa sésaréngan kaliyan para apsari sanes-sanesipun. Kédhép tésmah panyuwang kawula dhaténg paduka. Sabab, nalika samantén kawula hengélan dhaténg curiyosipun para plinisépuh, ingkang sami mratéfukakén bilih paduka punika kalébet léluhuripun darah Bharata, dados inggil kälébet léluhur kawula, botén beda kaliyan Bathari Saci prameswarinipun Bathara Indra, utawi ibu Dewi Kunthi.*”

Katrangan:

1. Kang gégayutan karo Bathari Saci, mriksanana carita “*Indrawijaya*” ing Silsilah Wayang Purwa Jilid III bab 139 kaca 210 – 225.
2. Widadari Dewi Urwasi iku prameswarine Prabu Purorawa utawa Pururawas Ratu ing nagara Hastina kang nalika samana aran nagara Prayasa. Prabu Pururawas iku kalébu léluhure Sang Bharata, dadi iya kalébu léluhure Korawa—Pandawa. Mriksanana Silsilah Wayang Purwa jilid IV perangan ngarép dhewe (kaca 13).

Sarampunging ature Sang Arjuna, Dewi Urwasi tumuli ngéndika: „*Dhuh atmujaning ratunipun pera dewa, kawuningana! Pura Widadari punika botén sami darbe sisihan, lan dipun-wéñnangakén darbe pamillik priya ingkang dados*

panujuuning manahipun. Awit saking punika Raden, mugi jengandika sampaun ngantos mastani bilih kula punika léléluhur jengandika. Bob punika botén prélù jengandika engéti. Para tédhakipun Prabu Pururawas ingkang sami pikantuk nugrahaning Jawata minggah suwarga, sami kaparéng keran-sih kalyan para apsari, kalis ing dosa. Milanipun sangéti ing panyuwun kula dhaténg jengandika Raden, mugi jengandika kagungananu sih-wilesa dhaténg kula, kersua paring usadaning gandrung-wuyung kula dhaténg jengandika."

Arjuna: „Duhu musthiakaning para widadari! Atur kawula kula wau punika botén lélélamisan. Kawula botén gedéh atur sanes-sanesipun, atur kawula namung mligi sawarni, luuglik punika paduka putika sésémbahan kawula, pépundhen kawula. Pangréngkuh kewula dhaténg paduka botén beda kalyan dhaténg Bathari Soel utawi Dewi Kunthi, ibu kawula piyambah. Milanipun panyuwun kawula, kersua paduka nganggép putra dhaténg kawula.”

Midhangéti ature Sang Arjuna kang mratelakake puguh Jurnuhing pénggalihé ora karsa asung usadaning lara-asmara, Dewi Urwasi duka tan sipi, satémah banjur ngé-SOTake mangkene: „Amargi jengandika botén karse nimhangi sthing pawestri ingkang kapanduk jémparinging Bathara Asmara, jengandika ing témbé badhe ngalami pangina dipun-anggep tiyang wandu, tétinggilan kalyan para wanita dados Guru-béksa, sirna sipayé jengandika priya.”

Sawise ngéndikakake SOT mangkono, Dewi Urwasi tumuli kondur ményang Kawidadaren.

Ing sapungkure Dewi Urwasi, Sang Parta (Arjuna) sowan Bathara Citrasena, mratelakake SOT kang dingéndikakake dening Sang Dewi, lan Bathara Citrasena banjur nglapurake bab iku marang Sang Hyang Surapati. (Sur= dewa. Pati = ratu. Surapati= mtuning dewa, yaiku Bathara Indra).

Sawise midhangétake palapurané Sang Citrasena, Sang Hyang Surapati tumuli nimbalii Sang Arjuna, dingéndikani mangkene: „Kulup putraningun Gudhakesa (Arjuna), wruhanira! Ing témbé, manawa wis nganeth ing taun kang kaping télu lase anggonira kudu sumingkir saka praja, yaiku ing wéktu siro sahadang kudu namur salira supaya ora bisa kawruhan Koruwa, SOT-e si Urwasi iku kang ngayomi marang sira. Sira dadi Guru-béksa mémuliang marang para wanita, sirna sipayé priya, satémah ora ana karo ngira manawa sim iku salugune Panéngah Pandawa. Baline asipat priya maneh, manawa anggonira dadi Guru-béksa wis ganép sawarsa.”

Sawise dingéndikani mangkono dening Sang Hyang Surapati, Sang Arjuna ora nguwatirake SOT-e Dewi Urwasi, panggallihé dadi téntrem,

BAB 239. SANG ARJUNA NYIRNAKAKE PARA NIWATAKAWACA.

Ing Silsilah Wayang Purwa mawa carita jilid III bab 128 kaca 135—146 wis nyaritakake Niwatakawaca miturut unine layang *Arjuna* karyane Empu Kanwa ing jamane *Prabu Airlangga*. Wondene carita Niwatakawaca ing ngisor iki miturut kang kasébut ing *Niwatakawacayuddhaparwa*, parwa cilik perangane *Wanaparwa* ing *Mahabharata*.

Barèng wis mumpuni ing babagan *kagunan-karawitan* lan *kridhamataya* (bêksa), Sang Arjuna digladhi carane nandukake sanjataning kaswargan dening Sang Hyang Surapati (Bathara Indra) lan para dewa liyane kang uga maréngi sanjata kaswargan.

Sawise Sang Arjuna lèbda migunakake sanjata kaswargan maneka warna, priksa carane nandukake lan ngréti carane ngundang baline sanja ta kang wis dilèpasake, ing sawijining dina Bathara Purandara (Indra) rawuh ing suyasa padunungan Sang Arjuna awahana *kuda Uccaihṛīnū*, yalku kuda kang pinangkane sakai *samodra pihari* (Ksiramawa) nalika samodra iku kinébur dening para dewa lan daitya (mriksanana Silsilah Wayang Purwa mawa carita jilid I bab 39).

„*Kulup, putrulingsun Arjuna! Saméngko sira wis wasis uah gelaring baris, wis darbe sanjata kaswargan limalias Warna, wis wasis nandukake kabeh sanjata iku, wis bisa ngundeng baline samangsa sanjata iku dilèpasake, lan wis bisa nggugah panguwasané marawha sanjata kang sira lèpasake ngantil ore tumama ing mangsuhiryo. Sira wis ora buah bisa kasoran lumawan sapo bae, sanajan lumawan para dewa pisan. Saméngko ingsun téla nya marung sira kulup, piyarsakna! Apa sira saguh dari siyaninggun, nyirnakake kuliye para dewa?“*

Arjuna: „*Pukulun, kewula sèndika ngestokaké sedaya dhawuh paduka. Sampun ingkang namung dumugi ing sakit, sanajan dumugi ing péjati pisan, kacela sèndika.*“

Midhangét ature Sang Arjuna mangkono iku, Bathara Purandara bangèt suka amarwata sutra, pangandikane : „*Kulup, wruhanira! Ing dhasering samodra ana dianawa bangsa NIWATAKAWACA, kehe watara 30 yuta. Dana-wa samono kehe iku kahanane, wujude, dèdèg-pladèg lan kaséktene padha bae. Kulup, Arjuna! Kéhidanganingsun marang sira, bisa sira kuwawa nyimakake para Niwatakawaca kang wulu-wali ngungguhi Suralaya, gora-gor-dha marang para dewa.*“

Sawise ngendika mangkono, Bathara Indra banjur maréngi *makutha* lan agéman liya-liyane marang Sang Arjuna, kang padha wujude karo agémane Sang Bathara dhewe. Barèng wis ganti agéman, wujude Sang Arjuna banjur kembur karo Bathara Indra. Sang Bathara tumuli dhawuh marang Bathara Mataji,

ndikakake ngusiri kreta-pérang apangirid kuda saéksa, minangka titihane Sang Arjuna nglurugi para Niwatakawaca. Sawise samékta, Sang Arjuna tumuli nitih kreta kinusiran Bathara Matali budhal ményang dhasaring samodra. Swaraning kreta-pérang gumludug nggégétér, njalari kadewatan kagegeran. Akeh dewa kang lumayu nedya sowan marang Bathara Indra, na-ning baréng képethuk Sang Arjuna banjur padha mandhèg lan atéttanya: „Raden, wonien wigatos punjpa dene jengandika nitih kreta-pérang titih anipun Sang Hyang Surapati!“

Arjuna: „Kula ngémban dhauih-timbalanipuri Bathara Indra, ndikak-akén nglurugi para danawa bangsa Niwatakawaca ing dhasaring samodra. Mugi jengandika sami kaparéng paring pépuji murih kaléksananing pakaryan ing-kang kula ayuhí.“

Para dewa : „Kawuningana, Raden! Nalika Sang Hyang Surapati nyir-nakakén asura Namuci, Prahlada, Naraka lan sanes-sanesipun inggih nitih kreta-pérang punika. Sapunka jengandika nitih kreta punika, témptu sagéd mbrastha asura Niwatakawaca.“

Pinituwane para dewa asung slompret Dewadatta marang Sang Arjuna (Ing padhalangan sinébut slompret Dewadénta). Sawise slompret ditampani dening Sang Parita (Arjuna), para dewa padha ngucap “Jaya-jaya,” amarga padha rumangsa hafuju prana dene Sang Arjuna nedya mbrastha asura.

Tindake Sang Arjuna ing sadalan-dalan kinurmatan dening para dewa lan para Rési kaswargan. Amarga bantéring lakune kreta ngungkuli kécelapping cipta, sadhela bae wis tékan ing samodra. Ombahing samodra gédhé-gé-dhé agéculungan. Awit saka bénining banyune, ora mung iwak warna-warna kang kasatmata, dalasan sésotya-mutyara kang surneleh ana ing dhasaring samodra uga kawistara.

Kreta-pérang kang dilitihí Sang Arjuna kinusiran Bathara Matali iku bisa ngambah ngéndi bae kang dikarsakake dening kang nitih lan sing ngusiri. Durung nganti sapanginang suwene, lakuning kreta wis tékan ing dhasaring samodra. Sang Arjuna priksa asura tanpa wilangan kehe wis padha pacak-baris asikép sanjataning ayuda maneka warna; mesthine wis ngira yen bakal keté-kan parangmuka, amarga ngrungu swaraning kreta-pérang gumludug nggégirisi. Lagi bae prapta dhog ing dhasaring samodra, Sang Arjuna wis dikrubit para asura Niwatakawaca sarta kinrocok sanjataning ayuda. Nanging, sanajan diudani gégaman saka keblat papat, saka ngarép-burí lan kanan-kering, Sang Arjuna babar-pisan ora ngédhap panggalihé. Siji bae ora ana gégamaning asura kang aggépok salitrane Sang Parita (Arjuna), kabeh kéné tinangkis sarana jémparinge kang lumépase saka langkap Gandhiwa mbarubul anarawata, tan ana pédhote. Tanpa wilangan kehe asura kang mati dening jémparinge Sang Panéngah Pandawa, kegilés rodhaning kreta lan tinujah turangga. Nanging kehing kancane kang mati ora njalari girising atine para asura kang isih urip, mandar saya luwih akeh maneh asura kang prapta ngroyok Sang Arjuna. A-

wit saka iku Sang Palguna (Arjuna) banjur ngélèpasake sanjata aran Magawa, sanjata saka péparinging dewa kang ampuhe tanpa pépindhan. Ya sanjata Magawa iku kang agawe lèburung gégamane para asura Niwatakawaca.

Nguningani panglawane Sang Arjuna marang para asura Niwatakawaca, Bathara Matahi bangét kagawokan. Luwih-luwih naika Sang Panéngah Pandawa ngélèpasake warastrā kang métuné saka langkap Gandhiwa pating barubel anawurata tanpa wilangan kehe. Bathara Matahi nganti kédhép tésmak pandulune. Kehing jémparing kang linépasake dening para asura uga tanpa wilangan, nanging kabeh sima dening jémparinge Sang Arjuna. Ewadene panémpuhe para asura ora mèndha, mandar saya ndadra. Awit saka iku Sang Arjuna tumuli ngélèpasake jémparing kang ampuhe kagila-gila, satémah kehing pépati para asura bêbathange nganti ngundhung-andhung kaya gunung, gétihe surmamburat munerat saka ing tatune.

Para asura kang isih urip padha ngétokake *pangabaran* warna-warna. Akeh asura kang ngétokake pangabaran kang njalari udan watu sagajah-gajah gédhene, nanging kabeh watu iku banjur ajur dening sanjatane Sang Palguna kang aran *Mahendra*. Dumadakan awit saka pangabaraning asura, ing ngéndi-éndi katon ana udan géri, nanging wasananie géri iku sirép dening sanjatane Sang Arjuna kang aran *Berunastra*. Sasirnaning géri, dumadakan banjur péténg-ndhédhét Jéliméngan, uga awit saka pangabaraning asura. Nanging iét sakédhép netra pépéteng ilang dening jémparinge Sang Arjuna kang aran *Pisosana*, kang njalari papán ajang pérang banjur dadi padhang jingglang. Mbokmanawa amarga wis éntek pangarép-arépe ora bakal bisa ngasorake mungsuhé, para asura Niwatakawaca padha mundur lumébu ing kadhatone. Undure para asura iku karo makewuhu ajuning kretane Sang Arjuna sarana dalane sinébaran watu sagajah-gajah gédhene, nganti jaran-jaran pangiriding kreta kang saléksa cacahé rékasa lakune. Awit saka iku Sang Arjuna banjur musthi *sanjata Bajra* péparinge Bathara Indra karo maték mantra. Ya sanjata Bajra iku kang njalari kabeh watu kang ngalang-alangi lakuning kreta sirdha-gusis, kabeh asura Niwatakawaca sirna-gémpang tumpés-tapis.

Sasirnaning para asura Niwatakawaca, Sang Arjuna manjing ing kadhatone kang kinubéng ing baluwarti luwih dening santosa. Bangét gumunungunguning panggalihé Sang Arjuna priksa kadhatone para asura kang jémbare prasasat padha karo kutha-krujané, tur bangét edi-peni anglam-lami, ngungkulé kadhatone ratuning para dewa ing *Amarawati*.

„*Sang Bathara, kaparénga kula nyuuun priksa, punapa sababipun Sang Hyang Surapati botén karsa asasana wontén ing ngriki, ingkang kawonténan-ipun langkung endah-peni tinimbang ing Surendrabawana?*“ Mangkono azure Sang Arjuna marang Bathara Matahi.

Bathara Matahi: „*Kawuningana, Raden! Duk ing nguni, ngriki ugi dados padununganipun para dewa; nanging dipun-éndhih dening para asura Niwatakawaca, jalaren para dewa kasorun pérangipun. Ingkang murugakén para Niwatakawaca sagéd unggut pérangipun lumawan para dewa, jalaren*

para asura punika tampi nugrahanipun Bathara Brahma, ewit soking genturing kasutapanipun. Jalaran para dewa kasoran lunawan para asura, Bathara Indra marak dhaléng Sang Hyang Brahma, matur mekatén: „Pukulan, manawi paduka kaparéng paring pangayoman dhaléng para dewa, mugi sampun ngantos paring nugraha kasakten dhaténg para asura Niwatahawaca.”

Bathara Brahma: „Heh, Indra, uruhanini! Para Niwatahawaca olehe ngébroki papan kang didunungi saiki, suwene bëbasan mung sagebyaring thathit, Ora suwe maneh, para asuro Niwatahawaca bahal sérna dening atmajanira karg tumitah ing Marcapada.”

Bathara Matahi mbanjurake ngéndikane : „Raden, hawuningana! Inggih jengandika punika ingkang dipun-ngéndikakahéen “atmajanira karg tumitah ing Marcapada” dening Bathara Brahma.”



BAB 240. ARJUNA NYIRNAKAKE ASURA ING HIRANYAPURA.

Sawise para asura Niwatakawaca sima-gempang tumpes-tapis, karsane Sang Arjuna lan Bathara Matali nedya kondur menyang Amarawati. Nanging lagi bae jumédhul saka samodra, dumadakan Sang Arjuna priksa barang kang bangét gédhene nglayang-nglayang ing awang-awang.

„Bathara Matali, punika ingkang katinggal kados barang kabur-kanginan wonten ing akasa punika?“ Mangkono ngéndikane Sang Arjuna.

Bathara Matali: „Kawuningana, Raden! Punika ingkang kawastanan Hiranyapura, kittha-padanwiganipun para asura Polama saha Kalakanja. Kittha punika saklangkung endah, tur sagéd pindhah-pindhah miturut pikajéngipun para asura ingkang adédunung ing ngriku.“

Arjuna: „Kadospundi mule-bukanipun, dene wonten golonganing asura ingkang sagéd darbe kittha ingkang saklangkung aneh-nyiléneh makatén punika?“

Bathara Matali: „Makatén Raden, mula-bukanipun: Duk ing kina wonien kénya kékalih atmajaning asura linangkung, nama Polama lan Kalakanja, saklangkung gentur tapa-bratanipun. Sareng anggenipun mratapa sampuri sewu warsa, kénya Polama lan Kalakanja punika kéraucuhan Bathara Brahma ngéndikani makatén: „E, Polama lan Kalakanja! Bongéti karenan ingsun ndulu genturing hasulapanira, mulane ingsun nedya paring nugraha marang sira. Sira lan salurun-turunira ingsun paréngalé ngénggoni kutha kong bangét edi-peni iki. Kutha iki bangét aneh-nyiléneh lan endah-peni angklam-alam, tur bisa pindhah-pindhah menyang ngéndi-éndi, miturut karépe kong ngénggoni. Ing Tribawana ora ana kutha kong mirib karo kuthanira iki, amarga kutha iki yasaningsun pribadi. Kabeh turun-turunira padha kasémbadan sédyane, kaleksanan gégayuhane, kalius ing sawarananing blèlara, mulane tansah padha séneng-séneng bojana-andrawina. Ora ana dewa, yaksa, danawa, roséksa utawa gandarwa kong bisa ngasorake yudane turun-turunira ing témbé. Mung manawa ana titah ing Marcapada kong bisa pupla ing kene, iku kong kudu dikawekani dening para turunira ing témbé.“

„Makatén Raden, ngéndikanipun Bathara Brahma dhaténg kénya asura kékalih punika, pun Polama lan Kalakanja. Amargi para asura ingkang semi dédunung ing kittha punika tédhah-turunipun kénya Polama lan Kalakanja, lujeng dipun-wastani bangsa Polama lan bangsa Kalakanja. Sarengan namung fèngandika punika titah ing Marcapada ingkang sagéd dumugi ing ngriki, milanipun inggih namung fèngandika ingkang sagéd nyirnakabéna asura bangsa Polama saha bangsa Kalakanja ingkang sami adédunung ing kittha ingkang sagéd nglayang-nglayang ing awang-awang punika.“

Arjuna: „Menawi makatén, sumangga Bathara Matali, kittha ingkang

nglayang-nglayang punika kita cêlaki."

Tanpa mangsuli ngéndikane Sang Arjuna, Bathara Matai tumuli ngénerake lakuning kreta mandhuwur, ngénér dunungking kutha Hiranyapura. Baréng mung kari sapambalang dohe saka kutha Hiranyapura, sajake para asura Polama lan Kalakanja wis ngréti yen ditékan mungsuh, tandha-yéktine wis rame padha asikép sanjataning ayuda. Ana kang samapta ngrénggép nanggala, alugora, cempuling, gada lan sapanunggalane. Lét sakédhép netra, Sang Arjuna diudani gégaman maneka warna. Nanging awit saka prigélé nangkisi gégamaning asura, ora ana gégaman kang nganti nggépok salirane Sang Arjuna.

Bathara Matai nérusake olehe nglakokake kreta manjing ing sajroning kuthane para asura. Lagi bae dhog tékan ing plataraning kutha, Sang Arjuna wis dikrubit para asura saka ngarép, saka buri lan saka kanan-kering, padha namakake bédhamane. Akeh asura kang padha makewuhi lakuning kreta sarna njegal utawa nyrimpong sikling kuda, mandar ana asura pira-pira kang nedya munggah ing kreta ngrangsang Sang Arjuna. Priksa kaanan mangkono iku, kaya diububi dukane Sang Arjuna, mulane enggal-enggal nglépasake jémparing Agneyastra. Tanpa wilangan kehe asura kang mati kobar dening dahana. Para asura Polama lan Kalakanja kang isih urip padha lumayu, lumèbu ing kadhatone. Dumadakan kuthane para asura dalasan kadhatone pisan banjur ngelayang-ngelayang ing akasa. Tarkadhang kutha iku sakadhatone digawa amblés ing samodra dening para asura, banjur mancungul maneh ing lumahing samodra, turus mumbul munggah gégana. Suwe-suwe éntek kasabarane Sang Arjuna, enggal-enggal musthi Rudrastra karo maték mantra. Lumépasing Rudrastra saka langkap Gandhiwa banjur ngétokake kewan galak warnawarna, kayata: macan gembong, singa barong, bruwang, gajah, warak, asu ajag, waraha, garudha lan lya-liyane tanpa wilangan kehe, padha ngoyak para asura manjing ing Kadhatone. Kewan-kewan iku padha mrajaya asura Polama lan Kalakanja kang padha singidan ana ing sajroning kadhatone. Sawise para asura sarma tanpa sisa, kewan-kewan galak iku padha marak Sang Arjuna, nanging banjur mak lap padha musna.

"Radén, kawuningana! Para dewa kanthi dipun-dombani Song Hyang Surapati sampaun nate nglurugi para asura ing Hiranyapura punika, nanging botén kuwawi lumairan krodhanipun para Polama lan Kalakanja. Milanipun mendah badhe suka-rénaning para dewa manghe, manawi miyarsa pawertos bilih para asura Niwatakawaca, Polama saha Kalakanja sampaun sami sirna dening jéngandika, awit sahing agéngging kasék ten jéngandika seking wohing kasutapan jéngandika." Mangkono ngéndikane Bathara Matai karo nglakokake kreta kondur ményang Indrabawana.

Sapraptane ing Kaindran, Bathara Matai marak Sang Hyang Sunapati, ngaturake lélékan lan pangalamane sasuwene ngusiri kreta-pérang kang dititihi

Arjuna nglurugi para asura Niwatakawaca ing dhasaring samodra lan Polama-Kalakanja ing Hiranyapura. Ature Bathara Matali iku saka wiwitan nganti têkan wékasan ora ana kang kliwatan.

Saparipurnaning ature Bathara Matali, Sang Hyang Surapati bangêt karénan ing panggalih, pangandikane: „*E, atmajaningsun Arjuna! Sira wis bisa nétepi hékudanganingsun, yaiku bisa nyirnakake asura Niwatakawaca lan Polama-Kalakanja, mungsuhe para dewa kong bangêt sura-sakti mandruguns, kong para dewa dhevew om bisa ngasorake. Ing sabanjure, sira mësthi oru bisa kinalahake dening dewa, widadara, gandarwa, yahsa, danawa, rasëksa, naga lan garudha, amarga sakeh gégumaning para dewa wis gumaduhu ana ing sira. Manawa dibobot, kaséktene Rësi Bhisma, Drona, Krëpa lan Karna, om ana sepra-nembélase kaséktenira. Mulane sira uja sumélang, kadangra urédhé kaké Prabu Yudhisthira mësthi bakal halakon juméneng Ratu Agung binatharu mangreh jagad tanpa sisihan.*”

Midhangêt pangandikane Bathara Indra mangkono iku, Sang Arjuna wis ora tidha-tidha maneh bakal ungguling pérang Pandawa lumawan Korawa ing Bharatayuddha.



BAB 241. MAHARSI BHRIGADHASWA NGLIPUR PRABU
YUDHISTHIRA SARANA NYARITAKAKE KÉSURANG-SURANGE
PRABU NALA KARO PRAMESWARINE.

Génti kacarita kang tinginggal kari ana ing alas Kamayulu, Prabu Yudhisthira, Sang Panènggak Pandawa, Sang Kémbar Ian Dewi Krésna, ing sawijining dina pinuju lagi ngendijkan warna-warna ana ing padhepokan, késaru rawuhe *Maharsi Bhrigadhaswa*. Prabu Yudhisthira sarta para ari padha gunawan mèthukake Sang Bagawan. Sawise diwijiiki sampamane, Sang Bagawan banjur didherakake manjing ing padhepokan, sinugata wowohan. Bareng Maharsi Bhrigadhaswa wiwit tuntas riwene Ian Bang késélé, Prabu Yudhisthira matur mangkene: „*Sang Bagawan, kawuningana! Pèpèsthen kawula punika sahlangkung awon. Mbokmanawi ing saindénging jagad botén wontén Ratu ingkang ngalami gésong késurang-surang hados gésong kawula.*”

Maharsi Bhrigadhaswa: „*Sinuwun, kawuningana! Kasongsaran ingkang fèngandike sandhang panceen inggih aurat, nanging taksih langkung acuet ingkang dipun-alami dening Prabu Nala Narendra bangsa Nisadha. Sinuwun sanajan kěpéksa ngalami gésong wontén ing madyaning wana, taksih kempal kaliyan garwa lan para ari. Nanging Prabu Nala, kěpéksa pisan kaliyan garwa, këkalihipun sanidene kélurtu-lanta gésong wontén ing madyaning wana. Wondene mula-bukanipun Prabu Nala nendhang késurang-surang, ugi jeleran kasukan main dhadhu hados sinuwun.*”

Yudhisthira: „*Sang Bagawan, mugi wontén kaparéngbig pariggalih paduka harsa ngandharakén lélampahanipun Prebu Nala, kawula kapengin miréngukén.*”

Maharsi Bhrigadhaswa: „*Sendiha, sinuwun. Nanging sarehning cariyo os punika panjang, pruyoginipun anggen kula ngandharakén sarana kula perang-perang mahalén:*”

L MLIWIS LANTARANING TÉPANGIPUN PRABU NALA KALIYAN DEWI DAMAYANTI.

Kacarlyos Prabu Nala, putranipun *Prabu Wirasena Narendra* bangsa Nisadha, sampaun kapara lami wongsal-wangsul miréng témbang rawat-rawat ujaring bakul-sambewara, bilih Dewi Damayanti, atmajanipun *Prabu Bhima Narendra* ing Widarba, saklangkung endah ing warni. Manawi cinandra suwarninipun Sang Dewi, bēbasan “*Yuweih warna kurung candra,*” milanipun layak kemawon Sang Dewi dados “*panjang-hidungipun*” para Narendra ing manca praja, langkung-langkung para rajaputra ingkang dereng nambut-silinan akrama.

Sanajan Prabu Nala dereng nate priksa wujudipun Dewi Damayanti, nangng jalaran karoban pawartos sulistyaning warninipun, Sang Prabu kandhuhan brangta dhateng Sang Dewi.

Ing satunggalin dinten Prabu Nala amèng-amèng wonten ing taman, nglièlipur kasmaraning panggalih dhateng Dewi Damayanti, Ngantos dangu Sang Prabu anggenipun mubèng-mubèng wonten ing salèbèting tamansari mriksani sésèkaran warni-warni. Dumatakan Sang Prabu priksa mliwis siwawis sawèg sami sisik wonten ing satépining botrawi. Kanthi alon-alon Sang Prabu nyèlaki botrawi, ngindhik-indhiki mliwis-mliwis ingkang sawèg sami sisik, wasananipun lajeng . . . cèg, byur! Mliwis-mliwis punika dipun-saut, kenging satunggal, dene sanes-sanesipun sami mabur. Mliwis ingkang kenging dipun-saut Sang Prabu punika sagèd tata-jalma.

„Gusti, mugi wonten sih-wilasa paduka karsa paring gèsang dhateng kawula. Manawi kawula paduka gésangi, kawula sèndika ngestokakèn dhuwuh paduka. Sanajan paduka utus dhateng nagari manca ingkang tèbilihipun pinten-pinten yojana, kawula sèndiku.“ Makaten aturipun mliwis dhalèng Sang Prabu.

Prabu Nala: „E, mliwis! Apa tèmèn ujarmu iku?! Apa sawisé ucul saka astaningsun, kowe ora banjur nyidrani janji?“

Mliwis: „Gusti, sanajan unjud kawula kewan, kawula dereng nate ngucap dora. Kawula ajiri dhateng bêbenduning Jewata.“

Mliwis tumuntén dipun-culakèn, lajeng ndhekèm wonten ing ngarsanipun Sang Prabu, botén purun kesah.

„E, mliwis! Sèpèt kowe ingsun utus menyang nagara Widarba, kétèmua Dewi Damayanti. Ana ing ngarsane Sang Dewi, kowé nyaritakna kaananingsun, di nganti Sang Dewi kandhuhan brangta marang ingsun. Wondene caramu nènangga kasmarane Sang Dewi marang ingsun, sarana tètèmbungan kapriye, pikirén dheue.“ Makaten dhawuhipun Prabu Nala.

Mliwis matur sèndika, lajeng mabur ngayuh gévana, ngénér nagari Widarba. Dhatengipun ing nagari Widarba, mliwis njujug ing taman. Nalika samantén Dewi Damayanti ngérési lenggah wonten ing pantisari, dipun-adhép para cethi. (Pantisari = griya ingkang dumunung ing salèbèting taman). Mliwis meneok wonten ing sacélakipun pantisari, njalarí kagetipun Sang Dewi lan para cethi. Mliwis dipun-cèlaki Sang Dewi, lajeng dipun-asta, manut kenawon.

„Gusti Mahadewi! Kawula ndherék henjawon paduka asta, nanging mugi sampun ngantos dipun-siyé-siyé.“

Miréng tètèmbunganipun mliwis makaten punika, Dewi Damayanti sapandherékipun sami kagawokan.

„Kowe kuwi mliwis saka ngéndi, kok bisa tata-jalma?“ Makaten

pandanganipun Sang Dewi.

Mliwis: „Kawuningana, Gusti Mahadewi! Kawula klangenanipun Prabu Nala, Narendra binathera ingkang ngratori bangsa Nisadha.”

Damayanti: „E, dedi kowe ingon-ingone Prabu Nala, ingon-ingon sing ucul, ta?!”

Mliwis: „Boten makaten, Gusti Mahadewi! Kawula punika klangenan umbaran, liripun tanpa dipun-cancang, tanpa dipun-kurungi, milenipun sagéed saba ngantos dumugi ing ngriki. Prabu Nala maréngakén kemawon kawula saba dumugi ing pundi-pundi, boten nate karsa ndukani. Pembékanipun Sang Prabu punika saklangkung utami, tur bagus ing warni. Saking sulistyaning warninipun, Sang Prabu boten namung dados “panjang-kidungipun” tétiyang sunagari, nanging ugi dados “sékar lathinipun” para putri ing manca nagari. “Sandhung jékluk, tiba kabruk” sambat-sébutipun para putri dhaténg Prabu Nala. Mandar boten namung para putri ingkang sami gandrung-wuyung dhaténg Prabu Nala; dalasan samidene priya, kathah ingkang kasmaran dhaténg Sang Prabu, Narendra ingkang dereng nambut-silaning akrama punika. Awit saking punika, kathah putri saking manca nagari ingkang sami ngunggah-unggahi dhaténg Prabu Nala, nanging dereng wonten ingkang dados panjuluning pangalihipun Sang Prabu.”

Midhangét aturipun mliwis makaten punika, Dewi Damayanti ingkang dhasaripun sawéng nédhéng diwasa, sanalika mak nyut, kuménut pangalihipun, kntétagli kasmaranipun dhaténg Prabu Nala.

„Hlo, mliwis! Para putri sing padha ngunggah-unggahi Sang Prabu rak ya ayu-ayu, ta, hla hok ora ana sing ditampa. Apa Sang Prabu pance ora karsa nambut-silaning akrama?!” Makaten pandanganipun Dewi Damayanti.

Mliwis: „Manawi karsanipun nambut-silaning akrama sampun adréng sangéet, nanging dereng wonten pulri ingkang ndadosakén parujuring pangalihipun. Para putri ingkang ngunggah-unggahi inggil sami sulistya ing warni; nanging, nuwun sewu Gusti Mahadewi! manawi ketandhing kalian poduka, para putri punika nama faksih kuciwa ing warni. Penape malih ingkang sami kalian kasulistyan paduka wonténa, ingkang mirib kemawon boten wontén.”

Damayanti: „Ah! Kowe kuwi aran “njunjung ngentébake” marang aku, mliwis.”

Mliwis: „Boten makaten, Gusti Mahadewi! Atur kawula punika namung sanyatanipun.”

Damayanti: „Manawa pangalémbanamu marang aku mangkono iku lair-batin, ora mung kanggo abang-abang lambe bae, mara mratelakna kaya mangkono marang Prabu Nala.”

Mliwis: „Séndika, Gusti Mahadewi. Kaparénga kawula madai pasilan.”

Sasampunipun matur makatén, miwis tumuntén mabur, manthuk dhateng padununganipun Prabu Nala malih. Dhateng Sang Prabu, miwis ngandharakén wawan-ginémipun kalian Dewi Damayanti, saking wiwitan du-mugil wékasan botén wontén ingkang klangkungan.

Midhangét palapuranipun miwis, Prabu Nala saklangkung suka amarwata sutu.

II. ING SAYÉMBARA-PILIH, DEWI DAMAYANTI MILIH PRABU NALA.

Kajawi para Narendra saindénging bawana, Bathara Indra, Bathara Baruna, Bathara Yama lan Bathara Agni ugi sami miyarsa pawartos sulistyaning warninipun putri ing Widarba Dewi Damayanti, saking Bathara Narada. Awit saking punika, nalika Prabu Bhima Ratu Widarba ngwon-ténakén sayémbara-pilih kangge mikramakakén Dewi Damayanti, Dewa 4 punika sami tumut nglébèti.

Bathara Indra, Baruna, Yama lan Agni nitih kretna kaswargan ingkang sagédi ngambah panggenau pundi kemawon ingkang dipun-karsakakén ingkang nitih, ngénér praja Widarba, nedya nglébèti sayémbara-pilih. Wontén ing margi, dewa 4 punika képethuk Prabu Nala nitih kretna kencana, ugi badhe nglébèti sayémbara-pilih ing Widarba. Priksa pinunjulang suwarninipun Prabu Nala, para dewa 4 punika sami meri (Indonesia: iri hati).

„E, Prabu Nala! Paru dewa 4 iki mundhut gauenira, supaya bisa haléh-senan hang sinédya.“ Makatén ngéndikanipun Bathara Indra.

Prabu Nala: „Pukulun, iwohén karsa paduka badhe dhawuh punapa, kawula séndika ngestokakén.“

Bathara Indra: „Maranghene, Prabu Nala. Sira kétému Dewi Damayanti, tékahna dhawuhingsun, supaya ana ing madyaning sayémbara dheweke milih dewa 4 iki salah-siji, minangka jatu-kramane.“

Prabu Nala: „Pukulun, mugi kaparéngga ngluberaké samodra pangah-sama, kawula hépéksa botén sagédi ngestokakén dhawuh paduka makatén punika, sabab kawula ugi badhe nglébèti sayémbara.“

Bathara Indra: „Wo, Prabu Nala! Dhek mau sira wis saguh nedya ngestokake dhawuhingsun, seki jébul ora zuguh. Ingatase Ratu, ora kena mencla-mencle mangkono iku. Manawa sira tétep lenggana, mesthi kénéa ing sapu-dhéndhaning Jawata.“

Jalanan panggalan ajrib, Prabu Nala lajéng karsa ngléksanani dhawuhipun Bathara Indra, aturipun makatén: „Pukulun, kewuningana! Ing sokubéngipun cépuri kadhaton Widarba dipun-jagi prajurit saklangkung santosa. Kadospundi sagédi kawulu manjing ing kadhaton, ierus dhateng kaputren manggithi Dewi

Damayanti."

Bathara Indra: „Amarga entuk sabdaringsun, sira mēsthi bisa manjing ing dhatulaya tanpa kawruhan dening prajurit sing lagu.”

Ngéndikanipun Bathara Indra makaten punika kapara yéktos. Prabu Nala sagéd dumugi ing kaputren Widarba tanpa kasumérépan prajurit ingkang jagi. Nalika Prabu Nala kaliyan Dewi Damayanti gathuk ing tingal, kékalihipun samidene kurmepyur raosing pênggalihipun pindha panjang-putra dhawah ing séla, labétipun samidene kayungunipun.

„Jengandika punika sintén sinambating wangi, lan wontén wigatos punapa manjing ing kaputren?” Makaten ngéndikanipun Sang Dewi.

Prabu Nala: „Yayi Dewi, wruhánira! Ingsun iki Prabu Nala, ngémban dawuh-timbokane Bathara Indra, ndikakake némoni sira. Ana ing sajroning sayémbara bakal ana dewa 4 kang milu ngléboni, yaiku: Bathara Indra, Baruna, Yama lan Agni. Dhawuhé Sang Bathara, sira ndikakake milih dewa 4 iku salah-siji, minangka garwanira.”

Sasampunipun ngéndika makaten, Prabu Nala lajeng oncat saking kaputren, térus miyos saking dhatulaya, nunten marak para dewa milih, ngaturi priksa dhaténg Bathara Indra sarehing dinuta.

Ing wékdal képyaking sayémbara, nalika Dewi Damayanti badhe némtokakén pilihnipun, panjénènganipun ngalami ewuh-aya, sabab ing antawisipun para Narendra saha para rajaputra ingkang sami nglébèti sayémbara-pilih punika wontén *Prabu Nala* cacahipun gangsal ingkang sarwa-sarwi sami ing samu dayanipun.

Gagasanipun Sang Dewi makaten: „Aku arép milih *Prabu Nala*. Nanging lima iku éndi *Prabu Nala* kang sajati. Geh kapriye bakal polahku mèngko, manawa pamilihku nganti kliru. *Prabu Nala* lima iku, sing *Prabu Nala* sajati mēsthi mung sijt; dene sing papat liyane, mēsthi para dewa kang padha mancala warna *Prabu Nala*, O, iya! Aku kelingan wewuruhe para léluhurku dhek biyen, bob titikaring séspatane dewa, mengkene I Ora tau kédhep netrane. II Ora tau kringéten III Jamange kang saka kembang kaswargan ora bisa alum IV ora bisa hétemplekan bléddug salirané. V Samparane ora tau tumemplet ing témah.”

Sasampunipun nggagas makaten, Dewi Damayanti lajeng maspaosakéen *Prabu Nala* gangsal punika saking satunggal, ngantos sawatawis danganipun. Saréng sampaun titi pamriksanipun, Sang Dewi jéngkar saking palénggahani-pun kaliyan ngasta oncen-oncen sékar ingkang sampaun dipun-saméktakakén, dipun-kalungakéen ing jangganipun *Prabu Nala* ingkang sajatos. Dados pamilihipun Sang Dewi botén klintu.

Kantri sinéksen Bathara Indra, Baruna, Yama lan Agni, Dewi Damayanti lan *Prabu Nala* samidene pratignya. Pratignyanipun Dewi Damayanti tansah badhe ngantépi “patibrata,” tégésipun “tansah sétyn dhaténg hakung-

garwanipun." Wondene pratignyanipun Prabu Nala "botén nedya kruma malih," ngémungakén Dewi Damayanti ciyambak.

Saparipurnaning sayémbara, para dewa 4 punika sami mangayubagya dhaténg panggihipun Prabu Nala kaliyan Dewi Damayanti, lajéng sami kondur dhaténg Suralaya.

III. PRABU NALA SARIMBIT RINUBEDA BATHARA KALI LAN BATHARA DWAPARA, SATÉMAH SAMI NANDHANG KASURANG-SURANG.

Konduripun Bathara Indra, Bathara Baruna, Bathara Yama lan Bathara Agni dhaténg Kahyangan, wontén ing margi kénéthuk Bathara Kali lan Bathara Dwapara.

"Lho! Iki Bathara Kali karo Bathara Dwapara padha arép menyang ngéndi?" Makatén pandanganipun Bathara Indra.

"Bedhe dhaténg prajé Widurba, pukulun, nedya nglébéti sayémbara-pilih." Aturipun Bathara Kali lan Bathara Dwapara.

Bathara Indra: "Wruhanira, sayémbara wis paripurna; sing dipilih dening Dewi Damayanti ratuncé bangst Nisadha. Prabu Nala. Ingsun sarta para dewa kabeh iki iya padha milu ngléboni sayémbara, nanging ora ana sing kápilih."

"Pukulun, manawol makatén Dewi Damayanti ngremehakén dhaténg dewa. Ingatasipun wontén dewa ingkang tuumut nglébéti sayémbara, hla kok milih titah ing Marcapada. Kawula muritra sangéti, pukulun. Prabu Nala lan Dewi Damayanti badhe kawula rubeda, supados sami nandhang késurang-surang."

Sasampunipun matur makatén, Bathara Kali lan Bathara Dwapara ngajéngakén tindakipun, ngénér kadhatonipun Prabu Nala. Bathara Kali lan Bathara Dwapara punika dewaning piawon, sénéng ngrubeda titah ing Marcapada. Sadumuginipun ing kadhatonipun Prabu Nala, Bathara Kali manjing ing guwagarbanipun Prabu Nala, Bathara Dwapara manjing ing guwagarbanipun Prabu Puskara, kaprénah rayinipun Prabu Nala. Jalaran képanjungan dewaning piawon, Prabu Puskara sowan dhaténg ingkang raka Prabu Nala, nantang kasukan main dhadhu; ingkang minangka tohipun nagari dalasan kadhaton saisiniipun.

Prabu Nala ingkang ugi kapanjungan dewaning piawon, tanpa manggalih panjang, nampi panantangipun Prabu Puskara. Nalika kasukan main dhadhu badhe dipun-wiwiti, Bathara Dwapara miyos saking guwagarbanipun Prabu Puskara, lajéng manjing ing dhadhu ingkang badhe kange kasukan. Jalaran dhaéhunipun képanjungan Bathara Dwapara, Prabu Nala anggenipun kasukan kawon, képéksa masrahakén nagari dalasan kadhaton saisiniipun dhaténg Prabu Puskara.

Prabu Nala lan Dewi Damayanti tilar praja, ngumbara kēlunta-lunta, samidene namung ngagém nyamping salémbar. Botén wontén tiyang ingkang purun tētulung dhaténg Sang Prabu sarimbit, sabab ajrih dhaténg undhang ipun Prabu Puskarā ingkang surasipun makatén: „Sing sapa asung pitulung marang Prabu Nala lan/utawa mirang prumesuarine, baku kapatrapan ukum kisas.”

Ing wanci sandyakala tindakipun Prabu Nala lan Dewi Damayanti dumugi ing *wana tratabar* tépis-wiringing nagari. Sarehning saklangkung kesél lan lungrah, sami ngaso wontén ing sangandhaping wréksa agéng. Karsanipun sami badhé nyare wontén ing ngriku, milanipun lajéng sami nglémpakakén ron garing, badhé kangege lernék sare. Sadalu natas prasasat botén sami sare, jalanan tansah manggalih kojuring lélémpahanipun, apésing saliranipun, awoning pépésthéniipun. Sagédipun sare saréng ngajéngakén wanci enjing.

Ing wanci saput-lébu Sang Prabu sampun wungu, nanging Dewi Damayanti taksih sare. Saréng Sang Dewi sampun wungu, lajéng sésaréngan kaliyan Sang Prabu suryan wontén ing béklik, nunten ngajéngakén tindakipun kaliyan milang-milang ngupados ron-ronan, wowohan utawi pals kepéndhém ingkang kenging dipun-dhahar. Dangu-dangu tindakipun dumugi ing *wana gréng*, inggih punika wana ingkang rungkud apétiéng, kathah bébondhi otanipun. Sang Dewi katingal wiwit rékaos tindakipun, sabab samparanipun radi abuh, tur saliranipun kérèp kéréndhet-rendhet ing éri. Sanajan makaténa, Sang Dewi botén kewiyos panggrésah utawi pisambatipun, kuwatos dados panggalihiipun Sang Prabu, mè wahi saya sungkawaling panggalihiipun.

Wontén ing salébeting waza gréng punika Sang Prabu sarimbit radi wontén ayémipun, jalanan ing ngriku kathah wowohan lan kala-kala priksa padhepokaning para tapa. Milanipun ngantos dangu Sang Prabu sarimbit wontén ing wana punika.

Ing wana gréng punika kathah sato-kewanipun. Manawi pinuju priksa kidang utawi ménjangan, katé tangi panggalihiipun Sang Prabu lan Sang Dewi kapengin dhahar daging, nanging Sang Prabu botén kagungan srana ingkang kangege mbébujeng kewan punika.

Ing satunggaling dintén Prabu Nala priksa wontén péksi bango agéng sawéng alisik wontén ing sangandhaping wréksa.

„Yayi Dewi! wiwit oncat saha praja, ingsun lan sira ora tau dhahar daging. Kébénéran kae ana manuk bango lagi slisik ana ing sangisor wréksa.” Makatén ngéndikanipun Sang Prabu kaliyan nudingi bango.

„O, inggih Siuwun! Mendah ecaning dagingipun bango punika, manau dipun-panggang. Nanging punapa Siuwun sageéd ngasta péksi punika?” Makatén aturipun Sang Dewi.

„Katone manuk bango iku kok tutut, yayi. Coba ingsun cédhakane.” Ngéndika makatén punika, Sang Prabu kaliyan nglukari agémipun nyam-

ping. Karsanipun Sang Prabu, pëksi bango punika badhe dipun-tubruk lan dipun-krukup sarana agémipun nyamping.

Kallyan ngasta nyampingipun, Sang Prabu mindhik-mindhik nyélaki pëksi, lajéng mak krukup! Pëksi bango kenging kakrukup nyamping. Nangéng lajéng mak blébér! Pëksi punika mabur, nyampingipun Sang Prabu katut kékécta pëksi.

„Heh Prabu Nala, iwuhanira! Ingsun Bathara Dwapara, dewa kang ngréncana marang sira sarana manjing ing anggane kukila.“ Makatén swan-tén ingkang kapiyarsa dening Prabu Nala lan Dewi Damayanti.

Sang Prabu lan Sang Dewi anggesipun mriksani aburipun pëksi mbékta nyampingipun Sang Prabu ngantos edomblong, kabékta saking sangéting gégetun lan gumun-ngungunipun. Sasampuning nyampingipun ical katut kékécta pëksi bango, Prabu Nala namang kantun ngagém lancéngan cékak sangéti. Awit saking punika, agémipun nyamping Dewi Damayanti lajéng dipun-palih, ingkang sapalih dipun-agém Sang Prabu.

„Yayi Dewi! Salugune ingsun ora mentala ndulu kasangsaranira. Sira atmajane Ratu binathara, tansah dinama-dama dening ibu-rama, sinémbah-sémbah para kawula Widarba. Saméngko sru ngalamí urip kétula-tula katali, nandhang késurang-surung, nusup-nusup alas, sulirunira nganti kékébak fata karendhet-rendhet ing érl. O, yayi Dewi! Anane léléhakon mangkene iki, awit saka luputingsun. Kudune niung ingsun dhewe heng ngalamí léléhakon kaya mangkene. Mulane yayi Dewi bécik kondura ményang praja Widarba, ingsun tuduhake dalone.“ Makatén ngéndikanipun Prabu Nala.

Dewi Damayanti: „Sinuwun, kawuningara! Kawula botén sagédi pisah kaliyan paduka. Bébasanipun, sanajan paduka manjing ing leng sémut pisar, kawula botén sagédi kantun. Manawi kawula piyambak mantuk dhaténg hadhatonipun tiyang-sepuh kawula, mènggaling tata-kiripun kawula lajéng ngalamí géssang makmur fibur-fibur, mubro-mubru blabur modu. Nangéng manah kawula tansah susah, jalanan pisah kaliyan paduka. Sewu susah, sewu sangsara, sewu nalingsa kempal dudos satunggal wontén ing manah kawula, manawi kawula ngantos pisah kaliyan paduka, sinuwun Kosok-teungsulipun, sanajan ngalamí géssang késurang-surung nandhang lara-lapa wontén madyaning wana, taksih wontén ayém lan sénénging manah kawula, jalanan tansah sinandhing paduka.“

Midhangéti aturipun Sang Dewi makatén punika Prabu Nala kendéli kemawon, namung unjal napas panjang.

Ing satunggaling dintén sasampuning midér-midér ngupados wowolan, Prabu Nala sarimbit rumaos késel, milanipun lajéng lengkah wontén ing sangandhaping wréksa. Lénggahipun Sang Dewi sendhean wréksa, wongsal-wangsul ngusapi riwenipun. Dangu-dangu, jalanan kasiliran samirana, Sang Dewi liyér-liyér, wasana lajéng mak lés, sare.

Priksa Sang Dewi sare, tuwu gagasanipun Prabu Nala makatén: „Mum-

pung yayi Dewi sare, prayoga ingsun tinggal ana ing kene, supaya mèngho sawungune sare, banjur kēpèksa karsa hondur mènyang praja."

Sasampunipun nggagas makatén, Sang Prabu lajéng juméneng. Kanthi panggalih sumédhøt Prabu Nala nilar Sang Dewi; sakédhøp-sakédhøp no-leh wingking, panggalihipun sému mandhèg — mangu.

Anggenipun Prabu Nala mèntala nilar garwa ingkang sawéng nendra, awit saking pandamélipun *Bathara Kali*, dewaning piawon ingkang taksih wonten ing guwagarbanipun Sang Prabu.

Ing sapéngkéripun Sang Prabu, botén antawis dangu Dewi Damayanti wungu. Saréng lingak-linguk mriksani kiwa-téngén Sang Prabu botén wontén, Sang Dewi lajéng nguwuh-uwuh: „*Siuuwun, Siuuuwun!*”

Sasampunipun nguwuh wongsal-wangsul botén angsal wangsulan, Sang Dewi lajéng juméneng, madoei Sang Prabu. Mangaler, mangidul, mangetan, mangilen kaliyan nguwuh-uwuh Sang Prabu. Dangu-dangu, awit saking sa-néting késélipun wongsal-wangsul ngéstan-ngilen ngaler-ngidul kaliyan béngok-béngok nguwuh-uwuh Sang Prabu. Dewi Damayanti *dhaawah kantaha ambruk* ing bantala.

Durugl samantén ngéndhikanipun *Maharsi Bhriegadhaswa* kandhèg, késaru aturipun Dewi Dropadi dhaténg Prabu Yudhisthira makatén: „*Siuuwun! Manawi kafandhang kaliyan kasangsanan kure kedharang-dharangipun Dewi Damayanti, kasangsanan kawula botén nama awrat, sabab tansah tinénggan paduha, Sang Bhima tuuin Sang Kèmbar.*”

„Iya, yayi Dewi! Mangkoné uga kasangsanan kong sinandhang dening Prabu Nala, luwih abot tinimbang kong ingsun sandhang.” Makatén ngéndhikanipun Prabu Yudhisthira.

Dados, sungkawa sarta nilanganing panggalihipun Prabu Yudhisthira lan Dewi Dropadi radi wontén lipuripun sawatawia.

Maharsi Bhriegadhaswa ngajéngkén cariyosipun, makatén:

Dangu-dangu Dewi Damayanti engét purwa-duksina, lajéng juméneng, madoei Prabu Nala malih. Dumadakan Sang Dewi kēpèthuk kaliyan gréma. Jalaran kasmaran, gréma punika *ngungrum* (Indonesia: merayu) dhaténg Dewi Damayanti, nanging Sang Dewi botén nanggapi. Saréng badhe rinodapaksa, Sang Dewi duka tan sipi, ngéndikanipun: „*Heh gréma! Amarga koue nedya atindah murang kesuaian, mesthi kobur dening kasucienku, koue!*”

Ngéndika makatén punika Sang Dewi kaliyan manthéleng mundéng dhaténg gréma tanpa kédhep. Sanalika gréma ndhrothhog, wasananipun badanipun lajéng géséng.

Sapejahipun gréma, Dewi Damayanti nusup-nusup ing wana malih,

madosi Prabu Nala kaliyan asésambat: „Dhuw Dewa, dhuw Bathara! Mugi paringa pangayoman dhaléng guru-laki kawula Prabu Nala ingkang sarwasarwi sémbeda ing samudayanipun, saha piñaréngna kawula tumuntén sagéed pinanggih malih kaliyan panjénéranganipun.”

Dumadakan Dewi Damayanti priksa padhepokan, padununganipun tiyang mratapa. Nalika samantén Sang tpa sawéng lènggah wontén ing ngajengan. Saréng Sang Dewi nyélik, dipun-dangu makatén: „Jéngandika punika sintén sinambal ing wangi, saha kalebét jinisipun punapa?! Pérl, ganderwi, punapa manungsa?!”

„Kula punika jinisipun manungsa, nama kula pun Damayanti. Anggen kula kedharang-dharang ngantos dumugi ing ngriki punihq, jalaran ngupadosi guru-laki kula Prabu Nala, ingkang këpékxa ngumbora kélunta-lunta, sasampunipun hawon kasukan main dhadhu lumiawan Prabu Puskaré. Manawi wontén kaparengipun Sang tpa, kula nyuwun priksa, punapa kula sagéed pinanggih malih kaliyan guru-laki kula Prebu Nala?!” Makatén aturipun Sang Dewi.

Sang tpa: „Kawuningana! Jéngandika punika piñesthi dening Jawata datus garwanipun Prabu Nala ing salam-laminipun, datus inggih témptu badhe pinanggih malih kaliyan Sang Prabu.”

Sasampunipun ngéndika makatén, Sang tpa lajéng musna, adamél gumun-ngun gunipun Sang Dewi.

Saking padhepokan, Dewi Damayarti lajéng madosi Prabu Nala malih, kaliyan asésambat. Tanpa kanyana-nyana, tindakipun Sang Dewi dumugi ing margi agéng. Kalérésan nalika samantén kathah sambewara (sudagar) ingkang pinuju langkung ing ngriku.

„Nyuwun para sambewara, kaparengka kula nyuwun priksa; jéngandika punika badhe sami among dagang dhaténg pundi?!! Kula kapengin tut-wingking lampah jéngandika.” Makatén pandasunipun Sang Dewi.

Amargi kawonténanipun Sang Dewi punika kados tiyang pépriman (kere), saliranipun kathah tatunipun dering kërendhet-rendhet ing éri tur nyampingipun sumpun rontang-ranting, pinisepuhipun sambewara anggenipun mangsuli tanpa subasita, makatén: „Sumurupa, aku sekanca iki nédya laku dagang ményang Cedhi, nagorane Prabu Subahu. Kéna bae kowe nédya mbaréngi laku.”

Dewi Damayanti saesta tut-wingking para sambewara. Amargi para sambewara punika sami nénumpak, wontén ingkang numpak lliman, kapal utawi pédhati, sanajan téumpakan namung lumampah, botén lumajéng. tindakipun Sang Dewi anggenipun tut-wingking mèksa këtharak-tharak.

Ing wanci sandyakala lampahipun iombongan sambewara dumugi ing sandhing tlaga, sami ngaso, nédya nyipéng ing ngriku. Kewan-kewanipun sami kacancang, lajéng masang tendha (kemah) ngkang kangege tilém.

Ing wanci dalu kathah liman wanana dhateng ing sandhing tlaga, tarung kaliyan liman-limanipun para sambewara. Sasampunipun ngawonaken mèng-sahipun, liman-liman wanana punika lajeng sami ngobrak-abrik barang dagananipun para sambewara ngantos bosah-basih wotsuh boten kantènan. Jalaran ajirih kidak utawi kétujah liman wanana, para sambewara sami lumajeng ndhèlik ing grumbul, boten tébih kaliyan grumbul pandhèlikanipun Dewi Damayanti.

„Sing njelari apés ngantil ngalami sangsara mangkene iki génah wong wadon sing rupane haya mémédi sawah mau hoe. Sesuk, wong wadon mau hoe bécik padha dibenturi watu hoe, supaya mati ana ing hene.“

Mirèng ginémipun para sambewara makaten punika, Sang Dewi panggalihipun gêtér.

„Aku kudu ngoncati bêbaya. Sanajan bengi tur péteng ndumuk irung haya mangkene ihi, aku nedya nekal manghat ijen mbanjurake laku, saiki.“

Sasampunipun mantu tekad makaten, Dewi Damayanti miyos saking pandhèlikanipun, lajeng dhèdhémi tan nglajengakén tindakipun.

Ing wanci enjing tindakipun Sang Dewi dumugi ing sékethenging kitha nagari Cedhi. Amargi wujurdipun boten kados wanita limrah, Sang Dewi dipun-tutakén lare kathah. Wasananipun tindakipun Sang Dewi dumugi ing alun-alun. Jalaran saklangkung sawah lan lungkrab, Sang Dewi ndhoprok wonten sangandhaping wringin kurang, kathah lare ingkang sami ngrubung.

Kocap prameswari Cedhi, naika priksa wanita boten pakra rinubung lare kathah, dhawuh dhateng parékan ndikakakén nimbal. Wonten ing ngarsanipun Sang Prameswari, Dewi Damayanti ngandharaken lélampahanipun, saking wiwitna dumugi wékaasan boten wonten ingkang kélang-kungan.

Midhangé lélampahanipun wanita punika, Sang Prameswari saklangkung kaget panggalihipun, pangardikanipun: „Elo! Yen mangkono, sru isih kaponakaniku dhewe, nini Wuhanira, nini Dewi! Ibunira karo aku, tunggal rama-ibu, padhedene atmajane Prabu Sudaman, Ratu ing Dasarna. Ibunira kagarwa Prabu Bhima Ratu ing Widarba, aku kagarwa Prabu Subahu, ya Ratu Cedhi kene iku.“

„Wuhanira, nini! Wis lauwas sru diupaya dening ramainira sarana utusan brahma sawatara, nanging ora kétému. Aku nedya matur Sang Prabu, kapriye prayogane sira iku.“

Sasampunipun midhangé aturipun Sang Prameswari, Prabu Subahu lajeng dhawuh dhateng brahma Purohita, ndikakakén masrahakén Dewi Damayanti dhateng praja Widarba, nitih kreta, dipun-dherekakén wadya-bala sawatawis. Dumugi ing kadhaton Widarba, Sang Dewi dipun-pasrahakén dening Sang Brahma dhateng Prabu Bhima sarimbit. Boten kadosa suka-reñaning panggalihipun Sang Prabu sarimbit. Sang Dewi dipun-rangkul dening

Sang Prameswari, dipun-kékép-kékép, dipun-élus-élus mustakanipun, dipun-arasi.

„Putrungsun Damayanti! Akeh brahma kong ingsun utus ngupaya sira lan Prabu Nala, nganti tékan ing ngéndi-éndi, nanging ora kétémému, mandor kabare bae ora képrungu. Kapriye nalawé, dene sira mulih dhei, pisah karo Prabu Nala.“ Makatén ngéndikanipun ingkang rama Prabu Bhima.

Dewi Damayanti lajeng ngandharakén lélampahanipun, saking wiwitán ngantos dumuginipun wékasun bofen wontén ingkang kélangkungan. Sáparipurnaning andharanipun Sang Dewi, Prabu Bhima dhawuh brahma sa-watewis, ndikakakén madosi Prabu Nala. Lampahipun para brahma sumébar ing keblat sakawan. Wontén ingkang mangaler, mangidul, mangetan, lan wontén ingkang mangilen, dhaténg ing nagari pundi-pundi.

IV. WASANANIPUN PRABU NALA PINANGGIH DEWI DAMAYANTI, LAN SAGED JUMENENG RATU MALIH.

Géntos kacariyos Prabu Nala. Sasampunipun nilar garwa ingkang sawéng nendra sumendhe ing wréksa, lajeng nusup-nusup ing sapurug-purug. Sareng tindakipun dumugi ing wena gérotan, iiggih punika wana ingkang yen kétراج angin nyuwantén gérot-gérot dening kathah kékajénganipun agéng-agéng sami gégesrekan. Sang Prabu saklangkung sayah alungkrah, milaranipun lajeng lenggah wontén ing sangandhiaping wit mandira. Dumatadakan Sang Prabu priksa latu murub mulad-mulad. Sang Prabu juméneng, niti-priksa latu punika. Saréng sampun cèlak, Sang Prabu priksa sawér Naga kakubèng ing latu murub. Naga punika nama *Karkotaka*, kadangipun *Naga Besuki*, atmajanipun *Maharsi Kasyepta* (*Maharsi Kaswargan*) satutan kaliyan widadari *Dewi Kadru*. Sarana dipun-gépyoki ngangge pangging wit ingkang ronipun ngrémbyung, dangu-dangu latu punika sagédi sipéti, safémah Naga Karkotaka wilujeng.

„Dhuuh Sang Prabu! Mugi sampun ndadosakén kampitaning panggalih. Minangka tandhaning atur panuwun kula dhaténg pitulungan jéngandika, jéngandika badhé kula cakot, supados:

- I. Salira jéngandika isi wisa kula, ingkang njalari *Bathara Kalé*, dewaning piawon ingkang murugakén jéngandika nandhang késurang-surang, tumuntén oncat saking guwarba jéngandika.
- II. Supados rupi jéngandika lajeng dados awon, safémah tétiyang sami pangging dhaténg jéngandika.


Sasampunipun matur makatén, lajeng mak céket! Naga Karkotaka nyakot astanipun Prabu Nala, sanalika rupinipun Sang Prabu dados awon.

Naga Karkotaka matur malih: „Siuwoun! Jéngandika kula aturi dhaténg naguri Ayodya, suwita dhaténg Prabu Rétuparna kanthi ngakén asma kusir

Bahuka, minangka lantaranipun jengandika sagéed pinanggih malih kalyan garwa Dewi Damayanti. Jengandika kula caosi kawaca kadewatan. Samangsa kawaca punika jengandika agémi kanthi mangesithi kawujudan kula, jengandika Iajeng acarni bagus malih kedos wingi-nguri. Kajawi puniku, kawuningana sinuwun! Prabu Rētuparna punika lēbda ing babagan kasuhan main dhadhu, jengandika kula aturé ngueli supados parijenenganiipun karsa nular-akén kalimpadanipun main dhadhu dhaténg jengandika. Kalimpadan makatén punika ing témbe wonjené ginanipun, samangsa jengandika kasuhan main dhadhu malih lumewan Prabu Puskara.⁷ Matur makatén punika Naga Karkotaka kalyan ngulungakén kawaca kadewatan.

Sasampunipun nampeni kawaca kadewatan, Prabu Nala miyos saking wana dhaténg margi agéng, nuntén ngajengakén tindakipun, ngénér ngeuri Ayoda. Dumugunipun kadhaton Ayoda, Prabu Nala ingkang lajeng ngakén nama *kusir* Bahuka dipun-tampi sae dening Prabu Rētuparna, tinunggilakén kalyan kusiripun Sang Prabu namu Warsneya.

SILSILAH XXVIII: NAGA KARKOTAKA.



Kocap wonten brahmaṇa utusan pun Prabu Bhima asma *Pranadha*, ingkang kadhiawuhan madosi *Prabu Nala*, lampahipun dumugi ing Ayodhya, dipun-panggihi dening kusir Bahuka. Dhatēng brahmaṇa Pranadha, kusir Bahuka nyariyosakēn lēlampahanipun putri ingkang tansah ngantēpi *PATIBRATA*, sētya dhatēng kakungipun. Sanajan kēpēksa nandhang kēsurang-surang lan lara-lapu nusup-nusup ing salébeting wana ingkang kēbak pringga-baya, tur namung ngagèm nyamping sapalih, Sang putri mēksa tansah sētya dhatēng kakungipun. Saking sangēting pangemanipun dhatēng garwa, kakungipun wongsal-wangsal marangi pamrayogi supados Sang putri kondur dhatēng praja, badhé dipun-tēdahakēn marginipun. Nanging Sang putri lenggana.

Ing satunggaling dintēn, sasampunipun pados wowohan dumugi ing pundi-pundi, putri punika saklangkung sayah alungkrab, milanipun lajēng lēnggah wonten ing sangandhaping wréksa, sendhean. Jalaran kētyup *marutamanda* (angin sepoi-sepoi basa), dangu-dangu Sang putri lajēng liyér-liyér, wasasanipun mak lēs, sare pulēs. Salibētikpun Sang putri sare kēpatos, kakungipun ngoncati, kesah dhédhémitan nilar Sang putri. Kadospundi kawontenanipun Sang putri ing salajēngipun, kakungipun botén mangrētos. Nanging kakungipun punika hotēn kēndhat-kēndhat anggenipun nēnuwun dhatēng ingkang murbeng Jagad, mugil-mugil Sang putri tansah rahayu-basuki. Kajawi punika, kakungipun ugi tansah nēnuwun sagédiptun tumuntēn pinang-gih malih kalyan Sang putri.

Saparipurnaning cariyosipun kusir Bahuka, brahmaṇa Pranadha patitan, lajēng mantuk dhatēng Widarba, lampahipun gégancangan. Saprapitanipun ing kadhaton Widarba, Sang brahmaṇa ngandharakén sadaya ingkang dipun-cariyosakēn dening kusir Bahuka wonten ing ngarsanipun Sang Prabu, Sang Prameswari lan Dewi Damayanti. Ugi dipun-pratelakakēn, bilih kusir Bahuka punika saklangkung kuciwa ing warni.

„Manewa nitik isining caritane, cocog karo léléhōn kang dakahamé, kusir Bahuka iku gênah yen selugune *Prabu Nala*. Nanging kok ala rupane; yen iyan *Prabu Nala* reh bagus njenthara. Apa amarga ngalami sangsara kēsurung-su-rang, *Prabu Nala* banjur malih dadi ala rupane?! Mongkono iku, bisa uga. Nanging sanajan rupane wis malih dadi cla tur mlarat pisan, amarga nagarene teis ilang, ora bakal suda anggonku ngantēpi *PATIBRATA*, sētya marang guru-leki.” Makatēn pangudaraosipun Dewi Damayanti, sasampunipun miréngakēn andharanipun brahmaṇa *Pranadha*.

Prabu Rētuparna itatu Ayodya kalyan Prabu Bhima Ratu Widarba punika tepang sae sangéti, kenging dipun wastani mitra sinaruwedhi. Milanipun Prabu Rētuparna kala-kala rawuh ing Wedarba, lan Prabu Bhima kala-kala rawuh ing Ayodya.

Ing satunggaling dintēn Prabu Rētuparna karsa tindak dhatēng Widarba, milanipun dhawuh kusir Bahuka, ndikakakēn nyaméktakakēn kreta titih-

anipun. Sasampunipun samèkta, Sang Prabu tumuntén nitik kreta kinusiran dening Bahuka. Kusiripun iari Sang Prabu nama Warsneya ndherek, lingga jajar kalyan kusir Bahuka.

Katrampilanipun kusir Bahuka ngampahakén kreta mangreh turangga, adamél gumun-ngungunipun Prabu Rétuparna lan kusir Warsneya. Lampahipun kreta kados dipun-sawatakén, swanténipun gumlu dhug ngumandhang ing awang-awang.

Taksih tèbih saking kadhaton Widarba, gumlu dhuging swanténipun kreta sampun kapiyarsa dening Prabu Bhima, Sang Prameswari, Dewi Damayanti lan sapanunggulanipun.

„Manawa nitik gumlu dhuging swarane, sing nglakokake kreta kae kiraku Prabu Nala. Ing sajèg-jumièg aku durung tau ngrungu ana wong sing wesise nglakokake kreta lan mangreh turongga satimbang karo Prabu Nala.“ Makaten gagasanipun Dewi Damayanti.

Prabu Rétuparna punika sampun acécala billih badhe rawuh ing kadhaton Widarba; mlanipun saréng Prabu Bhima midhangé swanténipun lampahipun kreta enggal-enggal tindak dhaténg alun-alun dipun-dherekakén para nayaka, nedya mè thukakén rawuhipun Ratu ing Ayoda punika.

Kusir Bahuka sasampunipun Prabu Rétuparna tédhak saking kreta, lajeng ngrucat abah-abahaning turanga (pakehaning kuda). Turangga kacang-cang ing wit sapingga ring alun-alun, dene kusir Bahuka lajeng lingga wonten ing sangandhaping *wringin-kurung kalyan kusir Warsneya*.

Salébétipun Prabu Rétuparna dipun-panggili dening Prabu Nala lan para Nayaka wonten ing kadhaton, Dewi Damayanti tindak dhaténg alun-alun dipun-dherekakén para parekan-cethi sawatawis, kapengin priksa wujudipun kusir Ayoda ingkang mèntas nglampahakén kreta.

Kocap kusir Bahuka, nailka priksa putri miyos saking kadhaton kanthi pandherek sawatawis, enggal-enggal ngangge kawaca kadewatan kalyan mangesthi Naga Karkotaka. Samalika kusir Bahuka *malih warni dados PRABU NALA*, awarni bagus njenthara kados wingi-nguni, keprikisan dening Dewi Damayanti. Saking bingahipun sageé pinanggih malih kalyan kakungipun, Sang Dewi njérít kalyan mlajengi Prabu Nala, lajeng ngrungkébi samparani-pun.

Panjérítipun Dewi Damayanti adamél kagetipun ingkang wonten ing salébeting kadhaton. Prabu Bhima lan Prabu Rétuparna enggal-enggal mlajeng dhaténg alun-alun. Sadaya sami gumun-ngungun priksa Dewi Damayanti ngrungkébi samparanipun Prabu Nala. Sasampunipun Prabu Nala ngandharakén lélampahanipun saking wiwitan dumugi wékasan, sadaya ingkang mirengakén sami njèngér dening kagawakan. Wasananipun Prabu Rétuparna lan Prabu Bhima lajeng manjing ing kadhaton malih dipun-dherekakén Prabu Nala lan Dewi Damayanti.

Konduripun Prabu Rētuparna dhatēng prajanipun, titihanipun kretadipun-kusiri dening Warsnaya.

Ing sapēngkēripun Prabu Rētuparna, Prabu Bhima, prameswari Widarba, Prabu Nala tuwin Dewi Damayanti sami suka-suka parisuka, bojana — andrawina. Prabu Bhima mbēbingah para kawula Widarba sarana ngwontēnakén karamean mawi tontonan warni-warni.

Kacariyos sasampunipun sawatawis dintēn wontēn ing kadhaton Widarba, Prabu Nala manggih Prabu Puskara, ngendika makatēn: „*Heh yayi Prabu Puskara! Samēngko ayo padha kasuken main dhadhu maneh kaya nalika somana. Kang minangka tohingsun, ora liya nyawaningsun, wondene kang minangka tohira kēna selah-alii, syewanira utawa prajanira.*”

Panantangipun Prabu Nala dipun-tanggapi dening Prabu Puskara, sarana ngétohakén nagarinipun. Wasananipun, jalanan sampun maguru cara saha wewadosipun main dhadhu dhatēng Prabu Rētuparna, Prabu Nala sagēd unggul anggenipun ngabotohan, lan sagēd jumēnēng Ratu malih ngratoni bangsa Nisadha.

Mangkono caritane *Maharsi Brigadhistwa* kang karsane dienggo nglipur panggalih Prabu Yudhiṣṭhīra. Saparijurnaning caritane, Sang Maharsi madal pasilan, banjur kondur menyang padhepokane.



BAB 242. PANDAWA LÉLANA BRATA LAN MATIRTHA DIAYOMI MAHARSI LOMASA.

Song Lomasa, Maharsi Keswargan, ing sawijining dina sowan menyang Kaindran, marak Bathara Indra. Bangé keteng pènggalihé Sang Maharsi, priksa Sang Arjuna lènggah jaja karo Bathara Indra.

Sawise imbal pangandika sawatara suwene karo Bathara Indra, Sang Maharsi matur manawa nedya tumurun menyang Marcapada.

,Sang Maharsi! Manawi jengandika sempur wonten ing Marcapada, karsa manggih Yudhisthira saha ngendikakéén, bilih boéñ dangu malih Arjuna badhé mantuk dhaténg wana Kamyaka: sempur ngantos Yudhisthira rawung prihatos. Sukur bage menaujé jengandika karsa ndhawuhé Yudhisthira sakadang saha Dropadi, supados sami lélana brata lan matirtha kanthi panayoman jengandika: (Matirtha - jiwarah ing papan-panganan suci, ing pasiraman-pasiraman ingkang hramat). Mangkono piwélinge Bathara Indra.

,Nuwun sewu Sang Maharsi! Kaparengé kawula nyuwuri tulung, manaujé paduka pinanggih kallyaa kaka Prabu Yudhisthira, wontena kapereng paduka karsa ndhawuhé, supados kaka Prabu tansah ngléstantunaken lampah utami, amargi lampah narakaten punika dodos kuncining kabégan." Mangkono panyuwune Sang Arjuna marang Maharsi Lomasa.

Sawise pamitan marang Bathara Indra, Maharsi Lomasa tumurun menyang Marcapada, ngénér alas Kamyaka.

Nalika priksa rawuhe Sang Maharsi, Prabu Yudhisthira sakadang padha gurawalan méthukake, genti-genti nyungkémi padane. Sawise mangkono, Sang Maharsi banjur diidherekake manjing ing padhepokan. Baréng wis satata lènggah, Maharsi Lomasa banjur ngendikakake piwélinge Bathara Indra lan Sang Arjuna.

,Sang Maharsi, kawula ruwaos béga-kémayangan kérawuhan paduka; punapa malih ratuuh paduka punika ngémban timbaleripun raturing deun ingkang dipun-dhawuhakéén dhaténg kawula sékadaeng Dhawuhipun Sang Bathara, kawula ndikakakéén lélana brata saha matirtha ndhererekakéén tindak paduka, badhé kawula estokakéén kanthi lègo-lègouwaring manah. Kawula namung nyadhang kaparénging dhawuh paduka, benjing punapa anghat kawula ndhererekakéén tindak paduka," Mangkono ature Prabu Yudhisthira.

Maharsi Lomasa: ..Kaki Prabu Yudhisthira! Menaujé ndudehake panujuuning panggalihira, prayoga manghat ing ding iki ugi. Sesuk-sesuk ngeneni apa?"

,Nuwun inggih, sendika Sang Maharsi."

Prabu Yudhisthira, Sang Bhima, Sang Kémbar lan Dewi Dropadi padha tata-tata. Sawise samékta, kabeh iku banjur diirid dening Rési Domya, ingayoman dening Maharsi Lomasa, diidherekake para brahmana kang uga ké-

pengin lēlana brata lan matirtha.

„Nuunun Sang Maharsi! Manawi kawula gapas ngantos handhas, pépésthening gésang kawula, ruasing manah kawula sakungkung nulangsua héranta-renta. Kawula kintén, ing salumahing bantala sakurébing akasa, botén wontén Narendra inghang awonng pépéstheningipun hados kawula Mbok-ménawi anggen kawula ngalemi kétula-tula katali lan handhang késurang-surang punika, awit saking agénging dosa kawula nalika gésang kawula inghang rumiyin. Dados, anggen kawula ngolami sangsara ing gésang kawula sapuniwa nama ngundhuh karmaphala, ngundhuh wohing pandamél. (Karma = pandamél Phala = woh Pm). Inghang zdamél gumun-ngunguning manah kawula, mèngsah kawula inghang abudi canda hala, séneng alumpah cidra atindak siya haniyaya, lah kok sagéed kasinungan kabégian lan ngolami mulya gésangipun ing Marcapada.“ Mangkono ature Prabu Yudhisthira karo tindak ndherekake Sang Maharsi.

Maharsi Lomasa: „Kaki Prabu, ora kliru gagesanira mangkono iku. Mula akeh titah kang padha kedosen, parundene padha bisa antuk kabégian lan hanuyutan, mandar ana sing bisa derbe pangucasa gedhe. Sok ana buta, ruséksa utaico menungsa kang bangéti ala lokune, anghara-murka we lake, bisa kétima uripe. Nanging kaki Prabu, bab iku aja ndodekake merinting panggalihira; sabab kabégian, hanuyutan lan pangucasa kang kégayuhé saruna laku ala, wasanane mèsthi njolari karuwahan gedhe. Para asura (ditya, dahawa, ruséksa) padha alaké dursila, ngumbah anghara-murka, ambiégedhag-gédhig adigung-guméndhung, wasanane kéravuhan Bathara Kalé, dewaning piaka kang agawe karusakan. Kaki Prabu sakudang Pandawa dhémén lēlana brata lan matirtha, iku maharaní lèntrém lan sucining panggalih, agédo hake panggawe dosa. Kosok-balé bléjéed karo para Korawa kang haduk séngéem marang laku ala, panggawe dosa, kagauw saka watake kang bangéti canda hala. Ora kénéna ora para Korawa mèsthi bukti ngolami karusukan.“

Amarga karo ngéndikan, ora krasa yen tindake wis adeh, wis tékan ing alas Nemisa, lan ora antara suwe banjur tékan ing kali suci aran Gomati. Ana ing kali iku Prabu Yudhisthira sikadang lan Dewi Krésna (Dewi Dropadi) padha siram. Kajaba siram, Prabu Yudhisthira uga sésaji udakatarpana marang para dewa lan para pitri. (Udakatarpana = sésaji/kurban banyu. Pitri = pitré, pitara, iéluhur). Saka ing kali Gomati Pandawa dilirid Rési Domya lan diayomi dening Maharsi Lomasa mbanjurake tindake, sabén ana patirthan (pasiranman/kali suci) padha siram lan sésaji udakatarpana, lan sabén mèntas sésaji Pandawa banjur dëdhana marang para brahmaha utawa para tapa. Patirthan kang wis diliwati, kayata: *Kasya, Aswag, Gomati*.

Ing wayah sandyakala tindake tékan ing ardi Kakoti, padha nyare ana ing kono. Saka ardi Kakoti mbanjurake tindake tékan ing ardi Wisapraستha, nyare maneh. Saka ardi Kakoti tékan ardi Wisapraستha ngliwati kali suci Wahupa, patirthan Prayaga. Banjur tékan ing papan tempurane bengawan

Gangga karo kali Yamuna. Ana ing papan tēmpuran iku Prabu Yudhisthira sakadang padha mēsu brata supaya antuk nugrahaning Jawata. Saka ing tēmpurane bēngawan Gangga karo kali Yamuna Pandawa mbanjurake tindake tékan Wēdhi, papan kang dianggēp suci dening para dewa lan ingaji-aji dening para Pandhita. Ana ing Wēdhi Pandawa nyare nganti sawatara wéngi, banjur tindak mènyang *Patirthan Mahidara*, patirthan suci kang wis dinugrahaní dening *Bagawan Goya* kang kasusra ing jagad. Isih akeh maneh patirthan utawa papan suci kang dirawuhí dening Pandawa, kayata: ardi *Gayosiréh*, kali *Mahanadi*, tiaga *Brahmasara* lan liya-liyane. Ana ing tiaga Brahmaasara Pandawa muja samadi. Pirang-pirang atus brahmana kang padha mrélokake téka ing Brahmaasara, kapengin kétemu karo Pandawa.

Prabu Gaya wis tau sésaji gédhe ana ing Brahmaasara. Durung tau ana Ratu kang gédhening sésajine madhani sésajine Prabu Gaya. Kehing pisung-sunge Prabu Gaya marang para brahmana nalika sésaji ana ing Brahmaasara nganti ora kena dietung, pépindhane kaya kehing wédhé ing jagad, kaya kehe lintang ing tawang, utawa kaya kehé tetesing ébun saka akasa.



Saka tlaga Brahma-sara Prabu Yudhisthira sakadang lan Dewi Dropadi kairid Rēsi Domya lan ingayomai Maharsi Lomasa miényang patilasan pratapané *Maharsi Agastya*. Ana ing patilasan pratapané Maharsi Agastya, Prabu Yudhisthira matur marang Maharsi Lomasa mangkene: „*Nuwun, Sang Maharsi! Miturut cariyosipun para jinisépuh, disk ing nguni Maharsi Agastya punika inghang nyùnakakèn Daitya Watapi. Punapa darunanipun, dene Sang Maharsi ngantos nawung déduka mèntala mirajaya Daitya punika?*”

Maharsi Lomasa: „Wruhanira kaki Prabu! Asurawara ing Manimati ajéjuluk Prabu Ilwala. Sang Prabu iku abandha-bandhu lan idu gêni, lire sakarsane bisa haléksanen, kang s.nédya tuméha. Prabu Ilwala iku kagungan aji Amrétasanjivani, mulane bisa nguripake wong mati ing sajaban pasthi, dadi kaya aji kang kadarbe dening Bagawan Sukra kang kasébut ing Silsilah Wayang Purwa motea carita jilid IV bab 147. Danawaraja Ilwala darbe kadang taruna aran Daitya Watapi, yaiku Daitya kung bisa mancala warna wéhdus. Wondene silsilah Danawaraja Ilwala lan Daitya Watapi kaya ing ngisor iki:

Silsila XXIX : Danawaraja Ilwala lan Daitya Watapi.



Katrangan:

L. Miturut Adiparwa abasi Jawa—kuna—Indonesia: Astabasu (Wasu 8) putrane Bathara Dharma. Wondene asmane para Wasu wolu: 1. Dhara, 2. Dhruwa, 3. Soma, 4. Apah, 5. Anila, 6. Anala (Bathara Agni), 7. Pratyangga, 8. Prabhāta.

II. Bathara Kartikeya kang uga ajéjuluk Sékantha, Mahasena, Guha, Badrasena utawa Agniputra, iku senapatine wadyabala dewa (Mriksanana Silsilah Wayang Purwa mawa carita jilid I bab 35 kaca 121 — 127). Yen miturut carita padhalangan, senapatine wadyabala dewa asma Bathara Brama, atmajane Bathara Guru.

Maharsi Lomasa mbanjurike caritane, mangkene:

„Kaki Prabu Yudhisthir, wruhanira! Danawaraja Ilwala kapengin apéputra kang haséktén lan kiprawirane ngungkuli Bathara Indu, mulane banjur sowan marang Brahmana kang wis antuk rugrahuning Jewata Agung, awis saka genturing tappa-bratane.“

„Dhuu Sang Brahma ingkang abandha kasutapan! Mugi wonténa kaparéng paduka harso paring rugraha dhasieng kawula, supados kawula sa-géd asésuta priya ingkang ngungkuli kalangkunganipun Sang Hyang Surapati.“ Mangkono ature Prabu Ilwala. (Surapati = Sura; dewa + Pati: ratu. Ratuning dewa, Bathara Indu Pm).

Sang Brahma ora kana minangkani panyuwune Danawaraja Ilwala, mulane Sang Danawaraja duka tan sipi. Wiwit ing wéktu iku Danawaraja Ilwala ngigit-igit bangé marang para Brahma; sabén kétamuan Brahma mèsthi diprajaya. Wondene carane mirajaya Brahma kang maratamu ing kadhatone, mangkene:

Brahmana-tamu sinugata raténgan daging wedhus manca lawarnane Daitya Watapi. Mahawa daging iku wi's didihbar, Danawaraja Ilwala banjur nguwuh: „Watapi, metua!“

Amarga diuwuh kadange wréda karo matèk mantra Amréta sanjiwanni, Daitya Watapi tumuli mètu saka ing wadhuwe Sang Brahma, satémah wadhuwe lan padharane Brahmans iku bédhah, njalari sedane.

Kacarita ing jamane Danawaraja Ilwala ana Maharsi simakti asma Maharsi Agastya. Sang Maharsi iku séngsém télana brata lan ulah tappa. Ing sawijining dina Sang Maharsi Élana brata ngliwati sawijining guwa, Nalika mriksani ing sajroning guwa, Sang Maharsi priksa para léléhure padha gumantung njungkir, mustakane arå ing ngisor.

„Dhuu para léléhur, péundhen kawula! Punapa sababipun, dene paduka sami gumantung makatéa punika?“ Mangkono ature Maharsi Agastya.

Wangsulané para léléhur: „Kulup, Agastya, wruhanira! Ya kaya mangkene iki pépésthening titah kang bakal curés turune. Mulane kulup,

manawa sira kapengin ngluvari para lēluhurir kang padha siniksa ana ing sajroning guwa kuya mangkene ihi, tumulua nambut silaning akrama, ngangkaha supaya sira bisa enggal asésuta."

Maharsi Agastya kang bangtèt béktil marang para lēluhur banjur matur: „Dhuh para lēluhur, sésembahan kawula! Kawula sēndika ngestokakén dhawuh paduka."

Maharsi Agastya ngupuya wanudya kang nedya kagarwa nganti tékan ing manca praja. Wasanane Sang Maharsi dhaup karo Dewi Lopamudra, atmajane Narendra ing Widarba, Sawise dhaup, Sang Maharsi ngéndika marang Dewi Lopamudra: „Yayi Dewi! Amarga sira wis dadi garwaning pandhita, lukara agéman raja-kaputren lan kabeh agémanira kang arupa peni-peni raja-peni, gantia agéman kaya salumrahé garwaning pandhita."

Dewi Lopamudra ngestokike dhawuhing kakunge. Sawise ganti ngagém agéman kang saka klianing wit lan walulang ménjangan, Sang Dewi banjur diboyong dening Sang Maharsi ményang padhepokan ing Ganggadwara. Bareng wis ana ing padhepokan Ganggadwara, Dewi Lopamudra matur mangkene: „Nuwun Sang Maharsi! Mugi nébihna sakathahing dèduka, ka-parénga kawula suméla atur, makstén: Katerula mangrétos, bilih priya nambut silaning akrama punika hangge rumétsa féstantuning turun. Nangging priya wajib nimbangi katrésnaning sisihanipun, sarana mituruti panyuwuniipun. Wondene panyuwun kawula dhaténg paduka, manawi paduka nedya karonsih kaliyan kawula, kawula ndherék sēndika, nangging kédah wontén ing pasarean kanthil denta. (Kanthil = amben, lincak, paturon. Denta = untu, maksude untu gajah yaiku gadhing. Kanthil denta = amben paturon saga gadhing). Paduka kédah mangagém agéman kencana pinatik manik nawa-retna, ajéjamang lan mawa oncen-oncen sékar, dene kawula pinaringana pangangge ingkang kados panganggenipun widadori. Manawi paduka ngagém agéman saking klianing wit utawi wacuculing salo kados sapunika, kawula lènggana nunggil sepasorean kaliyan paduka."

Maharsi Agastya: „Dhuh wanudya sulistya ing warna! Sira sumurup dhewe, aku ora darbe mas-picis rajabranan peni-peni raja peni kaya sudarmainira; kapriye bisaku minangkani pamintanira."

Dewi Lopamudra: „Kawuk pitados, bilih paduka témptu sageéd minangkani panyuwun kawula, saranc kaséktén paduka."

Maharsi Agastya: „Yayi Dewi, ucapmu mangkono iku ora jleru. Nangging manawa aku migunakake kasékténku kanggo minangkani hardanining kamurkan, tartamitu nyuda ganjarazing Jawata marung kasutapanku."

Dewi Lopamudra: „Paduka kawula aturi minangkani panyuwun kawula kanthi cara ingkang botén nggempelakén kautamen paduka."

„Yayi Dewi! Aku nedya nyoba ngupaya barang-barang pamintanira."

Sawise ngéndika mangkono, Sang Maharsi tumuli miyos saka padhe-

pokan nedya nemoni mitrane sinarawedi, *Prabu Srutarwan*.

„*Sinuwun, sowan kula punika wigatos badhe nyuwun rajabrama sa-kaparéngipun Sang Prabu, manawi pamédalipun praja ngriki sakintén sagédi tiraké hangge nyampeti kapréluuning nagari.*“ Mangkono ngendikane Maharsi Agastya marang Prabu Srutarwan.

Prabu Srutarwan: „*Nuwun sewu Sang Maharsi! Sayéktosipun pamédaling praja kula kapara kirang kaujje nyékapi kapréluuning nagari. Sanajan makatéh, pundi barang darbek kula ingkang jengandika karsakahéh, badhe kula caosahéh kanthi eklassing manah.*“

Sarana kawaspadane, Sang Maharsi priksa yen ngendikane Sang Prabu mangkono iku pancep kapara nyata, mulane panjenèngane ora sida nyuwun rajabrama marang Sang Prabu.

Kanthi didherekake Prabu Srutarwan, Maharsi Agastya banjur némoni Prabu Wrédnaswa. Panémbunge Sang Maharsi marang Prabu Wrédnaswa kaya marang Prabu Srutarwan, lan wangsulane Sang Prabu uga kaya ature Prabu Srutarwan.

Maharsi Agastya mbanjurake tindake ményang kadhatone *Prabu Trasadhasyu*, didherekake Prabu Srutarwan lan Prabu Wrédnaswa. Marang Prabu Trasadhasyu, Sang Maharsi uga nyuwun rajabrama, nanging wangsulane Sang Prabu ora beda karo ature Prabu Srutarwan lan Prabu Wrédnaswa.

Prabu Srutarwan, Prabu Wrédnaswa lan Prabu Trasadhasyu padha ngaturi pamrayoga supaya Maharsi Agastya mundhut rajabrama marang Asuraraja *Prabu Ilwala*, ratuning para Asura kang kehing rajabranane tanpa timbang ing jagad. Sang Maharsi karsa ndhahar pamrayoga mangkono iku, mulane panjenèngane banjur tindak ményang kadhatone Prabu Ilwala, di-dherekake Ratu télu mau.

Rawuhé Maharsi Agastya sapandhereke Ratu télu, ditampa kanthi pangaji-aji dening Asuraraja Prabu Ilwala. Sawise bage-binage kasugéng-an, Sang Maharsi sapandhereke padha sinugata *sate lan gule wédhus* kang kehe nganti rong baki gedhe. Sang Maharsi sapandhereke wis kérép midhangéh pawarta, yen sapa bae tamune Sang Asuraraja sing sinugata raténgan daging wédhus, ing sulébare ndhahar pasugatan iku mesthi banjur palastra, amarga bédhah padharane kanggo dalan métune daging kang mémastas didhahar. Awit saka iku, sawise pasugatan *sate-gule sumadhiya* ana ing ngarsane, Ratu télu mau mung tansah padha pandéng-pinandéng bae, ora tumuli karsa ndhahar.

„*Sinuwun Prabu Srutarwan, Prabu Wrédnaswa lan Prabu Trasadhasyu! Kawistara ing sému, jengandika sajek mangu-mangu badhe ndhahar sate-gule punika, Prayoginipun, jengandika sadaya botén prélu ndhahar pasugatan punika. Kula ingkang badhe nedhu sadaya sate-gule menda punika ngantos gu-sis tanpa sis.*“

Ngéndika mungkono iku, Maharsi Agastya karo wiwit ndhahar pasugatane Prabu Iwala tanpa taha-taia. Wasanane sate-gule wéðhus siji iku éntek-énting didhahar dening Sang Maharsi dhewe.

„E, adhiku Watapi, métua!“

Mangkono panguwuhe Prabu Iwala, sawise pasugatane éntek didhahar dening Maharsi Agastya. Sawise diuwuh sapisan ora ana kang katon métu saka padharane Sang Maharsi, panguwuhe Sang Asuraraja banjur dibolan-baleni kanthi sora: „Ayo Watapi, métua tumuli! Di enggal, tumuli métua Watapi! Aja késuwen Watapi, ndang métua!“

Nanging, sanajan diuwuh kapiag pira bae, ora ana apa-apa kang métu saka padharane Sang Maharsi.

„O, Sang Asuraraja! Tanpa guna jéngandika bengok-bengok nguwuh uwuh Watapi. Mokal sagé dipun kadang taruna jéngandika médal saking wéteng kula, awit dagéngipun sampun kula gilut-gilut ngantos ajur-mumur.“ Mangkono ngéndikane Maharsi Agastya.

Bareng wis titi kadange taruna wis sirna, ora bisa urip maneh, Asuraraja Prabu Iwala banjur kapidhara. Sawise eling purwa-duksina, Sang Asuraraja banjur matur marang Maharsi Agastya: „Dhuu Sang Maharsi! Wontén karsa paduka badhe dhawuh punapa, dene keraya-rayu rawuh ing kadhaton kuwulan?“

Maharsi Agastya: „Sinuwun, góroh waleh punapa, sowan kula punika badhe nyuwun rajabraná sakeparéng jéngandika.“

Prabu Iwala: „Sumangga Sang Maharsi, sumangga! Kawula aturi mriksani sadaya barang-barang kawula ingkang wontén ing ngiébet saha ing sajauwining kadhaton; pundi ingkang paduka kursakakén, kawula aturi ngéndikakakén.“

Sawise Maharsi Agastya ngéndikakake barang-barang kang dikarsakake, Prabu Iwala banjur dhawuh marang wadyabala ndikakake ngunggahake barang-barang iku menyang ing sajroning kreta kéncaha pinatik manik-nawa-rétna, apangirid turangga sarakat aran Birawa lan Surawa. Dadi kondure Maharsi Agastya nitih kreta kéncaha kang kékak peni-peni rajapeni sing dadi panyuwune Dewi Lopamudra. Jalaran playune jaran pangiriding kreta padha karo keélaping cipta, ora nganti sapanginang suwene Maharsi Agastya wis tékan ing padhepokane.

Jalaran kaléksanan panyuwune, Dewi Lopamudra bangét suka-réna panggallé. Béktine Sang Dewi tsamang Maharsi Agastya pépindhane kaya Dewi Arundadi marang Maharsi Wisistha, utawa kaya Dewi Saci marang Bathara Indra, utawa kaya Dewi Damayanti marang Prabu Nala.


Miyos saka Dewi Lopamudra, Maharsi Agastya apéputra kakung siji, sinung asma Drewasu. Ya amarga Maharsi Agastya bisa apéputra iku kang njalari para léluhure banjur padha bisa ngunggahi olam mulya.

Tilas padhepokane Maharsi Agastya iku dumunung ing satépine kali *Bhagirati*, kali suci kang dumadi saka klahanganing remane *Bathara Mahadewa* (Bthr. Siwah). Awit saka pamrayogane Maharsi Lomasa, Prabu Yudhisthira sakadang lan Dewi Krésna (Dropadi) padha siram ing kali Bhagirati, banjur padha asèsaji *Udakatarpaṇa* mwang para dewa lan para pitri.



244. DUMADINE SANJATA BAJRA, SANJATANE
BATHARA INDRA.

Saka tilas padhepokane *Maharsi Agustya*, Pandawa sarta Dewi Krësna diirid dening Rési Domya lan ingayoman dening *Maharsi Lomasa* ményang patirthan patilasane *Maharsi Bhrégu* kang kasusra ing tribawana, dumuning ing satépine kali suci *Wadusari*; wondene patirthane aran *Dhiptodha*. *Maharsi Bhrégu* iku kang nurunake *Maharsi Ramaparasu* utawa *Parasurama*, turun kaping lima. Mangkene silsilaha:



Katrangan:

Cywana/Sukannya, tégése: Cywana nggarwa Sukannya.
Urwa/-, tégése: Urwa, garwane ora kasèbut.

Maharsi Lomasa mbanjurake ngendikane: „Kaki Prabu Yudhisthira, kawuningana! *Maharsi Jamadagni* sudarmane *Ramaparasu* iku diprajaya dening para satriya putra-séntanane *Prabu Arjunawijaya*, dikroyok. Amarga murinani sedaning sudarmane, *Maharsi Ramaparasu* mrajaya kabeh satriya putra-

sēntanane Prabu Arjunawijaya (Arjunasasrabahu) ing Mahismati (ing padhalangan sinébut Maespati Pm). Sewise kabeh satriya ing Mahismati tumpes tapis. Maharsi Ramaparasu banjur nglurugi satriya saindéneng jagad, padha diprajaya. Sang Maharsi nganti ambal kaping pitu olehe ngubéngi jagad mrajaya para satriya, sabén saambalan olehe ngubéngi jagad nganti kaping télù. Dadi gunggunge nganti kaping salikur Sang Maharsi olehe ngubéngi jagad karo ngiwa langkap diénggo mrajaya para satriya, nganti satriya sa sagad sirna-gémpang, satémah ing jagad banjur ora ana satriya. Randhane para satriya padha sowan para brähmana, nyueun dinugrahani putra. Putru-putra ning para randhane satriya patutan karo para brähmana iku kalebu golongan satriya, njalari ing jagad banjur ana golongan satriya maneh.”

Wasanane Maharsi Ramaparasu kasoran lumawan Rama kang lumrahe uga sinébut Ramawijaya, Remabada, Ramadewa utawa Ragava (Ragawa, tégése turune Dewi Ragu, putrane Dewi Ragu, sahab ibune Rama asma Ragu. Panunggalane: Yadawa turune Yadu, Kurawa turune Kuru, Pandawa turune Pandu, Danawa turune Dewi Danu, Ditya turune Dewi Diti, Aditya turune Dewi Aditi Pm). (*)

Kasoring yudane Maharsi Ramaparasu njalari pépé sing panggalihé, satémah sirna kaséktén lan kaprawirane. Wiwit ing wéktu iku panjénengane banjur adédunung ana ing wukir Mahendra. Durung sapiraa lawisé adédunung ing wukir Mahendra, Sang Maharsi kérawuhan para lèluhure kang wis padha asalira dewa, ndhawuri siram Sang Maharsi ing patirthan Dhiptodha kang dumunung ing natmada suci Wadusara.

Maharsi Ramaparasu ngestokake dhawuhing para lèluhure. Sawise siram, panggalihé, kaséktén lan kaprawirane Sang Maharsi banjur pulih kaya wingi-nguni.

Sewise tékan kono caitane, Maharsi Lomasa banjur ngéndika marang Prabu Yudhisthira: „Kaki Prabu sahadang sarta Dewi Krésna, prayoga padha sirama ing patirthan Dhiptodha, supaya panggalihim kang prasasat pépé lan kaséktén sarta kaprawiranira kang prasasat wis sirna dening panggawene si candra-murka Duryodana banjur bisa pulih kaya pulihing panggalihé, kasékténé lan kaprawirané Maharsi Parasurama.”

Salebare siram, Prabu Yudhisthira lan para ari sarta Dewi Dropadi mbanjurake tindake, diirid dening Rési Domya lan Maharsi Lomasa. Karo

(*) *Carita Ramaparasu* kang ganip (wutuh) mrlkaanane Silalah Wayang Purwa jilid 1 bab 46.

tindak, Maharsi Lomasa nyantakake mula-bukane Bathara Indra kagungan sanjata Bajra, mangkene:

„Ing jaman Krēta ana tsura sagolongan aran Kalakeya, kaséh ten lan kaprawirane ngedab-edabi. Ing sawijining dina para Kalakeya kanthi sikép sanjata maneku warna ngulurugi para dewa, ditindihihui Asuraraja Wrēta amukutha kencana pinatik sésaya. Wasanane prajurit dewa kang tinindihihuan Bathara Indra kasorar, binujung-bujung dening para Kalakeya.”

Kanthi didherekake para dewa, Bathara Indra lumayu ményang kahyanganane Bathara Brahma nedya nyuwun pangayoman.

„Heh para dewa kabeh! Ingsut ora kékilapan marang mo bah-mosiking tribawana saésine, dadé iya nguningani manawa sira kasorar lumawan para Kalakeya kang tinindihihuan Asuraraja Wrēta. Wruhanira! Gégaman uési sajagad ora ana sing bisa agawe busiking hulite Asuraraja Wrēta. Bisane Asuraraja iku pakastha, manawa ketaman gégaman kang dumadi saha balunge Maharsi Dhaticha. Mulane sira padha némorana Maharsi Dhaticha, tembungén supaya ngrlakake patine diéngeo sésaji murih karaharjaning tribawana. Sawise dheweke ngrlakake patine, balunge alapén, gawenén sanjata alingir némorana sanjata Bajra. Manawa sanjata iku sira tamakake ing mungsuhiwa, suwarane prasasal ngébelki jagad. Mung manawa asanjata Bajra bisane Bathara Indra kalakon bisa ngasorake Asuraraja Wrēta.”

Saparipumaning pangandikane Bathara Brahma, para dewa tumuli padha madal pasilan, banjur padha bêbarengan sowan Bathara Wisnu ing kahyangan Béntuka utawa Wekundha. (Ing padhalangan sinébut kahyangan Uttaratasaga Pm).

Bêbarengan karo Bathara Wisnu, Bathara Indra tindak ményang pratapanane Maharsi Dhaticha didherekake para dewa. Pratapanane Sang Maharsi dumunung ing satépine narmada Soreseuti, katon bangét asri anglam-lami, kinubéng kékombangan maneka warna. Ing sacédhake pratapan kérèp sinaba kewan galak, kayata singa, macan, briwang lan liya-liyané, esthane kaya ruméksa kasugéngane Sang Maharsi. Kewan-kewan galak uripe campur karo kewan liya-liyané maneka warna, parandene ora ana kewan galak kang gelém mangsa kewan liyané, kédayan dening sucining panggalihé Maharsi Dhaticha kang pranyata wis bisa mangreh hardanéng karsa.

„Nuwun sewu Sang Maarsi! Kaparengku kauwula suméla atur dhaténg jéngandika. Murih tébih iug sawarnining békaya, tribawana mbétdahakén sésaji salira jéngandika; saha kauwula badhé sagéd kasémbadan ruméksa tata-téntréming Suralaya, manawi usanjata sinati ingkang dumados sahing békabélung jéngandika. Awit saking punika Sang Maharsi, wonténa kapareng jéngandika karsa ngurbanakén salira jéngandika kunge sésaji, saha ngrlakna balung jéngandika kauwula angge sanjataning ayuda.” Mangkonofngéndikane Bathara Indra marang Sang Maharsi kang bangét luhur ing budi.

Maharsi Dhaticia: „We, hla! Saklangkung kapaseng yogya, pakulun. Sampun kapara radi lami kuwula gadhah ancas nedya sesaji salira, samangke paduka darbe paminta makaten. Dados sedya paduka keplok kaliyan ancas kawula. Mlanipun sampun temlu pamurudhut paduka bodhe kawula pinangkani hanthi rila-legawuning ruanah.“

Sawise ngendika mangkono, Maharsi Dhaticia banjur sarean, katone kayadene mélengake cipta, ngracut pancadriya. Ora antara suwe, mak les! Sang Maharsi murud ing kasidan jati.

Bareng Maharsi Dhaticia wis seda, para dewa tumuli mundhut balunge, ngestokake dhawuwe Bathara Brahma; wondene kékarening layone Sang Maharsi (sawise dialap balunge saprelune) banjur dibastni, awune dipéndhém.

Saparipurnane pangruktining layone Sang Maharsi, Bathara Indra banjur kondur ményang Kaindran, didherekake para dewa, inggrid Bathara Wisnu. Saprapthane ing Kaindran, balunge Maharsi Dhaticia dipasrahake marang Bathara Twustri, undbagi ing Suralaya, ndikakake nggawe sanjata. Wasanane balunge Maharsi Dhaticia dadi sanjataning ayuda kang ampuhe kagila-gila, mawa lingir néném, diaratni sanjeta Bajra.

Kanthi mandhi sanjaja Bajra, Bathara Indra nggrid wadyabala dewa nglurugi Asurarastra Wreta kang rinéksa dening para Kalakeya mayuta-yuta, padha asanjata gada wési aslüt kénéana.

Campuhing pérange wadyabala dewa lumawan para Kalakeya bangét rame lan nggégiris, padha asilih-ungkik, génti unggul génti kélindhik. Suwe-suwe, jalanan karoban lawas, wadyabala dewa ora kuwawa nanggulang kro-dhane para Kalakeya, mulane gelaring berise wadyabala dewa banjur rusak, lan wasanane para prajurit dewa banjur bubar lumayu asalang-tunjang ngupaya pandhélikan, dioyak-oyak karo giyak-giyak asurak-surak dening para Kalakeya. Bathara Indra dhewe uga lumayu, nyédhaki Bathara Wisnu.

Bareng priksa giris-mirisng panggalih Bathara Indra marang mungsuhe, Bathara Wisnu banjur maringake saperanganing kaséktan lan kaprawirané marang Bathara Indra. Mangkono uga para dewa lan para Maharsi Kaswargan iya padha nyaosake sapanoring kaséktan lan kaprawirané marang Sang Bathara.

Sawise wuwuh kaséktan lan kaprawiran saka Bathara Wianu, saka para dewa lan saka para Maharsi Kaswargan, Bathara Indra banjur mangsah yudu maneh lumawan Asurarastra Wreta kang tansah asésumbar maciya-ciya. Nalika sumurup dicéhdaki Bathara Surapati (Indra), Sang Asurarastra tumuli nggero gora-reh kagiri-giri, jagat nganti mémbat-mémbat, langit katon kéliap-kélip, gunung manggut-manggut, samodra kocak pindha kinébur. Amarga Bathara Indra bangét giris-mirisng mlhangé panggeronan mungsuhe, Sang Asurarastra enggal-enggal linépasan sanjata Bajra, sanalika palastra; kuwandane kang pindha prabata gedhene gumébrug tiba ing bantala pindha tibanning ardi Mandara nalika disawatake dening Bathara Narayana. Swara gumébrug

ambrukking kuwandane Asuraraja Wrēta iku dening Bathara Indra kinita tibaning sikile Sang Asuraraja jumangkah nedya mrawasa, mulane sawise nglépasake sanjata Bajra, panjénengane enggal-enggal lumayu nggéndring sipat kuping nedya singidan, nanging tumali dipéthukake para dewa kang padha ngucap "Jaya-jaya."

Sirnaning Asuraraja Wrēta agawe gémpling kasudirane para Kalakeya, mulane baréng ditémpuh dening para prajurit dewa, barisaning wadyabala Kalakeya rusak, para Kalakeya mawut pating siébar asasaran, wasanane banjur padha nggébyur ing samodra tékan ing dhasare. Ya dhasaring samodra iku padunungane para Kalakeya, lan ya samodra kang minangka betenje.

Para Kalakeya iku yen ing wayah awan padha turu ana ing padunungane (ing dhasaring samodra), ing wayah bengi padha jumédhul saka samodra, ngupaya mémangsan ing dharatan. Wondene kung dimangsa dening para Kalakeya yaiku para brahma, para pandhita lan para tapa kung tinému ana ing papan-panggonan suci, ing padhepokan utawa ing pratapan. Ana ing padhepokane Maharsi Wasistha para Kalakeya mangsa brahma 180 lan péndhita 9, ana ing padhepokane Maharsi Cyawana mangsa brahma 100, lan ana ing padhepokane Maharsi Bhamadwaja mangsa brahma 20.

Sarehning bola-bali dípratelakke Bathara Indra lan Bathara Wisnu, prayoga kawuningan silsilahé dewa loro iku, mangkéné:

Stélah XXXI: Bathara Indra lan Bathara Wisnu.



Kastrangan.

Miturut layang *Paramayoga* lan uga miturut carita padhalangan, Bathara Surya putrane Sang Hyang Istmaya (Sémar), Bathara Indra lan Bathara Wisnu putrane Sang Hyang Manikmaya (Bathara Guru), Mriksanana Sisalah Wayang Purwa jilid I kaca 28.

Sabén esuk mèsthi ana bangke brahma utawa bangkene wong tata
kang prasasat mung kari jrangkonge bee; daginge, jérowane lan utéke wi
sirna. Nanging para dewa ora ana sing mangréti, sapa sing mangsa daginge,
utéke lan jérowane bangke iku. Awit saka iku, Bathara Indra marak ing ngar
saning dewaning adewa (Bathara Brahma), didiherekake para dewa. Sawise
Bathara Brahma midhangétake palapurane Bathara Indra, banjur ngéndika
mangkene: „Heh para dewa kabeh! Wruhanira, sing mangsa para brahma
lan para tata iku ora liya para Kalakeya kang padha adédunung ing dhasar
ing samodra. Yen wayah rina para Kalakeya iku padha nendra, nanging yen
bèngi padha seba ing dharatan ngupaya mémangaan. Bisane para dewa mbras
tha para Kalakeya, samodra kudu digawe asat. Kang bisa ngésat samo
dra iku mung Maharsi Agastya, atmajaniny dewane Samodra seisine, mulane
para dewa padha mintao nya marang Maharsi iku, géléona ngésat samodra.”

Sawise midhangétake ngéndikane Bathara Brahma, para dewa tumuli
madal pasilan, null mbanjurake tindake ményang padhepokane Maharsi
Agastya, Gancangin carita, Maharsi Agastya saguh ngésat samodra, mulane
tumuli tindak ményang pasisir bébaréngan karo para dewa. Saprapiane ing
pasisir, Maharsi Agastya maték nantra sawatara suwene karo mandéng
samodra, panjénengune banjur wiwit ngunjuk banyu samodra. Priksa banyune
samodra saya suwe saya suda, para dewa hangéti kagawakan. Ora antara suwe
samodra asat, para Kalakeya kagegeran, padha bingung pating bilulung,
binujung-bujung dening para dewa sing kécandhak diprajaya. Wasanane ka
beh asura Kalakeya tumpés-tapis tanpa sisé.

Kacarita *Prabu Bhagirata* kang kasustra ing jagad, ing sawijining dina
kérawuhan Bathara Národa, paring priksa yen léléhure Sang Prabu kang
padha palastra ana ing dhasare samodra kang asat kehe 6 léléka, ora hakul bisa
munggah ing alam mulya, manawa ora kétélésan bonyune bengawan Ganggu.
Awit saka iku Sang Prabu banjur munggah ing ardi Himalaya, mratapa,
nénuwun marang Bathari Ganggu supaya kaparéng paring mugraha ngisi
samodra kang banyune asat diunjuk Maharsi Agastya. Sawise mratapa sewu
warsa, Sang Prabu kérawuhan Bathari Ganggu, dingéndikan mangkene:
„Heh Ratu kang pinunjul ing jagad, wruhanira! Ingsun nedya mituruti
panyuwanira. Nanging manawa ingsun anjlog saka langit, jagad mèsthi om
kuwat nadhahi tibaringsun. Wondene kang kuwaca nadhahi tibaringsun
mung mustakane dewaning adewa kang aciri bélang blu janggane, ya Bathara
Súrah. Mulane sira nénuwuna marang panjénengane, supaya karwa nadhagi
fumuruniingsun sorana mustakane.”

Saparipurnaning ngéndikane Dewi Gangga, Prabu Bhagirata banjur tindak ményang wukir Kelasa. Sawise ngeutur tapa ana ing wukir Kelasa sawatara lawase, Sang Prabu kénéruhan Bathara Siwah.

„Kaki Prabu Bhagirata! Bangét karénan ingsun ndulu lèkasira kang mbudidaya murih paru suksmane lèluhurina padha bisa munggah ményang alam mulya, mulane ingsun nedya minangkani panuwuniru.“

Sawise ngéndika mangkcno, Bathara Siwah tumuli rawuh ing ardi Himalaya diherékake para dewa lan Prabu Bhagirata. Saprapane ing ardi Himalaya, sawise Bathara Mahadewa juméneng jéjég samékta nampani tumurune bengawan Gangga saka akasa, Prabu Bhagirata tumuli nutupi babahan hawa sésanga, méléngeke cipta tumuju Bathari Gangga. Ora antara suwe banyune bengawan Gangga Gustrojog saka langit tumiba ing mustakane Sang Hyang Mahadewa, térus tiba ing bantala.

„Heh Narendra kinawasa! Mara tuduhna, éndi dalam kang kudu ingsun ambah nganti tumékané ing samodra kang asut banyune.“ Mangkoné ngéndikane Dewi Gangga, sawise banyu saku mustakane Sang Hyang Nilakantha (Bathara Siwah) tiba ing bantala.

Prabu Bhagirata tumuli tindak ana ing sangaréping iline banyu, tindake tarkadhang lénçeng bae, tarkadhang menggak-menggok, nganti tékan ing samodra kang asut banyune. Avit saka iku iline bengawan Gangga tarkadang lénçeng, tarkadhang menggak-menggok.

Karo mbanjurake tindaké, Prabu Yudhisthira matur marang Maharsi Lomasa: „Sang Maharsi, kuwu seklanguung kumacela kumédah-kédah sumérèp Maharsi Ramaparasu, Brhma sékti mandraguna ingkang rigasorakén yudanipun para satiye saindengng bawana.“

Maharsi Lomasa: „Kaki Prabu, kawuningana! Maharsi Ramaparasu iku olehe ngaton marang liyan mung sesasi sapisan, sabén wayah bengi pinuju rémbulan purnama sidi. Bangét kapasang yoga, mèngko bengi mbénéri rémbulan purnama sidi, dadi Sang Maharsi bakal ngaton.“

Amarga karo ngéndikan, ora krasa tindake Pandawa wis tékan ing ardi Mahendra. Nalika samana wis wayah sandyakala. Saka pamrayogane Maharsi Lomasa, Pandawa lérém ana ing sacédhaking pratapané Maharsi Parasurama, nanging padha ora tumuli sare, agénteni miyosé Sang Maharsi. Téménan! Ing wayah madya ratri, Sang Maharsi katon miyos lan juméneng ana ing sangaréping pratapané. Pandawa lan para brahmana kang ndherékake padha mayoni Sang Maharsi, banjur génti-génti nyungkémi padane.

Maharsi Parasurama bangét karénan priksa lèkas lan kasusilane Pandawa. Sawise mangalémbana akeh-akeh lan asung pépuji sasanti wijayanti marang Prabu Yudhisthira lan para ari, Sang Maharsi tumuli manjing ing pratapan maneh.

245. MAHARSI CYAWANA, KAKUNGE DEWI SUKANYA,
DIMALIHAKE TIMUR DENING BATHARA ASWIN.

Pandawa mung nyare sawéngi ana ing wukir Mahendra, esuke mbanjurake tindake. Ing sadalain-dalan Maharsi Lomasa ora këndhat carita, ngléksanani panyuwune Prabu Yudhisthira. Nalika tindake tékan ing ardi Nila ing satépine kali Narmada, Sang Maharsi ngéndika: „Keké Prabu Yudhisthira, wruhantra! Ing kene iki dinunge Maha Prabu Saryati nalika nganakake séséji gédhe, dirawuhé Sang Hyang Surapati (Indra) lan Bathara Aswin sakémbaran. Prabu Saryati iku sudarmane Dewi Sukanya, putri sulistya ing warna garwané Maharsi Cyawana“

Sawise ngéndika mangkono, Maharsi Lomasa banjur nyaritakake tékan Dewi Sukanya lan Maharsi Cyawana, mangkene:

Ing sawijining dina Prabu Saryati tindak cangkrana ing satépining tlaga sacédhaking pratapané *Maharsi Cyawana*, didherekake Sang Prameswari sarta garwa paminggir patang nambang, lan wadyahala sabrégada. Sang rajaputri atmajane Sang Prabu kang apéparab *Dewi Sukanya* uga ndherék, ingurung-urung parékan sawatara. Agém-agémane Sang Dewi rinéngga kéncaña-rukmi, tinretes sila-widuri, asangsangan oncen-oncen mutyara, anyamping sutra tipis, abélinggél lan ajéjamang kéncaña tinretes sésoty.

Sapraptane ing tépiring tlaga, Dewi Sukanya késéngsém mèthiki kembang maneka warna kang sédhéng mèkar mbabar ganda ing sauruting tépine tlaga, didherekake para parékan. Kagawa saka bangéting késéngsérme mèthiki kembang, Sang Dewi nganti ora krass manawa wis pisah adoh karo para parékan pandheréke. Suwe-suwe olehe mèthiki kembang Sang Dewi tékan ing papan pratapané *Maharsi Cyawana*. Sang Dewi ora priksa marang Sang Maharsi, amarga salirane Sang Maharsi pancing ora katon, kurugan unthuk sémút, awit saka bangéting lawase olehe mratapa. Nanging Maharsi Cyawana bisa priksa marang Sang Dewi, sabab netrane Sang Maharsi ora katut kurungan unthuk sémút. Baréng priksa putri sulistya ing warna tur rinéngga ing busana pinatik manik nawa rétna, sanalika Sang Maharsi kégéwang panggalihé, mulane banjur nguwuh-uwuh mangkene: „Heh kénya sulistya! Ana wigati apa sira prapta ing papan kang bangéti sépi-sonya manghene iki?!”

Ananging amarga Maharsi Cyawana wis ora bisa ngéndika sora, kagawa saka bangéting lawase olehe mratapa, panguwuhe Sang Maharsi ora kapiyarsa dening Dewi Sukanya. Durusdakan Sang Dewi priksa barang sapasang awarna iréng sumorot mbaléréngi. Barang sapasang iku om liya netrane *Maharsi Cyawana*.

„Apa iki, apa iki! Béling?! Ah, dudu! Mbokmanawa jinisng sésotya.“ Mangkono aloke Sang Dewi sajak kagawokan.

Sang Dewi nyémpal épang cilik kang mawa éri, érine diénggo nguthik-

uthik neetrane Sang maharsi, Amarga krasa lara, Sang Maharsi duka, satemah panjénengane banjur matéh mantra kang njalari para wadyabala kang ndhérekake Prabu Saryati padha ndémung kaya wong ngéngléng. Sang Prabu ngira yen para wadyabala pandhereke olehe nandhang mangkono iku amarga kétaman daya-prabawane *Maharsi Bhréguputra*, mulane panjénengane ngéndika mangkene: „Heh wadyabalaneingsun kabeh! Blakaa bae, sapa sing wanuh-wani gendhak sikara marang *Maharsi Cyawana*, ya *Maharsi Bhréguputra*, *Maharsi wrédhé* kang sèngsém ulah tapa, nanging gétapan panggalihé. Yen panceen ana kang atindak dikaura murang tata marang *Sang Maharsi*, nedya ingsun suwurake pangapura, supaya panjénengane ora kébonjur ngélanter duka.”

Para wadyabala padha mènèng bae, ora ana kang sumundhul atur marang Sang Prabu. Mung Dewi Sukanya kang banjur matur mangkene: „Kangjeng rama, kawuningan! Kala wau salébétipun kawula mèthiki sékar, sumérèp barang bundér cémèng sumorot mbalérèngi, kurugan siti unthuk sémut. Barang punika kawula jojohi sarana éri.”

Sawise midhangétake ature Dewi Sukanya, tanpa ngéndika Sang Prabu tumuli tindak ményang panggonan dunungi umbrukan sémut. Baréng priksa barang bundér awarna irèng sumorot mbalérèngi, Sang Prabu tumuli ngapurancang, banjur matur ngérépa mangkene: „Oleh *Maharsi minulya ing kung abandha kasutapan!* Mugi wonténa kaparéng paduka karsa ngilutwahén sih pangaksama dhaténg atmaja kawula pun Sukanya, Inghang awil saking kirénging wéweka ngartos atindak nérok kasusilan dhaténg paduka, tanpa sengaja piyambakipun nyithik-uthik netra paduka.”

Maharsi Cyawana: „Siuwun, miturut pamawas kula, atmaja jéngandika Dewi Sukanya punika koduk ugungan, milanipun ing samukawis tindak-tandukipun halis ing wéweka. Nuwun sewu, siuwun! Sagéd kula ngapuntén dhaténg késuruning hindakipun Sang Dewi, manawi jéngandika kaparéng ing panggalih karsa ngilokakéen atmaja jéngandika punika minangka sisihan kula.”

Midhangé ngéndikane Sang Maharsi mangkono iku, turuh gagasané Sang Prabu mangkene: „Manawa karsane Sang Maharsi ora ingsun lèksanani, bisa uga saya gedhe dukane, siip-sembire ingsun sekulawarga dalasan nagaraningsun suisine pisang di-SOT-ake sirna. Prayogane, kanggo ruméksa karahayoningsun sekulawarga lan haslamétane para kawula, karsane Sang Maharsi ingsun lèksanani bae.”

„Nuwun Sang Maharsi! Bingahing manah kawula tanpa upami, dene paduka karsa ngabdékahéen pun Sukanya wontén ing padhepoakan paduka.” Mangkono ature Sang Prabu.

Sawise nampa Dewi Sukanya saka pasrahe Prabu Saryati, Maharsi Cyawana banjur nyabdakake “waluya-jati” marang para wadyabalane Sang Prabu, satemah kabeh wadyabala pandhereke Sang Prabu banjur padha

waras-wiris ora kurang siji apa,

Prabu Saryati banjur kondur ményang praja sapandhereke; dene Dewi Sukanya tiningga kari ana ing pratapan ngladeni Sang Maharsi. Mësthi bae Sang Dewi banjur ganti agènan, kaya salumrahe agémaning garwane para tappa.

Maharsi Lornasa mbanjurake naritane mangkene:

Kocap sawise sawstara lawase kagarwa Maharsi Cyawana, ing sawijining dina Dwi Sukanya siram ana ing tlaga tanpa ngagém patélésan. Sajrone Sang Dewi lagi céciblon, dumadakan Bathara Aswin sakémbaran rawuh ing sacédhake tlaga. Priksa salirane Dewi Sukanya kang gilig awarna kuning pindha mas sinangling lan payudarane kang monthok nyéngkir gadhing, Bathara Aswin kanduhuan brangta (kasmaman), mulane tumull marépéki Sang Dewi karlo ngéndika: „Heh wanudu sulsyta ing warna! Sira iku sapa aranira, lan sapa kang eyoga ing sira? Manawa sira wis winéngku ing priya, sapa araning guru-lakinira?!”

Dewi Sukanya kang nalika samana nglegéna enggal-enggal ngagém patélésan lan banjur mèntas ing dharatan, kanthi panggalih lingsèm matur mangkene: „Pukulan, kawuningana! Nama kawula pun Sukanya, atmajanipun Prabu Saryati. Guru-laki kawula Meharsi Cyawana, ingkang padhepokanipun boten tébih saking ngrijet.”

Bathara Aswin: „Wo, mèmèla témén! Sira kenyéndah ing warna tur nédhéng tumaruna, ha kok winéngku pandhita wréduha tur rupane bangèt kuciwa. Yagene sudarmanira ngrilakake sira ginarwa janma uréduha kang bèbasan wis anguk-anguk kabur? Punduganingsun, sira ora darbe rasa trésna marang guru-lakinira. Manawa sira darbe pangeman marang endahing waranira, tinggalén Maharsi Cyawana keng wis kaduk wréduha, banjur miliha dewa sakémbaran iki salah-siji, mihangka kakunguru.”

Dewi Sukanya: „Pukulan, kawuningana! Senajan guru-laki kawula punika sampun wréduha lan rupinipun kuciwa, nanging kawula saklangkung trésna dhaténg piyambakipun. Ing salaminipun kawula tansah badhe mbéh teni Sang Maharsi, saha tansah badhe ngantépi PATIBRATA, sétya-tujuh dhaténg panjénenganipun, bolén nécyé melik dhaténg priya sanes.”

Bathara Aswin: „Sokur yen mangkona, ingsun sakloron (dewa sakémbaran) bangèt mangayubagya marang antéping panggalihura, Wruhantra nini Dewi! ingsun sakloron iki dhukune para dewa. Kajabé bisa nambani sawaraning lélara, ingsun bisa ngénomake wong kang wis tuwa, lan bisa nggawe bagus priya utawa nggawe ayu wanita kang kuciwa ing warna. Manawa sira kagépin supaya guru-lakinira kang wis kaduk wréduha bisa dadi bagus njénthara tur nédhéng tumaruna kaya jéjaka, undangén mrene Maharsi Cyawana.”

Dewi Sukanya matur sandika banjur enggal-enggal kondur ményang padhepokan. Durung nganti sapanginang suwene, Sang Dewi wis bali ményang ngarsane Bathara Aswin sakémbaran, adherekake kakunge.

Maharsi Cyawana tumuli didhawuhu nyemplung ing tlaga. Baréng Sang Maharsi wis ana ing tinga, Bathara Aswin sakémbaran tumuli nututi nggêbyur ing banyu. Ora antara siwe télù pisan (Bathara Aswin sakémbaran lan Maharsi Cyawana) bébaréngan mèntas ményang dharatan; nanging kembang ing werna, kembang ing rupa lan kembang ing busana. Télù pisan padha baguse, padha njéntharane, padha nédheng tumarunane, padhadene sumunur cahyane, lan padhadene rinéngga ing busara sarwa kôncana pinatik manik nawa rétna.

Salah-siji ing antarane télù iku ngéndika: „*Heh iwanudya utama kang sétyatuhu ing wicara! Mara priya télù iki pilihén salah-siji. Endi kang kopilih, yaiku kang dadi guru-lakinra ing salawas-lawase.*”

Buréng priksa priya télù kang sarwa kembang ing sakabéche, Dewi Sukanya ewuh-aya pamilihé. Karsane Sang Dewi nedya milih Maharsi Cyawana, nanging sing endi Sang Maharsi, ora priksa. Pèpuntone, Sang Dewi banjur ngéningake cipta mélèngake karsa, pélènging panggalih marang Maharsi Cyawana. Mulane baréng nibakake pamilih, ora kleru.

Maharsi Cyawana ngaturale gungging panuwun marang Bathara Aswin sakémbaran, dene salirane kang wis kaduk tuwa tur kueiwa ing werna, saiki dadi bagus tur nédheng tumaruna kaya jéjaka, sarta bisa lèstari nggarwa Dewi Sukanya. Kanthi panggalih suka amarwata suta, Maharsi Cyawana sarimbéit kondur ményang padhepokan, dene Bathara Aswin sakémbaran banjur kondur ményang Kahyangan.



BAB 246. BATHARA INDRA LAN BATHARA AGNI NYATAKAKE GÊDHENING SIH – KAWÉLASANE PRABU USINARA.

Karo mbanjumake tindake lélana brata, Prabu Yudhisthira matur marang Maharsi Lomasa: „Nuwun Sang Maharsi! Miturut wjaring pawertos, duk ing kina wonten Narendra ajéjuluk Prabu Usinara, tanpa timbang agénging sih – kawélasanipun dhaténg sésamining agénsang. Botén namung dhaténg manungsa, nanging ugi dhaténg sato-kewan. Punapa pawertos makatén punika kapara yéktos, Sang Maharsi?”

Maharsi Lomasa: „Sinuwun, bab iku mula kapara nyata, mandar sing nyatakake gêdhening sih-kawélasane Sang Prabu ora mung titah ing Marcapada bae, nanging uga Sang Hyang Surapati (Indra) lan Sang Hyang Agni.” Mangkene caritane:

„Kanthi ancas nédyu nguninganu pribadi gêdhening sih-kawélasane Prabu Usinara, Bathara Indra lan Bathara Agni rawuh ing prajane Sang Prabu, mbénéri Sang Prabu nganakake sésaji gêdhe. Bathara Indra mancala warna alap-alap, Bathara Agni manuk dara. Manuk dara dioyak alap-alap, nédyu dimangsa. Awit saka bangéting giris-mirise binunjung alap-alap, dara niyup lan niba ing pangkone Prabu Usinara, nyuwun pangayoman marang Sang Prabu.”

Sumurup mémangsane niba ing pangkone Prabu Usinara, alap-alap nututi, menekok ana ing sacédhake Sang Prabu, banjur matur mangkene: „Gusti, kawuninganu! Kawula luwe sangèt, witeit enjing ngantos dumugi sapuniha, télh kawula dereng klébétan mémangsan. Awit saking punika Gusti, panyuwun kawula, mugi wontena kapareng paduka karsa maringakén péksi dara punika dhaténg kawula, badhe kawula mangsa.”

Prabu Usinara: „E, alap-alap kung sarwa sentosa otot-balunge! Amarga kooyak-ojak meh hécandhak, dara iki bangéting giris-mirise marang kowe, mulane banjur niyup lan niba ing pangkoningsun, nyuwun pangayoman. Sarehning dara iki nyuwun pitulungan, ingsun wajib asung pitulung, sarana ora ngulungake dheweke marang kowe. Mara duhunén! Saka bangéting giris-mirise marang kowe, nganti ndhrohdhog wel-welan awake. Rab ya wis samésthine ta, dara kaya mangkene iki diwélesi?! Sumurupa alap-alap! Sing sapa ora asung pitulung marang supa bae kung bu tuh pitulungan, dosa gêdhe.”

Alap-alap: „Gusti, Narendraning bawana! Sagung dumados punika, manungsa, sato-kewana, kiyatipun saking téhka. Téhka ingkang minangka cagaking agénsang. Dhuh Gusti! Manawi péksi dara punika paduka kékahi, botén paréng kawula mangsa, kawula témputu nondhang kallré, wasanunipun lajéng péjah. Mangka péjah kawula badhe njikari péjahipun anak-semah kawula. Dados, paduka paréng pangayoman dhaténg péksi dara satunggal, nanging njikari sérnanipun titah kathah. Punapa lénkas paduka makatén punika botén nama murang kautamen!”

Prabu Usinara: „E, alap-alap! Nitik patitise tētēmbunganmu, howe kalébu golongan tilah kang ngréti marang kautaman. Sumurupa alap-alap! Ingsun nedya ngayomi dara iki, supaya lestari urip, nanging aja nganti agawe pitunaning liyane. Ingsun nedya paring daging marang howe, éndi kang kosénénengi. Daging kébo, sapi, celeng, kidang, ménjangan utawa daging babi, nanging aja nyuwun daginge dara iki.“

Alap-alap: „Nuwan sewu, Gusti! Sadaya daging ingkang paduka ngéndikakabén punika sanes pakaréman kawula. Paduka témtu botén kékilapan, bilih pakarémanipun alap-alap punika daginging péksi dara. Milanipun truggih péksi dara punika kemawon kaparingia dhaténg kawula.“

Prabu Usinara: „Heh alap-alap, sumurupa! Ingsun kanthi suka-réna ngulungake, saupama kowe nyuwun barang darbekingsun kang awujud apa bae. Sanajan kowe nyuwun kadhaloningsun saésine, utawa sanajan nagarantihsun pisor kang kosuwun, ingsun ulungake. Nanging aja nyuwun manuk dara iki, awit ingsun humedu-kudu ngayomi kewan iki saha békaya pati.“

Amarga Prabu Usinara kénéng ora karsa maringake dara kanecek ana ing pangkone, wasanane alap-alap banjur matuz mangkene: „Gusti, manawi paduka kénéng nggondheli péksi dara punika, botén paréng kawula suarut, kaparéngi kawula nyuwun lintu daginging salira paduka ingkang wawratipun sami kaliyan waerating péksi dara punika.“

Midhangéti panyuwune alap-alap mangkono iku, kanthi polatan sumeh Prabu Usinara paring wangsulan mangkene: „Iya alap-alap, iya panyuwunura bakal ingsun piwangkati. Ingsun luwih séneng kelangan dagingingsun sapérangan, tinimbang ngulungake dara iki marang kowe.“

Sawise ngéndika mangkono, Sang Prabu banjur ngiris daginging wéntise dhewe sineleh ing timbangsan (traju), minangka sisihane dara, ditandhang, bobote wis satimbang apa durung. Tinémune, luwih abot bobote dara, mulane Sang Prabu tumuli ngiris maneh daging-wéntise, diwuwuuhake ing traju. Nanging mèksa isih kalah abot karo bobotong dara, mulane Sang Prabu iya banjur ngiris daginging astane, diwuwuuhake ing traju. Sanajan wis wolawali diwuwuhi, nganti daginging sampeyané kiwa-téngén lan daginging astane karo pisan meh éntek diirisi sineleh ing traju, ewadene mèksa isih kalah abot karo bobotong dara, mulane Sang Prabu mungkah ing timbangsan (traju).

Bareng Prabu Usinara juménéneng ana ing timbangsan, sanalika alap-alap banjur mancala warna dadi Bathara Indra, lan manuk dara dadi Bathara Agni.

„Heh Prabu Usinara, Wruhanira! Praptoningsun sakloron karo Batharu Agni ing sésaqintra sacara mancala warna kukila, amarga kapengin mangréti yéktine, sapira gedhening sila-kawélasanira marang pépadharané dumodi. Sali ingsun iweis nguningani pribadi, ing salumahing bantala sakurébing akasa ora ana tilah kang gedhening sila-kawélasane lan luhuring budine salimbang karo sila-kawélasan lan luhuring budinira. Mulane sira ing témbé diwéñangake adédunung ing sakabéhing alam suci. Lan awit saha dayaning sabdaningsun,

sampeyan lan astanira keng ingirisan daginge, bisa waluya jati, pulih kadi wingi nguni."

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Indra lan Bathara Agni tumuli kondur ményang Suralaya; wondene Prabu Usinara banjur manjing ing dhatulaya.

Pamburine, nalika Prabu Usinara muksa, ungahe ményang Kaswargan kawistara sumorot pindha ndaru.



247. WASANANE PANDAWA DIGENDHONG NAYAKA-RASÉKSA,
DEWI DROPADI DIGENDHONG GATHUTKACA.

Para Pandawa lan Dewi Krésna mbanjurake tindake lélana-brata, ingjirid Rési Domya, ingayoman Maharsi Lomasa, munggah ing wukir *Gadamedana*. Para Pandawa padha ngiwa langkap, nggendhong endhong isi jémparing, nganggar sabét (pédhang) lan ngagém sarung racikan saka walulang sato. Tindake wola-wali nglawati tlaga, narmada, beji, alas gréng, alas gérotan, alas glédhégan, tarkadhang ngambah alas gung liwang-liwung. Kérèp manoni wit gédhe kang ngrémbuyung godhonge lan bangét mirasa wohe, kang tanpa kéndhat tansah ana kembange, péntile lan wohe kang bangét mblyé, mulane papan iku kérèp kémawuhan para dewa lan para pandhita.

„Koki Prabu Yudhisthira, kawuningata! Wukir *Gadamedana* iku ing sangisoré kayu Yuyubi tilas pratopane Bethara Narayana lan Rési Nara. Wukir *Gadamedana* iku ardi suei, ora kéné diambah sawarnaning tunggangan. Wong ala, wong angkare-murka, wong pitas-baran, manawa humawani ngunggahi gunung iki, mesthi ngakami cilaka, mandor bisa uga sirna dimangsa singa utawa safo galak liyate.“

Midhangéti ngéndikane Maharsi Lomasa mangkono iku, Prabu Yudhisthira tumuli ndhawuhé para arti lan Dewi Dropadi, ndikakake padha ngrésik-ake ati, aja nganti kélépetan sédaya ala, supaya kallis ing sambekala.

Ora antara suwe tindake para Pandawa ngambah dalan kang rumpil asungil lan ndéder, bangét mbébayani, luwih-luwih tumrap putri, Dewi Krésna tindake wiwit katon rékasa. Sanajar mangkonoa, amarga ana pangarép-arépe bakal kétému Sang Arjuna, Sang Dewi ora kaprungu pisambate.

Durung sapiraa suwene para Pandawa olehe ngunggahi wukir *Gadamedana*, dumadakan banjur ana gara-gara goré reh kagiri-giri. Bumi gonjang-ganjang, langit kélap-kélap, wukir moyaj-majig. Sindhung-riwut sumiyut nggégirisí, baréng lan tibanning udan dérés kaya disokake. Gludhug ora kén-dhat gumiléger, kilat-thathit katon maliwérar, blédhéng ngampar-ampar. Akeh lémah longsor, wit gédhe-gédhe akeh kang rengkad utawa pokah, pang-pange padha sémpal kaparapal. Awang-awang kétékan gégodhongan kang kabuncang ing prahara, wasanane padha tiba ing bantala asungsun-timbun nganti ngundhung-undhung kaya gunung.

Awit saka gédhening libane banyu adan, para Pandawa lan Dewi Dropadi bangét gétér panggalihé. Padha payungan asta, lan padha ngaub ana ing sangisoré wréksa gédhe kang kinira ora bakal rungkad lan ora bakal sémpal épang-épang.

Ora antara suwe gara-gara wiwit mündha, lan wasanane banjur sirép. Ing sasiréping gara-gara, para Pandawa, Dewi Dropadi, Rési Domya, Maharsi Lomasa lan para brahmana kang ndherek lélana-brata padha mbanjurake tin-

dake. Amarga munggahe saya ndéder tur saiki dalane banjur dadi lunyu, tindake padha ora bisa rikat, prasasat mung nggémét bae.

Dewi Krésna kang prasasat ora tau tindak dharat, mangka saiki olehe tindak wis kapara suwe tur ngambah dalan ndéder lan lunyu, saya suwe saya katon rékasa tindake. Dumatadakan Sang Dewi kéblesed, tiba. Ora kapi-dhara, nanging prasasat wis tanpa daya. Tibane Sang Dewi njalari trényuh lan karérentaning para Pandawa, Iuwih-Iuwih Prabu Yudhisthira. Karo mêtéki samparane Sang Dewi, Prabu Yudhisthira ngindika kanthi bangét pawung sungkawa: „*Dhuh yayi Dewi! Sira Jinalarake dadé almasane Narendra binathara abardha-bandhu sugih wadyabéku, partise kudu surem ana ing hanthil-gadhang arya ing sajrone suyasa kang rinarengga asri, mangagérm kaya agém-agémancé wididari. Nanging saméngko sira ngugém agémancé sapha walulang sato lan nglosod ana ing témah kang jéblog. Anggonira nandhang mangkono iku ora kya marga saka késluruning tindakingsan Dhuh deun, dhuh bathara! Kawula ngrumao si kentuning tindak kawula. Samangke kawula ngrasakén wohipun tiyang séneng ngabotohan main dhaéhu. O, yayi Dewi! Rama-ibunu ngrilekake sira rinabi para Pandawa, mèsthiré amarga hagungan pangiru yen sira bakal ngolamé urip mulya tanah makmur jibar-jibur muhra-muhrub labur madu. Nanging finémune uripura saméngko nandhang késurang-surang nusup-nusup ing alas kang hébah pringga-saya.*”

Akeh akeh pisambate Prabu Yudhisthira nggétuni tindake wingi-nguni, nutuh salirane pribadi. Régi Domya lan para brahmaana kang padha ndherék léléna-brata padha agléipur singkawane Sang Yudhisthira, dene Maharsi Lomasa maték mantra mürih tumuli lejaring panggalihé Sang Prabu. Sawise Prabu Yudhisthira lipur panggalihé, banjur ngéndika mangkene: „*Yayi Wrekudara! Mara sawangén gunung kong lugt kita unggahé iki! Dalane katon saya ndéder lan lunyu bangét. Yayi Deul mèshu ora bakal kuwat nerusahe laku. Manawa yayi Dewi tininggal kari, sapa kong kudu nunggoni?!*”

„*Kaka Prabu! Dewi Dropadi ora bakal gélém tininggal kari, Manawa ndadekake panujuning panggalihé kaka Prabu, abu nédyé nékkakake anakku si Gathutkaca. Anakku iku sékti mandringuna, kerasane ora beda karo keku-wetanku, tur wimbuh bisa mabur. Gathutkaca mèsthi kuwawa nggendhong putri Pancala tékan puncake wukir Gedamedana.*”

Ature Sang Bhima mangkono iku bangét agawe panujuning panggalihé Prabu Yudhisthira, mulane Sang Panéngak banjur mélengkake cipta mangesthi marang Gathutkaca. Ora antara suwe . . . jéng, jéng, jéng! Gathutkaca lan nyaka-raséksa sawatara tumurun saku gégana, banjur padha lungguh mabukuh ana ing ngarsane para Pandawa.

Sawise bago-binage kasugéngan, Gathutkaca matur mangkene: „*Kang-jéng rama! Wantén karsa paduke badhé dhawuh punapa, dene nimbalé dhateréng kawula?*”

Bhima: „*Anakku ngger, Gathutkaca! Aku kabeh iki ndherekake tinduke*

kaka Prabu ngunggahi wukir Gadamsadana. Nanging lagi bac tékan hene, ibumu Dewi Krésna ora huwat nérasaké tindake. Mulane ibumu iku gen-dhongén, gawaneñ munggah mrana!"

Gathutkaca: „Nuwan inggih, sèndika kangjeng rama. Sarehning dhuténg kowula kallyan para nayaka-raséksa, punapa bolén prayogi kangjeng rama, uwa Prabu lan sanes-sanesipun sumi dipun-gendhong para nayaka-raséksa?"

Enggaling curita Dewi Krésna digendhong dening Gathutkaca; Prabu Yudhisthira, Bhima, Nakula, Sahadewa, Rési Domya lan para brahmana digendhong dening para nayaka-raséksa; wondene Maharsi Lomasa kang wis kasinungan kaséktan pinunjul, térus tindak dharat bac, tindake rikat kaya dibalangake.

Gathutkaca lan para nayaka-raséksa ora lumaku dharat, nanging mabur, ngénér pueaking wukir Gadamsadana. Sanajan karo nggembong, rikating abure Gathutkaca lan para nayaka-raséksa bangét nggumunake. Baréng abure wis tékan ing sadhuwure wit Yuyubi, Gathutkaca lan para nayaka-raséksa niyup ing bantala, gendhongan diudhunake.

Sawise tédhak saka gendhongan, Prabu Yudhisthira lan para ari sarta Dewi Dropadi padha mriksani wit Yuyubi. Yuyubi iku kalébu wit kaswargan, wujude luwih dening nggumunake. Godhonge ijo royo-royo, kénéa kinarya usada sawarnaning léléra. Ora kénéhat, tansah ana kimbange, péntile lan uwohe. Uwohe ajég mbiyéti. Uwohe mirasa bangét; lègl, ngungkull légining madu pinusthika. Biyen, Bathara Narayana lan Rési Nara miratapa ana ing sagisore wit Yuyubi iku.

Kapara rada adoh saka ing tilas pratupane Bathara Narayana lan Rési Nara akeh padhepokane para pandhita lan para brahmana kang mbangun tapa, mulane ing kono tansah kapringku pandhita utawa brahmana kang ngidungake Wedu. Ing panggoan iku kalis ing sawarnaning rubeda, ora ana panganiyaya, sépi ing rasa ngélak lan luwe, rasa ngélu-panas uga ora ana. Kabeh kang kasatmata, kang kaplyarsa an kang rinasa sarwa ngawe ayém lan téentrém, mulane ana ing kono para Pandawa rumangsa mulya. Saka kono bisa priksa wukir Menaka, yuiku wukir apucak kénéana.

Ana ing panggonan iku para Pandawa sarta Dewi Krésna apadene Rési Domya lan Maharsi Lomasa nyare nganti 6 wéngi. Sabén bengi para Pandu-putra padha maladi éning, nenuwun marang Jawata Agung bisa tumuli priksa marang Sang Arjuna.

248. BHIMA NGUPAYA TUNJUNG KASWARGAN, DUMADAKAN KETEMU HANUMAN.

Kocap sawise Pandawa nyare 6 wéngi ana ing panggonan kang sarwasarwi asti anglam-lami, panggonan iku kétémpuh prahara gédhe, nganti agawe gétering panggalihe para Pandawa. Dumadakan ana kembang tunjung kang bangét aneh-nylénéh kabuncang ing prahara, tiba ing ngarsane Dewi Krésna. Kembang tunjung iku amakutha sewu, warnane sumunar pindha prabaning stréngenge, gandane arum ngambar-ambat. Amarga kaasané bangét aneh-nylénéh, kembang iku diarani dening Sang Dewi *tunjung kaswargan*. Kembang tunjung kaswargan iku dipundhut dening Dewi Krésna, banjur dituduhake marang Sang Bhima karo ngéndika: „*Sékar punika sahlangkung endah-peni, tur gandanipun ngambar waangi. Eman dene makuthanipun sékar punika sampun radi alum. Prayoginipun sékar punika kula caosakén dhaténg Sang Sinuwun. Dhuh Sang Bhima! Manawi wontén karsa jéngandika badhé ndamél pamaréming manah kula, kula kapadosna sékar tunjung kaswargan kados makaten punika, ingkang radi kathah tur ingkang dereng alum, badhé kula békta dhaténg wana Kamyaka minangka angsal-angsaliipun léléla-bratu. Manawi jéngandika pranyata sih-trésni dhaténg kula, temtu karsa minangkani panyuwun kula.*”

Sang Bhima kang dhasare panéen kaduk trésna marang Sang Dewi, sawise pamitan marang Prabu Yudhisthira, Rési Domya lan Maharsi Lomas, banjur mak bles! Kanthi langkap kang sumampir ana ing pamidhangane lan nggendhong endhong kékak jémparing, Sang Bhima mangkat nédyu ngupaya tunjung kaswargan kang amakutha sasra. Amarga mawa prabawa angin, tindake Sang Bayutanya (Bhima) nikat kaya cumloroting jémparing, swarane kumrusuk kaya swaraning ampuhan. Sang Bhima kang ora tau darbe rasa lèsu, ora tau darbe rasa wéghah, ora tau krasa sayah lan sépi ing rasa wédi, unggabe ing wukir Gadamedana kaya playuning dirada (gajah). Watu gédhe-gédhe kang kapancal dening Sang Bhima padha uwat késingsal gumlung-dhung longsor mangisor, swarane gumluvhug agawe kaget lan wéding sato wana. Akeh kewané gédhe-gédhe padha lumayu; kidung-ménjangan padha ninggal grumbul pandhélikané, macan lan singa padha métu saka ing guwa padnungane, banjur padha lumayu pating brubut tambuh-tambah énéring playune.

Ora antara suwe Bhima priksa tlaga kang banyune béning nyarong akinclong-kinclong kaya kaca, kétuwuhai tunjung lan sinaba cakrawaka (mliwis).

Byur! Amarga ngira yen tunjung kang katon iku padha karo tunjung kang dikarsakake Dewi Krésna, Bhima enggal-enggal ambyur ing tlaga. Nanging baréng priksa yen tunjung ing tlaga iku mirib bae ora karo tunjung

kaswargan kang amakutha sasra, Bhima ora sida mēthik, mung siram sawatara suwene, banjur mēntas ing dharatan nērusake tindake. Amarga mēntas siram, Bhima salirane karasa sēgér, malane tindake saya bantér, katon saya gembira, lumumpate saya adoh, jangkahe saya amba, wola-wali nggēréng, swarane ngumandhang ing tawang pindha swarane samodra pasang, hangéti nggēgrisi.

Génti kacarita Sang Kapiwara, ralika miyarsa swara kang nggēgrisi, wis ngira manawa iku sabawaning tindake Bhima. Amarga nēdyā rumēksa kadange *nunggal bayu*, Sang Kapiwara tumuli turon mangkuréb malang ing dalan kang anjog ing kaswargan, kanggo ngalang-alangi supaya Bhima aja mbanjurake tindake, amarga banjure dalan iku bangéti wérit swingit, bébasan *sato mera mati jalma mera pokastu*. Sajrone turon mangkuréb, Sang Kapiwara wola-wali api-api angob klaképan kaya bangéti ngantuke. Buntute dijéntharake mandhuwur, satémah katon kaya umbul-umbul, nanging sadhela-sadhela disabétake ing lémah, njaluri bumi sadhela-sadhela oréng, satémah lémah lémah kang moncol padha longor, watu gédhé-gédhé padha kesingsalkontal, suwarane warna-warna kang sarwa nggēgrisi, kawimbuhan swara panggérénging Sang Kapiwara kang gumiléger pindha gludhug ing mangsa kasanga.

Bhima kang ora tau darbe rasa wodi, bareng miyarsa swara warna-warna kang sarwa nggēgrisi mēksa njégrig wutuning salirane. Amarga kapengin ngréti saka ngéndi pinangkaning swara, Bhima ngosak-asik alas, miyak gégrumbulan lan bêbonghotan kanthi weweke — waspada, wasara priksa wanara turon malang ngébaki dalan. Nanging Bhima ora bisa cetha pamriksane, jalaran awake wanara iku sumorot mbalérengi. Priksa kaanane wanara kaya mangkono iku Bhima bangéti kagawokan; wanara dicédhaki karo nggēréng sora.

Ngrungu panggérénging Bhima gumfegor kaya swarane gludhug ing mangsa kasanga, kewan-kewan padha lumayu asalang-tunjang, sato-iwen padha mibér pating blébér. Nanging Sang Kapiwara mung ngélékake netrane sadhela, nglirik Bhima saképlasan, banjur kandha: „*Dhuh manungsa kang kintiwasa! Mbok aja sérù-sérù panggéréngmu; aku lagi kapenak-kapenak turu, kaget dening soraning panggéréngmu. Yen ndidu jenggérénging wujudmu, sru iku halébu satriya wirotama kang ngréti ing ala-bécih, lèbda narang kusasilan, sumurup ing budi asor lan budi iuhur. Hla yenaku iki sarehning jinsing kewan, pantés yen wuta ing hauatan. Aku gumun, dene kowe kang lèbda ing hauatan, hla koh tumindak kong njakari ora téntrémbing liyan, nggéréng sora ngéget-geti titah kang lagi kopati nendra. Heh manungsa dhewur! Mara prasajaa, kowe iku sapa, lan ana prélu apa kowe mrene?*”

Bhima: „*Sumurupa wanara! Azu iki Panénggak Pandava, turase Bathara Bayu, ibuku apéparab Dewi Kunthi, jénengku Bhimasena. Aku nédya ngupaya tunjung kasiwargan kang amakutha sasra. Balik kowé iku sapa, kethék koh bisa tata-jalma.*”

Kapiwara mangsuli karo mesem-péndhém: „E, dadi kowe turasing dewa linuwih, ta. Sukur, dene aku bisa srawung karo trahing Jawata. Wondene aku, kowe sumurup dhewe, finising sato-kewan auwujud wanara. Bisaku tatajalma awit saka parmaning Jawata. E, Bhimasena! Aja dadi atimu ya, aku ngelingake marang kowe. Suwarsupa, gunung iki ora kéné diunggahi dening titah kang isih kéné ing pati. Marungsa mung kéné ngunggahi gunung iki tékan ing kéné. Mulane kowe bécik balia bae, njo nobacut, mundhak tuméka ing tiwas.”

Bhima: „Tiwas lan orane iku rak daksandhang dhewe, kowe ora bakal mitu nondhang. Mulane ndang sumingkra, aku arép liwat. Yen kowe ora gélému sumingkra, apa niyat nyoba kaprawiranku.”

Sang Kapiwara ora kasamaran yen Bhimasena lagi wuru dening kaséktan lan karosane, mulane tétembungane sajak galak lan nyangklak, ora kapanak rinungu.

„Duhu satreya wirotama, sumurupa! Aku iki lagi lara, ngadèg bae ora bisa. Mulane yen lèga atimu, détu juriungén, pinggiran, supaya howe bisa nérusake laku. Wondene yen kowé wégañ njunjung, aku lumpatana bae!”

Bhima: „Nglumpati pépadhaning urip, sanajan kang auwujud kewan pisan, sirikan gedhe ingatase aku. Saupama tuku géléma, mesthi bisa kanthi gampang nglumpati kowé, enarga aku kulina nglumpati barang kang tilétil-tékuuk gedhene. tinimbang kowé, kaya catuwe Hanuman olehe nglumpati samodra kang dohé satrus yo ana.”

Ngrungu katrangane Bhima mangkono iku, Sang Kapiwara api-api kagawokan, kandhane: „Wah, wooh! Titik kok bisa nglumpati samodra samono ambane. Mbok aku koeréni, Hanuman iku napa?!?”

Bhima: „Sajatine Hanuman-iku kitalangku tunggal bapa seje ibu. Aku lan Hanuman padhadene atmajne Bathara Bayu utawa Bathara Maruta kang sampurna ing sahabéhe; ibuku astro Dewi Kunthi, ibune Hanuman astro Dewi Kesari. Sarehne Hanuman iku kadangku, mesthi bae ing babagan kaséktan, kekuwatan lan kaprawiran uawé kétékénélan iya padha karo aku. Mulane saupama diédu, émbuh aku émbuh Hanuman sing kasoran. Sawise howe dakritani yen kaananiku padha karo kawanane Hanuman, mesthi banjur ngéti yen aku ora bakal rékasa nguntapke howe menyang Yamani (kahyangane Bathara Yama).”

Kapiwara: „Duhu Sang Bhima! Kagawa saka bargéting tuwaku, aku prasasat wis ora bisa ngglawat. Mulane yen kowe nedya liwat, mangka wégañ njunjung auxhku, ya buntutku bae junjungén lan geréden, supaya ora makewuhé laku mu.”

Ngrungu kandhane wanara mangkono iku, Bhima kang bangéti ngédiridirake marang karosane tumuli ngéndika sora mangkono: „Kétheh tuweh kakéhan uni! Mengko yen buntutmu wis dakecékel, bakal daksendhal kareben cépol, supaya kowe banjur bunfung, ora duwe buntut.”

Bhima kang bangèt nyépetekike marang Sang Kapiwara, ngendika mangkono iku karo ngasta buntute wanara iku mung sarana jémpol lan paruduhe asta kiwa. Nanging baréng ngangkat, Bhima rumangsa ora kuwat, malah buntute wanara iku obah bae ora, mulane pangangkate banjur dirosani. Buntut diasta sarana asta loru, nuli diangkat kanthi ngéndén, netrane manthéleng, pasuryane nyuréng, nganti ngétokake adaini, parandene buntute Sang Kapiwara tétep ora obah.

„We hla, kuwiwangon oku! Génah, iki titih Jiwuwih.“ Mangkono gasane Bhima karo mak kédhéprék lenggah sila mabukuh ana ing sacédhake Sang Kapiwara, muka pindha konjém ing bantala, astane ngapurancang, banjur matur agérépa: „Dhuu Sang Wanaraja! Di gédhé pangapuramu marang galap-gangsuling solah-tingkahku. Lair-batin aku téluk marang kowe, lan tilanana aku nyantrik marang kowe. Mara sajarwan Wanaraja! Salugune kowe iku sapa? Yaksa, widadari, gandurwa apa dewa?!”

Kapiwara: „Bhimasena, wruharira! Aku iki salugune ya wanara kang wis sira protelakake bisa ngilumpati samodra satus yojana ambane. Ya aku iki atmajane Bathara Bayu kang uga apéparab Bathara Maruta, miyil saka Dewi Kesari, jénengku Hanuman. Dadi aksa iki kadangira pribadi, kadang nunggal osal, padhadene turuse Bathara Maruta, nanging aku tinitah awujud wanara. Wruhanira, yayi Bhima! Dumadiku ing marcopoda sarta para wanaredhya liya-liyane, sajatine minangka snyane Kapindra Sugriwa atmajane Bathara Surya, utawa Rési Subali atmajane Bathara Sakra (Indra). Subali-Sugriwa ing sakawit guyub-rukun sayég saekaproya ana ing Guwakiskindhia. Nanging nalka ana pasulayan rébutan garwa ngantik dedi pancakara, Kopindra Sugriwa kisoran yudane, hépéksa oncah saka Guwakiskindhia adédunung ing wuhir Réksumuka, kumpul karo aku. Nalika samana Bathara Wisnu manjanma ing marcopoda apéparab Ramabádra, Ramadewa, Ramacandra, Ramawijaya utawa Raghawa, dadi atmajane Prábu Dasarata Ratu ing Ayodya. (Raghawa, tégese putrane Dewi Raghini, yaiku Rama Pm). Amarga ngestokake dhawuhing sudarmane, Sang Ramabádra manjing alas karo garwane asma Dewi Sinta, didherekake Sang Laksmana, adédunung ing alas Dhundhaka. Durung sapiroa lawase adédunung ing alas Dhundhaka, Dewi Sinta didhustha dening Rawana (Dasamuka) kanthi pembiyanture taséksa Marica sarana manca wano kidang kéncaha anetra kamala, digawa mabur ményang Léngka. Kanthi maksud nedya ngrébut garwa, Sang Ramadewa nglurugi Ratocéna (Dasamuka) ing Léngka, dibiyantu dening Kapindra Sugriwa ngirid wadyabala wanara kang kehe mayuta-yuta ———.”

Akeh-akeh caritane Hanuman narang Bhima, keroneen manawa dian-dharake kabeh. (Miksana Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita jilid I bab 51 lan 52).

Sarampuing caritane, Hanuman banjur musna; dene Bhima tumuli mbanjurake tindake ngambah dalan kang ditutuhake dening Hanuman. Wasanane tindake Bhima tékan ing Nagu Sugandika, yaiku tlaga kagungane

Bathara Kuwera, dumunung ana ing ereng-erenging pagunungan *Kelasa*, jinaga para yaksa lan rasèksa. Ya tlaga iku kang kétuwuhan tunjung kaswargan amakutha sasra.

Nalika priksa tlaga Sugandika kang këbak tunjung kang den upaya, Bhima bangét suka amarwata sutu. Karo jingklak-jingklak Sang Panénggak nyédhak ing tlaga, kapengin tumuli mèthiki tunjung Sugandika, ya tunjung kaswargan kang amakutha sasra. Nanging, durung nganti Bhima nyémplung ing tlaga, dumadakan. . . . *musik réguédug!* ana yaksa lan rasèksa piring-piring téka padha mènggak Bhima, ora dikénakake nyémplung ing tlaga. Amarga ora mraduli marang paménggaking para yaksa lan rasèksa kang jaga, Bhima banjur dikroyok. Bhima krotha lan sipi, tumuli ngobat-abitake gadane wési sinélut kéncaña, kinarya ngrabasa para yaksa lan rasèksa. Amarga diamuk dening Bhima, prasasti kabeh yaksa-rasèksa kang ruméksa tlaga Sugandika sima, mung ana sawatara kang lumayu nggèndring sipat kuping, nedya ngaturi priksa marang Bathara Kuwera, ya Bathara Waisrawana.

Sewise tanpa palapurane yaksa-rasèksa, Bathara Kuwera ngéndika: „*Heh paru yaksa lan rasèksa kang padha ruméksa tlaga Sugandika! Ing sun ora hasamaran, maniuu kareng mèthiki tunjung Sugandika iku Bhimasena, Panénggaking Pandawa. Togna hae, aja sim ganggu-gaue, supaya bisa agawe sénénging atine rabine.*”

Para yaksa-rasèksa sawise dingéndikan mangkono, banjur madal pasilan, nuli bali ményang tlaga maneh. Sapraptane ing tlaga, sumurup Bhima lagi mèthiki kembang Sugandika nanging ditogake hae.



Kacarita Prabu Yudhisthira bangét pangarsa-arsane marang praptane Bhima. Sawise diénteni sawatara dina Sang Panénggak mèksa durung pitapla, tuwuhan ancase Sang Yudhisthira nédyá rusul kadange kang lagi ngupaya tunjung kaswargan, mulane banjur ngéndika marang Gathutkaca, ndikakake nggendhong Dewi Krésna maneh, lan para nayaka-raséksa kadhiawuhan nggendhong Rési Domya, Sang Kémbar lan Sang Yudhisthira dhewe; wondene Maharsi Lomasa ajég tindak dharat bae. Kabeh kang tampa dhawuh matur sändika, banjur padha nggendhong buhuhane dhewe-dhewe, munggah ing wukir Kelasa.

Sawise diupaya sawatara dina suwene, Bhima kétému mbénéri lagi éciblon ana ing tlaga Sugandika. Nalika priksa rawuhe Prabu Yudhisthira lan liya-liyane, Bhima enggal-enggal mèntas ing dharatan, mèthukake kang padha rawuh. Sawise nyungkémi padane Maharsi Lomasa, Rési Domya lan Prabu Yudhisthira, Bhima banjur ngrangkul Sang Kémbar, nuli ngulung-ake tunjung kaswargan amakutha sasra marang Dewi Krésna. Sawise mangkono, Bhima banjur nyaritakake pangalamane wiwit kétému karo Hanuman nganti tumékane dikroyok para yaksa-raséksa kang ruméksa tlaga Sugandika, Sarampunging caritané Bhimi, para Pandhuputra padha sirum lan alélumban ing tlaga.

Sawise sirum lan alélumbaa sawatara suwene, para Panduputra mèntas ing dharatan, padha lenggah ana ing satépinin tlaga mriksani sesawangan kung bangét néngémuke. Ing nalika iku Sang Yudhisthira ngajak para ari nédyá lumébu ing kahyangane Bathara Waisrawana (Bathara Kuwera), dewanting raja brana. Ngrungu ngéndikagé Sang Yudhisthira mangkono iku, para ari lan Dewi Dropadi bangét suka umurwata sutta. Nanging durung nganté padha jumangkah munggah, dumadakan padha miyarsa akaçasabda (suwara langit) mangkene: „Heh para Panduputra, wruhanra! Kahyangane Bathara Kuwera ora kétu dilékan dening titah ing marcapada, mulane sira padha tunu ll balia ményang ing panggonan tilas pratapané Maharsi Naruyana lan Rési Nara ing Wadari. Saka ing Wadari sira bisa nérusake laku ngénér padhepoakan. Rési Parwa kang bangét asri anglem-lamé, yaiku panggonan kang kérép kéruiwahan para Siddha (saténgah deuna) lan Carana (juru ngidung kaswargan) kang padha cangkringna. Marauwa saka ing panggonan iku mbanjurake laku maneh, sira banjur tékan ing pratapané Maharsi Arsnisena. Hla saka ing kono sira bisa ndudu kahyangane Bathara Kuwera.”

Akaçasabda iku pinituhu dening para Pandawa, mulane banjur padha bali ményang Wadari. Sarehning ana ing Wadari nédyá térem suwe ngénteni tumuruné Arjuna saka Indrabawana, para Pandawa padha gawe padhepoakan.

Kocap ana asura aran Jejasura mancala warna brahma, momor sambu karo para brahma kung ndherekake para Pandhawa sajrone lélana-

brata. Sabarang kang ditindakake dening para brahma, asura iku milu nindakake. Manawa para brahma iku pinuju nindakake sésaji, asura Jathasura milu sésaji, mangkono uga yen para brahma ngidungake Weda, asura iku uga milu ngidungake. Olele tumindak mangkono iku mesthi bae supaya aja nganti kawruhan yen dheweke iku salugune asura. Saben dina tansah maspadakake solah-bawane para Pandawa, dilarah limpene. Dadi, asura Jathasura iku angon mangsa-kala kang prayoga olehe nedya nindakake panggawene ala. Wondene ancase nedya ndhustha gégamane Pandawa lan nedya mirajaya para Pandawa dalasan Dewi Krésna.

Ing sawijining dina Bhima lan Gathutkaca sarta para nayaka-raséksa padha mbébédhag kidang-ménjangan ing madyaning alas. Kang tininggal kari ana ing padhepokan yaiku Prabu Yudhisthira, Sang Kémbar lan Dewi Dropadi, ingayoman dening Rési Domya lan Maharsi Lomasa. Ya ing wéktu iku asura Jathasura olehe nindakake kajullgane. Ing sakawit asura Jathasura ndhustha gégamane Pandawa lan nyulik Dewi Krésna saka ing padhepokan, disingidaké ana ing békondhutan. Sawise mangkono, Jathasura bali ményang padhepokan maneh, Prabu Yudhisthira lan Sang Kémbar diglandhang bérang, digawa ményang békondhutan. Wis mesthi bae naika samana asura iku wis malih dadi wujude kang sajati kang gedhene kagila-gila.

Kocap Bhima kang lagi mbébaru kidang-ménjangan karasa ora kopenak panggalihé, mulane sanajan durung antuk békburon kang dikarsakake, Sang Panénggak enggal-enggal kondur ményang padhepokan diherékake Gathutkaca sarta para nayaka-raséksa. Durung nganti tékan ing padhepokan, Bhima priksa kadang-kadange lagi diathungi pédhangan dening asura kang gedhene kagila-gila, nedya diprajaya. Asura dijangkah lan diténdhang dening Bhima, tiba klumah, lan pédhangan oncat saka tangane.

Gregah! Asura Jathasura tangi, satémah banjur dumadi pérang-tandhang rok-bandawala-pati lumawan Bhima. Jangkah-jinangkah, cengkah-cinéngkah, akantaran bau, téndhang-tinéndhang, dugang-dinugang, jotos-jinotos, bithibinithi, banting-binanting, pthing-pinithing. Pérange Jathasura lumawan Bhima pépindhane kaya singa-barong lumawan macan gembong, agawe giris-mirising atine kang padhi ndulu. Bhima kalah gedhe-duwur tinimbang asura Jathasura, nanging ménang rosa, amarga luwih santosa otot-balunge lan luwih kébat-cukat tandang-grayange.

Nakula-Sahadewa nedya mbiyantu' milu lumawan asura Jathasura, mangkono uga Gathutkaca; nanging kabeh iku dipénggak dening Bhima, pangandikane: „Aja padha ndlu-milu, tontonén bae anggonku nguntapake asura iki ményang Yamani.”

Suwe-suwe tandange asura Jathasura saya kénéndo, mandar banjur katon thele-thele éntek kékuvatane. Nanging Bhima durung katon sayah, tandange ajéng kaya bantheng kétaton. Asura Jathasura digoco wétengé dening Bhima, satémah tiba klumah, banjur dijangkah lan diidak-idak. Sawise mangkono,

asura iku banjur dikurébake, diidak gigire lan diangkat gulune, banjur di-dengkek nganti putung ula-ulane. Asura Jathasura mbéngok térus palastra.

Sapatiné asum Jathasura, Pandhava lan Dewi Krésna kondur ményang padhepokan. Gégaman kang wis didhustha rasèksa Jathasura dikumpulake, isih wutuh-gétuh, ora ana kékurangane.



250. BHIMA NYIRNAKAKE PRABU MANIMAN LAN PARA YAKSA-RASEKSA.

Nganti sawatara dina para Pandawa lan Dewi Dropadi padha rumangsa ayém-téntrém lèrém ana ing padhepokan ing Wadari, tinunggon Maharsi Lomasa lan Rési Domya. Nanging ing sawijining dina Sang Yudhisthira panggalih onéng bangét marang Sang Wibatsu (Arjuna), mulane panjéneng-ané ngendika mangkene: „*Aribibgsur télù pisan upadene sira ygyi Dropadi, ieruhantir! Anggon kita padha léléana-brata watara uis patang warsa. Nalika Arjuna néddy oncah saha ales Kamyaka, tutur marang ingsun manawa tururune saka Indrabawana bhalan anjog ing puncake wukir Gedamadana, ing carso kango kaping lamané. Dordi ing sajrone taun iki mudhune Palguna ing marcapoda. Mulane ayo padha munggah ing wukir Gedamadana, mèthuk tékan Arjuna.*”

Para ari lan Dewi Krésna matutu sendiika. Sawise tata-tata, Pandawa lan Dewi Krésna turuli budhal ngénér wukir Gedamadana, diirid Maharsi Lomasa lan Rési Domya, didherekake para brahma, Gathutkaca lan para nayaka raséksa. Sabén ngambah duané kang rumpil asungil, Dewi Krésna dipanggul de ning Gathutkaca, para Pandawa lan Rési Domya sarta para brahma digen-dhong dening para nayaka raséksa. Mung Maharsi Lomasa dhewe kang tansah tindak dharat bae. Sawise sawatara dina suwéné, tindake tékan ing padhepokané Maharsi Wresaparwa, padha ditampa béeik dening Sang Maharsi. Sawise nyare samingu ana ing padhepokan iku, Pandawa mbanjurake tindake diuntapake dening Maharsi Wresaparwa nganti sawatara dohé.

Dalan kang ngénér wukir Gedamadana iku saya suwe saya ndédér, mulane Pandawa sadhela-sadhela këpëksa ngasokake napas, lenggah ing sangsiring wréksa. Sawise tindak patang dina, Pandawa tékan ing ardi Sweta. Alas ing ardi Sweta iku bangét rungkude, akeh guwane gedhe-gedhe. Sadhela-sadhela kaprungu pangémpeting gajah lan paigérone macan utawa singa. Ora antara suwe tindake Pandawa (kaizid Maharsi Lomasa lan Rési Domya sarta didherekake para brahma, Gathutkaca lan para nayaka raséksa) tékan ing wukir Gedamadana.

Priksa wukir Gedamadana kang dhuwure prasasat sundhul awiyat, Pandawa bangét gumun-ngungune. Wukir iku dadi papan-élechango para *kimpurusa* (jinisé wong-wong bajang), para *siddha* (makhluk saténgah dewa), para *corona* (juru ngidung kaswargan), para *widadara* (jinisé dewa), lan para *guhyaka* (makhluk saténgah dewa pandhereke Bathara Kuwera).

Sawise ngambah dalan kang rumpil-asungil suwe, tindake para Pandawa lan liya-liyane tékan ing padhepokan *Bagawan Arstisena*, rajapandhita kang bangét sidik pandulune, priksa mobah-mosiking jagad. Praptane Pandawa ditampa dening Sang Bagawan kanthi sukarézianing panggalih. Pandawa adédunung ana ing padhepokane Bagawan Arstisena lawase meh sawarsa.

Baréng priksa para Pandawa sajak wis padha katon téntrém panggalihe, Gathutkaca pamit kondur ményang prajane iya diparéngake, didherekake para nayaka-raséksa.

Nalika lagi sawatara dina ana ing padhepokane Bagawan Arsfisena, para Pandawa sok priksa Sang Suparna (Garudha) nggondhol naga kang gedhene kagila-gila saka tiaga ing sacédhake padhepokan. Kumlebeting suwiwine Sang Suparna nalika ndédel nggayuh gégana karo nyéngkérém naga, njalari orége gunung-gunung lan mobat-mabiting wréksa gedhe-gédhe, satémah akeh kékayon kang padha sémpal-kaparapal épang-épange.

Sabén dina ing sakiwa-téngéning padhepokane Bagawan Arsfisena kèrep katon ana asura sawatara pating glidrah, njalari ora krasane Dewi Krésna ana ing padhepokan iku. Awit saka iku Sang Dewi matur marang Bhima supaya ruméksa aja nganti ing sakiwa-téngéning padhepokan diambah asura, yaksa utawa raséksa.

Miturut pandugane Bhima, para asura, yaksa-raséksa kang téka ing sakiwa-téngéne padhepokan iku padha adédunung ana ing pucaking ardi Gadamacana, mulane sawise samécta nganggar pédhanting mandhi gada. Sang Panénggak tumuli mangkal sumébut malumpat munggah ményang pucaking ardi Gadamacana. Watara isih sapambalang dohé saka pucaking ardi, Bhima wis bisa sumurup suyasa kéncaha gedhe-gédhe pating glébyar sumunar mbaléng, yaiku kahyangane Bathara Kuwera, iya Bathara Waisrawana, dewanning kasugihan. Cépurining kadhatone Sang Bathara uga kéncaha, mangkon uga gapuraning sékethenge kutha. Patamanan ing kahyangane Bathara Kuwera katon bangét asri anglam-lami, dadi papane para widadari kang padha akéledhang suka-suka parisuka. Ndulu edi-penitè kahyangane Bathara Kuwera, Bhima njéngér tanpa mobat-mosik pindha tuju sinukarta, kagawa saka bangting kagawokane.

"Aku iki lagi ngimpi nyumurupi barang-barang sarwa edi-peni anglam-lami sgrone turu, apa lagi méléh?!" Mangkone gagasane Bhima karo ngucékkucéknétrane.

„Wo, aku mélék, ore ngimpi! Coba dakséoule slompretku!“

Brol, brol, brol! Baréng slomprete Bhima muni, akeh yaksa-raséksa brol-brolan téka ngénér dununge Bhima, kabeh padha ngrénggép sanjataning ayuda. Warna-warna sunjatane yaksa-raséksa, kayata: gada, bindi, nènggala, candrasa lan sapantunggalane. Para yaksa-raséksa iku padha ngudani gégaman marang Sang Panénggak.

Bhima kang dhasare ora tau ulap ngadhépi mungsuh kang pira bae kehe, lumawan yaksa-raséksa kang ngébyuki sarana ngobat-abitake gadane. Gada wési sinélut kéncaha kang gedhene kagila-gila. Tanpa wilangan kehe yaksa-raséksa kang palastra kébabit gada. Ana sing pécah sirahe lan muncrat uté ke, ana sing sémpal baune, ana sing pépés pupure, lan ana sing putung gigire.

Baréng sumurup kancane akeh kang palastra, yaksa-raséksa kang isih urip padha lumayu asasaran, ora wani noleh wur.

Kocap *Asuraraja Prabu Maniman* kang dadi andél-andélé Bathara Waisrawana (Kuwera) minangka senapatine wadyabala yaksa-raséksa, baréng sumurup rusaking wadyabalane, bangét jajabang mawinga-winga, enggal-enggal nlorongkake sanjatane *clugore* tumuju marang Bhima. Thé! Alugora putung tinangkis dening Bhima sarana gadu. Warna-warna sanjatane Asuraraja Prabu Maniman kang ditamakake marang Bhima saka siji, nanging ora ana kang nganti nggépok salirane Sang Panénggak, kabeh kéné tinangkis sarana gada. Sajrone nangkisi sanjataning mungsuuh, Bhima karo maju nyédhaki Sang Asuraraja. Baréng mung kari watara télung jangkah dohe, Bhima mancolot karo nggéréng njangkah mungsuhe. Asuraraja Prabu Maniman ginada sirahe, sanalika ambruk njrébabah ndhépani lémah.

Sapatine Asuraraja Prabu Maniman, ana yaksa-raséksa sawatara kang lumayu nédyia ngaturi priksa marang Bathara Kuwera bab sirnane para yaksa-raséksa sasenapatine dening manungsa sakti.

Kocap kang tininggal kari ana ing padhepokan, Prabu Yudhisthira, Sang Kémbar lan Dewi Kréma, sawise sawatara suwene olehe ngarép-arép Bhima mèksa ora téka, banjur padha nusul, ngupaya Sang Panénggak; wasanane kang diupaya kétému ana ing pucake wukir Gadaramadana. Baréng priksa kadange wréda rawuh, Bhima tumuli mlayoni, banjur nyungkémi.

„Yayi Bhima! Kapriye dene sira kaduk wani mrajaya yaksa-raséksa kawulané Bathara Kuwera samene kehe. Mendah bakel dukane Sang Bathara manawa priksa kawulané sira sirkakale samene kehe. O, yayi Bhima! Manawa sira isih darbe asih marang pun kakarg, aja nganti tumindak kaya mangkene maneh.”

Bhima lagi bae nédyia mangsuli ngéndikane kadange wréda, késaru rawuhe Bathara Waisrawana (Kuwera) nitih kreta *Puspaka* karyane Bathara Wisenkerma, dikherekake para yaksa-gardarwa tanpa wilangan kehe padha awahana rata dhewe-dhewe. Baréng priksa Bhima sajak isih sawéga ing yuda katandha isih kéröt-kéröt waja, Bathara Kuwera ngéndika marang Prabu Yudhisthira: „E, Dharmaputra! Ingsun nguninggan marang utamaning urip-ira lan luhuring bédudena. Mésthine sira darbe pangira manawa ingsun nédyia nibakake déduha marang arinira Sang Bhima, amarga dhewehe mrajaya kawulaningsun para yaksa-raséksa dalasan senapatine yaiku Asuraraja Prabu Maniman. Ora, Yudhisthira, ora! Ingsur ora duka marang Bhima, amarga satéméne patine Asuraraja Prabu Maniman lan para yaksa-raséksa anadhahane iku parcen wis tékan pépésthene; Bhima mung minangka dadi lan taraning patine kabeh iku. Sedurunge bab iku kalakan, para dewa wis wuninga yen Asuraraja Prabu Maniman saandhahane bakal sirna dening Bhima.”

„Wruhanira Yudhisthira! Sirnane Prabu Maniman saandhahane iku sajatine amarga kétaman ing SOT-e Maharsi kaswargan Sang Agastya, atma-

Jane Bathara Baruna," Mangkene mula-bukane:

„Ing sawijining dina para dewa kalebu uga ingsun, nedya manembah marang dewaning adeuwa Bathara Brahma. Tindak ingsun menyang kahyangan Bathara Brahma nitih kretu Puspaka mahawan gégana, didherakake Asuraraja Prabu Maniman saandhahane. Nalika panglayangingsun tèkan ing sadhuwure kali Yamuna, ingsun lan kabeh pandherékingsun wuninga Maharsi Agastya nedhèng nggentur mirutapa ana ing satépine narmada iku Asuraraja Prabu Maniman kang dhasare pancer kaduk séneng sésémboran, ndadak atindak gorogodha, yaiku nyawat tinja marang Maharsi Agastya. Amarga rumangsa dicécamah lan disauiyah, Sang Maharsi duka tan sipi, satémah nyupatoni mangkene: „Heh Asuraraja kang kaduk diksura! Amarga tindakira bangéti nyenyamah lan nyawiyah marang ingsun, sira lan andhahani ire bakel sirna samangsa ana manungsa muungkah ing puake wukir Gadamadana.”

„Dadi, patine Asuraraja Prabu Maniman lan para yaksa-raséksa andhahane iku amarga kétaman SOT-e Maharsi Agastya, Maharsi kaswargan kang bangéti kesuera.”

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Kuwera banjur kondur menyang kahyangan, didherakake para yaksa-gandarwa; wondene Pandawa (lan Dwi Kresna, Maharsi Lomasa lan Rési Domya) ora tumuli kondur menyang padhepokane Maharsi Arstisena, nanging lerém ana ing puake Gadamacana, ngénteni turmurune Arjuna ing Marcapada.



Pandawa lèrém ana ing pucake wukir Gadamadana karo nggentur tata. nenuwun marang Jawata bisa enggal ketemu karo Arjuna.

Kocap Sang Palguna, wis 5 warsu ana ing Indrabawana. Para Lohapula (Bathara Indra, Baruna, Yama, Kuwera), Bathara Pawaka (Agni), Bathara Pasupati (Siwah), Bathara Bayu lan sapanunggalane wis padha maringi sanjataning ayuda. Ing sawijining dina Arjuna ditimbali déning Bathara Surapati (Indra), dingéndikani mangkene: „Putruning sun Arjuna! Sira wis wayahé tumurun ing marcápada kumpul karo para kadangéra hang wis lawas bangét onéng marang sira. Miturut pamawasing sun, sira wis wasis nandukake sawar-naning sunjata saka péparing para dewa. Sira wis nyimakake mungsuhé para dewa, yaiku mbrastha para Niwatakawaca 30 yuta kehe kang anératon ing dhasaring samodra. Lan sira uga wis mbrastha para asura kung adédunung ing aksasa, kung kadhatone bisa nglayang-nglayang ményang ngéndi bae hang dikarépake. Dadi, sira wis darbe Elabuhan gédhé murong para dewa. Bangét panarimaningsun. Saméngko sira tingsun paréngake tumurun ing marcápada awahara kretaningsun kinusiran Bathara Matali sing saiki wis saméktta, kumpula maneh karo kadangéra kabeh. Gégaman péparing para dewa gawanén kabeh, aja ngonti ana kang kari, momotna ing kretaningsun. Gégaman-gégaman iku ora bakal nguciwané, manawa ing témbe sira tamakake marang mungsuhira ing madyaning Bharetayuddha.”

Separi purnaning ngéndikane Bathara Indra, Arjuna sawise nyungkémi padane Sang Bathara ngaturake gunging panuwun, banjur ngubéngi para dewa kung ing wéktu iku padha ngabyantara Bathara Indra. Sawise mangkono, musthikaning satriya darah Bharata iku banjur ngénér kreta kénacana plinatik manik nawa tétna, kinusiran dening Bathara Matali. Sawise Arjuna munggah ing kreta, kuda kinétab déning Bathara Matali, satémah mak blas! playune kuda pindha kéklatping cipta, tumurun ing marcápada.

Kocap kung padha ana ing pucaking wukir Gadamadana, Prabu Yudhisthira, Bhima, Sang Kémbar, Dewi Krésna, Maharsi Lomasa lan Rési Domya, pinuju tuméng ing akasa, kaget priksa barang gumébyar cumlorot saka géga-na. Let sakédhép netra barang kung gumébyar iku wis ndharat ing pucaking wukir Gadamadana. Sanalika Prabu Yudhisthira lan liya-liyane padha priksa yen barang kung gumébyar iku kreta titihane Bathara Indra kinusiran Bathara Matali, tinítihan Arjuna.

Sawise tédhak saka kreta, Arjuna nyungkémi padane Maharsi Lomasa, Rési Domya, Prabu Yudhisthira lan Bhima génti-génti, banjur ngrangkul Sang Kémbar, dikékép-kékép salirane lan diarasi mustakane kanthi panggalih kasok-ténsna. Sawise mangkono Maharsi Lomasa, Rési Domya, para Pandawa lan Dewi Krésna génti-génti nyungkémi padane Bathara Matali. Sawise sawaranané gégamán saka kaswargan diwétokake saka kreta dening Sang Kémbar,

Bathara Matahi pamitan marang Maharsi Lomasa, Rēsi Domya lan Pandawa, banjur munggah ing kretna maneh. Kuda kinētap, sanalika sumēmpurung ngayuh gégana. Saprapane ing Kaindras, Bathara Matahi marak Sang Hyang Surapati. (Suru = dewa. Pati = ratu. Surapati = ratuning dewa, yaiku Bathara Indra).

Ing sapungkure Bathara Matahi, para Pandawa lan Dewi Krēsna budhal ményang padhepokane Maharsi Arstisena kairid Maharsi Lomasa lan Rēsi Domya. Saprapane ing padhepokan, sawise ngaso sawatara suwene, Prabu Yudhisthira ngéndika marang Arjuna: „Yayi Arjuna! Pun kakang bangét kumacelu kumudu-kudu tumuli wuñding wuñding gégaman oleh-oleh-ira saka Suralaya; mudane yayi, mara tuduhna marang ingsun wuñding gégaman peperinge para dewa.”

„Nuunun inggih sēndika, kaka Prabu.”

Sawise matur mangkono, Sang Panéngah Pandawa banjur ngasta langkap aran Gandhewa lan slompret aran Dewadatta (ing padhalangan sinébut slompret Dewadénta), kaya nédya méthukake krodhane parangmuka, banjur mbukak kandhaga (jinisé péthen diawa) wadhah sanjata.

Nalika Arjuna wiwit ngétokake gégaman kaswargan saka kandhaga, ing marcapada tuwuhi garu-gara gora reh kagiri-giri. Bumi gonjang-ganjing, langit kélap-kélap, gunung manggut-manggut, samodra kocak pindha kinébur. Jagad síma angine, sréngenge ilang sorote, géni ilang urube, para dewa-rési síma panguwasane; para makhluk kang adéduuning ing dhasaring pratala padha giris-miris, satémah padha miétu ngrubung Sang Panéngah Pandawa mangun kalangan kanthi lunguh mabukih tumungkul amarikélu, muka pindha konjém ing pratala; kabeh padha rutnungsa kobar dening sanjataane Arjuna, mulane padha ngrérintih ngashé-asih nyewun diuripi. Para kinnara (makhluk sajrone dongeng awujud saténgah manungsa saténgah manuk), guhyaka (makhluk saténgah dewa pandhereke Bathara Kuwera), gandarwa (juru ngidung kaswargan), para yaksa-raséksa uga padha prpta, mangkono uga para dewa, para apsara lan pura widadara.

Jlég! Bathara Narada tumédhak saka akasa rawuh ing ngarsane Arjuna, ngéndika mangkono: „Wo Arjuna, Arjuna! Kapriye dene sira kok ngétokake gégaman saka kaswargan. Apa sira durung tampa piwéllinge Bathara Indra, manawa gégaman kaswargan iku ora kéné diwétokake ing sawayah-wayah. Wruhanira Arjuna! Gégamanira kang pinangkane saka péparinge déwa, kénéne sira wétokake mung manawa nédya sira pigunakake ana ing medyaning Bharatayuddha ing témbé. Enggal kukutén lan simpénen sawarnaning gégaman kaswargan iku.”

Sawise ngéndika mangkono, Bathara Narada banjur kondur ményang Suraloka. Wondene Arjuna, ing sapungkure Sang Bathara, tumuli ngukut lan nyimpéni kabeh sanjata péparinge Jawata, dilébokake ing kandhaga maneh.

Maharsi Lomasa watara wis sawarsa lawase olehe tansah tut-wuri angayomi Pandawa sajrone lèlana brata. Baréng nguningani kaanane para Pandawa ana ing Wadari wis bisa sumeleh panggalihé amarga wis kumpul karo Arjuna, panjénengane banjur pamitan nédyā kondur dhewe menyang padhe-pokane. Prabu Yudhisthira sakadang ngrumangsani bangét bécikling pamoenonge Sang Maharsi marang para Pandawa, pangréngkuhe kaya marang atmajane dhewe. Tanpa pangayomane Maharsi Lomasa, ora bakal klakon Pandawa bisa lèlana brata nganti tékan pucaking wukir Gadarmadana. Awit saké iku, Pandawa rumangsa abot bangét panggalihé bakal tinggal dening panjénengane. Prabu Yudhisthira nawantu-wantu atur pantiwune marang Maharsi Lomasa. Para Pandawa lan Dewi Dropadi génti-génti nyungkémi padane Sang Maharsi karo rawat waspa. Sawise ngrahani pépuji sasanli wijayanti marang para Pandawa lan Sang Dewi. Maharsi Lomasa banjur kondur menyang padhe-pokane.

Pandawa nganti sasasi térom ana ing Wadari. Saben bengé, sadurunge sare, Arjuna nyaritakake pangalamanane, yaiku pangalaman:

1. Nalika miratapa ana ing wukir Indrakila digodha widadari pitu, yaiku: Dewi Supraba, Dewi Tilottama (ing padhalangan: Wilutama), Dewi Warasiki, Dewi Surendra, Devi Gagarmayang, Dewi Tunjungbiru lan Dewi Léngléngnulat.
2. Nalika kérawuhan Bathara Indra banjur bantah kawruh (ber-diskusi)
3. Nalika késékar Pathi Manirantaka agéparah Mamangmurka nédyā ngrusak pratapan lan mirajaya Sang tata (Arjuna).
4. Nalika perang-tandhing rok-bandawula-pati lumawan kerata kang wasanane kerata iku banjur mancala warna Bathara Mahadewa (Séwah) lan maringi sanjata Pasupati.
5. Nalika munggah menyang Sriwijaya awahana krete Stihane Bathara Indra kinusiran Bathara Matali
6. Nalika pinaringan sanjataning ayuda dening para Lokapala (Bathara Indra, Bathara Baruna, Bathara Yama lan Bathara Kuwera).
7. Nalika digandrungi dening Widadari asma Dewi Urwesi kang wasanane ngésotake Arjuna dadi wong wondu, amarga Panéngah Pandawa iku ora karsa nglanggali kasmarnane Sacré Dewi.
8. Nalika puruhita marang Bathara Citrasena sinar kagunan-karawitan lan beksa,
9. Nalika mbrastha para Niwatakawaca kang asasana ing dhasaring samodra kang kehe télungpuluhan yuta.
10. Nalika nyirmakake para Asura Polama lan Kalakanja kang arératon ing awang-awang, kang kadhalone aran Hiranyapura bisa nglayang menyang ngéndi bae kang dikarépake dening Asura Polama lan Kalakanja.

Wiwit kumpul karo Arjuna ana ing Wadari, panggalih para Pandawa lan Dewi Krësna tèntrému-ayém, ora ana bab kang disumélangake. Prabu Yudhisthira, sabén kelingan marang gégamane Arjuna péparinge para Jawata, panggalihé gédhe bangét, némitokake yen Pandawa ing témbé bakal unggul ing Bharatayuddha. Sadurunge kumpul karo Arjuna, Prabu Yudhisthira kérép mélang-mélang panggalihé, luwih-luwih manawa pinuju tininggal Bhima, nguwatirake yen kétékan békaya. Saiki, panjénéngeane ora tau kagungan panggalihé was-sumélang, sanajan Bhima pinuju ora ana. Sababe, ora anane Bhima isih ana sing diéndéléake, yaiku Arjuna. Mulane sabén Bhima pamitan arep apa ta apa. Prabu Yudhisthira mèsthi marengake.

Ing sawijining dina Bhima pamitan marang kadange wréda nèdya mbébédhag ing alas kang akeh békuroné. Sawise diparéngake, panjénéngeane banjur samekta nggendorong endhong isi jémparing lan ngiwa langkap, nuli nusup-nusup ing alas. Manawa mranggul kidang, ménjangan, waraha utawa singa ana ing gégrumbulan kang disasak utawa ing békondhotan kang diwiyak, kewan-kewan iku mung disarpane sarina asta bae. Wondene békuron kang adoh saka salirane, manawa dioyak ora bisa kécandhak, dilépasí warastra.

Sang Panénggak iku yen pinuju mbébédhag, panggalihé gembira bangét. Kérép lunjak-lunjak, surak-surak, békik-békik, kélok-kélok bocong, gedug-gedug, nyablek-nyablek wéntis, awit saka bangting gembirané. Ora mung sato-alas kang ásilil papat kang diincér dening Bhima sajrone mbébédhag, sanajan kewan sing nlosor, ula, iya dialap.

Nalika Bhima pinuju ngaso lengkah ing sangisor wréksa, dumadakan priksa ula nlosor, enggal-enggal dioyak. Amarga ula iku nèdya lumébu ing guwa, Bhima tumuli mancolot nglumpati, banjur nyégati ula karo ngungkurake guwa tanpa toleh wuri. Lagi bae Bhima tumandang nèdya nubruk ula iku, dumadakan ana *NAGA* saglugu gédhene métu saka guwa, nyauft salirane Bhima térus ginubédi wiwit saka samparan tékan pamidhangan. Cangkéme naga mangap katon abang kaya témbagi lan amba pindha wiwaraning guwa, siyunge papat gédhé-gédhé katon mingis-mingis, ilate cawang meled-meled mémédeni, minipate sumorot, napas utawa ambékane kaprungu ngésés-ngésés. Sajake naga iku wis antuk nugraha kaséktan saka Jawata, awit saka gédhening kasutapané, mulane sanajan kékututané Bhima padha karo dirada saléksa tur tandhang kaprawirané, ora bisa ngalahake karosane naga. Ing sakawit Bhima uga nèdya lumawan naga, nanging sabén Bhima obah, panggubéde naga saya singset, mulane panjénéngeane banjur mèting bae.

Wasanane Bhima kewiyos pangandikane mangkene: „E, naga! Bangé gumuning aliku marang gédhening kékututanmu. Sumurupa, aku iku Bhima, atmajane Prabu Pandu kang parénggak, adhine Prabu Yudhisthira,

Gédhening kékuwatanku padha karo dirada soleksa, mulane sajég-jumléng durung tau ana titahing Bathara kang bisa ngosoroke aku. Hta kok saiki kowe bisa ngalahake aku. Apa kowe antuk nugrahaning Javata, dene karosanmu ngungkuli kékuwatanku?"

„O, naga! Saiki aku lagi mangréti, yen kaséktén iku sajatine ora kéné diéndél-éndéléake. Wong sékti, ora sing ngluwih sékti. Sing luwih sékti, isih ana maneh sing ngungkuli séktine. Mulane kléru manawa manungsa ngédirédirake kaséktén utawa kaluwihare. E, naga! Aku kogubédi sing-séti mangkene, nedya sira kapukake?"

Naga: „Wruhanira Bhima! Aku iki wis suwe héluwen, jalaran wis pirang-pirang dina ora antuk mémangsan; mulane sira nedya dakhmangsa. Sira panceñ wis piñésthí dadi mérnangsanku, amarga sira téka dhewe ana ing sacédhakku, tanpa dakhupaya. Sadurunge dakhmangsa, sira dakhblakani, sapa salugurié aku iki. Wruhanira Bhima! Aku iki salugune Prabu Nuhusa kang wis asalira dewa, lire wis adédunung ing Surabaya, ing kahyangane Bathara Indra; mandar aku wis tau nggénteni kalénggahané Bathara Indra, ngratoni para dewa ing Kaindran. Nenging amarga saka hestruruning tindakku kaduk weni nyényamah para dewarsi Koswagan, aku banjur diSOT-ake dening Maharsi Agastya "kéjengkang saka Koswagan," humleyang tiba ing marcapada awujud naga ana ing hene nganti saprone. Safrone aku isih humleyang ana ing awang-awang, panjénengane Maharsi Agastya ngéndika: „Samangsa jéngandika sampun dhauyah ing marcapada awujud naga, sadaya makhluk ingkang kégé-pok salira jéngandika temiu tanpa daya, sirna kéléiyatan utawi kesékténipun. Wondene ingkang piñésthí hadhé sagéd ngéntas jéngandika sakting maujud naga, namung janma linangkung lagkang sagéd njawab pitaken jéngandika."

Bhima: „E, naga, sunurupe! Aku ora nggétuni marang kojuring awakku ing dina iki, amargaaku ngéti manawa, titah iku ora bisa oncat saka pésthí. Pépésthen iku luwih kuwat tinimbang apa bae. Pambudidayaning manungsa ora bisa nduwe pépésthening Javata. Aku ora nrihatinake awakku dhewe, sanajan aku bukal sirna komangsa. Sing bangéti dákpruhatinake kadang-kadangku kang lagi ngalami urip hé tulat-tula katali dadi wong buwangan ana ing sajroning alas, amarga kadangku wréda Prabu Yudhisthira helangan-nagara, kalah main-dhadhu lumauan Korawa kang aloku cidra. Mendaft susahé kadang-kadangku kabeh yen aku komangsa, mèsthi padha bingung pating bilulung nggoleki ményang ngéndi-éndi, amarga ora ngéti yen aku wis mati. Apa maneh ibuku kang wola-wali ngudangku bisa ing témbé békabaréngan karo yayi Arjuna ngébut batining nagarane kuka Prabu, mendaft pépésing panggaléti yen ora hétemu aku maneh sawise Pandawa ana ing pambuwang-an. ———"

Durung rampung ngéndikane Bhima késaru rawuhe Prabu Yudhisthira kang wis suwe nusup-nusup gégrambulan lan bébondholan ngupaya Bhima, ora ketang salirane babak-bunyaé kéréndhet-rendhet éri warna-warna. Ora

kayaa kageting panggalane Prabu Yudhisthira priksa Sang Panénggak ginubéd naga.

„Adhuh yayi Bhima! Kapriye mula-bukane, dene sira nganti ginubéd naga saprabatang gedhene, yayi?“ Mangkono pandangune Prabu Yudhisthira.

Bhima: „Kawuningana kaka Prabu! Naga iki nyaut aku nedya dimangsa, amarga keluwen. Dhek mau naga iki ndhélük ana ing sajroning guwa. Aku babar-pisan ora ngira yen guwa iku ana nagane. Nalika aku ngungkurake guwa amarga nyégati ula kang nedya manjung ing Jérone, dumadakan aku disaut naga iki tèrus digubéd mangkene ikl.“

Sawise midhangétake ature Bhima, Prabu Yudhisthira banjur ngendika marang naga: „E, Naga! Sira iku naga saka ngéndi, lan sapa aratira, dene bisa ngasorake karosane yayi Bhima?“

Naga: Dhek mau aku wis pratela marang Bhima, manawa aku iki naga saka Kaswagan mancala-warnane Prabu Nahusa, amarga kétaman ing SOT-e Maharsi Agastya.“

Baréng midhangé tembung „Prabu Nahusa,“ sanalika Prabu Yudhisthira mak kédhéprék lenggah ing bantala, banjur matur kanthi bangé susila anor raga: „Dhuh-dhuhi adhuh, kangiéng eyang! Manawi mahatén, selugunipun paduka punika lèluhur kawua, inggih lèluhuripun para Pandawa sedaya. Kawuningana, kangiéng eyang! Kawula punduk pambayunipun Pandawa, nama kawula Yudhisthira. Mugi wontena kaparéng paduka karsa nampi sémbah kawula, kangiéng eyang.“

Naga: „Jya, Yudhisthira! Ingsun tampa pangabéktinira marang ingsun; ora liwat puji-pangestuningsun tumrapa ing sira.“

Yudhisthira: „Puji — pangestuipun kangiéng eyang dahat kawula pundhi, dadosa jimat paripih, mewaaana kauwanan kawula. Kajawi punika kangiéng eyang, mugi wontena kaparéngipun kangiéng eyang karsa nguwakalén adhi kawula pun Bhima. Kawuningana kangiéng eyang! Bhima punika minongka andel-andel kawula lagkang badhe ngrebat wangsulipun nagari kawula (Indraprastha) sésaréngan kaliyan Arjuna. Manawi Bhima sira, télas pangajéng-ajéng kawula sagéd ngrebat wangsul nagari kawula seking pangruwaosipun Korawa.“

Naga: „Méngko dhusik Yudhisthira, uruhantira! Dhek mau ingsun uga wis pratela marang Bhima, yen bisare ingsun ruwad saka mawjud naga lan bali wujudingsun kedi wingi-nguni kanthi osalira dewa, manawa ingsun wis ketemu karo janma limuwih kang bisa mangsuli kanthi patitis pandanguningsun. Mangkono ngéndikane Maharsi Agastya kang ngé-SOT-ake marang ingsun. Awit saka iku Yudhisthira, manawa sira bisa njawab pandangungingsun kanthi patitis, sanajan tanpa sira suwun, Bhima mesthi ingsun uwaleke. Nanging yen sira ora bisa mangsuli pandanguningsun, ora mung Bhima kang ingsun mangsa, sira uga ingsun untal pisan.“

Yudhisthira: „Nuwun, kaagieng eyang! Mugi-mugi kawula sagénd ngaturi wangsulan pandangan paduka ingkang ngantos adamél panujuuning panggalih paduka.“

- I. (Naga): „Watak-wantune brahmana iku kudu kapriye, Yudhisthira?“
- II. (Yudhisthira): „Kédah iélas-asih, ngéungakén pangapunién, botén nate dora, ambék paramarta, lèga-lègawa, botén mbedabéngken bégja kaliyan cilaka, nélepi dhaténg sésanggemaning brahmana.“
- I. „Wong kung wis nindakake panggawe kapriye sing mungguh sinebut brahmana?“
- II. „Inghang sampun nindakasen pandamél suci lan utami.“
- I. „Hla sing mungguh sinebuti sudra wong kung kapriye, Yudhisthira?“
- II. „Tiyang ingkang botén kasingungan watak-wantu hados ingkang sampun kawula aturakén kala wau.“
- I. „Brahmana, satriya, waisya lan sudra, kapriye kiuwajibane siji-sjine?“
- II. „Brahmana wajib nindakaken sésaji lan mulang-muruk dhaténg golongan satriya lan waisya ing kabagan isinipun catur-weda (Samaweda, Ya-jurweda, Atharwaweda lan Répuweda). Satriya mémayu ayuning prajo lan asung pangayoman dhaténg brahmana, waisya lan Sudra. Waisya wajib sréngép makarya kunge nyampeti bandha-beyanting prajo. Sudra wajib nyamektakaken ténzga kunge kapréluuning brahmana, satriya lan waisya.“
- I. „Kang sinebut wong utamaiku wong kung kapriye?“
- II. „Inghang sénéng dédara, ginémpun soe, botén purun dora saha botén adamel sak-sérikung manahiyun ngusunes.“
- I. „Kajaba gadhung lan hécubung, apa sing bisa njalari mèndém?“
- II. „Rupi bagus utawi ayu, pangkat utawi drajad, panguwaos, hamulyan lan kawibawan punika ugé sagénd murugakén mèndém, liripun tiyang ingkang kasinungan makeien punika adhakanipun lajeng kétuwuhan pambégan sumangkeyan, cdigung-guméndhung, sapa sira sapa ingsun, ngédir-édirakén kalangkungnipun.“

Isih akeh maneh pandangune naga, kéröncon yen dipratelakake kabeh. Sawise kabeh pandangune diatui wangsulan dening Prabu Yudhisthira, Prabu Nahusa ruwad saka kawujudan naga lan banjur asalira dewa, null mak lap musna. Iku mratandhani bénre kabeh atur wangsulané Prabu Yudhisthira.

Sawise uwat saka gubédaning naga, Bhima banjur ndherekake Prabu Yudhisthira kondur ményang padhepokan ing Wadari.

253. PANDAWA KONDUR ING PADHEPOKAN ALAS KAMYAKA, KERAUWUHAN PRABU KRÈSNA LAN BAGAWAN MARKANDHEYA.

Sawise nyare ana ing Weduri sawatara wéngi, Pandawa lan Dewi Krésna dilirid dening Rési Donya kondur ményang alas Kamyaka, ngambah dalan kang diliwati nalika tindake. Ora kocap sasuwene ana ing dalan, ganeanging carita Pandawa wis prapta ing alas Kamyaka, kinurnatan dening para brahma, para pandhita sarta para tapa. Wiwit Pandawa adhédhepok ing alas Kamyaka maneh, sabén dina akeh brahrana, pandhita lan para tapa kang padha tétingjo para Panduputra.

Ora gantalan sasi saka kondure Pandawa ing padhepokan alas Kamyaka, wis kaptiyarsa dening Prabu Krésna. Awit saka iku, Ratu ing Dwaraka iku enggal-enggal tétingjo ményang alas Kamyaka, tindake awahana rata apanggrid turangga aran Seuriyo lan Sugriwo, lenggahe ana ing sajroning rata jajar karo prameswari Dewi Sétayaboma. Sapraptane ing padhepokan alas Kamyaka, tédhake saka ruta, Prabu Krésna rérangkulun karo Prabu Yudhisthira, Prameswari Dwaraka rérangkulun karo Dewi Krésna. Sauwale kang padha rérangkulun, Bhima-Arjuna lan Nakula-Sahadewa padha gènti-gènti ngabékti marang Prabu Krésna lan Dewi Sétayaboma.

Sawise padha bage-binage kasugéngan, Prabu Krésna ngéndika: „Yayi Prabu Yudhisthira! Kula rumaos tumut bégja, dene yayi Arjuna sampaun tumurun sahing Indrabawana kanthi angsal damel, kripun sagéd mbékta angsal-angsal dédamel sahing péparidigipun para Jauata Kawuringana, yayi Prabu! Samangke bangsa Wrésni sampaun samékta dédaméling ayuda, kantun ngéntosi dhawuhipun yayi Prabu, benjing punapa Korawa nédy rinabasa ing yuda.”

Sawise ngéndika mangkono, Sang Janardana tumulih noteh marang Dewi Krésna karo ngéndika: „Ingsun muji sukur mangayuhagya, dene yayi Dewi wis bisa kélému maneh karo yayi Arjuna. Wruhanira yayi Dewi! Para putranira lima pisan: Pratiwindya, Srutasoma, Srutakirti, Satnika lan Srutasesa (Sratakarmen) ana ing Durarawati kumpul karo Abimanyu, kabeh padha séneng ulah kaprajuritan marang Rukminiputra (Pradyumna), seiki wis padha wasis-wasis ulah gelaring baris lan lèbda nandukake sanjetaning ayuda maneka warna.”

Sawise ngéndika mangkono marang Dewi Pancali (Pancali tégése putri ing Pancala, maksude Dewi Krésna) Prabu Krésna banjur ngéndika maneh marang Prabu Yudhisthira: „Kawuringana yayi Prabu! Kawuringana, samangke para satrya bangsa Wrésni, bangsa Yadawa, saha bangsa Andaka sami ngajéng-ajéng dhawuhi-timbalanipun yayi Prabu, benjing punapa anggenipun kédah sami ngrabasa Korawa sawadyabalanipun. Wadyabala bangsa Madawa ugi sampaui sawega dédaméling ayuda, dipun-tindhihi dening kaka Prabu

Balarama piyambak asikép nènggala, sadaya sami ngéntosi dhawuhipun yayi Prabu. Wadyabala Medawa punika wonten ingkang alampah dharat, wonten ingkang awahana rata, dirada utawi turangga, sami ngajap enggaling campuh yuda lumawan Korawa sasrayanipun. Duryodana pambayuning Korawa saklangkung angkara-murka abudi condhala, prayogi tumunién dipunsirnakahén, supados yitmanipun manunggil kaliyan yitmanipun Prabu Bhoma atmajanipun Prétwi. (Prabu Bhoma, miturut layang Bhomakwya, iku Danawaraja Ratu ing Prajotisa kang diprofesa Prabu Krésna saha dhawuhé dewa, amarga Ratu ing Prajotisa iku nedya ngéndhilih panguwasané Bathara Indra. Nanging miturut carita padhalangan, Prabu Bhoma utawa Suteja iku Ratu ing Trajutrisna atmajane Prabu Krésna miyos saha Dewi Prétwi; wondene Dewi Prétwi iku atmajane Sang Nagaraja ing dhasaring pratala (ragara Suratéleng?).”

Prabu Krésna mbanjurake ngéndikane: „Yayi Prabu Yudhisthira! Nalika badhe wiwit main dhadhu, yeiyi Prabu nétepakanéh prajanjian kaliyan yai Duryodana. Prajanjian punika yayi Prabu sampun wancinipun ngrebasé Korawa sasrayanipun kanthi pambilyantunipun bangsa Wrésni, bangsa Andaka saha bangsa Yadawa. Pandawa témitu badhe unggul lumawan Korawa, saha yayi Prabu luéng nglènggahi dhampar koprabon Hastina mangreh jagat tanpa sisihán.”

Prabu Yudhisthira: „Dhuh kaka Prabu, pangayoman kula sakadang Pandawa; lan biggih namung kaka Prabu ingkang minangka andélin-andélinipun Pandawa. Kawuningana kaka Prabu. Prajanjian ingkang sampun kula sanggémé makaten: gésang wonten wara dadus tiyang bucalan laminiipun 12 warta, lajéng nanur salira gésang sésingidaan laminiipun 1 warta. Samangke sawéng klampati 11 warta, dadus wiwitipun namur salira taksih kirang 1 warta; gununggunipun kaliyan gésang sésingidaan taksih kirang 2 warta. Marawil sampun dumugi mangsa kalaripun Pandawa lumawan Korawa, botén sanes kaka Prabu ingkang minangka agul-agulipun Pandawa botén badhe ngingheti janjinipun dhaténg Korawa.”

Lagi samono imbal-wacanane Prabu Krésna karo Prabu Yudhisthira banjur kandhéng, amarga késaru rawuhe Bagawan Markandheya. Sang Bagawan iku gentur kasutipane, panggalihé suci, kalis ing cipta-ripta ala. Mulane sanajan yuswane wis maewu-ewu tnan, katone kaya lagi saténgah tuwuuh. Pasuryane mancorong, panggalihé sidih bangéh, mulane bisa priksa ka-anane Trikala/na (kawicaca: trikalatnya), yaiku kaanan ing télung jaman (jaman kang wis klakon, kang lagi klakon lan kang bikal klakon). Panjenéngane wis nyalira kawicaksanan, priksa kaluwihane para dewa, para gandarwa, para yaksa lan para Narendra kang kasusra ing jaman kuna. Ora mung para Pandawa kang méthukake rawuhe Sang Bagawan, nanging uga Prabu Krésna lan para brahma kang nalika samana mbénéri lagi tétingo para Pandawa. Tanduke Sang Bagawan marang kang padha méthukake rawuhe, alus lan sumadulur.

Sawise Bagawan Markandheya lenggah, Prabu Krësna matur: „*Dhu h
Sang Bagawan, pêpundhening jagat-traya! Kula, para Pandawa saha para
brahma ingkang wonten ing ngriki punika saklangkung kumecelu kepe-
ngin mirèngahèn pangandika paduka. Milanipun manawi dhangan ing pang-
galih, wontena kaparèng paduka karsa ngendikakakèn cariyos suci ing jamèn
kina, lèlampahanipun para Nata ingkang adil pangastarining praja, wanita
ingkang pantèr tinuled béktilipun dhatèng kakungipun, lan cariyos sones-
sanepipun.*“

Bagawan Markandheya durung nganti ngaturi wangulan marang pa-
mundhute Prabu Krësna, késaru rawuhe Bathara Narada kang uga nèdya fè-
tinjo marang Pandawa. Para Pandawa enggal-enggal marépéki kang mèntas
rawuh, padha mijiki samparane. Wondene liya-liyane olehe padha ngumati
marang Sang Bathara mung sarana juménèng bae.

“*E, Bagawan Markandheya! Maru tumuli lèksananana pamintane Prebu
Krësna. Carita aya ta aya kang ngémot té tuladan prayoga, kang mumpangati
ingatase Prabu Krësna sarta para Pandawa.*“ Mangkono ngendikane Batha-
ra Narada.

Bagawan Markandheya: „*Nuwun inggih sèndika, pukulun. Nanging
sarchning dongeng utawi cariyos kawula punika kathah sangèt, kaparènga
namung sawatawis kemawon ingkang kawula andharagèn.*“

Sawise midhangètake astur wangulanane Bagawan Markandheya, Bathara
Narada banjur kondur menyang Suralaya. Wondene Bagawan Markandheya
ing sapungkure Sang Bathara tumuli wiwit carita kaya ing ngisor iki.

Duk iug nguni Maharsi linangkung asma Maiswata Manu. Kaluhuranipun Sang Maiswata Manu satimbang kallyan Bathara Brahma. Sang Maharsi linangkung punika mratapa ing madyaning uana Wisolo, tanpa kauban wongan. Caranipun mratapa juméneng sarana simpeyan kanan, dados sampaeyanipun ingkang kiwa boten tumapak ing bantial; astanipun ngacung mangginggil. Remaripun kinlabang, mustakanipun tumungkul amari-kelu, netranipun manthéleng tanpa kédhep. Anggenipun mratapa makaten punika laminipun ngantos saléksa taun.

Ing satunggaling dinten jawah dèrés ngantos kados dipun-sokakén saking akasa. Satémah agém-agémanipun Sang Maharsi ngantos télés-kébés dening toya jawah. Nalika samantén Sang Maiswata Manu punika ngèrési mèntas mudhar tapa, juméneng wonten ing saépinjing lepen Sirini. Dumatukan Sang Maharsi priksa ulam alit sumorot mbalérèngi, nglangi nyélaki dunungipun Sang Maharsi, lajeng mattir makaten: „*Dhuh Sang Maharsi ingkang lepas ing budi! Kajinuringana, kawula punika ulam alit, ringih lan bolén darbe pangayoman; milanipun marah kawula tonsah sumélang, ajirih kamangsa ulam agéng. Panyuwun kawula, dhuh Sang Maharsi ingkang gèntur ing kasutapan!* Mugi wontena kaparénging panggalih paduka karsa paring pangayoman dhaténg kawula sarana ngéntos kawula saking lepen Sirini punika. Lepen Sirini punika saklangkung mbébawati ingatasipun kawula. Jalaran kathah ulamipun agéng-agéng saha kathah sawéripun ingkang séneng mangsa mina.”

Midhangéti aturipun ulam alit makaten punika Sang Maharsi saklangkung kamiwélasén. Tanpa manggallih pasjatig Sang Maharsi enggal-enggal mundhut ulam punika saking narmada, lajeng sineleh ing jembangan ingkang sampun ingisenan toya. Sang Maharsi inggenipun ngupakara ulam punika saklangkung gumatos-ngatos-atos, milanipun ulam punika saklangkung enggal agéng. Boten gantalan wulan, jembangan punika sampun sésak dipun-énggeni ulam punika, milanipun pun ulam matur dhaténg Sang Maharsi, nyuwun dipun-pindhah dhaténg blumbang. Panyuwunipun ulam dipun-léksanani dening Sang Maharsi. Dangu-dangu blumtang ugi sésak dipun-énggeni ulam ingkang enggal agéng punika, milanipun ulam lajeng dipun-pindhah dhaténg bengawan Ganggu. Dereng wonten sawulan wonten ing bengawan Gangga, agéngipun ulam sampun sarédi anakai.

„*Dhuh Maharsi Maiswata Manu! Sapunika bengawan Gangga sampun sésak kawula énggeni. Panyuwun kawula, wonéna kaparéng paduka karsa mindhah kawula dhaténg papan ingkang saklangkung kobet, inggih punika dhaténg samodra.*” Mangkono ature matsya (iwak).

Maharsi Maiswata Manu mituruti panyuwunipun mina. Sanajan agéngipun mina sapunika sampun sarédi anakai, paradene Sang Maharsi rumaos

entheng kemawon pamanggulipun dhatèng samodra. Sarèng sampaun dipuncémplungakén samodra, mina punika matur makaféni: „*Dhuft Sang Maharsi ingkang tuhur ing budi! Kawula rumaos kapotongan kasaenan saklangkung agéng dhatèng paduka. Paduka sampaun ngayomi saha ngupakara kawula kanthi gunatos saho ngatos-atos, wiwit kawula taksih alil ngantos dumugi samanténi agéngipun. Kawuningana Sang Maharsi! Samangke sampaun meh dumugi wékasaniné jaman. Jagad saisiniipun badhe dipun-kukut, awit sampaun dumugi mangsakalanipun jagad punika hédaah dipunsuceri. Awit saking punika kaparéng kula ngaturi pamrayogi, kadospundi ingkang pratyogi paduka lampahi, sarehning sadaya dumados punika, ingkang sageéd ebah utawi botén, sampaun meh dumugi ing pépésthénipun ingkang saklangkung nggégirisi. Wontena kaparéng paduka tumuntén karsa yesa palwa (baita). Sasampunipun paripurna pandamélipun, palwa punika peduka iseni sawarnining wéji, lajéng paduka cémplungakén ing samodra, paduka titih sésaréngan kaliyan Rési pitu, nanging palua punika sampaun ngantos paduka lampahakén, kajéngipun kampul-kampul kombak-kombul wontén ing sacélahipun pasisir kemawon. Paduka ngéntosana pisowan kawula. Sapunika kawula badhe oncat saking ngriki, nanging ing témbé kawula badhe dhatèng malih awujud mina agung mawi singat panjang, ngattingali dhatèng paduka. Samangsa paduka priksa ulom mawi singat, tumurién paduka uncái dhadhung, kaangkaha supados dhadhung punika cumanthol ing singat. Pariyuwun kawula, woniéra kaparéng paduka karsa ndhekar aturpamrayogi kawula, supados paduka sageéd oncat saking békaya agéng ingkang badhe dhatèng.“*

Sasampunipun wéjeng makaten dhatèng Maharsi Maiswata Manu, mina agung lajéng musna. Wondene Sang Maharsi, ing sapéngkéripun mina agung, lajéng ngajak Rési pitu udamel baita. Sasampunipun dados, baita dipuncémplunakén ing samodra, dipun-iseni wihi maneka warni, lajéng dipun-titihi Kaliyan Rési pitu, nanging derung dipun-lampahakén, ngéntosi dhatèngipun mina agung ingkang mawi singat. Salébétipun ngéntosi, Sang Maharsi Maiswata Manu lan para Rési pitu tansah sami manggalih, punapa sajatosipun mina agung punika.

Sarèng Maharsi Maiswata Manu tuwin Rési pitu anggenipun ngantu-antu dhatèngipun mina agung sampaun sawatawis dintén dangunipun, dumadakan priksa samodra kocak mawalkan pindha kinébur, lan botén antawis dangu lajéng priksa mina agung asingat branggah nglangi ngénér dununing baita. Sang Maharsi Maiswata Manu enggal-enggal nyaméktakakén dhadhung ingkang sampaun kinlowong pucukipun. Sarèng mina agung sampaun meped baita, tumuntén inguncalan dhadhung dening Sang Maharsi. Klowonganipun dhadhung cumanthol ing singatipun mina agung, nanging pok-ipun (wékasanipun) tansah dipun asta kéncéng dening Sang Maharsi. Sasampunipun singatipun kékirét dhadhung, mina agung lajéng ogéblas mubéng-mubéng ing samodra. Sampaun témtu kemawon baita saisiniipun katut ing sapurugipun mina agung. Toyaniipun samodra saya agéng, wasananipun ngélébi dharat-

an. Jagad saisinipun kinèlén ing toya, dharatan babar-pisan botén katingal. Ing keblat sakawan ingkang katingal namung toya angilak-ilak nglangut tanpa tépi, gathuk kallyan langit. Panglanginipun mina agung kaliyan nggered baita ngénér pucakipun ardi Himalaya ingkang inggil piyambak. (Mount Everest? Pm).

Sadumuginipun ing pucaking ardi Himalaya, mina agung matur dhaténg Maharsi Maiswata Manu makaten: „*Dhuh Song Maharsi! Samangke wonténa kaparéng paduka karsa nanceng baita punika wontén ing ngriki.*”

Maharsi Maiswata Manu sarta para Rési pitu sami tédhak suking balita, lajéng nancang baitanipun ing wréksa banyan. Pucakipun Himawan (Himalaya) ing panggenan ingkang kangege nancang baita punika ngantos dumugi sapriki taksih kétélah nama *NOBANDAKA*, tégésipun pelabuhan.

Saréng baéta sampun hacancang, mina agung matur malih dhaténg Sang Maiswata Manu, nanging attripun sapunika mawi basa ngoko, makaten: „*E, Manu, wruhanira! Ingsun iti salugune BRAHMA, gustine sagung dumodi Wondene wigatine anggoningsun mancola warna awujud mbita, amarga ingsun nédyá asung pitulung marang sira, supaya bisa orcat saku bëbaya gëdhe mangkene iki. Sira iku MANU, kang bakal dodé lan taran tumitake sagung dumodi, kayata: para dewa, usura, gandaria, manusia lan sapartunggalane.*”

Sasampunipun matur makaten, mina agung ingkang salugunipun mancala warnipun Bathara Brahma punika lajéng müsna.

Tékan mustiane mina agung, Bagawan Markandheya oleh carita mandhèg, Prabu Krésia pamitan marang Sang Bagawan lan marang para Pandawa, banjur kondur ményang Dwaraka sapandhizeke.

255. KAWONTENANIPUN TETIYANG ING SATUNGGAL-SATUNG-GALIPUN JAMAN.

Ing sapungkure Prabu Krësna, Prabu Yudhisthira matur dhateng Bagawan Markandheya: „*Dhuh Sang Maha Muni! Kaparéngka kawula cuman thaka nyuwun priksa, kukutipun jagad saisinipun punika ing jaman punapa, saha sasampunipun jagad punika dipun-kukut, lajeng kadospundi?*”

Bagawan Markandheya: „*Kaweningana sinuwun! Kukutipun jagad saisinipun punika ing wékasuning jaman Kali utawi Kaliyuga. Sasampunipun jagad saisinipun dipun-kukut, Bathara Brahma lajeng ngwontenahén jagad enggal kanthi petangan jaman ingkang kawastanan Brahmayuga, tégésipun jaman Brahma. Brahmayuga punika koperang dados jaman alit warni 4, inggih punika:*

1. *Krétayuga* (jaman Kréta), umuripun 4.000 taun, siyang saha dalunipun umuripun 400 taun. Dados umuripun Krétayuga $4.000 \times 365 \times 400$ taun = 584.000.000 taun.
2. *Tretayuga* (jaman Tirta), umuripun 3.000 taun, siyang saha dalunipun umuripun 300 taun. Dados umuripun Tretayuda $3.000 \times 365 \times 300$ taun = 328.500.000 taun.
3. *Dwaparayuga* (jaman Dupara), umuripun 2000 taun, siyang saha dalunipun umuripun 200 taun. Dados umuripun Dwaparayuga $2.000 \times 365 \times 200$ taun = 146.000.000 taun.
4. *Kaliyuga* (jaman Kali), umuripun 1.000 taun, siyang saha dalunipun umuripun 100 taun. Dados umuripun Kaliyuga $1.000 \times 365 \times 100$ taun = 36.500.000 taun.

Kukutipun jagad seisinipun ing wékasuningan Kaliyuga, dipun-wastani kiyamat.

„*Dhuh musthikaning Narendra aaroh Bharata! Mugis karsaa nelingakén pamiyera, kula bedhé ngandharahén kawontenanipun tétiyang ing satunggal-satunggalipun jaman.*”

1. *Ing jaman Kréta (Krétayuga), wéwatakanipun tétiyang, pikiranipun, ginémipun saha pahartinipun sarwa-sariwi swé. Watak jebl-muthakil, ginen goroh utawi dora, tindak jalig-culika, botén wontén. Lampah cé-cengilan botén wontén. Tiyang miténah dhateng asanes, botén wontén. Tiyang melik darbeking asanes, botén wontén. Tiyang mikantukakén bádanipun piyambak, mihantukakén sadherek utawi golonganipun piyambak, botén wontén. Sadaya tiyang sami ngluhurakén watak utami saha tindak susila. Botén wontén lampah dursila. Golongan brahmana, satriya, waisya lan sudra sami nétepi dharmanipun piyambak-piyam-*

bab hanthi sépén ing pamrih, saha sami ngéunggakéen watak wélos-usih Para brahmána sami séneng muje-samadi, nindakakéen sésaí saha mémulang isinipun Weđa dhaténg para satriva lan para waisya. (Golongan sudra botén kengling tumut mirénggakéen piueulang isinipun Weda. Pm). Para satriva sami séngsém ulah kaprajuritan lan asung pangayomian dhaténg para brahmána, para waisya lan sudra. Para waisya sami séngkuh ngémpalakéen rajabrama sarana laempah dagang utawi nénuukang, bé, bathenipun (saperangan kangge prabeyaning nagari). Para suntra sami békti lélédi. Para pondhita sami géntur kasutapanipun. Ing jaman Kréta ing pundi-pundi kawonténanipun sarwa-sarwi nyéñénggakéen. Pakébonan-pakébonan kékak wét-wétan ingkang wahipun mirao, tur saklangkung ndados. Pala képéndhém, pala-gumanlung bolén kirang. Kurang hirna utawi karang-kitri vohipun ngémohi. Ing pundi-pundi hérep wonten sésaí saha képléng iuwitlénipun brahmána ngidunggakéen isinipun Weda. Candhi-candhi sahu papar suci sanes sanesipun sami dipun-ruktí sue. Kathah pawiyatan uwini asrama padununganipun para brahmána suswanipun. Kathah sumber agéng-agéng ingkang toyanipun béningsakincling-hincling piérdha kaca. Tumurunipun toyah jawah hanthi mangsa ingkang ajé. Sedaya wiji, sanawan dipun-sébar utawi kalaném in mangsa punapa kerawon tuwuhipun lémbru sue ndéménakakéen. Manawi Kértrayuga puniko dipun-pépindhakakéen lémbru, lémbru ingkang sukunipun taksih wélah (langkép) 4, tur sedaya tanpa ceda.

2. *Sasampunipun jaman Kréta, gantos jaman Tirta (Tretayuga). Ing jaman Tirta colong-jupuk, lampah dursila, sampaun wonten, nanging dereng kethah. Cacahipun tiyang awon walauwé namang 25 %, ingkang umbéh utami 75 %. Dados cacahipun tiyang sue tikèl 3 tinimbang ingkang awon. Manawi jaman Tirta dipun-pépindhakakéen lémbru, lémbru ingkang sampun cocad, sikunipun sampaun haloog 1, kantun 3. Sarehning cacahipun tiyang utara langkung kathah tinimbang ingkang arcon, dursila gampil dipun-brastha. Candhi-candhi, papar-papar suci, taksih dipun-aji-aji, dipun-ruktí hanthi sue. Tétiyong golongan brahmána, satriva, waisya lan sudra taksih cétha pépilahanipun, taksih sami nélepí dharmainipun piyambak-piyambak. Taksih hérep hépiéng suwatenipun brahmána ngidunggakéen isinipun Weda. Tiyang olampah tapa-brata tak sih kathah.*
3. *Ing jaman Dwapara (Dwaparyuga, jaman Dupara) cacahipun tiyang awon mindhak 25 %, dados 50 %, cacahipun tiyang sue sido 25 %, kantun 50 %. Dados cacahipun tiyang awon sami kaliyan tiyang ingkang ambéh utami. Jaman Dupara, pépindhahipun lémbru sukunipun kantun 2, sampaun kathah kuciwaniipun. Lampahing pagrentahan hérep ngulami réribéld dening pandamélipun tiyang awon. Nanging pandaméld awon taksih gampil kabrustha, jalanan cacahipun tiyang awon dereng langkung kathah tinimbang ingkang sue. Tiyang olampah tapa taksih wonten.*

nanging boten kathah. Candhi-candhi tuwin papan-panggenan suci tak-sih harimat soe. Lampah cécengilan, padudon utuwi régejégan, tindak dursila, colong-jupuk, sampun kethah.

4. *Jaman ingkang wéksan nama Kaliyuga (jaman Kali). Ing jaman Kali kathah lampah lélémisan, kathah tiyang mentala alampah cidra dhaténg rencangipun. Tétiyang sami rémén dhaténg gébyar, kathah barang palsu. Umuripun tiyang boten panjang lan kalis ing kawicaksanan, jalanan sami kasinungan kamurhan saklanglung agéng lan sugih pakaréman, gagasanipun kékak piawon, ngincim-incim dhaténg tiyang ingkang nate ndamél sak-sérikéng manahipun. Sirna pépulahaning golongan brahma, satriya lan waiseya, boten wonlén prabedanipun kalyan golongan sudra. Ing jaman Kali pangréngkuhipun priyu dhaténg rabénipun namung kados dhaténg mitra. Tétiyang sami séneng ngombe puhan menda, jalanan puhan lémbru sampun langka. Tétiyang sami boten sagéd nyandhét hawa-napsunipun utawi ngéndhaleni pangangsa-angsanipun; racak sami ngumbor angkara-murukanipun, milanipun kérèp wonlén pasulayan utawi régejégan, kérèp wonlén raja-tatu utawi raja-péjah. Ing jagad kérèp wotén pépéwang ingkang murujakan kathah pépéjah. Sésaji dhaténg para dewa saha para pitri prosasat sampun boten wonlén, sabab sampun boten pitados dhaténg para dewa saha sampun sami késupen dhaténg para léléluhur ingkang sampun sami sumare. Tétiyang sami purun ndhaku darbeking asrees. Bapa mentala siya-kaniyaya dhaténg anak, anak wanu dhaténg bapa. Bapa mrajaya anak, anak mrajaya sudarma, boten kaanggèp dosa agéng. Tétiyang sami boten ajirih tumindak dose. Para brahmana sami tilar kuwanban lan nyapelekakén dhaténg isinipun kitab suci Weda. Anggenipun ngkali réribédi kanggo nggayuh sakecaning gesangipun sarana péjah-péjabhin. Tétiyang sami purun melik bagear-ing para yatim-piatu, ngrébat darbekipun warendha utawi ngakal-akal rajabrananipun wanita ingkang tanpa daya. Tiyang purun nampi pawé-wehipun tiyang awon ingkang caranipun ngulungakén sarana patrap boten susila, mandar purun nedha kanthi paméksa samukhawis ingkang boten kalal. Para satriya ingkang miturut dharmatipun kédah dados pangayomaning jagad, mandar séneng deksiya haniyaya dhaténg golongan sanesipun kanggo mikantukakén dhiri pribadi, lan purun ngrébat semah tuwin rajabrananipun para kawula. Para kénya lan jéjaka anggenipun sami laki-rabi tanpa pulihating tiyang-sépuhkipun, sami milik jodho piyambak-piyambak. Para Narendara saindénging bauana racak sami kalepetan dosa, purun ngarébat darbeking kawula sarana nandukakén pangueeosipun kanthi cara maneka warni. Boten wonlén tiyang ingkang pantés tinulod-tinulodha, ing pundi-pundi kebékan pandamél awon. Tiyang mudha punggung ngakéni linangkung, reka-reka mèdhéhar ngelmu kasunyatan. Tiyang ringkith ingah-ingih ngakéni téguh-santosa, tiyang jirih ngakéni sudira; wondene ingkang pranyata sudira,*

ngusudiranipun boten kangge ngayomi tétiyang ingkang ringih, nanging kangge lindak sasar-bélasar. Tiyang sépuh purun nasarakan utawi mbli thuk tiyang nem, satémah kyang nem boten ngrégeni dhaténg tiyang sépuh. Pandamiél dursila saya nadra, lampuh sasila saya suda. Manawis sampun célok kaliyan wékasaraning jaman Kali, para pawéstri sami boten sudi léléadi dhaténg guru-laki. Tétiyang sami boten purun sé-saji para dewa saha para piiri (léléuhur ingkang sampun sumare), lenggana sé-saji sradha (Java-kuna "Gradiha" - korban, mingséadados basa Jawi-enggal "sadran." Nyadran - wilujengan utawi sé-saji ing pangenan kramat). Tétiyang sami wéga nggalosakén pamr-yogi utami, lenggana ngestokakén wéwarahing para dwija. Pawéstri boten rumaos marém dhaténg guru-lakinipun piyambak, makaten ugi priya boten marém dhaténg rabinipun piyambak; jalér-estri sami ndurusi pépenginanipun ingkang boten prayogi. Ing pundi-pundi kathah tiyang jalér-estri ingkang seni risik aklahipun. Tétiyang aruggenipun nglampahi agami namung sakajéngipun piyambak, nyimpang saking pitédahing brahma. Amargi boten mangértos dhaténg wéwarahing agami ingkang lèrès, tétiyang mentala mrajaya brahma sarta ngalap raja-darbekipun, lan boten lengsém mratelakakén bilih barang ingkang dipun éngge utawi ingkang dipun-lédhé panika saking anggenipun ngalap darbekipun brahma ingkang dipun-prajaya. Awit saking punika para brahma sami giris mris manahipun, satémah kathah ingkang suni kesah sapurug-purug ngupidom pangayoman, nanging swajean dumugi ing pundi kemawon boten sagéad angeal pangayoman, jalaran para satrya ingkang paneenipun kedah ngayomi jagad sami boten nélepi dhaténg dharmenipun. Karhah ugi brahma ingkang sami sésingidan ing guwa-guwa utawi ing pundi kemawon ingkang hinintén boten kambah durjana.

Pratapanipun para ponithita, padhepoakanipun para Rési-Maharsi, asrama saha padununganipun para brahma sasiswanipun, pangenan-panggenan ingkang kangge sé-saji tuwín papan-papan suci sami sirne asri lan wingtipun. Tétiyang sami séneng ngombe samukawis ingkang mèndemé (inuman keras). Dhumawahipun toya jawah boten kanthi mangsa ingkang ajéng, kérèp jawah salah-mangsa. Tiyang sé-saji tempa miturut pitédahing agami. Para sudra purun cécengilan utawi régékéjan kaliyan brahma. Kathah tiyang kitih pindhadh dhaténg wana, sami bédadé utawi tétrucha, narimah nedha wowohan lan pala-kipéndhém. Boten wonien adil. Para siswa boten ngestokakén pitédahing Guru, mandar sami naiti lan hala-kala nyeda dhaténg Guru. Para Guru gesangipun kécengkrangan, satémah dipun-remehakén dening asane.

Lampahing angin molak-molak, kérèp wontén ndaru ketinggal, asring wontén sréngenge kémbar. Wulu-wédaling bumi boten kathah. Pawéstri séneng ngucup wéngis, ndaga dhaténg prentahing guru-lakinipun. Asura Ra-hu kérèp nguntal sréngenge utawi rémbulan, kérèp wontén grahana. Tétiyang ingkang sami ngalaya bumi boten sagéad pikantuk tédhé, pangombén utawi

pamondhokan, sanajan hanthi ngrerintih ngasih-asih panembungipun.

Bagawan Markandheya nutup caritané sarana pangandika mangkene:
„Céhak-céhakipun sruwun, kauwonéning jagad ing jaman Kalii, samukawis
ingkang katóngal lan ingkang kapireng, ingkang hathah-hathah bolén nyé-
nengakén manah.”



Prabu Yudhisthira matur marang Bagawan Markandheya: „Dhuu musthikaning para Maharsi! Mugi wonténa kaparenging panggalih paduka karsa ngéndikahakéen Narendra ingkang apambégan utami luhur ing budi, minangka tépa-tuladha.”

Bagawan Markandheya: „Prayogi, Sinuwun! Sumangga kula aturi ndélingakén pamulyara.”

Sawise ngéndika mangkono, Sang Bagawan banjur wiwit carita.

„Ing jaman rumiyin wonténa Narendra ajéjuluk Prabu Astaka, ndamél sésaji Aswamedha (sésaji kapal). Kadang-kadéyanipun Prabu Astaka tiga, asma Prabu Pratardana, Prabu Wasuman lan Prabu Siwi, ugi sami njuménéngi sésaji Aswamedha punika. Saparipurnarung sésaji, Prabu Astaka nitih kreta kencana kaliyan Prabu Pratardana, Prabu Wasuman lan Prabu Siwi, mubéng-mubéng mriksani haendaharaning kitih-kréjan ingkang kauparengga asri. Dereng ngantos temu-gélang ahgeripun ngubéngi kitih-kréjan, Ratu 4 punika kénéthuk Bathara Narada. Para Ratu punika sami tédhak saking kréta ngurmati Sang Bathara sarwi matur makaten: „Pukulun, wonténa kaparenging panggalih paduka karsa nitih kreta punika tétinggilan kaliyan Narendra sakawan.”

„Prayoga!” Ngéndikanipun Sang Bathara kaliyan minggah ing kreta.

Sasampunipun Bathara Nanda lenggah ing saléböteng kreta, wonten Ratu satunggal ingkang matur makaten: „Pukulun, paduka temtu botén kesamaran bliih Ratu 4 punika sarpun sami nampi nugrahaning Jewata umur panjang, saking wohing pandamélpun utami. Dados, temtunipun ing témbe sami dipun-paréngakéen manjung suwarga saha adédunung ing ngrika ngantos sawatawi lamnipun. Pukulun, wonténa kapareng paduka karsa ngéndikahakéen, Ratu 4 punika sinién ingkang big témbe badhe dhawah rumiyin piyambah saking suwarga?”

Pangandikanipun Bathara Narada: „Prabu Astaka kang bakal tiba dhisek dhewe saha suwarga; wondene sababe mangkene. Nalika ingsun nyare nganti sawafara dina ana ing kadhotan, ing sawijining dina ingsun dijak pépara ményang sajaban kutha awaham kreta kencana. Dumadakan ingsun ndulu témbo moewu-ewu kang warna-warna ulése. Ingsun téfanya marang Sang Prabu, sapine sapa iku.”

Wangsulané Prabu Astaka: „Pukulun, kawuningana! Sadaya punika témbo kawula, nanging sampun kawula dorakakéen dhaféng para kawula.”

„Gunêm mangkono iku ngêmu surasa ngalém marang awake dhewe, utawa paner yen pribadine gêdhe danane marang para kawulane. Ya iku kong njalari Prabu Astaka tiba saka suwarga. Bénêrê Sang Prabu kudu mangsuli mangkene: „Punika lèmbunipun para kawula.”

Prabu Siwi suméla atur: „Sasampunipun kantun Ratu tiga, sintén ingkang lajeng katurunakén saking suwarga?”

Pangandikanipun Bathara Narada: „Banjur kahi Prabu Pratardana. Wondene sababe, nalika ingsun rawuh ing kadhatone, ingsun dijak cangkrama awahana kreta apangirid jaran telu dening Sang Prabu. Dumadakan këpapag brahma kong darbe panembung mangbene. „Sinuwun, kaparéngga turongga pangiriding kreta punika kula suwun satunggal.”

Wangsulané Prabu Pratardana: „Inggih Sang Brahma, nanging jéngandika karsa ngentosi ing sawangsul kula.”

Brahma: „Manaoi pencen kaparéng, kaparingna sapuniq.”

Prabu Pratardana turuli mudhun saka kreta nguculi jaran siji dipasrahake marang brahma, banjur munggah ing kreta maneh nérusake cangkramane. Lakuning kretane durung sapiraa dohe, dumadakan këpapag karo brahma maneh kong uga nyuwun jaran. Sang Prabu nguculi jaran siji maneh, dipasrahake marang brahma iku, nudi mbawijurake olehe pépara. Lêt sahédhep netra këpapag brahma maneh kong uga nyuwun jaran. Jaran pangiriding kreta kong mung kari siji diuculi, dipasrahake marang brahma iku. Jalaran jarane wis éntek, kreta banjur digered dening Prabu Pratardana dhewe, nérusake olehe pépara.”

Prabu Siwi: „Pukulun, panyuwunipun para brahma dipun-léksanani sadaya dening Prabu Pratardana. Punapa sahabipun, sareng Sang Prabu seda, sampun minggah suwarga, kok lajeng katurunakén maith?”

Bathara Narada: „Wruhanira! Bénêr Prabu Pratardana mituruti panyuwune kabeh brahma, nanging olehe masrahake barang kong disuwun kanthi rasa ouél, ora kanthi ekles.”

„Sasampunipun kantun Ratu kalihi, kawula kaliyan Prabu Wasuman, sintén ingkang katurunakén saking suwarga, pukulun?” Makaten aturipun Prabu Siwi.

Bathara Narada: „Prabu Wasuman kong diturunake saka suwarga, sabobe mangkene: Ing sawijining dina mbénêri Prabu Wasuman sésaji Swastiawacana (sésaji murih slaméting urip) mawi sajen kreta kéncono pinatik maniknauka-rétna ingkang kinémbang-kémbang asri anglam-lami. Saparipurnaning sésaji, ingsun ngéndika marang Prabu Wasuman sing surasane ngalém-bana edi-penining kreta kéncono sajening sésaji. Sanajan pangalémbaraningsun nganti wola-wali, parandene kreta iku ora dirilakake marang ingsun. Iku kong njalari tibare Prabu Wasuman saka suwarga.”

Prabu Astaka matur cumanthaka: „*Pukulun, punapa Prabu Siwi ing tēmbe ugi badhe dipun-turunakéni sahing suwarga?*“

Bathara Narada: „*Ora, Prabu Siwi tétep ana ing suwarga, sabab watah-wantune sarua rila-léga wa terus ing batine. Bab iku ingsun sipati dhewe, mangkene tandha yéktine.*“

Ing sawijining dina Prabu Siwi néddy améng-améng menyang ing sajaban kutha. Lagi tékan ing sékethenging kutha, dumadakan dipéthukake sawijining brahmana kang kandha mangkene: „*Sinuwun, kula punika mentas mudhar tapa, saklangkung luwe, kaparéng nyuwun téda.*“

Prabu Siwi mangsuli kanthi wicara manis: „*Dhuu Sang Brahma, wontena kaparéng jéngandika karsa ngéndikahakéen, dhaharan punapa ing-kang jéngandika karsahakéen.*“

Brahmana: „*Putra jéngandika Sang Wrehatgarba kaémbéléha, daging-ipun dipunraténgona dening Sang Prabu piyambak, badhe kuia téda sadaya.*“

Kanthi polatan sumeh Prabu Siwi mangsuli "séndika," banjur kondur nyémbéléh Sang Wrehatgarba, daginge diraténgi, Sawise maténg, daginge Sang Wrehatgarba diwadhahi baki, null disunggi, néddy diaturake marang brahmana kang ngénteni ana ing sékethenging kutha. Baréng Prabu Siwi tékan sékethenging kutha, brahmana wis ora ana. Sajrone Prabu Siwi lingak-linguk ngupaya Sang Brahma, dumadakan priksa pawongan saka kadhaton milayoni Sang Prabu karo nangis, banjur ngrungkébi sampeyan karo matur mangkene: „*Gusti, kawuningana Gusti, kawuningana! Kadhaton sakukubanipun dados kerangabang, dipun-bésmi dening brahmana ingkang nyuwun dhaharan. Péndhapa kadhaton, probasuyasa, kaputren saha suyasa sanes-sanesipun dipun-bésmi sadaya.*“

Midhangé ature pawongan mangkono iku, Sang Prabu katon ayém bae, babar-pisan ora owah pasuryane, mung banjur kondur ngupaya Sang Brahma. Baréng wis kétému, Sang Prabu ngéndika mangkene: „*Dhuu musthikaning paru brahmana! Pamundhut jéngandika dhaharan sampun samékla, sumangga jéngandika dhahar, mumpung taksih engé.*“


„*Mangga jéngandika dhahar piyambak!*“ Mangkono wangslane Sang Brahma.

Karo mapan lenggah ing lémah ana ing ngarsane Sang Brahma, Prabu Siwi mangsuli: „*Nuwun inggih séndika, Sang Brahma.*“

Nanging, nalika Sang Prabu néddy mundhut daging ing baki, astane dicandhak dening Sang Brahma karo tutur mangkene: „*Sinuwun! Ing saindénging bawaru botén wonten Narendra ingkang rila-léga waniting panggalihipun satimbing kaliyan jéngandika. Pranyala jéngandika sampun sagénd mangreh kanépsón; botén gégefun samangsa kecalwi, botén mangeran dhaténg kadonyan, lan botén ngéman raja-brana ingkang aetuud punapa kemawon ingkang dipun-suwan dening brahmana.*“

Sawise ngendika mangkonon, mak lap! Brahmana musna, lan let saké-dhep netra banjur mak jédhul! Sang Wrehatgarba prapta nyungkémi sam-peyané Sang Prabu. Kadhaton sakukubane kang dhek mau katon dadil karung-abang, saiki katon wutuh-gétuh. Kang mancala warna brahmana mait salugune *Bathara Widatri*, putrane Bathara Brahma kang silsilahé kaya ing ngisor iki:

SILSILAH XXXII : BATHARA WIDATRI



Sawise Bagawan Marandheya paripurna olehe nyaritakake para Narendra kang pantés tinulad-thuladha, Prabu Yudhisthira banjur matur mangkene: „*Duh Sang Bagawer! Sasampunipun kawula mirengahén cariyosipun para Narendra ingkang apambégan utami luhuring budi, tuacuh kumoceluning manah kawula kapengin mirengahén cariyos.*” Pawestri utami ingkang saklangkung békti dhaténg gunulaki.” Mugl wonéna kaparéng paduka harsa paring tuladha wanita ingkang kados makafén punika.”

Bagawan Markandheya: „*Prayog, Sinuwun. Samangga kula aturi mihangé tahén atur kula.*”

„Duk ing kina wontén brahma llinangkung apéparab Kosika. Brahma Kosika punika gentur hasutapanipun, lebda dhaténg isinipun sadaya Weda saha sérat-sérat sucí saniesipun. Ing satunggaling dintén Sang Brahma lènggah wonéna ing sangondhéping wréksa kaliyan maos Weda. Dumodakéni mustakenipun krucé kedhawahan punapa-punapa. Saréng dipuntitipriksa, téteka ingkang dhewah ing mustakenipun punika tinja péksi. Kanthi rawung duka brahma Kosika taméng, priksa péksi barigo estri mlungkring ing pangéng wréksa.”

„Lah dalah! Manuk ioe kong tinjane tiba ing sirahku. Kurang war!” Makatén panglocitanipun Sang Brahma.

Awit saking sangéting dukaripun, bango estri lajéng kapandéng manthéleng kanthi urubing kasékenipun, satémah péksi punika dhawah lajéng péjah. Brahma Kosika saklangkung piduwung priksa bango punika péjah, pangandikanipun: „*Adhuh, kétuwasan! Awit saka muntabing karépsonku, aku-nganti njelari patine si bango.*”

Ngantos wongsal-wangsul Sang Brahma anggenipun ngudaraos makatén punika; wasananiipun panjénénganipun mupus pépésthening Jawata, lajéng tindak pépriman dhaténg dhusun ing adhusun. Manawi wontén griya ingkang tiyangipun saripun nate dipun-suwuni tédbha, botén dipun-én-dhégi, dipunlangkungi kemawan. Botén antawis dangu anggenipun pépriman brahma Kosika dumugi ing griya ingkang konténipun kaléres mènga, tur kaléres wontén pawestri ingkang médal ing kontén. Sang Brahma enggal enggal ngéthungakén mangkokipun ingkang kangge pépriman kaliyan nembung nyuwun tédbha.

„*Kula aturi ngéntosi ikehédhap, Sang Brahma.*” Makatén cariyosipun pawestri punika kaliyan lumébét ing griya, ngasahi tuwung ingkang badhe kangge wadhabing tédbha ingkang badhe kasukakakén dhaténg Sang Brahma.

Brahma Kosika ngéntosi wontén ing sakiwaning griya.

Salébétipun pawestri punika ngasahi tuwung, guru-lakinipun dhaténg. Amargi dhaténgipun tanpa noléh kiwe-téngén, piyambakipun botén mangréts bilih ing sakiwaning griya wontén brahma. Dereng ngantos lumébét ing griya, taksih wontén ing kontén, piyambaldpun sampum undang-undang rabinipun kanthi mratetakakén bilih kwe sangé. Rabinipun, inggih pawestri wau punika, dhasaripun panceen saklangkung békti dhaténg guru-laki; milanipun sareng miréng guru-lakinipun dhaéng enggal-enggal méthukakén kalyan mbékta toyá winaduhanan ember, kange misuhí sukunipun guru-laki. Sasam-punipun makatén, pawestri punika lajéng nata amben palinggihan. Ingkang jalér tumuntén linggih, dipun-lesodi nedha dening ingkang estri lan dipun-sandhiing wedang kungge ngombe. Salébétipun ingkang jalér nedha, pawestri punika nénggani wontén ing sangajéngipun kanthi polatan suneh ingkang mratandhani sénénging manah, samadhiya (ngénlosi) mbokmanawé ingkang jalér mbéta hakéken punapa-punapa supados tagéd nyaméktakakén kanthi rikat.

Pawestri ingkang békti dhaténg guru-laki punika panganggéipun dhaténg ingkang jalér dados pépundhenipun, kedah dipun-sémbah-sémbah. Anggenipun lélédi dhaténg guru-laki, wijiling wicara lan solah-bawa, pangruk-tinipun bale-wisma, rawungipun kaliyan sintén kemawon lan tangkéipun dhaténg kadang-kadéyan tansah kanthi pangatos-atos, kaangkah supados tansah ndamél suka-rénaning guru-lakinipun.

Sasampunipun ingkang jalér rampung anggeripun nedha, pawestri punika lajéng badhe wiwit nedha sarana ajang tilas ajangipun ingkang jalér. Nanging sawéng kemawon badhe wiwit muluk sékul, kengétan dhateng brahma ingkang ngéntosi wontén ing jawi. Kanthi manah gugup, raos ajrih kaworan lingsém, pawestri punika enggal-enggal médal nyangking tuwung isि tédhé ingkang badhe dipun-sukakaké dhaténg Sang Brahma. Sasampunipun nampeni pawewéhipun pawestri punika. Sang Brahma ngéndika: „*Dhuh wanita hékahsing dewa! Soklangkung gunun-ngunguning manah kula, dene kala wau jéngandika cariyos supados kula ngéntosi sakédhap, botén tumuntén jéngandika tundhung supados késah, sanajan ketungka dhaténgipun gurulahi jéngandika.*”

Pawestri punika mangrétos bilih ngéndikanipun Brahma Kosika makatén punika isि panglulu, lan ugé mangrétos bilih Sang Brahma agéng urubing kasékténipun. Milanipun sanjéti anggenipun ngarih-arih murih Sang Brahma sampun ngantos kalajéng duka, wicanténipun: „*Dhuh musthika-ning para brahma! Mugi wonténa kaparéng paduka karsa nglüberahén samo-dra pangaksama dhaténg kalépatan kawula ingkang botén kawula fémaha. Kawuningana Sang Brahma! Guru-laki kula punika sésémbahan kacuila, milanipun kawula pundhi-pundhi sangé. Nalika piyambakipun dhaténg lajéng cariyos bilih luwe sangé, manah kawula kuméda-kédah enggal-enggal ngladosi lan ngleksanani punapa inghang dipun-hajengakén, ngantos kawula kasupen dhaténg paduka.*”

Wangulanipun Brahmana Kosika: „Miturut pamanggih jengandika, punapa brahmana boten waqib ingaji-aji? Punapa jengandika nganggep guru-laki jengandika langkung luhur linimbang brahmana? Leladi dhateng guru-laki punika sampaun dados kuwajibaniipun pawestri. Nanging punapa lerès manawi pawestri ngremehakéh dhateng brahmara? Kawuningana! Bathera Indra ratuning para dewa ngaji-aji dhateng brahmana. Hla punapa para titah ing marcapada, para manungsa, boten samêsthisisipun mundhi-mundhi dhateng brahmana? Wo, pawestri sumuci-suci! Punapa jengandika dereng mangréto bilik muntabing manahipun brahmana sagéd mbasmi samukawis ingkang dipun-hajengakéh?”

Pawestri: „Dhuh Sang Brahmana linangkung! Kawistora ing netra, paduka saklangkung rawung duka. Nanging duka paduka boten bedhe manhäni punapa-punapa tumrap kawula, awit kawula boten darbe dosa. Kawula mangréto bilik Sang Brahmana kasiitungan pangawaos linangkung. Kawula ugi mangréto dhateng kaogungan lan kasékténipun para brahmana ingkang sampaun tampli nugerahaning Jawata saking anggenipun nggèntur tapabratia. Miturut pamiréng kawula, para brahmana ingkang mandi SOT-ipun, ageng pangapunténipun. Mila panyuwun kawula, mugi teonténa kersa paduka paring pangaksama dhateng kalintuning tindak kawula ingkang boten kawula témeha. Kawuningana Sang Brahmana! Anggen kawula saklangkung béktil eladi dhateng guru-laki, sahú anggen kawula mundhi-mundhi dhateng ptiyambakipun ngantos kedos pangaji-aji kawula dhaleng déwa, punika ngestokéhén pitédahipun satunggalings brahmana linangkung. Miturut kayakinan kawula, pawestri ingkang mbékhéleni guru-laki sagéd pikantik nugerahaning Jawata.”

„Dhuh tétingguling para brahmana! Kawula mangréto bilik awit saking sérénging duka, paduka nate ndamél péahing bangga estri namung sarana paduka pendeng kenthé urubung kanépsca paduka. Ujaring para wicaksana, brahmana punika kasiitungan kalangkungan warni-warni, kadosa: 1 Kuwawi ngéndhaleni kanépsca lan mèpér pepenginan. 2 Sagédu nuju prana (karyenah tyasing sasema). 3 Lébda dhateng isinipun Wedu. 4 Mumpuni ing anggéring kasusilan. 5 Putus ing pangawikan. 6 Segédu ngéndhilih kamurhan. 7 Boten tilar kautamen luhur.

„Nuun sewu, Sang Brahmana! Kawula kemipurnun matur kathah-kathah dhateng paduka, ingkang paduka fémtru sampaun nguningani ing babagan ingkang badhe kawula olurakéh punika. Kawuningana! Miturut ujaring cariyos, ing kitha Wideha, kitha-krajatinipun nagari Mitila, inggih negarinipun Prabu Janaka, wonéten tuwaburu (gréma, Indonesia: pemburu) ingkang saklangkung mumpuni ing babagan kautamen luhur, béktil dhateng yayah-wibi, sagédu mangreh indriya, ngéndhaleni kamurhan lan ngéndhilih pépenginan. Tuwaburu punika séneng manawi kaajak sarasehan ing babagan kautamen luhur.”

Midhangé aturipun pawestri makaten punika, katé tangi panggalihipun Brahmana Kosika, kapengin pépanggihan kaliyan tuwaburu ing Wideha.

Pangandikanipun: „Dhuh wenita ingkang saklangkung bëkti dhatêng priya! Jêngandika temtu antuk nugrahaning Jawata, anorgi sagéd damél lilihing kanépson kula. Panyeda jêngandika dhatêng klintuning lampah kula, nialari tingrbukaning manah kula kapengiri olampah utami. Awit saking punika, jêngandika kantuna rahayu-wilujêng, kula nedya nérusakén lampah dhatêng kittha Wideha, kapengin pépanggihan lan sarasehan kaliyan tuwaburu ing babagan kautamen luhur.“

Caritane Bagawan Markandheya isih akèh, nanging keronconen yen diandharake kabeh; mulane sigèg samene bae.



258. DURYODANA NEDYA NGERANG-ERANG PANDAWA, DITAWAN
GANDARWARAJA, WASANANE DILUWARI DENING PANDAWA.

Ing ngarép wis dipratelakake yen Pandawa sawise léléana brata banjur kondur adédunung ana ing alas Komyahe maneh, nanging ora antara lawas banjur pindhah adhéhépok ing sandhing tlaga Dwetawana, kapura rada adoh. Sabén dina akeh brahmaia, pandhita lan/utawa para mbangun tata kang putus ing Weda kang tétinjo Pandawa ing padhepokane anyar.

Kacarita ing Hastinapura, ing sawijining dina Duryodana, Sakuni lan Karna padha imbal wacana nggunéni para Pandawa.

Sakuni: „Samangke anak Prabu sampaun kaleksanan juménéneng Nata binathara mangreh jagat tanpa sisihari. Anak Prabu katingal ngalela wonten ing marcapada. Paré Narendra salumahing bantala sakurébing akasa, sadaya sami atur bulu-békti glondhong pangoréng-aréng saha peni-peni rajapenti gurubahal gurudadi dhaténg anak Prabu. Kaagungan, kaluhuran saha kamulyan agéng ingkang rumiyin dumunung nionténg ing Pandawa, sapuniha sampaun hadarbe dening anak Prabu. Kawunirágane anak Prabu! Pandawa, miturut ijaring pawartos, sapuniha adédunung wonten ing sandhing tlaga Dwetawana kapara radi tébih, gesangipun soklangkung sangsara, prasaset késrakat. Manawi anak Prabu sagedu kapengin nyirnahakén Pandawa, kanthi cara ingkang alus, triggih sapuniha punika wékdallipun ingkang prayogi. Makaten anak Prabu, caranipun anak Prabu prayogi tindak dhaténg Dwetawana kanthi upacaruning Nata binathara, biguyun-uyun para nayaka saha para manggalaning wadyabala moewa-ewu sami awahana kreta piyambak-piyambak tuwin para putri ingkang sami nitih jempana utawi joli, prélù mamerehén kaagungan, kaluhuran saha kamulyan dhaténg para Pandawa. Tiyang sangsara ingkang gesangipun prasaset késrakat, manawi sumérépi tiyang sanies ingkang gesangipun soklangkung mulya mutki-wibawa ngalami makmur libar-jibur mubra-mubru blabur madu, témtu rumaos sofa nalangsa kéranta-vonta, manahipun pépés, ngénés, wasananiipun palastra. Manawi para Pandawa sampaun palastra, nama sampaun sirna klilipipun anak Prabu, ing salamé-laménipun botén badhe wonten malih rubeda ingkang ngréribédi anak Prabu anggenipun juménéneng Ratu.”

Midhangé ature Sakuni mangkono iku, Prabu Duryodana bangé karénan ing panggalih, noleh marang Karna karo ngéndika: „Kaka Prabu Karna! Kula soklangkung fumuring dhaténg pamrayoginipun paman Sakuni, jalanan kula pancep hapengin sangéti nyumérépi kasangsaranipun para Pandawa. Mendah sénénging manah kula manawi nyumérépi kasangsaranipun para Pandawa lan Dewi Krésna sami mangangee klikaning hajéng salébétipun dados tiyang bucalan wonten ing madyaning wana. Ingatasipun kula, botén wonten ingkang nyameni kamaréman hula, manawi sageéd nyu-

mérépi hésrakatipun para Pandawa tuwin putri Pancala. Para Pandawa témptu pépés manahipun, manawi sumérép haagungan, kaluhurut lan kamulayat kula, punapa dene manawi nyumérépi anggen kula suka-suka parisuka mangun bojana andrawina kaliyan para ari, para nayaka saha para wadyabala, mbokmanau ijalari sami péjah ngènés dening nalangsa lan kerante-rantuning manahipun. Nanging kake Prabu Karna, kadospundi sagédipun rama Prabu maréngakélen kula dhaténg Dwetawana, jer botén wontén kapréluati kula ing-hang wigatos, mligi namung badhe ngereng-erang para Pandawa lan Dewi Krésna."

Karna: „Yayi Prabu! Manawi namung ngangkah supados rama paduka maréngakéen yayi Prabu tindak dhaténg Dwetawana, gampil hemawon. Pamitipun yayi Prabu prayogi aséngadi badhe mriksani lémbru-lémbru ingkang ri-néksa para pangen wontén ing laladan Dwetawana. Rama peduka sampun priksa bilih peduka kagungan klangenan lémbru kathah wontén ing laladan Dwetawana, milaripun panjénénunganipun témtu badhe jumurung mangayu-baga yé tindak paduka níriku.“

Ngrungu ngéndikane Karna mangkono iku, Sakuni gumuyu ngakak, banjur matur: „Léres anak Prabu, léresi! Pamanggshipun anak Prabu Karna punika prayogi sangèt. Manawi pamitipun anak Prabu kanthi pawadan hados aturipun anak Prabu Karna, runa paduka témtu maréngakéen, sabab panjénénunganipun manggala bilih tindakipun anak Prabu dhaténg Dwetawana ménghku kautamen.“

Gancangan carita Prabu Duryodana wis nyuwun pamit marang ingkang rama kanthi pawadan kaya pamrayogane Sang Karna, lan wis diparéngale dening Prabu Drétarasta.

Ing dina kang wis ditémtokake, Prabu Duryodana sakadang Korawa bêbodholan menyang Dwetawana diidherekake para nayaka, para wadyabala lan para putri garwane Satakorawa. Prabu Duryodana nitih keta pinatik manik nawa rétna, pandhereke kang awahana rata 8.000, dirada 3.000 lan turangga 9.000. Para putri garwane Satakorawa nitih joli utawa jémpana, ingurung-urung dening para émban, parékan lan cethi maewu-ewu. Kebe wadyabala kang alaku dharat saléksa. Para sambewara kang padha nunggang pédhati, para pasindhen lan wong-wong kang nédyé mbarang tontonan apadene para bakul panganan raténgan padha lumaku ana ing saburine wadyabala, (Çatakorawa = Korawa satus).

Tindake Prabu Duryodana menyang Dwetawana sabén ndungkap wayah sandyakala leran lan lérém sawéngi, ana ing palérémman suka-suka parisuka bojana andrawina; esuke bêbodholan maneh, mbanjurake laku. Saprapane ing laladan Dwetawana, watara mung kari saépal dohé saka tlaga, Prabu Duryodana dhawuh para wadyabala nggawe pasanggrahan kanggo palérémmane Prabu Duryodana, Sakuni, Karna lan para Satakorawa, lan dhawuh nggawe pakuwon kanggo para nayaka lan wadyabala. Sajrone para wadyabala nggawe

pasanggrahan lan pakuwon, Prabu Duryodana mriksani sapi-sapi kang ingupakara dening para pangon, didherekake Sakuni, Karna, para ari Korawa lan para manggalaning wadyabala. Sawise kempüt panitipriksane kabeh kandhang sapi saisine, Prabu Duryodara lan kabeh sing ndherekake bali ményang papan pasanggrahan lan pakuwon. Sapraptane Prabu Duryodana sapandhereke ing papan iku, panggawene pisanggrahan lan pakuwon wis dadi kanthi rinéngga-réngga sarwa asri anglam-lami.

Ing padhepokane Pandawa kang dununge ora patia adoh saka Dwetawana, prasasat sabén dina ana sésaji marang dewa utawa para pitri. Sing nganakake sésaji Prabu Yudhisthira, kang minangka panuntun tumindake sésaji *Rési Domya*, diladeni dening para ari (Bhima—Arjuna lan Sang Kémbar). Sabén bengi ing padhepokane Pandawa kaprungu swaraning brahma ngidungake Weda.

Sajrone masanggrahan ana ing Dwetawana, Prabu Duryodana sabén dina pépara inguyun-uyun dening para pandhereke kabeh, ngliwati padhepokane Pandawa, mamerake kaagungan, kaluhurane, panguwasane lan kamulyane marang para Pandawa lan Dewi Krésna. Sawise pépara, Prabu Duryodana sapandhereke kabeh banjur piidha bojana andrawina, terus suka-suka parisuka, tarkadhang nganti tingir wégi tansah kaprungu swaraning pasindben binarung swaraning pradangga, sidhela-sadhela sinélan surak mawurahan. Mangkono carane Prabu Duryodana ngereng-erang para Pandawa, supaya padha saya nalangsa karanta-tanta sarta pépéng-ngénes panggalibe.

Kacarita ing sawijining dina tuwuh ancase Prabu Duryodana kapengin léléumban, mulane dhawuh marang wadyabala ndikakake nitipriksa kaanane tlaga. Kang tampa dhawuh natur sëndika, enggal-enggal budhal ményang tlaga. Durung nganti tékan tlaga, lakuncé wadyabala Hastina diadhangi dening wadyabala gandarwa, ora dikénakake mbacut, kandhane: „Eh wadyabala kong mérías prapta, wruhatira! Sanéngko Gandarwaraja Bathara Citrasena lagi lélangén ana ing tlaga, mulane sapa boé kang nédy nyédhaki tlaga kudu dahbalehake.”

Ngrungu kandhane para gandarwa mangkono iku wadyabala Hastina tumuli mangsuli kanthi sérèng-sora: „Heh para gandarwa cubluk, sunurupa! Aku kabeh iki wadyabalane gustiku Prabu Duryodana Ratu binathara ing Hastina, ya Ratu kong kagungan tlaga Dwetawana. Dadi, gustiku nédy siram ana ing tlaga kagungan dhewe. Kapriyé dene howe humauani ngalang-alangi aku nédy nitipriksa kaanane tlaga kagungan gustiku?!”

Amarga sulaya ing rémbug, wasanane dadi pancakara rame, kaprungu saka pakuwone wadyabala gandarwa lan uga saka pakuwone wadyabala Hastina. Para gandarwa lan wadyabala Hastina padha lumayu ményang papan pancakara, milu nrambul yuda mbiyantru kancane dhewe-dhewe, mulane pérange dadi sangsaya rame. Prabu Duryodana, Sakuni, Karna, Dussasana lan liya-liyane iya padha mangsah yuda. Gandarwaraja Bathara Citrasena eng-

gal-enggal mèntas saka tlaga, tumuli ngrasuk busana kaprajuritan, banjur mangsah yuda diidherakake para gandarwa kang pating mbarubul saka pakuwon. Campuhe prajurit gandarwa kang ditindhihi Bathara Citrasena lumawan wadyabala Hastina kang diindhihi Prabu Duryodana lan sapanunggalane bangèt nggégirisi, padha ssilih-ungkilh gènti unggul gènti kalindhih. Amarga prajurit gandarwa tèruwuwuh bae pating mbrubul mètu saka pakuwone, suwe-suwe wadyabala Hastina karoban lawan, mulane banjur padha lumayu asazaran. Sakuni, Dusasana lan para Drétarastraputra liyaliyan kajaba Prabu Duryodana uga padha ngucira ing yuda. Mung Prabu Duryodana lan Karna kang tèrus lumawan mungsuh. Amarga dikroyok gandarwa maewu-ewu, suwe-suwe Karna rumangsa kethetheran; tujune tumuli dicéchaki Wikarna diunggahake ing kreta, digawa oncat saka pabartan. Mung kari Prabu Duryodana dhevè kang isih lumawan mungsuh. Dumadakan kretane Prabu Duryodana rému kétènggèl jèmparinge Bathara Citrasena, kusir lan jarane palastra. Prabu Duryodana képlésat tiba ing bantala, ditututi dening Bathara Citrasena, dilarak-larak nganti sawatara dohe, banjur pinusara lan wasanane ditawan.

Sawènèh wadyabala Korava kang lumayu ana kang ngungsi ményang padhepokane Pandawa marak Prabu Yudhisthira, matur mangkene: „*Dhuu sinuwun, kétiwasan sinuwun!* Paka paduka Prabu Duryodana saha para Drétarastraputra sanes-sanesipun punapadene para putri Hastina sami dipuntawar dening Ganderwara. Awit saking punika sinuwun, wontena kapareng paduka karsa ngrébat Prabu Duryodana saha sanes-sanesipun punika ingkang sami kafarah dening Ganderwara.”

Midhangèt ature wong Hastina mangkono iku Prabu Yudhisthira isih méneng bae, mung Bhima kang tumuli mangsuli mangkene: „*Hla ya kuwi wohe laku ala. Kiraku tékan kakang Duryodana ing Dwerauwana ngandhut maksud ala, nedya ngerang-erang Pandawa kang lagi dadi wong buwangan, urip késrakal nganti padha kuru-kuru, sarana manerake panguwasane, kaluhurane lan kamuktene. Wis samésthine wong darbe sedya ala ngalami cilaka.*”

Prabu Yudhisthira: „*Yayi Ehima! Saiki dudu wéktune ngundhat-undhat alone Korawa. Elinga, Korawa iku kadang kita nak-dulur dhewe. Marang kadang, paribasane “tega larane ora tega patine.” Ngaurip kola-kala pasulayan karo hadang, aran lumrah. Nanging manawa kadang pasulayan karo wong liya, kudu dibelani, hanggo rumèksa aja nganti bangsane dicécamah dening wong liya. Manawa ana golongan nyenyamah marang kakang Duryodana, hla rak atègès uga nyenyamah marang Pandawa, amarga Pandawa karo Korawa iku padhadene kalebu bangsa Kuru. Awit soke iku yayi Bhima, di enggal kakang Duryodana sekdang Korawa rebutèn; mangkono uga para putri-putri Hastina, aja nganti dijamah dening gandarwa.*”

Ngestokake dhawuwe kadang wrédhé, Bhima-Arjuna lan Sang Kémbar tumuli tumandang ngrénggèp sanjata, banjur tindak ményang Dwetawana

nédya ngrabasa Gandarwaraja sawadyabalane. Sapraplane ing Dwetawana satriya papat iku padha bêbarengan ngamuk punggung sura tan taha nirbaya nirwika, satémah akeh gandarwa kang palastra kétiban jémparinge Arjuna, kékabit gadane Bhima utawa késabé pédhange Nakula — Sahadewa. Nanging nalika Arjuna ayun-ayunan karo Gandarwaraja Bathara Citrasena, kaget panggalihé, amarga Sang Gandarwaraja ngendiké mangkene: „Heh Arjuna, mera waspadakna, ingsun iki sapé?!”

Arjuna tumuli maspadakake marang ratuning Gandarwa, sanalika kelingan yen Sang Gandarwaraja iku salugune Bathara Citrasena, yaiku gurune kang mulang kagunan karawitan lan béksa kaswargan, nafika Sang Panéngah Pandawa ana ing Kaindran.

Arjuna enggal-enggal nyelehake gégamane, tumull mlayoni Bathara Citrasena, nyungkémi padane karo matur mangkene: „Pukulan, mugi won-téna kaparéng paduka karsa ngluberakén samodra pangaksama. Kaparéngka kawula nyueun priksa, pukulan, wontén wigatos punapa paduka nguntos tumédhak ing Due lawana ngirid gandarwa mayuta-yuta?”

Bathara Citrasena: „Mitaku Arjuna, ieruhentira! Prapataningsun ing Dwetawana iki ngémban imbalane Sang Hyang Surapati (Bathara Indra), ndihakake mikut Duryodana kang ngerang-erang kesrakate para Pandawa supaya pépés-ngéniés atihe kang wasanane banjur padha palastra.”

Arjuna: „Pukulan, manawi won-téna kaparéng paduka nédya ndamél sénengting manah kawula, karsa paduka nggesangi saha ngluwari kakang Duryodana sakadang Korawa, punapadene para putri Hastina ingkang paduka lawan.”

Bathara Citrasena: „Kakangira Duryodana ambék angkara murka abudi cendhala lan kaduk adigung-guméndhung, tur lansah nédya nangsaya para Pandawa. Apa ora luwih béélik Duryodana sakadange stra sinnakake bae?!”

Arjuna: „Pukulan, kawuningana! Piwélingipun kaka Prabu Yudhisthira, kawula botén paréng misakit kakang Duryodana, punapa malih mirajaya, saya botén paréng. Kawula námung tinangénah ngluwari kemawon.”

Bathara Citrasena: „Arjuna, ingsun kapengin ngrungi dheiwr, kapriye karsane kaki Prabu Yudhisthira gégeyutan karo Duryodana sakadang Korawa kang saméngko ingsun lawean awujud bandom.”

Sawise ngendiké mangkono, Bathara Citrasena banjur tindak ményang padhepokane Pandawa didherékake Bhima-Arjuna lan Sang Kémbar.

„Kaki Prabu Yudhisthira! Wis makaping-kaping Duryodana ngangkah sérnane Pandawa sarana cara maneka warna. Saméngko Duryodana sakadang Korawa iwis ingsun pikut lan ingsun lawan saka dhewehe Bathara Indra, amarga tékone ing Due lawana ngandhut maksud aia tumrap Pandawa. Nédya dikapakake Duryodana sakadange minangka ukurnane, sumarah sakarsane kaki Prabu.” Mangkono ngendikane Bathara Citrasena sawise

kötému Prabu Yudhisthira.

Yudhisthira: „*Pukulun, Panaswa rumaos saklangkung bégja, dene kakang Duryodana sakadang Korawa namung sawéng paduka tawan, dereng kalaféng paduka prajaya. Kawula ngakéni, bilih sudaning suwuripun para léléhur kawula awit saking lémasisipun kakang Duryodana abudi candhala. Nanging sasampunipun ngalami dadca tawanon, sagédi ugi kakang Duryodana sampun kapok tumindak sasar-bélascr lan lajéng mantuni watekipun adigung-guméndhung. Manawi klampah makatén, suwuripun para léléhur kawula témtu badhe pulih. Awit saking punika pukulun, panyuwun kawula, wonéna kaparéng paduka karsa ngluwari kasang Duryodana sakadangipun saha para putri Hastina ingkang peduka tawan.*”

Bathara Citrasena: „*Kaki Prabu Yudhisthira! Yen mangkono karsanira, prayogane kaki Prabu dhewe bae kaang ngluwari tawanon-tawanon iku, ingsun nedya tumuli kondur ményang kahyangan.*”

Sawise ngéndike mangkono, Bathara Citrasena tumuli tindak ményang pabaratan maneh, nguripake para gandarwa kang padha palastra saruna diképyuri tirta amréta. Kabeh gandarwa kang palastra padha waluya jati. Bathara Citrasena banjur kondur ményang kahyangan didherekake wadyabala gandarwa kanthi wutuh·ayam (ora ana kalonge, isih ganép, wutuh géuh).

Ing sapungkure Bathara Citrasena, para Pandawa tindak ményang papan tawanon. Kang dituwaré dijisik para putri Hastina; banjur Prabu Duryodana sakadange Korawa diwétokeke saka papan tawanon, diudhari bêbandane. Sajrone diudhari bandane nganti pécsahan karo Pandawa, Prabu Duryodana tansah tumungkul bae, awit saka bangéting lingséme, ora wani noleh para Pandawa. Pangandikane Prabu Yudhisthira: „*Dhuh kaka Prabu Duryodana, kadang kula sepuh! Benjing malih, manawi badhe ngadani pandamél punapa kemawon, kagaliha rumlyia kanthi wéningging panggalih, supados sampun ngantos kaduwung wasenanipun. Pamuji kula, mugi konduripun kaang Duryodana saperdhérekipun téstantung karoharjan dumugi ing praja.*”

Sarampunging ngéndikane Prabu Yudhisthira, Prabu Duryodana enggal-enggal oncat saka ngarsane para Pasdawa tanpa pamit, awit saka bangéting lingséme, mustakane tumungkul. Tindake alon, sadhela-sadhela mandhég unjal napas dawa. Nedya kondur ményang praja ora kopenak panggalih, kuwatir satékane ing kadhaton didingu warna-warna dening ingkang rama lan Rési Bhisma, ora bisa ngaturi waengulan kang agawe rénaning panggalih. Baréng tindake tékan ing panggonan kang asti lan ayom amarga akeh witwitane kang ngrémbuyung godhorge, Prabu Duryodana kapengin lérém ana ing kono sawatara dina, mulane dhawuh para wadyabala ndikakake nggawe pasanggrahan.

Esuke ing wayah piétheking sréngenge, Prabu Duryodana mbénéné lenggah angguna ana ing empering pasanggrahan manggalih kojuring salirané, gagasane mangkene: „*Wo, apés témén saliraningsun! Ngangkah nedya nge-*

rang-erang, wasanane mandar nandhang wirang. Wirang, dene ingsun nganti kasoran lumawan Ganderwaraja, mela nganti dadi tauwanan. Wirang, dene bisone luwe saka tauwanan, jaluron saka pitulungane ———.”

Panggagase Prabu Duryodana durung nganti rampung, késaru praptane Karna kang banjur matur mangkene: „Dhuu Prabu Duryodana, pépundhen kula! Kula rumaos saklangkung bégja dent sagé pinanggih malih kaliyan yaya Prabu kenthi wiwujeng ing sedayanipun, botén kirang satunggal punapa. Tételanipun yaya Prabu Duryodana punika pranyata pitunjul ing jagad, ketandha sagé unggul ing yuda lumawan Ganderwaraja sawadyabalanipur ingkang sami sura-sakti mandraguna. Paduka pranyata musthikaning satriya wirotama derah Kuru ingkang téteka sagé unggul lumawan sinten kemawon. Yaya Prabu, sajé-jumiléng kula dereng nete lumawan mèngsa ngantos ngalami kofur kedos lumawan Ganderwaraja kala wau punika. Sasampunipun krete kula rémuk kinrocok dédamél dening gandarwa ingkang taripa wicalan kathahipun, tur sami sura-sakti, kula dipun-saut kainggahakén ing krete dening Wikarna, tatu kula arung-kranjang. Sapunika kula rumaos bégja kema-yangan sagé pinanggih malih kaliyan paduka lan para ari Korawa saha para putri Hastina, tur sedaya sami waras-waris séger-bugér botén kirang satunggal punapa. Dhuh musthikaning derah Kuru! Ing swindéngsing jagad botén wonten Narendra ingkang nyundhul kaséktien paduka, milanipun sanajan pancakara lumawan Ganderwaraja sawadyabalanipur, paduka sagé unggul.”

Ngéndikane Karna mangkonko iku saya agawi pépésing panggalih Prabu Duryodana, mulane netrane katon kaca-kaca ngembéng waspa, sérét wijiling pangandika: „Kaka Prabu Karna! Jéngandika botén priksa wasananing pancakara kula lumawan Ganderwaraja. Saupami jéngandika priksa wasananing pérang kula lumawan mèngsa kala wau punika, jéngandika kula wastani “njunjung ngéntébake” dheténg kula, liripun, ing lair ngalémbana, nanging salugunipun isi panyeda utatu pangina. Anunging sarehning jéngandika botén wuninga wasananing paprangan, pangandika jéngandika botén adamél sériking manah kula. Jéngandika ngintén bilik kula unggul ing yuda lumawan Ganderwaraja. Wo, klintu kaka Prabu! Kula kaliyan para ari Korawa sami kelindhing ing yuda, mandar wasananipun sami dipun-benda lan dipun-tawan dening Ganderwaraja. Para Putri Hastina ugi sami dipun tawan.”

„Wonten wadya Hastina ingkang lumajéng ngungsi dhaténg padhe-pokanipun Pandawa, mratelakakén dhaténg yaya Yudhisthira bilik kula lan para ari tuwin para putri sami dipun-tawan dening Ganderwaraja. Wasananipun kula sakodang lan para putri sami dipun-luwari dening Pandawa. Dhuh kaka Prabu Karna! Ingkang adamél gunun-ngunguning manah kula, tang-képipun Ganderwaraja kaliyan Pandawa kok saklangkung raké supéhét sangé, kados kaliyan mitra sinarawedi. Dhaténg para Pandawa, Ganderwaraja mratelakakén bilik dhaténg kula ing Dvetawana badhe ngerang-erang késratipun Pandawa serena mamerahén keagungan, kaluhuran, kamulyan lan hamukten kula. Punika ingkang saklangkung adamél lingséming manah kula.

Saya langkung adamél wirang ing manah kula, dene ingkang ngluncuri kula sakadeng saking teuananipun Gadarawaraia kok para Pandawa, mèngsa kula. O, kakang Karna! Watak-wanlunipun satrya ingkang ngalami réribéd, manawi sagé dipun luwar saking réribéd punika jalaran dipun pitulungi dening mèngsa, aurating manahipun ngungkull péjahan. Milanipun, awit saking agénging wirang ingkang kula sandhang, kula sampun botén kapengin gésang, botén kapengin mantuk dhaténg praja, nedya nglalu antaka wonten ing ngriki surana bo téh nédhé té bédhan punapa kemawon."

Midhangét ngendikane Prabu Duryodana mangkono iku, Karna panggallih nratab. Prabu Duryodana enggal-enggal diaruh-aruh, supaya panggallih tumuli lilih, ilang rasane wirang.

„Yayi Prabu musthikaning satrya darah Kuru ingkang tuhu kasusra ing jagad. Kadospundi dene namung ngalami lèlampahan kados makatén kemawon kok lajeng ngloker, mandar nedya nglalu antaka. Lékas makatén punika adamél bingahing mèngsa. Yayi Prabu dipun-pitulungi Pandawa kok rumaos lingsem, punika klintu sangèt. Sampun samesthiniipun Pandawa asung pitulung dhaténg paduka, sabab adédukung wonten ing wana laladan Hastina, dodos inggih wana hugungan paduka. Sok sinténa ingkang manggen ing bumi wéwéngkoning Ratu, samangga Ratu iegkang hugunganai wéwéngkon kédhaléngan réribéd utawi parangmuka, kuwaiban mang pambiyantu. Milanipun klintu sangèt, manawi paduka rumaos nandhang wrang, umargi dipun pitulungi dening Pandawa. Awit saking punika yayi Prabu, sumangga tumuntén kondur dhaténg praja, sampun ngantos ngélan tur panggalih surghawa.”

Duryodana: „Kakang Karna! Sumangga jéngandika, pamati Sakuni lan sanes-sanesipun kula aturi kondur dhaténg praja, kula botén badhe mantuk dhaténg Hastinapura.”

Karna: „Manawi yayi Prabu botén kerasa kondur, kula ugi bolén nedya mantuk. Kula botén sageet pisah kaliyan paduka. O, yayi Prabu! Manawi paduka kénéng bolén nedya kondur dhaténg praja saha saestu badhe nglalu antaka surana botén dhahar, témptu badhe cinacaud dening jagad.”

Baréng pangarib-arihe Karna ora ndayan i apa-apa, Suwalaputra (Sakuni) tumuli mrepéki Prabu Duryodana lan milu ngarib-arih marang panjénèngane, nanging pangarib-arihe uga ora ndayan. Prabu Duryodana kénéng ora nedya kondur ményang praja, lan kénéng nedya nglalu antaka. Kénéngging panggallih wis ora bisa luluh dening pituduh, ora bisa luntur dening pitutur, lan ora bisa mèndha dening basa mardu-mardawa.

Kacarita para asura (daitya, danawa, raséksa) kang ing nguni kasoran pérang lumawan para dewa, padha sésingidam ana ing dhasaring pratala. Baréng ngréti Prabu Duryodana nedya nganyut turwu, para asura tumuli céthik géni sésajji, kang nindakake sésajji para brahmanizing asura. Sawise sésajji tumindak sawatara suwene, ana raséksi sinakti métu saka géni sésajji,

wujude aneh — nylenéh, cangkéme amba mèdeni, kandha marang para asura: „Kowe padha darbe paminta apa marang atu?”

Para asura: „Mugi Prabu Duryodana ingkang nedya nglalu artaka, yitmanipun dipun-irupa, kabéktaa miriki.”

Raséksi sinakti: „Jya, èntenana sadhela!”

Kandha mangkono iku raséksi sinakti mau karu lunga, nanging let sakédhép netra wis bali maneh nggawa yitmane Prabu Duryodana dipasrahake para asura.

Pinituwane para asura mbombong yitmane Prabu Duryodana supaya katétagé kuwanene: „Dhuu musthikaning Narendra darah Bharata! Kadopundi dene paduka kagungan karsa nedya nglalu antaka sarana botén dhahar. Tiyang nglalu artaka punika temtu badhe kacémplung Yamani, amargi dosa agéng. (Yamani = kahyanganipun Bathara Yama, noruhu). Karsa paduka makatén punika sampun ngantos dipun-laéngakén, awit ikas makaten punika singlar saking hantamen, nedihakén kabéjan, nybrnakakén hamulyan, ngicalahakén suwur, kasudiran lan kasekten, tur adamel bingahing manahipun mengsah. Siuwun, kawuningana! Salira paduka punika perangan ingkang nginggil dumados saking kasektening para prajurit linangkung, mila paduka botén tédhéas tapak paluning pande sisaning gurinda. Wondene perangan ingkang ngandhap dumados saking kempalipun seraling sekár, mila paduka dipun-gandringi para putri. Dados salira paduka punika beda kaliyan saliranipun para satrya sanes-sanesipun. Milenipun manawi paduka ing tembe lumauan Pandawa ing madyaning Bharatayuddha, temtu unggul ing yuda. Sraya paduka Prabu Bagadatta, punika zig tembe ingkang badhe ngrisak wadyabala Pandawa, mila paduka bersaa tumuntén mbiret sungkawining panggalih. Kawuningana, siuwun! Tumilahipun para asura sinakti ing marcapada punika mihangka aryanipun siuwun temangsa dumados Bharatayuddha, Pandawa lumauan Korawa. Ing tembe wonten ing Bharatayuddha, para asura sakti mandraguna sami manjung ing guwagarbanipun Rési Bhísmá, Rési Drona, Prabu Salya, Prabu Karna lan sanes-sanesipun, ingkang njulari para sinakti punika sami mèntala mrajaya Pandawa sawadyabalanipun ngantos tumpés tapis tanpa sisa. Kathah asura ingkang manjanma dados satrya, prélù badhe asung pambiyantu dhaténg paduké ing Bharatayuddha. Mila sampun ngantos paduka kagungan panggalih kuwatoss, lan sampun ngantos kagungan ruos giris dhaténg Bhíma saha Arjuna. Prabu Karna Ratu Angga punika panjanmanipun Sang Asuraraja Naraka, punika ingkang ing tembe badhe nyirmahakén Arjuna lan Krésna ing palagan. Saréhning paduka temtu badhe unggul ing yuda lumauan Pandawa ing Bharatayuddha, punapa pedahipun paduka newung prihatos. Sabibaring pérang agéng ing tembe, paduka badhe saya katingal ngalela wonten ing marcapada, juméneng Nata binathara tanpa sisihan. Mila kasandekna sedya paduka nglalu artaka, prayogi tumuntena kondur dhaténg Hastinapura.”

Sawise dijelipur dening pinituwane asura, yitmane Prabu Duryodana banjur dibalekake dening raséksi sinakti kang ngirup.

Gregah! Prabu Duryodana ngilir, polatane katon lejar, ngeling-eling kang mèntas klakon, rumangsane kaya supéna sajrone nendra, gagasane mangkene: „E, e! Dadi Korawa ing témbe bakal unggul lumawon Pandawa ing Bharatayuddha. Iya, ta. Yen mangkono, pedah apa ingsun susah-ngrésah. Apa prélune ingsun prihatin. Rasa susah, prihatin, giris marang mungsuh, saiki uga ingsun kipatake.”

Sawise nggagas mangkono, Prabu Duryodana banjur jengkar saka palénggahane, dhawuh marang wadyabala ndikakake nyamektakake kreta titihane. Sawise samé kta, Prabu Duryodana turuili munggah ing kreta kondur menyang Hastinapura, inguyun-uyun sagung wadyabala.



259. PANDAWA NEMU PAKEWUH, WASANANE MANDAR ANTUK PITUDUH.

Pandawa wis meh 12 warsa dadi wong buwangan, urip ana ing madya-ning alas. Sawatara dina maneh Pandawa kudu sésingidan (narnur salira) aja nganti kawruhan Korawa, lawase sawarsa. Sadurunge wiwit sésingidan, Pandawa isih ngalami lèlakon kang ora nyénengake rong warna, yaiku:

- I. Dewi Krésna (Dropadi) dibradhat dening Juyadrata. (Mrikasanana Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita jilid III bab 124 kaca 114 – 120).
- II. Nemu pakewuh nganti padha palastra, amarga ngunjuk banyu tinga.

Bab kang angka II iku durung kocap ana ing buku Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita ing buku jilid-jilid kang luwih dhisik, mulane prèlu diandharake ana ing buku iki, mangkene:

Sajrone adédunung ana ing sandhing tinga Dwetawana, para Pandawa lan Dewi Krésna kèrep ngèngurangi, cegah dhabar lawan nendra.

Ing sawijining dina, mbénèti para Pandawa lagi manungku puja, dumadakan ana kadadean kang aneh-nyléneh, nganti njalarí ribéding panggalihe Prabu Yudhisthira lan para ari. Mangkene curitane:

Ana ménjangan asungu branggah lumébu ing pratapané brahma kung dununge ora adoh saka padhepokane Pandawa. Ménjangan branggah digusah dening brahma. Métune ménjangan saka pratapan sungune nyanthol piranti cethik géni sésaji lan piranti kang kanggo ngublik mértega suci. Ménjangan lumayu ngawé piranti warna loro iku, cumanthol ing sungune. Sang brahma rumanga ora bisa nututi ménjangan, mulane banjur ményang padhepokane Pandawa, minta-staya marang Prabu Yudhisthira.

„Sinuwun, héticasen Sinuwun. Pirantos kula cethik latu sésaji lan pirantos kangge ngublik mértega suci cumanthol ing singat sangsam ingkang lumébét ing pratapan, kabéktia lumaféng. Mugi sinuwun karsaa ngiacak lan ngoyak sangsam ingkang mbékta lumaféng pirantos kula kalih warni punika. Manawi pirantos kula kalih warni punika botén sagénd wariguul, kula saklong-kung cotho, botén sagénd ngwonténahén sésaji.“ Mangkono ature Sang brahma,

Midhangé ature brahma mau Prabu Yudhisthira kamiwélasén, mulane enggal-enggal nyandhak langkap lan jémparing, tumuli tindak ngiacak playune ménjangan, didherekake para ari. Karsane Sang Prabu, ménjangan nédyá dicékel urip-uripan bae, sabab manawa dilépasi jémparing, sisip-wémbire jémparinge ngénani piranti cethik géni lan/utawa piranti ngublik mértega suci kang cumanthol ing sungune, bisa uga njalarí rusake.

Ora antara suwe ménjangan wis kétututan; nanging baréng arép dicékel

nggiwar. Nganti suwe para Pandawa olehe ngoyak-oyak lan nyébat-nyébat ménjangan. Sabén cédhak, nedya dicandhak, nggiwar lan nuli lumayu saperan-paran. Suwe-suwe Prabu Yudhisthira éntek sabare, ménjangan nedya dilépas jémparing. Nanging lagi bae Sang Prabu ménthang kendhenging langkape, ménjangan banjur musna, lan sabanjure térus ora katon maneh. Para Pandawa, luwih-luwih Prabu Yudhisthira, rumangsa lingsém bangét panggalibé, amarga ora bisa mrantasi gawe.

Amarga saka bangétting suwene olehe ngoyak-oyak ménjangan, kajaba bangét késélé, para Pandawa padha ngélak lan luwe, mulane banjur padha ndheprok-ana ing sangisore wit baniyan gedhe.

„Yayi Sahadewa! Coba meneka wit baniyan iki, ana ing dhuwur milang-milangi ngiwa-héngén, mbokmanawa sumurup ana séndhang utawa tlaga hang ist banyu, banjur mudhun lan nuli mangkala njupuk banyu iku sarana endhong wadhah panah, hénao kanggo ngilariske ngelake kadang-kadangmu kabeh iki.“ Mangkono dhawuhe Prabu Yudhisthira.

Sahadewa matur séndika, banjur menek wit baniyan. Durung sapiraa dhuwure pameneke, Sahadewa wéruh tlaga kang banyune bangét bénings, mulane banjur mudhun.

„Kaka Prabu, kawuningan! Kawula sampun sumérep tlaga ingkang toyanipun saklangkung bening kinclong-kinclong kadus kaca. Kaporéngka kawula tumuntén mangket méndhét toya.“ Mangkono ature Sahadewa marang Prabu Yudhisthira, sawise mudhun saka wit baniyan.

Yudhisthira: „Iya Sahadewa, nanging ndang balia, kadang-kadangmu padha bangét ngoronge.“

Sahadewa tumuli mangkat nggawa endhong wadhah panah nedya diiseni banyu, kanggo ngunjuk kadang-kadhange. Satékané ing tlaga, sadurunge nyidhuk banyu sarana endhong, Sahadewa nedya ngunjuk dhisik samaréne. Lagi bae ngancik bambingking tlaga, dumadukan Sadewa ngrungu swara: „Heh manungsa! Aja atindak mamak murang lata! Sumurupa, tlaga iku kagunganingsun. Sapa bae kang nedya njupuk utawa ngcombe baryune tlaga iku, hudu oleh palilahingsun. Kajabe saka iku, sira lagi ingsun paréngake ngcombe lan njupuk baryune tlaga iku, manawa wis bisa mangsuli panduningsun kang bakal ingsun lairake.“

Sahadewa ora maelu swara iku, térus bae nyémplung ing tlaga lan banjur ngunjuk sacukupe. Salébare ngunjuk, Sahadewa seda, layone kumambang ing tirta.

„Yayi Nakula! Wis kapara suwe arinira Sahadewa olehe ngupaya banyu durung haton téka. Panggalihingsun bangét sumélang, nguwatirake arinira nému bëbaya. Mara yayi, susulén kadangira si Sahadewa!“ Mangkono ngéndikane Prabu Yudhisthira.

Nakula matur sēndika, banjur mak klepat mangkat ngupaya Sahadewa. Baréng tindake tékan ing satépining tlaga, Nakula bangét kéjot panggallé, amarga priksa Sahadewa kumambang ing tlaga wis tanpa nyawa. Panglocitane: „Aku nédya tumuli bali ngaturi priksa kaka Prabu bab kaanane yayi Sahadewa, nanging bécik dak ngombe dhisik.”

Durung nganti nyémplung tlaga, Nakula ngrungu suwara kaya suwara kang rinungu dening Sahadewa, nanging ora dipraduli. Térus bae Nakula nyémplung ing tlaga lan banjur ngunjuk samaréme. Sawise ngunjuk, Nakula uga palastra.

„Yayi Arjuna! Panggalihingsun bangét ora kapenak, nyumélatigake Nakula-Sahadewa ngalami pringga-baya. Mulane yayi, Nakula-Sahadewa susulén tumuli.” Mangkono dhawuhe Prabu Yudhisthira marang Panéngah Pandawa.

Arjuna lengser saka ngarsane Prabu Yudhisthira, samécta nggendhong endhong ngiwa Géndhiwa, nédya ngupaya Nakula-Sahadewa. Baréng tindake tékan ing satépining tlaga, sakala sumirépet panone Arjuna, amarga priksa Nakula-Sahadewa wis padha dadi kunarpa kumambang ing tlaga. Gagasane Arjuna mangkene: „Iki městhi panggauwe mungsuh!”

Arjuna milang-miling miriksan kanur-kering kanthi prayitna, dumadakan midhangét suwara kaya suwara kang rinungu dening Nakula-Sahadewa. Arjuna génti nyuwura: „Heh kung darbe suwar! Městhi sira sing mrejaya adhiku si Nakula-Sahadewa. Iya ta! Nadyar sira ora kasatmata, anggére isih ana ing mercapada bac, mangsa wurungu mati dening aku howe.” Mangkono sésumbare Arjuna karo měnthalang Géndhiwi kang kendhénge wis pinasangan warastru. Maewu-ewu cacahé jemparing kang lumépas saka Géndhiwa tumuju ményang dununing swara. Kanthi nahan ngélak lan luwe, Arjuna ora kendhat ngudani warastru. Baréng wis rutiangsa késél, Arjuna lagi leren, banjur nyémplung ing tlaga nédya ngunjuk dhisik. Salébare ngunjuk, Arjuna uga seda, layone kampul-kampul ing tirta.

„Yayi Bhima! Nganti cengklungén anggongingsun ngantu-antu tékane hadangira télu. Kapriye prayogune, yayi?” Mangkono pandangune Prabu Yudhisthira marang Bhima.

„Karia rahayu kaka Prabu! Aku nédya nusul hadangku télu.” Mangkono wangslane Bhima, banjur mangkat karo mandhi gada gedhe kagila-gila, tindake rikat kaya dibalangake. Baréng tindake tékan ing sacédhake tlaga, Bhima mak gréng mandhég dhéleg-dhéleg lan ngembéng waspa, amarga priksa Arjuna-Nakula-Sahadewa wis padha salastra, kunarpante kumambang ing tlaga. Pangudarasane mangkene: „Iki městhi panggauwe si bangsat-képarat Duryodana kang bangét julig-culik abudi candhala. Ora uwis uwis anggone nangsaya——.” Durung nganti rampung pangudarasane Bhima kandhég, késaru ana suwara kaprungu: „Heh wong dhevur! Aja ujas-ujas grus-grusu murang-krama kumawani nyédhaki taga, sadurunge sira oleh polilah

saka ingsun. Wruhanira, tlaga iku kagunganingsun. Manawa sira ora kena ingsun elikake, mèsthi bekal tumèka ing pati kaya erinira tètu hae."

"Heh titah kung ora kasatmata! Dadil sira sing tumindak siya-hariyaya mrajaya kadangku Arjuna-Nakula-Sahadewa?! Iya ta! Nadyan sira ora kawistara ing netra, mangsa murunge ajur-mèmèl dening gadaku ihi." Mangkono wangsulane Bhima marang kang darbe suwara. Bhima nggérèng karo manthèleng, banjur mancolot ményang papan dununing suwara. Sawarnane wit sing cilik-cilik dibédholl, wit sing gèdhe-gèdhe sinémpal-sémpal pinarapal dening Bhima, amarga ngira yen sing darbe suwara ndhélèk ana ing wit-witan, ing rérungkudan utawa ing bëbondhotan. Nganti suwe pangupayane Bhima marang kang darbe suwara, nanging mèksa ora dètemu. Baréng oiehe ngobrak-abrik alas wis kèsèl, Bhima leren, banjur nyémplung ing tlaga, ngunjuk. Sawise ngunjuk, Bhima palastra, layone kumambang iug tlaga.

Kocap kang kari anggana, Prabu Yudhisthira, sawise suwe pangarép-arepé marang para ari mèksa ora ana kang katon téka, panggalihé bangèt mèlang-mèlang, pangudasmara: „Bayu apa carunare, dene yayi Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa ora padha bali nirne? Saupama nému pringga-baya, ngéngkara manawa yayi Bhima-Arjuna ora bisa mbrosthu. Apa amarga kena ing krenahing télike kakang Duryodana?”

Sawise ngudasmara mangkono, Prabu Yudhisthira banjur tindak ngelati para ari kanthi nawung sungkawa, nasak gégrumbulan hrang bëbondhotan, karo milang-miling mriksa kanan-kering. Baréng tindake tékan ing saédhake tlaga, sanalika Prabu Yudhisthira macu idosa (muwun), amarga priksa kadange papat pisan wis padha palastra, layone pating krampul kumambang ing tlaga. Sambat-sèbuté mangkene: „Adhuh ariningsun Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa! Bayu satru sakti ngéntiki sing njolari sira padha ngémasi. Ing kene ora ana tilas-tilase mentas ana pancakura, geneya ariningsun padha palastra? Apa amarga saka bongéting julige kakang Duryodana olehe namakake sandi-upaya? Preyogare ingsun ngarijuk dhisik, mbokmanatwa sawise ilang ngélahingsun, ingsun banjur bisa nggagas prakara ihi kanthi ati padhang semrawung.”

Sawise nglocita mangkono, Prabu Yudhisthira banjur nyédhaki tlaga, nedya ngunjuk. Nanging durung nganti nyémplung tlaga, dumadakan panjenèngane midhangé suwara mangkene: „Heh Yudhisthira, wruhanira! Ingsu ihi yaksa kung kagungan tlaga. Ya ingsun kung njolari patine Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa, amarga arinira papat iku padha atindak murang iata, adigung gumèndhung, ngédir-édirake kaprawirme, nedya ngombe banyu tlaga tanpa palilahingsun. Manawa sira humawan tumindak késusu grusa-grusu kaya kadangira papat iku, mèsthi ingsun sirnakake pisar.”

Ing sakawit Prabu Yudhisthira rada kéjot midhangé suwara mangkono iku. Nanging baréng panggalihé wis tumata. Sang Prabu banjur nyédhaki papan dununing suwara kanthi wewe ka. Dumadakan mak bédhengus!

Ujug-ujug Prabu Yudhisthira priksa yaksa gedhe-dhuwur pindha prabata, awake sumorot mbalearéngi pindha bagaskara, mèthangkrong ing épating wréksa.

Yaksa: „Manawa sira durung bosén urip, aja nganti sira manuh waru ngombe banyune tla ga tanpa palilahingsun. Sira ingsun parengake ngombe lan ngangsu ing tla ga iku, manawa sira wis bisa mangsuli pandanganingsun.“

Yudhisthira: „Wruhanira Yaksa! Ing sajég-jumilégsun durung tau melik darbeking byan. Manawa saka karanira ingsun kudu mangsuli pandanganira, ingsun iya bakal ngaturi wangsulan ing sagadug-gadugingsun. Lah mara lairna pandanganira!“

Sawise Prabu Yudhisthira ngéndika mangkono, Yaksa banjur wiwit nglairake pitakone. Wondene ringkésaring pitakone Yaksa lan wangsulané Prabu Yudhisthira kaya kang kapratelakake ing ngisor iki:

1. Sarana nggégulang apa bisane manungsa lépas ing budi? *Layang Sruti*.
2. Sarana kapriye manungsa bisa nggayuh drajad gedhe? *Tapa brata*.
3. Dwija (Guru) iku kudu asipat kapriye? *Lépas ing budi*.
4. Apa kang wigati dhewe turnrap wong nérandu? *Banyu (udan)*.
5. Apa kang abote ngungkuli bumi? *Kitresnane biyung*.
6. Apa sing dhuwure ngungkuli langit? *Bapa*.
7. Apa sing nikate ngungkuli lakuning angin? *Cipta*.
8. Apa sing kehe ngungkuli cacabe sukit? *Gagasané manungsu*.
9. Apa sing ora méréém nalika turu? *Itek*.
10. Apa sing ora mobah-mosik nalikane lait? *Endhog*.
11. Sapa sing dadi mitrane wong lara? *Dokter, dhukun*.
12. Hia sing dadi mitrane wong meh mati (sékarat)? *Ambék welas-asih*.
13. Suwur sing dhuwur dhewe iku saka apa? *Dédana*.
14. Apa sing dianggép dadi jiwanting martungsa? *Anak lanang*.
15. Apa sing dianggép mitra péparinge dewa? *Bojo*.
16. Apa sing dianggép dadi pangayoman gedhe? *Dana*.
17. Barang darbe kang gedhe dhewe pangajine iku apa? *Kawruh*.
18. Kabéjan kang luhur dhewe iku apa? *Panarima*.
19. Apa sing manawa dituruti bakal keduwung? *Kanépson*.
20. Apa sing yen ditinggal njalaré sugih? *Pépengnari*.
21. Apa sing yen ditinggal njalaré béga? *Watuk céthil*.
22. Sing njalaré manungsa ora bisa munggah suwarga iku apa? *Késéngséni kadonyan*.
23. Wong isih urip dipéindhakake wis mati iku yen kapriye? *Kémlaratan*.
24. Piranti dianggép mati iku yen kapriye? *Diénggo wong tanpa kawruh*.
25. Sing diarani ngelmu sajati iku sing éndi? *Sing saka Pangeran*.
26. Mungsuw sing angel dhewe ditélukake iku sing éndi? *Kanépson*.
27. Sing dadi kékasinghing dewa iku sapa? *Wong séneng dana*.
28. Apa pakolehé wong sugih mitza? *Séneng uripe*.

29. Apa pakolehe wong laku utama? *Antuk komulyan ing délahan.*
30. Wong bisa ngenaki tyasing sasama, apa pakolehe? *Ditresnaning liyan.*
31. Apa sing bisa misuwur tékan ing swarga lan sumébar ing donya? *Panggawe bécik.*
32. Wong sing kapriye kang pantés sinebut sagih bandha? Sing ora mbedakake *bungah-susah* lan *mujur-kojur.*

Isth akeh maneh pitakone Yaksa, kabeh diwangsuli dening Prabu Yudhisthira, nanging kéroneen manawa dípratelakake kabeh. Wasanane Yaksa pratela mangkene: „Yudhisthira, sira wis mangsuli pandanganingkuu kang agawe senengingsun, mulane kadangira salah-siji nedya ingsun uripake. Mara pilihén salah-siji, sapa kang kudu ingsun uripake.”

Yudhisthira: „Nakula bae uripna maneh!”

Yaksa: „Lo, aneh temén Yudhisthira! Ingsun wuninga manawa sira kudu trésna marang Bhima lan Arjuna. Yagene sira milih Nakula kang kudu ingsun uripake?”

Yudhisthira: „Nakula iku kadangingsun tunggal rama seje ibu. Manawa ingsun njaluk Bhima utawa Arjuna kang kudu kouripake, kadangingsun tunggal rama-ibu, aran murang kautaman, abab mikolchake saduhur sing luwih cédhak. Sumurupa Yaksa, ingsun bisa pisah karo kadang, nanging ora bisa pisah karo kautaman.”

Yaksa: „Yudhisthira! Lukur temén bebudanira. Sarehne sira tansah ngrunghebi kautaman, aritura papat pisan nedya ingsun uripake bébaréngan.”

Sawise ngendika mangkono, Yaksa hanjur mudhun saka wréksa térus ngénér menyang tlaga bébaréngan karo Prabu Yudhisthira. Satèkane ing tlaga, Yaksa tumuli mandéng kunarpante Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa karo nyabda sora: „Heh Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa! Padha tangia, aja képati nendra; sira padha diénertení dening kadangira urédhéha.”

Gregah! Kédayan sabdane Yaksa, sanalka Bhima-Arjuna-Nakula-Sahadewa padha tangi pating jénggelek, nuli bébaréngan ménntas menyang dharatan kanthi waluya jati kadi wingi-uni.

Lap! Yaksa musna. Lêt sakédhép netra mak jlég! Bathara Dharma katon mangéjawantah, juméneng ana ing ngarsane Prabu Yudhisthira, banjur ngendika: „Kulup Yudhisthira, wruhanira! Salugune Yaksa iku mau ya bigsun, sudarmanira. Ya ingsun kang apéparab Bathara Dharma, dewaning adil.”

Para Pandawa génti-génti nyungkémi padane Bathara Dharma, banjur lenggah ana ing ngarsane Sang Bathara kanthi patrap kang bangét susila anor-raga.

Bathara Dharma: „Kulup, Yudhisthira! Rawuhingsun ing alas iki, amarga kapengin nguningani kaananira. Saméngko ingsun uis wuninga yen sira pranyata bisa mangreh pribadinira, temén, suci, prasaja, santosa ing budi,

susila, ambek wélos-asih, ora pilih hasih, bétah cécégaoh, sengsém ulah tapabréta, sober-danu, ingsun uga wis wuringa, manawa sira ora tinggal lèmang prakara, yaiku: 1 Ati lèrem, 2 mangreh dhiri, 3 méper pépenginan lan kamurkan, 4 anor-raga, 5 sengsém ulah yoga. Ingsun ora kesamaran manawa sira kuwawa ngéndhik ném prakara, yaiku: 1 ngélik, 2 ngélak, 3 susah, 4 ati sérlik, 5 umur dawa, 6 pati. Kulup, Yudhisthira! Sésipatanira mangkono iku agauwe suka-prénaningsun, mulane ingsun nédye asung nugraha marang sira. Mara tutura kulup, sira nyuwun nugraha apa marang ingsun!"

Yudhisthira: „Pukulan, kawuningan! Wontén sangsam asingat branggah mbéh ta lumajeng pirantos céthik atu lan pirantos ngublah mértega suci darbekipun brahmana, cumanthol ing singatipun. Panyuwun kawula, mugi kawula sagéda asung pitulung dhaténg Sang Brahmana, sagéda dados lan taran wongsulipun pirantos warni kalihi punika, supados Sang Brahmana fèstantun sagéda nindekaaken sésaji."

Bathara Dharma: „Putrulingsun Yudhisthira! Ménjangan kang nggawa lumayu piranti wama loro iku sajatane iye ingsun Amarga kapengin wuninga caranira asung pangayoman marang brahmana. ingsun mancala wama ménjangan asungi branggah nggateu lumayu piranti-piranti iku. Mara tampanana piranti wama loro iki, pasrahna marang Sang Brahmana. Saméngko sira darbe partyuwun apa maneh marang ingsun?"

Yudhisthira: „Sampun 12 warsa Pandawa adédunung ing wana, lajeng kédah sésingidan lambeipun sawarsa. Pukulan, mugi paduka kaparéng paring pangayoman, sampun ngantos Pandawa kawumérepon dening télikipun kakang Duryodana ing salébipun sawarsa punjka."

Bathara Dharma: „Panyuwunira ingsun parénggoke. Pituduhingsun, sira lan para arinira sorta Dewi Krésna padha fédunungan ing praja Wiratha, Aéit saka nugrahaningsun, sajroni sawarsa ora ana manungsa kong darbe pangru manawa sira sakadang atruajane Pandu. Sciméngko apa sira isih darbe panyuwun maneh marang ingsun?"

Yudhisthira: „Pukulan, wonténa kaparéng paduka karsa paring kekiyanan dhaténg kawula, ingkang njalari kawula sagéda kuwawi nahéh hawa, ngéndhik kamurhan méper pépenginan, murih fèstantun kasinungan pambejan wélos-asih, témén lor sengsém dhaténg ulah tapabréta."

Bathara Dharma: „Kulup, kabeh iku wis kasalira ing sira, jér sira iku panjanmane dewaning Adil. Ya pembégan mangkono iku kang ajalari kaleh-sahating idham-idhamanira."

Sawise ngéndika mangkono Bathara Dharma banjur musna; dene Prabu Yudhisthira banjur kondur ményang pedhepokan, didherékake para ari. Kondure Pandawa mampir ing pratapané Sang Brahmana masrahake piranti sésaji kang dhek mau digawa lumayu céning ménjangan. Sapraptané ing padhepokan, Prabu Yudhisthira wéwarta marang Dewi Krésna (Dropadi) bab kang ménitas dialamé. Létké sakédhép netra Rési Domya lan brahmana

liya-liyane padha ngrubung Prabu Yudhisthira, prelu nungsung warta.

Yudhisthira: „Dhuuh para brahmana ingkang tuhu asih dhateng Pandawa, kawuningan! Dumugi samangke sampaun 12 warta Pandawa adeduh ning ing madyaning wana, milanipun sampaun dumugi ing titi-wancinipun Pandawa kecdah wiwit sésingidan. Salébétipun sawarsa, Pandawa sampaun ngantos kasumérépan dening Karwa utawi arayanipun. Awit saking punika, dhuuh para brahmana! Kanthi ruas aurat Pandawa kěpèksa pépisahan kalian jéngandika sadaya. Mugi-mugi kita ing témbe sagéd pñanggih malih kanthi suka-besukti ing sadayanipun. Panyuwur kula, mugi jéngandika sadaya sami kapareng puring pangestu soha pépuji susanti wijayanti dhateng Pandawa, supados salébétipun sawarsa anggenipua sésingidan Pandawa sampaun ngantos kasumérépan kakang Duryodana itau arayanipun, saha ing témbe, sasampunipun sésingidan sawarsa. Pandawa sagèda ngrébat-wangsul nagari sarana nyienakaken sadaya kilitipun.“

Sajrose ngéndika mangkono, Prabu Yudhisthira waspane marawayan nganti nélesi pasuryan lan pranajane, kagawa saka bangéte sumédhoting panggalihe bakal pépisahan karo para brahmána.

Sarampuung ngéndikane Prabu Yudhisthira, para brahmana nganti tripandurat ora ana kang ngéndika, amarga saku karorantauing panggalihe nedya tininggal Pandawa. Wasana Rési Domya kang minangka tuwanggarane para brahmana ngéndika kanthi nénggak waspa: „Sinuwun, pamujinipun para brahmana, mugi para Lókapala soha para dewa sanes-sanesipun tansah sami njangtung ngayomi dhateng para Pandawa. Sasampunipun gesang wonten ing madyaning wana lan sésingidan sawarsa, paduka témtu sagéd ngasorakén sadaya mèngsah paduka soha lajeng junséng Nata binathara tanpa sisihan. Kawuttinguna Sinuwun! Dewa ugi wonten ingkong sagédipun mbrastra mèngsahipun sasampunipun ngalami kétula-tulu katali. Bathara Indra sagéd mbrastra mèngsahipun sasampunipun orcal saking Keindran adédunung ing padhepokan Giriprastha. Bathara Wisnu natika badhé ngraboso prajanipun Prabu Wali kěpèksa ngalami gesang daos tiyang bajang. Lan tukéh kathah malih tépa-tuladha sanes-sanesipun. Dhuuh musthikaning para Narendra! Paduka ing salam-i-laminipun tansah nyungkiri tindak botén prayogi, nébih cécéngilan lan cécongkrahán, botén nate melik darbeking iyan, tansah nétepi sésanggeman lan ngrungkébl kautamen, témtu sagéd nggayuh sawaruning idham-idhaman.“

Sawise ngéndika mangkono, Rési Domya lan para brahmana liya-liyane banjur padha pamitan marang para Pandawa lan Dewi Krésna, null padha kondur mènyang padhepokane dhewe-dhewe. Wondene para Pandawa lan Dewi Krésna, ing sapungkure para brahmana, isih mbanjurake olehe padha ngéndikan, ngrémbug carane sésingidan sarana namur salira.

Nalika para Pandawa lan Dewi Krésna ngrembug cara kang prayoga kanggo namur salira, rembugane winadi bangét. Ora kéné ana wong nyédhak padhepokan, olehe ngendikan lirih, bisik-bisik pating glénik.

„Ariningsun papal pisan! Sira padha ngrisngu dhewe dhawuhé Bathara Dharma, kita kabeh iki ndikakake padha namur salira ana ing praja Wiratha. Miturut panémuningsun, dhawuhé Sang Bathara prayoga kita estohake. Ewadene manawa sira darbe wawasan liya praja kang luwih prayoga tinimbang Wiratha, mera lairna!“ Mangkono ngendikane Prabu Yudhisthira marang para ati.

Bhima: „Prakara papan kang prayoga dienggo namur salira wis ora prélù dirémbug, kita kudu ngesthokake dhawuhé Bathara Dharma. Arjuna, Kémbar lan Dropadi mesthine ya padha manut-miturut.“

Arjuna: „Kaka Prabu, saupami wontena praja sanesipun ingkang lang-kung prayogi hangge namur salira, manawi Pandawa botén ngestokaké dhawuhipun Bathara Dharma, sisip-sembiripun Pandawa nampi sapu-dhèn-dhaning dewa. Kajawi punika, Prabu Matsya Ratu Wiratha punika ageng wèlesipun dhaténg Pandawa, Ratu abandha-bondhu, sampun yuswa, jémbar wawasanipun, santosa panggalihipun, botén gampil nggéga pangojok-ojokipun kakang Duryodana utawi strayanipun.“

Yudhisthira: „Sukur manawa sira kabel wis padha sarujuk-mathuk namur salira ana ing praja Wiratha. Saméngko ngrembug prayoganing laku. Kanggo ngawekani supaya aja nganti ana kang ngréti manawa kita kabeh iki Pandawa, bécike kita padha ganti jéneng, ngenggo jéneng sesinglon, lan sowan kita menyang praja Wiratha aja bêbarèngan. Kajéba saha iku, kita kudu darbe rancangan, pakaryan apa kang bakal kita suwun marang Prabu Matsya ing Wiratha.“

Para Pandawa nganti suwe olehe padha rembugan, wasanane bisa antuk rembug gathuk, mathuk lan mathis, mangkene:

1. Prabu Yudhisthira ganti asma *Kengka*, ngaku brahmana mlarat, biyen dadi paramparane Prabu Yudhisthira, nedya nyuwun dadi paramparane Prabu Matsya ing Wiratha.
2. Bhima ganti asma *Bellawa* utawa *Velala*, ngaku yen dhek biyen dadi juru-madhaharane Prabu Yudhisthira ing *Indraprastha*, darbe kaluwihan ahli olah-olah (masak) lan ahli gélut, kulina diédéu karo macan utawa buron alas liyane.
3. Arjuna ganti asma *Bréhannala* (*Wréhanna'lá*), ngaku wong wandu, ahli kagunan karawitan, wis tau suwita Prabu Yudhisthira, dadi Guru beksa mulang para putri ing kadhaton Indraprastha.

- Nakula ganti asma *Gruntika* utawa *Dharmagraniti*, ngaku ahli ngopeni jaran (dadi gamèl) lan ngajari lakune (dadi panègar), wis tau ngabdi Prabu Yudhisthira didadekake gamèl lan panègar.
- Sahadewa ganti asma *Tentripala*, ngaku ahli ngrukti sapi, wis tau ngabdi Prabu Yudhisthira didhawuhu ngopeni sapi pirang-pirang kethi.
- Dewi Krèsna (Dropadi) ganti asma *Sairandri*, ngaku ahli lèladi prameswari, wis tau ngabdi marang Prabu Yudhisthira dadi pawongan prameswari Indraprastha. (Tembung "Sairandri" satèrnène atègès "pawongan," dudu araning wong? Pm).

Sawise golong-gliig rémbuge, para Pandawa lan Dewi Krèsna padha ganti agéman. Prabu Yudhisthira mangagém cara brahma, Bhima ngagém cara juru madhaharan, Arjuna mangagém-agéman wanita, Nakula mangagém cara gamèl (panègar), Sahadewa agéman-agémane cara pangon sapi, Dewi Krèsna mangagém cara pawongan (abdi wadon). Baréng wis padha ganti agéman, para Pandawa lan Dewi Krèsna banjur padha nggladhi (latihan) mémamatut tindak-tanduk sing salaras karo agém-agéman kang mèntas ditrapake. Sawise olehe gladhen mémamatut solah-hawa wis cukup, banjur padha budhal ményang praja Wiratha, tindake isih bêbaéngan. Safrone tindak, Prabu Yudhisthira wola-wali mriksani para ari lan Dewi Dropadi, bangét karérentan panggalihé, pangadasmarane mangkene: „O, ariningsun kabeh! Sira padha tédhak-turune Prabu Bharatu kang kasusa ing jagad, kudune ora halah haro sapa bae, pepindhane kaya gunung Mahameru kang dhuwure prasat sundhul awsyat. Nanging nyatane sira padha dadi wong buwangan ngalami urip késurang-surang. O, Dropadi! Sira atmajane Nela binathara, nanging saiki képéksa ngalami urip kétuña-tuña katali, amarga saka sètyeniru marang guru-laki. Kabeh iku salugune saka luyutingsun, kurang wéwehaningsun, nganti lingsun kéné kabéllithuk safrone wuru hasulan ahdhu.”

Gancangan carita baréng tindake para Pandawa lan Dewi Krèsna wis tékan ing sacédhake kadhaton Wiratha, banjur padha ngaso, lengkah ing sangisore wit sami, padha rémbungan, kapriye carane ndhélikake gégaman. Pépuntone rémbug, kabeh gégaman Pandawa dibongkok dadi siji, dibungkus sarana barang putih, diwangun maujud sing mémédeni, banjur diénut-érut kenceng karo épange wit gédhe-dhuwur ing sacédhake kuburan wingit. Sawise nyingidake gégamanane, para Pandawa banjur padha asésinglon asma dhewe-dhewe. Prabu Yudhisthira asésinglon asma Jaya, Bhima asésinglon Jayanta, Arjuna asésinglon Wijaya, Nakula asésinglon Jayatsena, Sahadewa asésinglon Jayabala. Dadi sarjone namur saliré sawarsa para Pandawa padha darbe péparab lan asma sésinglon dhewe-dhewe, mangkene:

1. Prabu Yudhisthira apéparab Kangka, asésinglon asma Wijaya.
2. Bhima apéparab Ballawa (*Vulala*), asésinglon Jayanta.
3. Arjuna apéparab Bréhannala (*Wréhannala*), asésinglon Wijaya.
4. Nakula apéparab Grantika (*Dharmagragiti*), asésinglon Jayatsena.

5. Sahadewa apēparab *Tantripala*, asēsinglon *Jayatbala*.

Sawise uso salirane lan aring riwene, para Pandawa padha mangkat dhewe-dhewe sowan Prabu Matsya ing kadhaton Wiratha, mung Nakula-Sahadewa sing sowan bēbaréngan. Wondéné urut-urutane pisowane mangkéné:

1. *Brahmana Kangka* (uga lumrah sinébut *Dwija Kangka*, akeh dhalang kang kliru ngucapake *Wijayangka*), pasuwitane ditampa bécik dening Prabu Matsya, didadekake paramparane Sang Prabu. Pakaryane Dwija Kangka ngaturi pamravyoga marang Prabu Matsya ing babagan kaprajan (politik). Manawa Prabu Matsya pinuju nawung sungkawa, Dwija Kangka kudu ngrérapu Sang Prabu murih lipuring panggalih. Ing wéktu sénggang, Brahmana Kangka didhawuhi maca lan nérangake Weda utawa Wedanta, tarkadhung didhawuhi nérangake bab jangka (Indonesia: ramalan), bab jimat, aji-aji lan sapanunggalane. Kala-kala Dwija Kangka didhawuhi nyaritakake kaanane Prabu Yudhisthira.
2. *Ballawa*, pasuwitane marang Prabu Matsya uga ditampa, didadekake juru madhaharan (*koki*), lan yen Sang Prabu nganakake gladhen pérang, Ballawa diédü karc gégedhunging wadyabala Wiratha. Samangsa Sang Prabu mbéburu, Ballawa sok diédü karo buron alas. Ballawa dipapanake ana ing sacédhake pawon kraton.
3. *Bréhannala*, priya wandu manganggo éara wanita, pangabdine uga ditampa bécik dening Prabu Matsya, diparingi kuwijiban mulang-muruk para putri kraton ing babagan kagunan adi-luhung, kayata: joged, langén swaka lan nabuh pradangga. Bréhannala dipapanake ana ing kaputren, kumpul karo para putri.
4. *Sairandri* sowan ing kadhaton Wiratha marak Prabu Matsya, nanging banjur didhawuhi manjing ing prabasuyasa marak Sang Prameswari *Dewi Sudesha*. Sairandri ditampa bécik dening Sang Prameswari, didadekake pawongan.
5. *Grantika* lan *Tantripala* bēbaréngan sowan ing kadhaton Wiratha, uga ditampa bécik pasuwitane dening Prabu Matsya. Grantika tinanggénah ngupakara turangga sagédhogane, Tantripala didhawuhi ngopeni sapi sakandhang.

Para Pandawa lan Dewi Krésna wis kaléksanan padha sowita Prabu Matsya ing Wiratha. Pagawéane ing sabén dinane: Dwija Kangka ngadhép Sang Prabu. Manawa Sang Prabu miyos siniwaka, Dwija Kangka uga milu seba. Ballawa sabén dinane ngraténgi dhédhaharan ana ing pawon kraton, kérèp diédü karo tukang gélut kang wis misuwur téghug-tanggon lan dhugdheng. Nanging Ballawa wis diwanti-wanti dening Dwija Kangka, manawa gélut lumawan sapa bae aja ngantik pambantinge utawa pamrawasane njalari matining mungsuhe, lan ora diparengake mbédholt wréksa minangka gunungan pancakara, mundhak suwe-suwe ana sing ngréti manawa Ballawa iku salugune

Panènggak Pandawa. Sabèn Saang Prabu tindak mbèbèdhag, Ballawa mesthi diidhawuhi ndberék. Ana ing slas, Ballawa kérèp nyékél gajah, bantheng, warak, singa utawa macan tanpa gégaman. Bréhannala sabèn dina mulang-muruk para putri ing babagan joged, témbang lan nabuh gamélan. Sansajan rina-wéngi kurmpul karo para putri kraton, Bréhannala ora bisa nandukake asmara, amarga wis *di-SOTake* dening widadari *Dewi Urwus* nalika ana ing Kaindran biyen. Grantika sabèn dina ngopeni lan ngajari kabeh jaran kagung-ané Prabu Matsya lan ngrésili gedhogane. Tantripala sabèn dina ngopeni kabeh sapi Wiratha lan ngrésili kandhang-kandhangane. Sairandri léléadi Sang Prameswari Dewi Sudésna, ruméksa dhahare, unjukane, agém-agémane, klangénane lan pamucangane Sang Prameswari. (Mucang = nginang).

Amarga saka bangéting tumémèné olehe nindakake kuwajiban kang didhawuhake, sinartan tindak-tanduk kang bangéti susila anor-raga, para Pandawa tansah ingalémbana dening Prabu Matsya, Sairandri bangéti ditrèsnani dening Sang Prameswari.



261. MAHASENAPATI KICAKA GANDRUNG – WUYUNG
MARANG SAIRANDRI.

Pandawa lan Dewi Krésna wis pirang-pirang sasi suwita ana ing praja Wiratha. Siji bae ora ana sing ngira manawa Dwija Kangka, Ballawa, Bréhan-sala, Grantika lan Tantripala iku salugure para Pandawa, lan uga ora ana sing ngira yen Sairandri iku sajatine Dewi Krésna. Awit saka iku uripe para Pandawa lan Dewi Krésna ana ing kadhaton Wiratha bisa téntrem lan ayém, kalis ing rasa was-surmelang. Nanging ngaurip iku sanajan tansah wéweka-prayitna, ora bisa kalis ing sambekala ing salawase. Saka akehe godha-rencana ing donya, ana-sua bae bab kang njalari manungsa ora bisa tansah téntrem-ayém uripe.

Kacarita Mahasenapati Wiratha, apépanah *Kicaka*, kaprénah kadang taruna karo Sang Prameswari Dewi Sudésna, dadi kaprénah ipe karo Prabu Matsya, bangét kalok kaloka gagah-prakosa téghéh-timbul sura-sakti mandraguna, mulane dadi andéł-andéłé Prabu Matsya minangka sapu *kawat praja Wiratha*. Kékuwatane praja Wiratha dumunung ana ing *Mahasenapati Kicaka*. Sanajan kang ngénggahi dhampar kaprabon Wiratha Prabu Matsya, nanging sing nyékél bang-bang aluming praja Mahasenapati Kicaka. Awit saka iku, Mahasenapati Kicaka bangét kinajrihan dening para náyaka, para wadyabala lari para kawula Wiratha, amarga kabeh iku dweweke kang wénang murbawesa. Eman dene Mahasenapati Kicaka awatak *thukmis*, gampang kégiwang kincangan alis, lan ambék gédhag-gédhig adigung-guméndhung, sapa sira sapa ingsun.

Wiwit sumurup sapihan marang Sairandri, Kicaka wis kégiwang marang suliyaning suwarnane, sedheting salitrane, manising polatane, lindrining netrane, runghing granane, gandés-luwésing wiragane lan aruming wicarane. Awit saka iku, wiwit Sairandri dadi pawongane Prameswari Wiratha, Kicaka kérép manjing kadhaton, ngadhép lan imbal wacana karo Sang Prameswari kang tundone mung kapengin nyawang macang Sairandri. Awit saka lantiping panggalihé lan landhéping pangrasane, siwe-suwe Sairandri ngréti marang bathikaning atine Kicaka, mulane banjur wéweka-prayitna samangsa kétému utawa péthukan karo dheweke.

Kasmarene Kicaka marang Sairandri saya lawas saya ngranubi, mulane banjur tansah ngupaya reka bisane tétemon karo dheweke ana ing panggonan sépi. Kérép bae Kicaka klintar-klintér ana ing sacédhaking padumungane Sairandri, utawa ngadhang-adhang ana ing panggonan sing sok diliwati. Nanging Sairandri wis ora kurang wéweka; saben sumurup klebating Kicaka, dheweke tumuli ndhélük utawa ngédhohi.

Manungsa iku sanajan sugih wéweka, nanging mèksa ana kulane lena. Ing sawijining dina, tanpa kanyana-nyana Sairandri kepregok Kicaka ana ing papan sépi.

„Sairandri, rupamu ayu mérak ati. Eman yen kowe tērus dedi pawongan ing salaiwase. Prayogane kowe dakboyong menyang suyasaku, dedia sisihanku, bareng mukti-wibawa karo aku. Manawa kowe manut-miturut marangku, uripmu mesthi ngalami makmur jibar-jibur mubria-mubru blabur madu, kaléksanan kabeh idham-idhamanmu. Aku bakal matur kakang mbok Ratu, nyuwun kowe dakboyong menyang suyasaku.“ Mangkono pambujeke Kicaka.

Sanajan nalika samana Sairandri atine bangét trataban lan ing batin bangét ewa marang Kicaka, ewadene bisa mangsuli kanthi sareh lan teteh, sarta kanthi patrap susila anor-raga: „Dhuh Sang Mahasenapati! Mugi wontena kapareng paduka karso midhangé-takan atur kawula. Paduka punika Mahasenapati kinawasa, hinedhépan para nayaka saha perz wadyabala, sinuyudan dening sadaya kawula Wiratha. Saklongkung botén mungguh manawi paduka ngarsakakèn nggarwa wanita ingkang sudra-papa kedos kawula. Kajawi punika mugi kawuningana, salugunipun kawula punika sampun minéngku gandarwa 5 ingkang sanui adedunang wonten ing wara, botén tébih sahing kadhaton Wiratha. Mugi wontena kapareng paduka karso ndhahar utur kawula, nyandekakèn harsa paduka nedya negaria dhaténg kawula. Eman manawi ngartos wonten lélémpahan ingkang njolari gempa sing kulu-huran paduka.“

Kicaka: „O, Sairandri! Gunémmu iku ing sému isi pangina marangku. Nanging ora dadil apa, anggère kowe gélem manut-miturut marangku. Sumurupa Sairandri! Aku iki Mahasenapati sing ora tau darbe rasa ulap marang sapa bae, lan durung tau ana mungsuh sing kuwat nedhahé yudaku. Aja maneh mung mungsuh gandarwa 5, sanajan nganti pira bar cacahé, sku keduga nyirnu kache. Mulane Sairandri, tinienbang kowe dedi bojone gandarwa alesan, kuuth técih dedie sisihanku, dokayomi, dakhuktekake.“

Sawise kandha mangkono, Kicaka nyédhaki Sairandri, nedya nyandhak tangane. Nanging Sairandri ngoncati, lumayu sijat kuping lumébu ing padunungane. Wiwit ing wéktu iku Sairandri rumangsa ora krasan ana ing kadhaton Wiratha, atine tansah ngandhut was-sumélang. Nanging sarehning képekxa dening kaanan, sanajan ora krasan, mèksa dikrasan-krasanake. Sairandri ora wani nggugat tindake Kicaka marang Sang Prameswari, amarga ngrumangsani ringkéhing kaanané, mangka Kicaka iku Mahasenapati Wiratha kang wénang murba-wasesa marang sapa bae. Mandar dheweke ora wani kandha manang sapa-sapa, wédi manawa dipiténah dening Kicaka.

Gandrung-wuyunge Kicaka marang Sairandri saya ndadi, saya ngrauhi, wasanane tanpa rasa isin-wirang matur marang Sang Prameswari: „Kakang mbok Ratu! Goroh ualeh punapá, lugunipun sampun dangu kula nandhang gandrung-kapirengku dhaténg pun Sairandri. Saking sangéting kasmaran kula dhaténg piyambakipun, ngantos botén nate sageéd nedha eca tilém sakeca. Kula rumaos sampun hotén kuwauw ngéndhaleni gandrung kula dhaténg pawonganipun kakang Mbok. Awit sahing punika, manawi kakang mbok ka-

gungan welas dhateng kula, karsaa ngréniuk pun Sairandri, supados purun dados sisihan kula. Kajawi punika, won téna kaparéngipun kakang mbok karso paring margi sagéda kula pépanggihan kaliyan piyambakipun."

Ing sakawit Sang Prameswari ora nyondhongi marang sédyaare Kicaka, amarga kajaba Sairandri iku wong pidak-padarakan, dheweke wis darbe sisih-an gandarwa 5. Nanging adrénging atine Kicaka wis ora bisa luntur dening pitutur, mandar banjur kéléair ature mangkene: „Nuwun sewu kakang mbok! Manau! paduka botén kaparéng paring mergi sagédiipun kula haléksanan darbe sisihan Sairandri, kula badhé nglalu antah sarana sueluk salira.”

Midhangét ature Kicaka nedya sucuk salira, Sang Prameswari kepéksa banjur nyaguhi lan nyarujuklé sédyaane Kicaka. Panjénengane nedya milih waktu kang prayoga kango tétemon Sairandri lan Kicaka.

Ing sawijining dina Sairandri dihawuhlu dening Sang Prameswari ngéterake kendhi kéncaha isi unjukan ményang padunungane Kicaka. Mesthi bae Sairandri lenggana kipa-kipa, anging amarga dipéksa, wasanane dheweke kepéksa ngléksanan dhawuhé Sang Prameswari. Kanthi ati was-sumélang, Sairandri mangkat ményang padunungane Kicaka ngawa kendhi kéncaha isi unjukan. Satékane ing kasenapaten sawise ngulungake kendhi kéncaha, Sairandri banjur dingungrum dening Kicaka, nedya dipondhong. Sairandrigilapén, lumayu métu saka suyasa kasenapaten, nanging tumuli ditututi dening Kicaka, diténdhang nganti tiba krungkangan. Sairandri njérít, satémah dadi layadane para abdi ing kasenapaten. Para Abdi ora ana sing wani té tulung marang Sairandri, wédi dipidana dening Kicaka.

Sairandri bali ményang kadhaton, ikune sempoyongan, jalaran kéléaran. Sadurunge marak Sang Prameswari, Sairandri mampir ing padunungane Ballawa, madulake tindak-tanduke Kicaka.

„Kicaka kudu mati deningaku!” Mangkono kandhane Ballawa sawise ngrungu wewadule Sairandri. „Apa karo bakal dialami dening Pandawa, sawise aku mrajaya Kicaka, émbuh, aku ora miraduli babiku. Aku ora bakal nggubris ngéndikane kakang Kangka lan adhiku Bréhannala.”

Sairandri lan Ballawa banjur padha rémbugan, ngrancang carane olehe nedya mrajaya Kicaka. Pépuntoning rémbug, rancangan kang bakal ditindakake mangkene: Samangsa Kicaka mbijuk maneh, Sairandri bakal api-api gélém nglanggati, nging ana ing papan kang péteng lan sépti, ing wayah madya ratri, ana ing panté pradangga, salébare para putri mbéksa kanthi tuntunane Bréhannala. Manawa kabeh pépadhang wis disirép, Ballawa bakal lumébu ing panté pradangga memba wanita mawa ganda-wida, ngenteni tékane Kicaka.

Sawise nétepake rancangan kang bakal ditindakake, Sairandri tumuli bali ményang prabasuyasa marak Sang Prameswari Dewi Sudésna.

Ing sawijining dina, amarga rumangsa wis ora kuwawa ngéndhaleni ubaling asmara, kanthi gandrung-gandrung kapirangu Kicaka nekad némoni Sairandri ana ing padunungane.

„Sairandri! Bangét gégetuning atiku deae dhek wingenane aku nganti mentala néndhang kowé. Panjalukku, muga kowe géléma ngapura kaluputanku. Sairandri, kowe sumurup dhewe yen panguwasa praja Wiratha ana ing tanganku. Sanajan kang nglénggahi dhampar kaprabon kaka Prabu, nanging aku heng nyéhél bang-bang aluming praja. Mulane manawa kowe gélém dadé sisihanku, mèsthi bakal diaji-aji kaya prameswarining Ratu. Dhuh wonita sulistya! Wis meh sawarsa aku nandhang lara asmara gandrung-wuyung manung sira. Pangajaphu, muga-mugu saméngko sira géléma usung usada brangta marang aku.“

Sairandri: „Dhuh Mahasenapati-sinakti! Sarehning karsa paduka punika sajek kapidéreng-adréng, kawula sumarah, rumangga ing sakarsa paduka. Nanging sarehning kawula sampaun wiñengku gandarwa 5, supados karsa paduka sagéd haléksawan tanpa sambe kala, bob punika prayoginipun katindakakén ing wanci madya ratri lan ing papán ingkang prémati, supados guru-laki kula para gandarwa botén sami nyumérépi. Manawi paduka condhong ing karsa, mangke dalu sasampunipun para putri rampung anggenipun ulah kridha-mataya (mbéksa), inggih punika mantri sadaya pépadhang sampaun dipun-sirép sedaya, wonténa kapéreng paduka karsa manjing ing pantí pradangga, kawula sumadhiya ngéntosi rawuh paduka. Inggih wontén ing pantí pradangga punika anggen kawula badhe masrahakén jiwa-raga kawula, sumangga ing sakarsa paduka.“

Ngrungu kasaguhane Sairandri mangkono iku, Kicaka bangét suka amarwata sutra, kandhane: „Iya Sairandri, iyu. Nanging poma aje cídra ing ubaya.“ Mangkono wangslane Kicaka, banjur lunga.

Ing sapungkure Kicaka, Sairandri némoni Ballawa, mratelakake olehe mentas sémayan karo Mahasenapati Wiratha.

Kocap bengine, baréng sumurup pantí pradangga wis katon pé teng, Ballawa enggal-enggal tata-tata, awak lan sandhangane diképyuri wéwangi, nuli manjing ing pantí pradangga, lungguh ing dhingklík tanpa nyabawa. Amarga saka akehe wéwangi kang diképyurake ing awak lan panganggone Ballawa, gandane nganti kongas tékan ing sajabaning pantí pradangga.

Ora antara suwe Kicaka téka. Isih rada idoh saka kori pantí pradangga, Kicaka wis ketaman ganda-wida amrik-mingging tumanduk ing grana.

„Sing wangi thi mèsthi gandane Sairandri; dadé dheweke ora cídra ing lanjl.“ Mangkono gagasané Kicaka karo manjing ing pantí pradangga.

„Sairandri, aku téka Sairandri!“ Mangkono kandhane Kicaka karo grayang-grayang nggoleki sing ngganda wangi.

„Inggih Sang Mahasenapati! Suminggu kawula aturi lajeng lumébet kemawon, kawula sumpun sawafawis dangu ngentosi, rawuh paduke.“ Mangkono wangsalane sing lungguh ing dhinglik memba-memba swaraning wanita.

Kicaka ora saranta atine, enggal-enggal ngénér dununing swara karo grayang-grayang tangane, amarga ing sajrone pantu pradangga bangét pöténgé. Sapira kagete Kicaka nalika ngépok awak gédhe lan bangit atose.

Nyat! Sing kégépok tumuli ngadéy, térus ngrukét Kicaka.

„Iki mèsthi gandarwa bojone Scirandri! Bangsat-képarat Sairandri, milénah aku ing wayah bengi.“ Mangkono grundélane Kicaka karo budi ngétop ténaga, satémah bisa uwal saka rukétane Ballawa. Kicaka lumawan krodhane Ballawa, satémah dumadi pérang tandhing rok-bandawalapati. Pérange Ballawa lumawan Kicaka pépidhane kaya campuhe singa-barong lumawan macan gembong arébut burukan. Padha sudirané, padha teguh-timbule. Padhadene jago tanggon, padhadene ora tau ulap marang mungsuh, padhadene ora tau ngucira ing yuda. Bedane, Kicaka durung siyaga ing sadurunge, nanging Ballawa panceun wis saméktia nedya mrajaya Kicaka, dadi luwih tumata pikiran lan angén-angéne. Suwi-suwe Kicaka kéné diskép dening Ballawa, banjur dibanting sakayange; tibane Kicaka mangkuréb kongséb, banjur diidak gégré lan ditékkak gunung, nuli didéngkek, satémah putung ula-ulane. Saka bangéting ngigit-igite, Ballawa olehe mateni Kicaka digawe pangewan-ewan. Tangan lan sikile Kicaka diputungi, awake dijéjuwing.

Sapatiné Kicaka, Ballawa mètu saku pantu pradangga térus menyang padunungané Sairandri. Sawise wewara manawa Kicaka wis diprajaya, Ballawa bali menyang padunungané dhewe, turu.

Esuke kadhaton Wiratha gejer, wong-wong padha pating bilulung karo alok: „Mahasenapati Kicaka seda!“

Para nayaka lan wadyabala padha ribut pating brubut lumayu menyang pantu pradangga, kepengin sumurup kunarpante Kicaka. Sing wis sumurup tumuli bali, amarga ora mèntala ndulu kunarpante Kicaka kang banget rojahré. Sawénéh ana kang mèntala ngiling-ilingi karo kandha: „Kwanya gréwa, kua carano“ (basa Sangsékerta), tegése: éndi galure, éndi sikile.

Sairandri kéné ing panyakrabawa dadi jalarané patine Kicaka, sanajan dudu dheweke dhewe sing mrajaya. Marang Prabu Matsya lan Prameswari Sudésna, Sairandri mratelakake manawa bisa uga gandarwa guru-lakine sing mrajaya Kicaka. Para kulawarga Kicaka yaiku kang sinébut para Upakica, padha ora nrimakake patine Kicaka. Awit saka iku Sairandri dicékel lan diwajabake bela obong bêbarongan karo pangobonging kunarpante Kicaka, nanging wasahané Sairandri diluwari dening Ballawa. Miturut Mahabharata abasa

Jawa yasan R. Ng. Djajapuspita kaca 24, nalika Ballawa ngaton awarna gandarwa ngluwari Sairandri, maten Upakica cacahé 105.

Prabu Matsya dhawuh marang Prameswari Dewi Sudésna ndikakake nundhung Sairandri. Dhawuhe Sang Prabu diestokake dening Sang Prameswari, pangandi kane marang Sairandri: „Heh Sairandri! Tumékane ing dina iki, kowé uis meh sawarsa léladi marang aku. Pagaweanmu apik, durung tau dakereda; walékuju jujur, pantés ingalembara. Nanging amarga ana blakon hung njalarí girls-mirise para kausule Wiratha, jalanan guru-lakimu gandarwa mirajaya Kicaka, kowé lungas ing dina iki uga. Manawa kowé ora tumulé lunga saka kadhaton Wiratha, bisa uga guru-lakimu paru gandarwa bakal saya kèrep téka mrene agawe karusakan luwu gédhe.”

Ngrungu ngendikane Sang Prameswari mangkono iku, Sairandri lègèg-putégi sadhela, gagasané mangkene: „Tumékane ing dina iki, Pandawa mung kari kurang télulus dina gonépe sawarsa olehe kudu sésingidan namur salira. Manawa saiki oncat saki kadhaton Wiratha, gek banjur arép ményang ngendi parane Pandawa, nisthi gampang kaueruhan télike Duryodana.”

Sawisé nggagas mangkono, Sairandri banjur matur mangkene: „Gusti Mahadeuci, mugi wonéna kaparing paduka harsa midhangé takén atur kawula ingkang kanthi blaka réta punika. Para gandarwa guru-laki kula sampun sumi pratela, bilik kawula badhé dipun-boyong oncat saking ngriki tigawélas dintén malih kapefung iwitintén punika. Awit saking punika, manawi ndadosakén kaparenging panggalih paduka, kawula nyuwun énéh wékdal 13 dintén malih, dodos ngantos dumugi ing wékdal ingkang sampun dipunrancang dening para guru-laki cawula. Sumélanging manah kewula, manawi kawula oncat saking kadhaton Wiratha sapunika, risip-sembiripun para gandarwa guru-laki kawula iuseng sami ngamuk-punggung ngobruk-abrik kadhaton Wiratha saisinipun, ngantos adamél pépéjah kathah. Ewadene, manawi harsa paduka kénéng kawula kédah kesah sapunika, matur sändha.”

Midhangé ature Sairandri mangkono iku, Sang Prameswari kétuwuhan panggalih wedi, mulane banjur marengake Sairandri nérusake léladi télulus dina maneh.

263. PRABU MATSYA DITAWAN MUNGSUH, DILUWARI
DENING BALLAWA.

Wiwit ngancik taun kang kaséluas oncate Pandawa saka praja adédunung ing alas, Duryodana wis nyébar télik ing saindéning bawana, didhawuhi ngupaya Pandawa kang wiwit sésingidan namur salira. Nanging sanajan olehe ngupaya Pandawa nganti sawarsa, para télik ora ana sing bisa antuk titik-mèlik, kabeh padha bali nglénthung ményang Hastina marak Prabu Duryodana.

,*Gusti, kawula sampun njajah desa milong kori ing saindéning bawana, medosi Pandawa ingkang sawéng sésingidan namur salira. Sudaya papán rame kawula dhaténgi, pékén-pékén kawula lèbèti, tétiyang ingkang sami réroyoman kawula takeni, nonging kawula babar-pisan botén pikantuk titik-mèlik wontén pundi dunungipun Pandawa. Sudaya tiyang ingkang kawula takeni sami mangsuli "botén nate miréng kabar ingkang gégayutan kaliyan Pandawa." Awit sakling punika Gusti, pandugi kawula Pandawa sampun sirna dipun-mangso dening kewan galok ing madyaning wana, utawi sagédu ugi sampun sami péjahan kalireñ, utawi mbokmanawa sami nekad nglalu antéka, amargi botén kuwiwi ngalumi gesang papa-sengsara ligawélès warta.*" Mangkono ature para télik Hastina marang Prabu Duryodana.

Ature para télik mangkono iku dianggêp tinému nalar, mulane Prabu Duryodana ora dhawuh ngupaya Pandawa maneh. Nanging durnadakan ana nayaka Hastina kang ngrungu pawarta manawa Sang Kicaka Mahasenapati ing Wiratha palistra diprajaya dening gandarwa. Pawarta iku nuwuhake pangothak-athike Prabu Duryodana mangkene: „Mahasenapati Wiratha iku gagah-prakosa sékti mahidraguna, durung tau kasoran ing yuda. Mokal manawa Kicaka kasoran lumawari gandarwa. Bleu ugi kang mirajaya Sang Kicaka iku Bhima membé werna gandarwa. Ujaring pawarta kang njalari Kicaka diprajaya, amarga prakara wanita. Mbokmanawa wanita iku Dewi Krésna kang lagi namur salira.”

Sawise nggagas mangkono, Prabu Duryodana banjur nganakake parépatan mirunggan kanthi ngulémi Rési Bhisma, Drona, Krépa, Sakuni, Astutama, Dussasana lan sapanunggalane, Prabu Susarma Ratu Trigarta sayane Prabu Duryodana uga diulémi. Sawise Prabu Duryodana mratelakake gagasané kung kasébut ing dbuwur ana ing madyaning parépatan, Karna tumull ngendika: „Yayi Prabu Duryodana! Gagasan paduka makatén punika kathah lérésipun. Partés manawi para Pandawa sésingidan wontén ing Wiratha, jér Prabu Matsya punika kasok trésna dhaténg para Panduputra, lan botén purun mémitrari kaliyan paduka. Prayoginipun, samangke Wiratha ginitik ing pérang kemawon. Manawi Pandawa pancer nyata wontén ing Wiratha, témtu badhé ngédali jurit mbiyantu Prabu Matsya, satémuh Korawa lajéng ngonangi sésingidgnipun Pandawa. Manawi makatén, Pandawa lajéng kápéksa kedah

nglampahi gesang wonten ing wana malih 12 warsa lan sesingidan sawarsa."

Sakuni: „Anak Prabu Suyudana! Kula nayogyani pamirayoginipun anak Prabu Karna. Kangge dhadhanipun nggiti praja Wiratha, Prayoginipun Korawa sami njarah-rayah lembu-lembu kagunganipun Prabu Matsya ing-kang wonten ing tapis-wringing kitha Wiratha.“

Prabu Susarma: „Aturipun Prabu Karna lan paman Suwalaputra saklangkung kapasoreng yogya. Wiwit rumiyin Wiratha dados menengahipun Trigarta, Kicaka khilip kula kina-makina, sabab asring njarah-rayah raja-brananiipun para kawula Trigarta. Pejahipun Kicaka aséges lumpuhipun Wiratha, sabab kekiyataniipun Wiratha panceen wonten ing piyambakipun. Sarchning Pandawa panceen sageed ugi wonten ing ngrika, panémpuh kita kedah kanthi wéweke-preyiina. Kula sawadyabala Trigarta prayoginipun némpuh Wiratha saking kidul. Manawi wadyabala Wiratha sampaun campuh lumawan wadyabala Trigarta, wadyabala Korawa tumunténa ngrabasa praja Wiratha saking ler. Manawi praja Wiratha tinémpuh saking ler lan kidul, Prabu Matsya sawadyabalanipun témitu bingung, lan manawi para Pandawa panceen wonten ngrika témitu lajeng pating bilulung, satémah gampil dipun pikut.“

Ature Prabu Susarma agawe panujuining panggalih Prabu Duryodana, Karna, Sakuni, Dussasana. Aswatama lan sapanunggalane. Pépuntoning rémbug, praja Wiratha nedya rinabasa miturut atur pamirayogane Prabu Susarma.

Sarampuning parépatan, Prabu Susarma kondur menyang Trigarta mepak wadyabala. Sawise samécta, wadyabala Trigarta tumuli budhal ngénér praja Wiratha iring kidul. Suwalaputra ngértigake wadyabala Hastina sangkép sagégamaning ayuda, banjur budhal ngénér praja Wiratha iring ler.

Gancanging carita Prabu Susarma sawadyabalane wiwiit ngrabasa praja Wiratha ing iring kidul, diwiwiti saruna mbébahak rajabrama darbeke para kawula. Akeh kawula Wiratha kang padha lumaya ngungsi menyang kutha, nyuwun pangayoman marang Prabu Matsya.

„Saméngko andél-andélingsun Mahasenapati Kicaka wis sima. Gek sapa sing kuawau ndhépani praja Wiratha, nanggulangi pangamuke parangmuka?“ Mangkono pangudasmarane Prabu Matsya.

Ndulu Sang Prabu sému rangu-rangu olebe nedya lumawan satru, Dwija Kangka enggal-enggal ngaturi pamirayoga, ature: „Gusti, mugi sampaun wassumélang ing panggalih. Miturut pamiréng kawula, abdi paduka pun Balawu, Dharmagranti lan Tantripala, nalika ngabdi Prabu Yudhisthira sampaun nate sageed mbenghas karya numpés parangmuka. Pandugi kawula, manawi abdi paduka tétinga punika dipun-paringi sanjataning ayuda, badhe sageed ngundurakén menéah iringkang ngrabasa praja Wiratha.“

Atur pamirayogane Brahmana Kangka didhahar dening Prabu Matsya. Abdi télu iku tumuli ditimbali, diparingi pégamman maneka warna, banjur didhawuhi lumébu ing barisaning wadyabala Wiratha kang ditindhihi dhewe

dening Prabu Matsya, méthukake krodhane wadyabala Trigarta.

Campuhe wadyabala Wiratha lumisan wadyabala Trigarta kang ditindhihi Prabu Susarma luwih dening rame, padha asilih unggih genti unggul genti kelindihih. Tandange Prabu Susarma bangéti nggégirisi, ngiwa-néngén pljer memateni. Saya suwe barisan Wiratha saya tipis, satémah Prabu Susarma bisa priksa kreta kang dititihi Prabu Matsya. Pangamuke Prabu Susarma saya liwung, karo ngénér dununge Prabu Matsya. Ora antara suwe Prabu Susarma wis ayun-ayunan karo Prabu Matsya, banjur wiwit tindhing tyasa. Dhisike padha alanearan warastra. Baréng kreta titihane padhadene rémuuk kétiban warastra, banjur pérang gada. Prabu Matsya kang wis kasuk yuswa, suwe-suwe kentekan ténga, wasanane kénéa pnikut dening Prabu Susarma, banjur pinusara lan ditawan. Sumurup ratune wis képikut, wadyabala Wiratha pada lumayu asasaran.

Baréng sumurup Prabu Matsya ditarwan mungsuh, Dwija Kangka enggal-enggal némoni Ballawa dingendikan mangkene; „Yayi Ballawa! Wadyabala Wiratha kang wis bubar pating slébar kunputna, tindhihana lumawan wadyabala Trigarta. Prabu Matsya rébutén saha régémone Prabu Susarma. Pandawa wis tanpa kabécihan goédu saha Prabu Matsya; iki wéktu kang prayoga bangéti dienggo maleš kabécihane Song Prabu. Nanging poma Ballawa, wéling-ku eling-elingén! Safrone pancakara, aja pisan-pisan kowe nggérén lan mbé-dhol uréksa dienggo gégamuning ayuda, mundhak kétistik manawu kowe selugure Panénggak Pandawa.“

Prentabe Dwija Kangka ditindakake dening Ballawa. Sawise wadyabala Wiratha kang képlayu dikumpulake, banjur dikérigake menyang pabaratan, ditindhihi dening Ballawa dhewe. Saprapane ing pabaratan, Ballawa ngamuk punjung suri tan taha nirbaya nirwikira. Sumurup tandanging téindhihi bangéti nggégirisi, wadyabala Wiratha banjur miu ngamuk andérpati, satémah tanpa wilangan escáhe wadyabala Trigarta kang mati. Ana sing sempal batine, ana sing pécah dhadhane, ana sing pokuh pipune, lan ana sing modhol-modhol ususe. Ndulu kancane akeh sing mali, wadyabala Trigatta kang isih urip padha lumayu ngungsi urip saparan-paran, ninggal ratune. Prabu Susarma kesian wadya, wasanane kénéa dipikut dening Ballawa. Prabu Matsya diluwari, bëbandane diudhari, banjur konjur menyang dhatulaya diderekake Ballawalan para wadyabala.

264. BRÊHANNALA PRATELA YEN SALUGUNE PANÊNGAH PANDAWA.

Kocap sajrone Ballawa ngamuk punggung sura tan taha nirbaya nir-wikara nedya ngrébut Prabu Matsya saka régemane Prabu Susarma, praja Wiratha ditémpuh wadyabala Hastina saka iring lor. Maewu-ewu kehe lembu kang dijarah-rayah dening Korawa, akeh pangon Wiratha kang dipateni. Pangon-pangon kang slamét ora képikut wadyabala Korawa, ana sawatara kang lurnayu ngungsi ményang kadhaton Wiratha. Nalika samana rajaputra Uttara (Bhuminjaya) kang tinanggénah ruméksa kaslamétane kadhaton lagi lenggah imbal pangandika karo Sang Prameswaré, ingadhép para putri lan parekan cethl.

„Roden, kawuningana! Wiratha rinobasa wadyabala Hastina saking iring ler, mbébahak rajakaya, pintén-pinién pangen ingkang dipun-prajaya. Sarehning rama paduka Sang Prabu sawéng nanggulangi mèngsaing ingkang ngrabasa Wiratha ing iring kidul, samangke para kawula ing iring ler sami nyuwun pangayoman dhaténg paduka.“ Mangkono ature para pangon marang rajaputra Uttara (Bhuminjaya).

Uttara: „Saupama aku darbe usir sing wasis lan sudira, wané ngadhépi bêbaya, aku keduga mbrastha wadyabala Hastina. Samurupa para pangon! Ing marcapanada mung ana loro satrya kang wasis-litis namdukake sawarnaning sanjata, aku lan Arjuna. Enion dene aku ora darbe husir kang sudira lan lèbda mangreh turangga pangirideng rutu.“

Pangandikne Uttara mangkono iku kaprungu dening Sairandri. Kanthi patrap kang bangèt susila anor-raga, Sairandri tumuli ngaturi pamrayoga: „Roden, kawuningana! Miturut pawertos ingkang kawule pireng, Brêhannala punika nate dados kusiripun Arjuna Saben Arjuna mèthukakén parangmuka, ingkang ngusiri kreto-pérangipun téretu pun Brêhannala. Kajau lèbda mangreh turangga pangirideng kreto, Brêhannala kalébét wasis ulah gëlaréng baris. Manawi paduka kaperéng ndhawuhé pun Brêhannala, kawula kintén piyambakipun botén badhe lenggana.“

Midhangé ature Sairandri mangkono iku, ing batin Uttara ora pracaya. Nanging kango ngenaki atine Sairandri, Uttara banjur utusan nimballi Brêhannala.

„E, Brêhannala! Miturut paturane Sairandri, kowe lèbda ngusiri kreto lan wasis ulah gëlaréng baris. Wruhanira! Samèngho Wiratha ditémpuh mungsuh saka iring lor, mangka kangjeng rama lagi nanggulangi mungsuh kang némpuh Wiratha ing iring kidul. Aku képopoh kudu mbrastha mungsuh sing némpuh ing iring lor. Mahawa kaporo nyata kowe kulina ngusiri kretane Arjuna, samèngho kretoku kusirané, aku nedya ngobrak-abrik wadyabala Hastina.“ Mangkono ngendikane rajaputra Uttara.

Bréhannala: „Raden, kesinggihan aturipun pun Sastrandri punika. Kawula sändika ngestokakéh dhawuh paduka. Nanging sarehning kawula sampun lami boéh nyépêng hêndhalí, manawi wonten kirang prigél kawula, mugil wonténa kaparéng paduka harsa paring bangaksama.“

Ing batin Wréhannala bangét suka amarwata sutra didhawuhil milu méthukake parangmuka. Nalika arép munggah ing kreta, Bréhannala kandha marang para putri kang padha nguntapake lindake Uttara mangkene: „Sang rajaputra Uttara témptu badhe unggul ing yudha. Konduripun Sang rajaputra mangke témptu ngasta jarahan busana ingkang ciriéplok kuncana pinatik sésoyta ingkang edi-peni kangee angsal-angsal dipun paringakéh para putri.“

Bréhannala lungguh ing kreta, banjur wiwit molahake pratodha (pécut), satémah mak blas! Kuda pangiriding kreta nggublas, bantéring lakune kreta kayu dibalangake.

Sawise kreta mangkat, para putri kang nguntapake rajaputra Uttara padha ngudarasa mangkene: „Gek sapa sajatiae Guru kagunan-karatutan kang ngusirí kretane rajaputra Uttara?“

„Heh Bréhannala! Rikatna lakune kreta, aku kapengin enggai-enggal tékan ing barisan wadyabala Hastina.“ Mangkono dhawuhue rajaputra Uttara,

Bréhannala: „Nuun inggih sändika, Raden.“

Playune kuda saya sumémpung, rodhane kreta prasasat ora ngambah bantala. Léh sakédhép neira Uttara wis priksa wadyabala Korawa kang tanpa wilangan kehe, mbalabar ilir samodra bèna. Kreta-kreta titihane para senapati Korawa katon pating glebyar, amarga padha rinéngga kuncana pinatik sésoyta, kayata kreta titihane Rési Bhisma, Drona, Krépa, Duryodana, Karna, Dussasana lan sapanunggalane.

„Bréhannala! Aku ora keduga ngliwon mungsuh samana kehe. Peribasane “nyéngka tandhang.” Mangkono ngéndikane rajaputra Uttara, nalika priksa para senapati Korawa sawadyabalani.

„Bréhannala! Ayo padha bali bae! Putérén kretane!“ Mangkono dhawuhue Uttara.

Rajaputra Uttara kang nalika mangkate kanthi panggalih murub makan tar-kantar nedya mbrastha parangmuka, baéng sumurup wujude para senapati Hastina kang pating glidrah tandange, sanalika katon bangét girls-mirise. Salirane ndhrohog wel-welan, pasuryane pucét, ngéndikane kamisosolén.

Bréhannala: „Raden, paduka sampun pinitados dening Sang Prabu, témptu sageh ngundurakéh satru, lan kula sampun dipun-élémbana dening Sastrandri. Manawi paduka ulap dhaténg parangmuka laséng nguciré ing yuda, hla rak dipun-gégugéng dening para kawula Wiratha. Awit saking punika, kula boten nedya mutér-wangsul kreta punika. Sumungga kita térus kemawon mangsah yuda némpuh parangmuka.“

Uttara: „Ora Bréhannala! Aku émoh! Aku wédi! Ayo bali!“

Brehannala: „Raden, kula aturi ngantépi wataking satrya wirotama wédi wirang, wani mati.“ Timimbang ngucira ing yuda, lajeng gesang mandhang wirang dipun erang-erang, aluwung péjah mbréngagah lumawan mèngsa. Manga kula aturi nénangi kasudiran paduka, sampun ngantos ngédhap ngudhépi parangmuha.“

Uttara ora miraduli rémbuge Brehannala, panggalih kebèkan rasa gitis-miris, wédi kapati-pati. Amarga Brehannala lenggana mutér kreta bali mènyang Wiratha, Uttara banjur nedya anjlog saka kreta, nanging tumuli dicandhak dening Brehannala karo nguwuh sora: „Raden, sampun késesa tinggal glenggang acolong playu! Kula sagah ngrabasa mèngsa. Manga kula aturi ngusiri kreta punika! Kula bodhe ngundurakèn wadyabala Korawa saha ngrébat sadaya lèmbu Wiratha ingkang sampun dipun-jarahrayah mèngsa. Manga télangsuling kendhal kula aturi ngasta, nanging kreta kalampahna rumiyin ngénér kuburan ingkang kula tudung punika.“

Uttara nampani tétalining kendhal lan pratodha, banjur ngétap kuda, lakuning kreta ngénér kuburan kang ditudingi Brehannala. Sapraptane ing kuburan, kreta diéndhéga. Itajaputra Uttara dijak Brehannala nyédhaki wit gedhe-dhuwur.

„Paduka kula aturi menek wit punika, mundhut barang ingkang sumangsang ing épang, bungkusun ingkang hatingal péthok punika.“ Mangkono kandhane Brehannala.

Uttara mlongo lan mopo, wangslane: „Brehannala! Miturut goteking akeh, sing katon putih kae mayite wong haki-haki kang bisa malih dhémít sing mémédeni. Aku ora wani nggépok barang kuwi.“

Brehannala: „Raden, sampun ngantos gampil nggèga dhateng ginémipun liyang ingkang boéen nyata. Ingkang hatingal péthok punika salugunipun bongkokaning dédamélipun para Pandawa. Milanipun, manga kula aturi tuméntén, menek mundhut barang punika.“

Midhangé tembung „Pandawa,“ Uttara kaget lan gurun. Ing batin ora pracaya marang kandhane Brehannala, jalanan miturut kabar kang wis sumébar, para Pandawa wis lawas padha palastra. Kanthi panggalih wédi lan mangu-mangu, Uttara menek, mundhut bongkokan kang sumangsang ing épang, diudhunake sarana dikerek nganggo tall, dikampani Brehannala. Bongkokan diudhari (dibukak) dening Brehannala, isine isih wutuh-gétuh. Priksa géganan maneka warna katon landhèp mingis-mingis, Uttara sumilengéran.

Brehannala: „Raden, sumanga kula aturi nggépok dédamél punika salah-satunggal!“

Tanpa mangsuli, Uttara tumuli nggépok géganan kang ditudingi Brehannala, sanalika astane krasa kaya kisen daya ghaib kang banjur rumasuk ing salirane. Amarga nggépok géganane Pandawa, Uttara kafétingi kasu-

dirane, sirma giris-mirise marang mungsu.

„Wréhannala! Miturut pawarts kang wis sumébar salindénning bawana, para Pandawa salébare kasukan dhadhu lumawan Korawa, banjur kudu urip ing madyaning alas 13 warta. Nanging lagi kloké sawatara warta, para Pandawa wis sirma dimangsa sato galak. Kapriye mula-bulane, dene kowe bisa sumurup simpénaning gégamané Pandawa?!” Mangkono pandangune Uttara.

Wréhannala: „Pawarts bilik Pandawa sampun palastra, botén nyata. Pandawa botén sagéd palastra dentag panangsayaring mèngsah, jér jiwanipun Pandawa kiyat kados waja. Kausuningana, Raden! Ingkang ngadéng won téng ing ngarsa paduka sapuniha punika salugunipun puar Arjuna Panéngah Pandawa, asésinglon nama Wréhannala (Bréhannala).”

Midhangét katrangan mangkono iku, Uttara bangét kékot panggalihé. Saka bangéting gumun-ngungune, nganti tripendurat Uttara ora bisa ngucap, wasana banjur nangképake asta minangka tandhaning pangaji-ajine marang Arjuna.

„Jagad dewa bathara! Sewu boéñ nyana bilik paduka punika Panéngah Pandawa. Dereng nate kula rumahé béglé kémayangan kados sapuniha, saréng mangrétos bilik ing wékdal ingkang saklangkung gawat kékob pringgabaya punika kula won téng ing pangayomanipun Panéngah Pandawa, mustikarining para satriva ingkang kasusera ing Tribawana. Mugi paduka kaparéng paring pangaksama dhaténg tindak-anduk kula wingi-nguni ingkang sarwo murung kasusilan.” Mangkono ngéndikane Uttara marang Arjuna.

Arjuna: „Wingi-nguni kula dereng mblakakakéni saluguning nama kula, jér kula taksih ngéntosi mangsa-kala. Kausuningana Raden! Brahmana Kangka ingkang suwita ing kadhaton Wiratha punika salugunipun Prabu Yudhisthira, pambayuning Pancawá, Ballawa punika kakangmas Bhima, Panéngéak Pandawa; Dharmagranti punika Nakula, suméndhining Pandawa; Tantripala punika Sahadewa, warujuning Pandawa; wondene Saírandri punika Dewi Krésna (Dropadi), gurwanipun Pandawa.”

Midhangét andharane Arjuna mangkono iku Uttara ndongong-ndomblong, amarga saka gumun-ngungune, wasana banjur ngéndika: „Saklangkung suka-sukur kula, dene praja Wiratha ing wékdal ingkang saklangkung gawat héllicat-kiwat punika bigayoman dening para Pandawa.”

Arjuna lukar agéman wanita, nuli ganti mangagémi kaprjuritan, banjur nyaméktakake gégaman ana ing sajroning kreta. Sawise samékti, Arjuna nuli lengkah ing lémah madhép ményang keblate Bathara Surya, manungku puja. Saparipurnaning mémuju, Arjuna mungkah ing kreta bébaréngan karo Uttara. Uttara ngétap kuda, sanallka kuda sumémpurung, lakuning kreta prasasat ora ngambah bantala, swarane gumérit ngégirisi. Arjuna piénthang langkap Gandhiwa, nyoba nglépasake warastrá. Lumépase warastrá lumarap prasasat kilat. Arjuna banjur nyébul stompre! Dewadatta (ing padhalangan sinébut

Dewadénta), slompret saka Suralaya, swarane luwih dening sora nguman-dhang ing antariksa, agawe cingake para Drétarastraputra, Rési Bhisma, Drona, Krépa, Karna, Suwalaputra, Aswatama lan sapanunggalane.

Drona: „Koe mèsthi swaraning slompret Devadatta darbeké Arjuna. Padha diwéweka-prayitna.”

Karna: „Yen ta Arjuna téménan kong nyébul slompret kae, produli apa, mang wong siji tanpa wadyabala nggandra sapira! Wadyabala Wiratha mèsthi dikérigake mangidul, lumawan wadyabalane Prabu Susarma.”

Duryodana: „Manawa nyata Arjuna kang téka aran kapasang yogya. Pandawa durung éntek wéwangéngane kudu sésingidan sawarsa. Ngatone Arjuna atéges Pandawa kudu manjing alas 12 wersa maneh.”

Sajrone para gégedhusing wadyabala Korawa padha ngunandika dhewe-dhewe, Arjuna nyébul slompret Devadatta maneh, swarane kaprungku luwih sora. Para senapati Korawa orig, atine trataban, wadyabala akeh kang gumé-tér wel-welan.

Drona: „Nyata, nyata! Pancén Arjuna téménan kong téka, Kita kudu wéweka-prayitna lumawan Panéngah Pandawa.”

Duryodana: „Bapa Guru Drona! Tigawelas wersa dereng kapéngkér oncatipun Pandawa. Mbokmarawi dhaténgipun Arjuna badhe asrah jiwa-raga dhaténg Korawa. Jengandika sampun ngantos kagungan rae kuiatos. Manawi fèngandika kagungan panggalih was-sumélang aluwung mundur kemawon, sampun ngantos makewédi dhaténg ingkang badhe majeng.”

Karna: „Lérés yayi Prabu! Ingkang rumaos ajirih, prayogi sumisih tébih. Sanajan kathah ingkang mundur upamipun, kula kencéng badhe majeng. Arjuna badhe kula cépéng. Punapa malih namung nandhingi krodhaniipun Arjuna, sanajan lumawan Parasúrama pisan, kula botén badhe karepotan.”

Sawise ngéndika mangkono, Karna banjur nyébul slomprete, pratandha wiś samékta ngadhépi parangnuka. Krépa nyaruwe Karna: „Kita ké dah sugih wéweka, prayogi sami némpuh sésaréngan dhaténg Arjuna. Sampun ngantos ngungasakén kuwanan badhe némpuh piyambahan, supados bolein kuwirangan.”

Midhangéti panyaruwene Krépa, Karna duka, pangandikane: „Hla, bapa Guru Krépa inggih wiwit ngungungung halanghungaripun Arjuna hades bapa Guru Drona. Bapa Guru kékalih, manawi ajirih jalanan rumaos ringkikh, prayogi sumisih ingkang tébih, céhap nonton kemawon anggen kula mikut Arjuna.”

Sawise ngéndika mangkono, Karna banjur mlengos karo grundélan: „Tanpa guna sobén dina mace Weda, manawa wédi némpuh parangmu-ká.”

Aswatama, amarga mrinani marang bapa lan pamane diremehake,

tumuli nyanthulan Karna mangkene: „Ginêm jêngandika ingkang ngungas-akèn kasudiran lan ngina dhaléng Uyan punika nandhukakèn asoring watak jêngandika. Kula dereng nate nyumérépi tandha-yéktinipun kasudiran jêngandika ingkang panfés ingalémbanz. O, Prabu Duryodana lan Prabu Karna! Kala punapa jêngandika sagéd unggul lumawan Pandawa? Punapa jêngandika sagéd ngrébat prajanipun Pandawa sarana main dhadhu kenthî lampah cidra julig-culika ingkang dipun-wakili Suwalaputra punika jêngandika anggêp tindakipun satrya wirotama?! Punapa panggalih jêngandika rumaos monghog sagéd nyilya-nyilya Dewi Krësna wanita tanpa daya wonten ing pasamuan kasukan dhadhu?! O, Prabu Duryodana lan Prabu Karna, kawuningana! Satrya ingkang tuhu prawira ing yuda, botén nate ngungasakèn kékendélan, botén monghog sanajan sampun kérèp kétatalan sagéd mbengkas karya. Jun punika manawi kédak botén hocok; kosokwangsubipun manawi kocak, tandha lukok. Sréngenge sumorot anélahi, botén kongge dhiri pribadi. Bumi kuuwawi nyanggi sadaya ingkang wonten ing lumahipun, tanpa ngungasakèn kékayatenipun. Nanging jêngandika, dereng témptu saestu sagéd mikut Arjuna, sampun sésumber maciya-ciya.”

Rési Bhisma pinituwane Kerawa, baréng midhangit para manggalaning wadyabala Hastina padha régé-jegan, kanthi panggalih sédhih ngéndika mangkene: „Heh para agul-agul Hastina! Kita saiki ana ing saironing wéktu kang mbébayari, aja padha padudon karo kerja pribadi. Elinga, apa sing ing wéktu iki lagi kita adhépi! Wong kang lehur ing budi ora gélém ngremehake marang sape bae, apa meneh marang tilcs gurune. Duryodana salah petung. Wéktu kang kudu dilakoni Pandawa 13 varsa, tumékaning ing dina iki wis paripurna. Saiki Pandawa wis mardika, ora kawéngku ing prasetya. Aswatama! Kandhane Karna iku mau aja sira tanpa jero, anggêpén lumrah bae, sanajan saleméne murang kasusilan. Wong sajapad padha ngréfi, kajoba Parasurama, ora ana kang kuuwawa nadhahi yudane Réti Drona. Kita saiki lagi ngadhepi Arjuna. Arjuna saiki dudu Arjuna bilyen. Arjuna-saiki pangamuké mesthi nggégirisi, sinurung dening ati ngigit-igit marang Korawa, kang alaku cidra duik nalika samana. Manawa Arjuna ora kita témpuh bêbaréngan, kita mesthi bahan nandhang utrang. Sadurunge kita lumawan Arjuna bécik padha nggolongake pikir dhisik, kapriye prayogane. Korawa nedya rukun karo Pandawa sarana mbalekake nagara Indraprastha, apa nedya lumawani ing yuda.”

Duryodana: „Eyang Bhismic, dununing sembah haurula! Sarema pinara sasra kauwila botén nyipta nedya bédhamen kaliyan Pandawa. Arjuna kédah linquian pérang.”

Drona: „Manawi makatén, wadyabala Hastina kula perang dados 4 golongan. Ingkang sagolongan ndherékakèn anak Prabu Duryodana kondur dhaléng Hastinapura; sagolongan malih nggiring rajakaya kaliyan ngusung rajabrama jarahan dhaléng Hastina. Tanpa mbékta rajakaya lan ngusung barang-barang jarahan, botén wcnén buktinipun bilik Korawa unggul ing yuda. Wondene wadyabala ingkang kalih golongan, kantih dipun tindakihî

senopati gongsal, inggih punika Rēsi Bhisma, Krēpa, kula, Karna lan Aswata-ma, mēthukakēn krodhanipun Arjuna."

Prabu Duryodana nyondhongi marang iguh-pratikēle Rēsi Drona, mulane wadyabala Hastina banjur diperang dadi 4 golongan.



265. ARJUNA NGOBRAK — ABRIK WADYABALA
KORAWA.

Baréng Uttara olehe ngusiri kreta wis tékan ing sacédhake barisan Korawa, Arjuna lingak-linguk ngupaya *Prabu Duryodana*.

„Punika eyang Bhisma! Hla punika Rési Drona, Rési Krépa, Karna lan Aswatama. Nanging kakang Duryodana kok botén wontén O, mbokmanawi punika, barisan ingkang hesah punika lo, mbokmanawi kakang Duryodana wontén ing ngrika. Hla punika wontén barisan nggiring lémbru. Mangga sami dipun-tututi!” Mangkono ngéndikane Arjuna marang Uttara.

Uttara enggal-enggal ngenggokake kreta ngénér kebiat kang ditudingi Arjuna. Sawise cédhak karo barisan Korawa kang nggiring rajakaya, Arjuna ménthang langkap Gandhiwa, nglépasake warastra. Wétuning jémparing saka kendhenging Gandhiwa mbarubul anarawata, ngudani Prabu Duryodana sapandhereke. Amarga térus dikrutug jémparing, wadyabala kang ndherekake Prabu Duryodana bubar asasaran, ninggal ratune. Sapi-sapi kang nedya digiring ményang Hastina lumayu pating sébar sapuran-paran. Para pangon Wiratha kang padha ditsawan Korawa lan nedya cágawa ményang Hastina padha diculake. Pangon-pangon iku padha ngumpulake sapi-sapi kang wis pating sébar tékan ngéndi-éndi, digiring bali ményang Wiratha.

Kocap Rési Drona, baréng priksa kreta kang dititihi Arjuna ngoyak Prabu Duryodana, enggal-enggal ngéndika marang para gégedhusing wadyabala: „Sampun ngantos sami ketlompen lo! Kawuninggora, Arjuna mbujeng anak Prabu Duryodana. Sajakipun pancek namung anak Prabu Duryodana ingkang dipur-icing Arjuna; milanipun mangga, kita sadaya sami telulung anak Prabu Duryodana, sampun ngantos cépikut Arjuna.”

Ngrungu ngéndikane Rési Drona mangkono iku, para senapati Korawa pating brubut rébut dhisik nedya ngalang-alangi lakuning kretane Arjuna, nanging wasanane padha mundur, jalanan kétaman jémparing kang métune mbarubul anarawata saka kendhenging langkap Gandhiwa.

„Nararya Uttara! Punika wontén kreta maneh dweja adhankhan kencana aciri dewata. Punika titihanipun Danghyang Krépa. Mangga, kita prépéki kreta punika.” Mangkono ngéndikane Arjuna.

Tampa mangsuli ngéndikane Arjuna, Uttara ngenggokake kreta ngénér kreta aciri dawata. Baréng priksa diprépéki Arjuna, Sang Gotamaputra (Krépa) enggal-enggal ménthang langkap nglépasake jémparing 10 bêbarengan, nanging ora ana sing ngénani salirane Arjuna. Ora antara suwe kuda pangriding kretane Krépa njola kétaman jémparinge Arjuna. Krépa tiba saka kreta, kapidhara. Baréng wis eling purwa-duksina, Krépa mungkah ményang kreta maneh, null nglépasake jémparing 14 bêbarengan, nanging kabeh kéné ditangkis dening Arjuna. Arjuna malés nglépasake jémparing, ngénani kéré agéme

Krépa kang pinatik mutyara. Kéréné Krépa pécah, mutyarane sumawur, dhudhane Krépa kaya ula mlungsuagi ing mangsa Saratkala (musim gugur). Krépa lingsém bangét panggalihe, lurnayu ngoneati Arjuna.

Baréng priksa Krépa képlayé, Rési Drona tumuli maju, nitih kreta apangirid turangga 4, mawa dwaja aciri kéndhi kénécana. Kanthi ménthang langkap lan ngincéngake panahe, Rési Drona mrépéki Arjuna, lakuning kretane nglawi wadyabala kang nedya ngépung Arjuna, swarane rame muwurahan pindha kocaking samodra. Baréng wis ayun-ayunan karo tilas gurune, Arjuna banjur matut kanthi patrap kang bangét susila anor-raga: „Dhu Sang Brahmana Iñangkung! Wonténa kaparéng paduka karsa paring pangaksama ingkang agung, dene kawula kamipurun lunauwan paduka. Sampun ngantos kawula sinebut siswa ingkang duruka dhaténg Bapa Guru. Awit sahing fulig-culikanipun Korawa, ngantos pínlén-píntén warsa kawula hépéksa ngumbara gesang ing midyaning wana kanthi ngalami lara-lapa. Samangke kawula bodhe namakakén piwalehs dhaténg para Drélaestro-putru. Mugi paduka sampun ngantos hagungan panggalih séngit ngigit-igit dhaténg kawula, ngengétna mula-buka ingkang njalari krodha kawula. Sarchring paduka Guru kawula, wonténa kaparéng paduka karsa nglépasan sanjata langkung rumiyin, sáderengipin kawula molahabéh dédamél kawula.”

Tanpa mangsuli ature Arjuna, Rési Drona tumuli nglépasake jémparing maewu-ewu saka kéndhènging langkape, ditangkis dening Arjuna sarana nglépasake warastrá tanpa wilangan kehe. Rési Drona karo Arjuna katon padha kébat-cukate, padha wasis-titisé ulah jémparing, padha sudirane, padha saktine lan padha tégh-tanggone. Para wirotama kang padha ndulu satriya kang kuwawa nadhahi krohdhaning gurune, padha cingak, amarga saka bangéting gumun-ngungune. Drona ménthang langkap maneh, pating mbrubul wéitung jémparing saka kéndhènging langkape, nanging kabeh iku kéné timulak dening Arjuna sarana warastrá kang lumépase saka Gandhiwa mbabubul anarawata. Sajrone Drona-Arjuna dilancaran warastrá, ing pabaratan katon péting, amarga gégané prasaast kétutupan jémparinge kang lagi tandhing yuda. Tanpa wilangan caeche wadyabala Korawa kang nandhang brana kétiban jémparinge Arjuna, akeh kang kibanjur palastra. Pirang-pirang dirada, turangga, kreta, kusir lan wadyabala Korawa kang rubuh kabarubuh késémpyok angin-angin cumloroting jémparinge Arjuna. Para Korawa ana kang pécah kéréne (baju zirah), ana kang rusak makuthane, ana kang késinggal kélut-basné, ana kang kontal jamang-sumpinge lan ana kang mawut sésotya nawa rétna réngganling busanane.

Pérang Drona — Arjuna nganti suwe padhadene ngétokake pangabaran warna-warna, ora ana kang unggul lan ora ana kang kélundhuh. Sanjata apa kang linépasake dening Drona kéné ditangkis dening Arjuna, lan kabeh kang dilancarake dening Arjuna bisa ditanggulangi dening Drona. Dumadakan Arjuna mrépéki kretane Drona karo ora kéndhat ngudani warastrá. Drona rumangsa kuwalahéh, rumangsa ora bisa maléh, amarga térus bae dikru-

tug sanjata dening Arjuna. Baréng agéme kéré pécah lan nandhang brana, Drona banjur ngucira ing yuda.

Wuninga bapakne képlayu, Aswatama tumuli maju. Sanalika ing pévana kebékéan swara gunérrot pating jéthot, yaiku kuman dhange swaraning lang-kaepe Aswatama, wolu cacahé kang pinénthang bêbaréngan. Arjuna nimbangi. Kéndhénging Gandhiwa kang cacahé sangi pinénthang baréng, diénggo nglépasake jémparing *Ardhaandra* pira-pira. Jémparing-jémparing *Ardhaandra* tempuh karo panah-panahé Aswatama, pépindhane kaya campuhé naga mandi, katone bangéti nggégirisai. Pérange Aswatama saya suwe saya kéndho, nanging landange Arjuna saya ngoso. Arjuna saya nganggésé. Aswatama sa-ya kédhéségi. Suwe-suwe Aswatama rumangsa ora kuwawa nadhahi krohdhane Arjuna, mulane banjur tinggal glanggang acolong playu.

Saoncate Aswatama, Karna mangsah yuda karo sésumber maciya-ciya. Baréng wi ayun-ayunan, Arjuna ngéndika: „Heh Karna kang abudi candhala! Sésumbermu kang kaya gludhug suuu iku mau, bakal njalari kuwironganmu. Sira kéné rumangsa dadi lélénanlag jagad, ora ana sing madhani kaséktienira, ora ana kang kuwawa tandhing yuda lumauan sira, nanging coba kabeh kandhanira iku buktekna saiki uga. Heh sutane Adhirata kang atine kékak watuk ala! Apa sira lai, nalika surana sira prantah Dussasana supaya mudaré *Dropadi* ana ing pasamuanan main dhadhu? Saiki sira bakal ngundhuh wohing panggawenira kang sinurung desing watuk nistha-dama humprung-kumpra. Aja nggétuni bab sing njalari krohdhaken ing wéktu iki, fér muntabku marang sira aran néti pi dharmuning satrya. Mreneha, nyédhaka aku! Tibakna sawarnaaning gégamana, daktadhahane dhadhu, supaya ditonton Karawa olehku tandhing tyasa karo sira. Katogna sabudimu, ya saiki iki tibuning patimū.”

Karna: „Babo, babo! Omong kak clémang-clémang mung waton cangkéme nlompong kaya wong dhublong, dumeh bisa njeplakake lambe hoc. Heh Arjuna! Sira héné hoc ngaku mustikinaning satrya sura-sakti mandraguna, nanging sing dadi rak nyatane. Nyatane sira iku manungsa ringklik ingah-ingih lan jirih wédi gétih. Buktine, sira ora wanu nuduhake kaséktien, nalika bojomu kawéles-asih sésambat ngoruhara njaluk pangayoman marang sira. Tungeh lamun aku nganti ngucira ing yuda tandhing tyasa karo sira. Nadyan ana pira-pira wong kaya kaya sira, diayomana dening ratuning dewa pisan, ora bakel aku tinggal glanggang acolong playu.”

Arjuna: „Waduhuh, waduhuh! Kuya iya-iya! Apa sira wi lai lélékan wingenane hoc?! Sapa sing lumayu nggénndring sipat kuping, nalika kahang *Duryodana* ditawan dening *Ganderwaja*?! Sapa sing ngluwari kakang *Duryodana* saha tawanan?! Titas sing ringklik ingah-ingih lan jirih wédi gétih?!”

Sawise ngundhamana Karna, Arjuna banjur wiwit nglépasake warastra pira-pira, nanging kabeh kéné ditangkis dening Karna safrana nglépasake jémparing sing bangéti akehe. Saka akehe warastra kung lumépas saha kén-

dhéngé Karna, ana siji sing ngénani Arjuna, nanging ora ginawé rasa. Arjuna krodha tan sipi, wadhati panah darbeke Karna jinémparing, kéné, pécah, kontal tiba ing lémah, isine mawut-mawut. Karna malés njémparing astane Arjuna, ngénani panah kang lagi diasta, putung. Arjuna nglépasake jémparing Ardhadandra: thèl! Langkape Karna tugé!. Arjuna nuli nglépasake jémparing maneh, jémparing anyényép elaring Garudha, ngénani baune Karna. Karo nyékéli baune kiwa kang nandhang brana, Rawisuta (Karna) lumayu ngénér barisan Korawa.

„Lo, lo! Hia kok tinggal glanggang acolong playu; wéri wirang, wedi mati. Mbaleka Arkasuta (Karna)! Aja ngucira ing yuda! Ora sémbada témen karo sésumbarmu sing maciyaciyé.“ Mangkono pangerang-erange Phalguna (Arjuna).

Ing sapungkure Rawisuta, Partha ngéndika marang kusire, Uttara, nélakakake ngénéraké kreta mrépéki kreta asongsong seta adhandhan kénancana, yaiku kreta titihane Rési Bhisma. *Durmuka* nedya ngalang-alangi lakuning kretane Arjuna, nanging banjur tiba kétaman warastra. *Dusasana*, *Wikarna*, *Dussaha* lan *Wiwingsati* pépilih mangsah yuda, nedya bêbaréngan ngrabésa kretane Arjuna, nanging baréng nandhang brana kétaman warastra, papat pisan padha lumayu ngucira ing yuda. Para Kotawa liya-liyane kang nedya ngrubeda pangangége Arjuna, baréng nandhang fatu, uga hanjur padha képlayu.

Nalika priksa para gogédhusing Korawa akeh kang nandhang brana, Rési Bhisma sigra mangsah yuda, nitih rata asongsong seta adhandhan kénancana. Sang Rési ndhisiki nglépasé *Borowarastra*, lumarap nyremped mustakane Arjuna. Sakedhep netra kométi mustakane Phalguna (Arjuna). Baréng wis waluya, Arjuna malés sarana nglépasake *Bhallasayaka*. Thèl! Punggèl ditandhaning dwaja dalasan songsong Rési Bhisma. Sang Santanuputra (Bhisma) duka tansipi, tumuli nglépasake panah *Asthamukha*, nanging ditangkis Partha (Arjuna) sarana jémparing *Widhyasyaka*.

Rési Bhisma — Arjuna nganti suwe olehe pérang-tandhing alancaran jémparing, padhadene nandukake jémparing péparinge dewa, kayata: Indrasayaka, Agneya, Silimukha, Komaraprasangka, Barunastra, Bayabyasara lan saparunggalane. Pranyata Santanuputra karo Panérangah Pandawa padhadene lèbda nandukake sawarmaning sanjata, tandange padha kébat-eukate, padha tréngginas trampile, padha kaprawiran lan kaséktene, padhadene darbe gégamati saka kaswargan. Sawise suwe olehe tandhing tyasa, Rési Bhisma linépasan jémparing *Ksuradharu*, njalari putunging langkape. Sang Rési bramantya, mundhut langkap liya, null nglépasake sanjata dibya, cumlorot nyremped baune Partha kang kiwa, nanging ora ginawé rasa. Arjuna jaja-bang mawinga-winga, tumuli musthi sanjata dibya. Lumépaséng sanjata kumilat ngénani jajane Rési Bhisma. Sang Rési dhawah kantaka ana ing sajroning kreta, enggal-enggal diplayokake dening kusire.

Ing sapungkure Rési Bhismha, Phalguna mirepéki kretane Prabu Duryodana. Sing diprrepéki prajitna, agahan ménthang langkap, ndhisiki nglépasí warastrā; lumaraping warastrā nytemped palarapane Arjuna. Arjuna bramsantya, makés sarana namakake Wisakalipusara. Nganti kaping pindho Prabu Duryodana bisa nangkis jémparinge Arjuna; nanging sing kaping télune, jémparinge Arjuna ngénani jajane Prabu Duryodana. Sang Prabu lumayu karo ngusap-usap tatu, nanging ierūs diburu dening Arjuna lan digéguyu.

Heh Kurupati! Arép mayu ményang ngéndi sira? Mandhèga, manawa sira pranyata sabriya wirotama. Aja tinggal gianggang acolong playu, emaneman jénengmu. Sira apépamb Suyudana, tégesé tinuwih ing babagan pérang, pinunjul ing jurit, kudune awatak téguh-santosa lan taslag-taslagron ora ngucira ing yuda. (Su = pinunjul, tinuwih. Yudana = pérang) Ngisiin-isini, manawa trahing kusuma rémbésing medu nganti awatak wani wirang wédi mati." Mangkono ngéndikane Phalguna.

Amarga dierang-erang, Prabu Duryodana rumangsa wirang, panggallhe kumropok bangét, mulane banjur mak cengkelak mbalik. Balline Prabu Duryodana ményang pabaratan maneh kanthi diayomi dening para senapati sawadyabalane kabeh. Rési Bhismha lan Arkasuta (Karna) ruméksa ing sisihing kreta kanan-kering, Rési Drona lan Krupa dadi cucuking baris, Dussasana lan Wiwingsati dumunungan ing buri. Kabeh iku padha nglépasí sanjata manekawarna marang Arjuna. Ana sing njémparing, ana sing nyawat gada, ana sing ngloronggake sulig, ana sing nglépasí cakra, nanggala, kunta lan sapanunggalane.

„Manawa aku ora tumuli nglépasake sanjata pamungkas, paprangan iki mesthi bakal suwe rampunge." Mangkono pangudarasane Arjuna karo masang jémparing Wimohanastra ing kéndhénging Gandhiwa, lan karo maték mantra. Baréng jémparing Wimohanastra wis lumépas, Arjuna tumuli nyébul slompret Devadatta (Dewadénta), swarane ngumandhang ing antariksa. Sanalika para Korawa sawadyabalane kabeh padha rubuh kabarubuh ambruk ing bantala tan engét purwa-duksina.

„Nararya Uttara! Samangke hilir badhe sagéed ngléksanani bêbananipun Dyah Uttari anggenipun nyuion angsal-angsal jarahan, minangka tandha ungguling yuda. Sumangga, sedaya sésotya nawa-rétna uparéngganing busanapun Drona, Krépa, Duryodana, Karna, Aswatama lan Dussasana jéngandika pundhutti kainggahahéen ing kreta, mangke dipun-pasrahakéen Dyah Uttari, supados dipun-duri-dimahéen dhaténg para putri. Salé bêtipun mundhutti uparéngganing busana sampun ngantos hogungan raos uas-sumélang, sabab para Korewa sawadyabalapun punika sedaya sami kantaka prasasat sampun palastra." Mangkono ngéndikane Arjuna marang Bhuminjaya (Uttara).

Uttara mudhun saka kreta, nuli mblejedi uparéngganing busanane para senapati Korewa kang arupa kénécania lan manik-nawa-rétna. Sawise barang-

barang jarahan iku diunggahake ing kreta, Uttara tumuli ngètap kuda. Blas! kuda lumasyu sumèmprung, rodhane kreta prasasat ora ngambah bantala. Arjuna — Utara kondur ményang Wirathapura kanthi panggalih suka amarwata suta.

Ing sapungkure Arjuna — Uttara, para Korawa sawadyabalane kang padha kapidhara padha pating gregah njénggelek saka kantaka. Duryodana ngéndika marang Rési Bhisma: „*Fyang, punapa darurunipun dene Kiritin (Arjuna) sagéed oncat, boéñ kapikuting asta poduka?*”

Rési Bhisma: „*Putuningsun Duryodana! Apa sira ora nguningani gedhening prabawane Kiritin? Hla saiki éndi kauicaksanantra, kaki? Éndi kaluwishanira kok nganti kapidhara dening sariyatane Partha? Kaagungane Arjuna iku mau ndadekna kauigatenira. Kaluwishane Arjuna pranyata tan kénéa kinaya-ngupa. Iku wohing pakartine Arjuna kang ora tau darbo cipta ale, ngémungake panggawe utama bce kang sinédya, mulane sebarang kang ginayuh bisa tuméka. Para gégedhung Wadyabala Hastina datan mangga pulihha lumawan Arjuna. Awit saka iku, prayogane ayo padha tumuli mulih ményang Hastina. Manawa isih ana sapi kang dihukuhé lan ana pangon Wiratha kang ditawan Korawa, bécik padha ciéculanake bae, aja digawa ményang Hastina, supaya ora ngéribédi lakune wadyabala.*”

Midhangéti ngéndikane Rési Bhisma mangkono iku, Prabu Duryodana bangéti kécawan panggalihé, léngrage tumungkul tanpa ngéndika, katon éntek pangarép-arepe.

Para manggalaning wadyabala padha nyarujuki panémune Rési Bhisma, mulane Sang Rési tumuli dhawuh marang para wadyabala, ndlikakake tata-tata. Sawise samékta, wadyabala Korawa banjur dibudhalake mulih ményang Hastinapura.

266. PANDAWA DEDUNUNG ING UPAPLAWYA, ABIMANYU —
UTTARI WINIWAHA.

Ungguling yuda wadyabala Wiratha kang lumawan parangmuka ing iring kidul wis kawarta ing saindenging praja. Para kawula Wiratha padha masang gendera lan umbul-umbul ing saurute dalan kang bakal diliwati kondure Prabu Matsya menyang kadhaton. Para wadyabala kang ora miu némipuh mungsuh padha bikut ngrengga dhatulaya lur manjér tunggal sarta umbul-umbul ing alun-alun kango mahargya rawuhe Sang Nata lan para wadyabala.

Lagi bas rampung pangrèngganing kadhaton, Prabu Matsya wis katon rawuh saka kidul, diidherake para nayaka, Dwija Kangka, Ballawa, Grantika, Tantripala, lan inguyun-uyun dening sagung wadyabala, ing sadalan-dalan padha surak-surak mawurahan. Manjinge Sang Nata ing dhatulaya kinurmatan swaraning pradangga gendhing monggang lan unine bedhug tambur-kalasangka ngumandhang ing antariksa.

„Endi putravingsun Uttara, dene durung keton marah ing ngarsaning-sun!“ Mangkono pandangune Sang Prabu sawise pinarak ing dhampar denta.

Prameswari: „Siuwan, hauuningana! Putra paduka pun Uttara mè-thukakèn wadyabala Hastina ingkang ngrabasa praja Wiratha saking tring ler, dipun-dherekakèn dening Bréhannala 'ngkang ngusirí kreta.“

Prabu Matsya: „We hla, kétiusan! Sapira banggane si Uttara nanggulangi krodhane wadyabala Hastina tungs ngantri Bréhannala, priya wandu tanpa daya. Heh para sengatlingsun kabeh! Kerigna mangalor kabeh wadyabalaningsun kang mèntas propria saka kidul, sinakna mungsuh seka Hastina di nganti tumpès-tapis tanpa sisa. Putravingsun si Uttara marave isih urip aturana kondur, yen ditawan mungsuh rebütan sarana pérang-pupuh.“

Dwija Kangka: „Gusti, mugi won téne kaparéng paduka karsa nyabar-akén panggalih sawatawis, Pandugi kewula, putra peduka Sang Uttara wilu-jéng tanpa kara-kara. Punapa malih Sang Rajaputra dipun-dherekakèn Bréhannala tilas kusiripun Arjuna ingkang saklangkung lèbda mangreh turongga nglampahahén kreta. Pandugi kawula putra paduka unggul ing yuda.“

Prabu Matsya: „Dwija Kangka! Aturira iku bangèt ngléngkara-ngoyawara. Sira sumurup dhevé, Bréhanna'a tandang-grayange nglémar klélar-kléler, dhasar jalma wandu claelu, kulite wuléed godhong lumbu. Mokal manungsa kang kaya Bréhannala bisa nglikokake kreta-péring ing madyawining rananggana. Ah, Dwija Kangka! Aturira iku bangèt mokal-andupara, babar-pisan ora tinému . . .“

Durung nganti rampung ngéndikane Prabu Matsya kandhèg, késaru sowane wadyabala tampingan dumrojog tanpa larapan,

„Gusti, putra paduka Sang Rajaputra unggul ing yuda, sageed ngundur-aben wadyabala Kormwa saha sageed rgrébat sadaya lembu ingkang dipunjerah-rayah mèngsa. Sakédhap malih Sang Rajaputra marak ing ngarsa paduka.“ Mangkono ature wadyabala tampingan.

„Iya, iya. Sukur, sukur bage sewu! Samèngko sira tumuli mundura! Marawa putraningsun wis prapla, tumuli aturana marak ing ngarsaningsun.“ Mangkono dhawuhe Sang Prabu.

Ing sapungkure wadya tampingan, Sang Prabu ngéndika marang Dwija Kangka: „Putraningsun pranyata sura-sakti mandruguna. Sonadyan tanpa wadya, kuwowa ngundurake parangmukti saka Hostina.“

Dwija Kangka: „Tujuhupun putra paduka sageed pikantuk kusir pun Bréhannala ingkang duk ing kina dedos kusiripun Arjuna.“

Prabu Matsya: „Dwija Kangka! Apa ing bauana ana satrya kang kaprawiran lan kaséktene nyundhul putraningsun?“

Dwija Kangka: „Béjanipun putrapaduka Sang Rajaputra kreta titihan-ipun kinusiron dening Bréhannala. Tias kusiripun Arjuna punika pancep sampun kasuara ing jagad. Awit saking prigel-pratikelixipun pun Bréhannala anggenipun mangreh kudo pengiridin mita, Arjuna bolén nate kasorut ing yuda.“

Midhangé ature Dwija Kangka kang tansah ngalémbara marang Bréhannala lan sajak ora nanggapi pangalémbarane Prabu Matsya marang Uttara, Sang Prabu duka, pangandikane: „Heh Dwija Kangka! Kapriye dene sira tansah mangalémbara marang Bréhannala, jennua wondu elu-elu sing kulite wuléed godhong lumbut! Aturira tansah siwah karo ngéndikaningsun. Apa putraningsun ora pantés ingalémbara? Apa sira luwih ngajeni marang Bréhannala tinimbang marang putraningsun kang ingsun hékkudang bakal madig Narendra? Wruhantra Dwija Kangka! Ingsun itu solah midhangé take aturira kang tansah nggladrah marang hrama. Lan ingsun wis ora sudi kenggon-an wong rucuh cacah-cacuh kaya sira. Mulane ing dina iki uga sira ——————“

Durung rampung dukane Prabu Matsya marang Dwija Kangka kandhéng, kesaru tékane Rajaputra Uttara diheréka Bréhannala. Sawise nyungkémi padane ingkang rama, Uttara banjur ngatékti marang Dwija Kangka.

“E, putraningsun! Sira ora samésthine ngabékti marang Dwija Kangka, amarga dheweke iku abdiningsun, dadé uga abdi. Tindakira mangkono iku njelari miroso le drajadina dhewe.“ Mangkono ngéndikane Prabu Matsya.

Uttara: „Dhuu hantiéng rama! Kala wau wonién ing jawi kawula miréng ngéndika paduka ingkang sajek sereng-sora naung duka. Ndha-wahahén déduka dhaténg sintén, hantiéng rama?“

Prabu Matsya: „Marang sapa manek, ya marang Dwija Kangka. Wonde-ne sababe, amarga watake si Dwija Kangka iku bangé aneh-nyiléneh, bensh -

karo abdiningsun sing akeh-akeh. Ing sun ngalembaran marang kuwanan lan kasékténira, hla koh tanggapane Dwiya Kangha tumuju marang wong Iya, malah uola-wali ngalembaran narang Bréhannala.”

Uttara: „Aduhu kangéng rama! Amargi kirang titi-pariksa, paduka tumindak késésa kirang wéveka. Kawuningana rama Prabu! Ingkang sési-llih Dwiya Kangha punika salugunipun Pembayuning Pandawa, inggih ingkang kasusra íng jagad Prabu Yulhisthira, sawéng namur salira. Ballawa ingkang gagah-prakosa punika yéktölpun Panénggak Pandawa, inggih Sang Bhima. Bréhannala ingkang lèbda savarninling kagunan odi-luhung punika lugunipun Panéngah Pandawa, inggih iugkang kaonang-onang íng jagad Sang Arjuna. Granika — Tantripala punika sunéndhi lan waruñuning Pandawa, inggih Sang Nakula-Sahadewa. Werdene Sastrandri pawonganipun kangéng ibu punika Sang Kusumaning Ayu Dewi Krésna utawi Dewi Dropadi, garwenipun para Pandawa. Dados, ingkang sami-namur salira ngawula wonten ing kadhaton Wiratha punika salugunipun para Pandawa sugarawanipun. Kawuningana rama Prabu! Ingkang ngrébat lémbru-lémbru Wiratha ingkang jinarah-rayah dening mèngsaé punika sanes kula, nanging Sang Arjuna. Ingkang ngundurahén wadyabala Hastina ugi Sang Arjuna. O, kangéng rama! Tanpa pangayomanipun para Pandawa, praja Wiratha témptu sampun dipun-jajah mèngsaé saha paduka sakulawarga dipun-cécamah lan dipun-kentiyaya sawiyah-uyyah. Awit saking punika, ganjaran punapa ingkang hadhe paduka paringakén dhaténg Pandawa ingkang satimbang kalian agénging lélébetanipun Pandawa dhaténg praja saha kulawarga kraton Wiratha, kula sumang-gakahén dhaténg paduka.”

Midhangé ature Uttara mangkoné iku Prabu Matsya nganti tripandurat ora ngandika, panggalihé kebétan rasa gégéutan kaworan gumun-ngungun sarta rumangsa lingsem hangé marang Prabu Yudhisthira sakadang Pandawa. Wasanane Sang Prabu banjur ngéndika, arum wijiling waacana: „Dhuu para Pandawa! Sagéd iémén jengandika sami namur salira, ngantos adamél hélim-pusing manah kula. Nadyan sampun sawarsa jengandika sami adédunung ing kadhaton Wiratha, ewadene awit saking kirangting titi-pariksa kula, seluguting kolang-kaling pinara sasra kula boten nyana billih jengandika punika para Pandawa. Dhuu para Pandawa! Kula sakulawarga, nayaka saha para wadyabala, punapadene para kawula praja Wiratha, sadaya sami rumoas prosesat kapotangan nyawa dhaféng Pandawa. Awit saking punika, minangka tan-dhaning atur panuwun kula, iug dinten punika praja Wiratha sasisnipun kula aturakén dhaténg Pandawa; anak Prabu Yudhisthira kula aturi juméneng Ratu ing Wiratha ngayomi para kawula.”

Yudhisthira: „Dhuu rama Prabu Matsya ingkang tuhu asih íng dasih saha berbudi bawa laksana! Siá-hadarman paduka ingkang sampun ruméntah dhaténg Pandawa salébétipun sawarsa agéngipun tanpa pépindhan. Soupani boten nompi pangayoman paguka salébétipun sawarsa, kawula saha para ari punapadene yayi Dropadi arrogenipun sésingidan namur salira témptu ka-

denongan dening tellkipun kakang Duryodana. Kajawi punika, kaeuningana remia Prabu! Pandawa ngundukaken parangnya ingkang ngrabasa praja Wiratha namung miti ngépi netépi charmaning satriya, liripun: boten ngangkah epah, boten melik pangalémbara, boten jalaran kapengin misuwuring nama saha boten ngajéng-ajéng ganjaran praja. Awit saking punika, mulungipun rama Prabu maringakén nagari Wiratha dhaténg Pandawa, sasampunipun kawula tampi, kawula caosakén malih dhaténg paduka, Panuwunipun Pandawa dhaténg ingkang murbeng hawana, mugi paduka panjang yuswa, wida da ngrénggani praja Wiratha, paring pangayomani dhaténg para kawula."

Prabu Matsya: „Adhuh anak Prabu Yudhisthira! Samantén luhuring kautamen jéngandika. Kula prasetya: samangsa wonten kaparéngipun anak Prabu karsa ngébet wangsul praja Indraprashta saking régemaning Korawa, kula sawadyabala saha para kawula Wiratha nedya labéti-jiwa-raga, sagah sabaya-péjah kaliyan Pandawa. Anak Prabu Yudhisthira! Murih téntreming panggalih, jéngandika saha para ari sarta garwa sang kusumaning ayu Dewi Krésna, kula aturi adédunung ing pasanggrahan UPAPLAWYA. Pasonggrahah Upaplawya punika saklangkung tèngseméken, kinubéng suyasa pinten-pinten, hawanipun sakeca, kathah réswangan ari anglam-lami. Kajawi punika, awit saking kapidérénéng manah kula kapengin sageéd rakéti-supékét kaliyan Pandawa, manawi wonten dharganing anak Prabu karsa nampi, kaparéng kula ngabdehakéan anak kula estri pun UTTARI, dodoso cethinipun Sang Arjuna ing salam-i-lami.”

Yudhisthira: „Rama Prabu! Dhawuh paduka, Pandawa ndikakéhén dèdumung ing pasanggrahan Upaplawya saklangkung kapiundihi, matur sandika. Wondene karsa paduka ingkang gégayutan kaliyan putra paduka Wara Uttari, senajan kula piyambak saklangkung nyondhangi, nanging sesa-sesa ingkang badhe nglampahi, yaitu Arjuna kaparéng matur priabadi.”

Arjuna: „Rama Prabu! Sarema pinara sasra kawula boten nggraila bilih badhe tampi nugraha samantén agéngipun. Nuwun sewu rama Prabu! Putra paduka Sang Kusumaning Ayu Dyah Uttari punika murid kawula ing babagan kagunan-karawitan. Mènygahing pangréngkuh, Guru dhaténg siswa punika boten beda kaliyan bapa dhaténg putra. Pamanggih kawula, bêbasanipun “ala dulune, ora bêcik pocapane,” manawi Guru darbe sisihan tilas sisianipun. Wondene manawi kaparéng paduka badhe “nuntumakén balung pisah,” mendah badhe bingoh kawula, manawi putra paduka Dyah Uttari kaparéng dodoso sisihanipun Abimanyu, anak kawula.”

Prabu Matsya bangéti karinan ing panggalih midhangéti ature Arjuna, pangandikane: „Kaparéngipun Sing Arjuna makatén punika, sangéti adamél panjuruing manah kula.”

Prabu Matsya mbanjurake pangandikane marang Pambayuning Pandawa: „Samangke anak Prabu ian para ari serta Sang Kusumaning Ayu Dewi Krésna tumunténa tindak dhaténg pasanggrahan Upaplawya ngléremakén

panggalih lan ngasokaké saliro. Wondene dintén pamluahanipun Uttari-Abimanyu badhe kula rémbag kaliyan para mayaka."

Para Pandawa lan Dewi Krésna bêbarengan madal paslam, banjur boyong ményang pasanggrahan Upaplawya, diidherakake wadyabala sabréga-
da lan abdi pira-pira kang tinanggénah ruméksa dhahare para Pandawa, sarta
parékan-cethi kang didhawuhé léléadi Dewi Dropadi.

Pasanggrahan Upaplawya iku gédhéne, jémbare, apiking pasang-rakite
lan endahing uparenggané imbang-imbanan bae karo Kadhaton Wiratha,
mulane pasanggrahan iku dipépinhakake dening para kawula Wiratha prasa-
sat "*kadhaton ngalih*."

Wiwit dédunung ana ing pasanggrahan Upaplawya, panggalihé Pandawa
téntrem lan ayém, apa maneh Arjuna wis ngukur kaprawiran lan kaséktene
para senapati Hastina, Pandawa ora nguwatirake bakal asor ing yuda samungsa
dumadi Bharatayuddha.

Sawise tampa katéépaning dina dhaupe Uttari-Abimanyu saka Prabu
Matsya, Prabu Yudhisthira utusen Nakula ményang Dwaraka lan Sahade-
wa ményang Pancala, ndikatakake ngaturi priksa marang Prabu Krésna, Bal-
arama, Satyaki, Prabu Dropada lan sapanunggalane. Kurang sawatara dina saka
winiwahane *Uttari — Abimanyu*, Prabu Krésna, Balarama, Satyaki wis rawuh
ing Upaplawya, ngirid Dewi Subadra lan salon panganten Abimanyu, diidher-
akake para wadyabala. Saka Pancala kung rawuh ing Upaplawya: Prabu
Dropada, Dhrestadyurna, Srikanthi lan Pancakumara (putra-putrane Dewi
Dropadi lima cacahé), diidherakake para wadyabala.

Gancangging carita Uttari-Abimanyu wis *punggih-esta* (dhaup) kanthi
pahargyan gédhé, kinurmatan para Ratu saka manca praja, binrékahan dening
para brahmana. Karamean pahargyan dhaupe *Uttari — Abimanyu* iku suwene
nganti 40 dina 40 bengi, sabén dina Prebu Matsya misungsung mas-picis
rajabrana lan agém-agémian marang para brahmana. Para wadyabala Wiratha
sajrone 40 dina 40 bengi padha diuja suka-suka parisuka bojana andrawina
dening Prabu Matsya.

267. KRÈSNA MANGARSANI SARASEHAN ING UPAPLAWYA.

Salébare ngurmati lan paring pépuji sasanti wijayanti marung Sang pinanganten *Abimanyu-Utari*, para Ratu padha sarasehan ana ing pasanggrahan Upaplawya diphangarsani Prabu Krèsna, ngrèmbug kaunane *Pandawa* — *Korawa*. Ana ing sajroné sarasehan iku Pangarsa Prabu Krèsna mèdhär sabda, surasane mangkéné:

„Para Ratu ingkang minulya saha sih-trènsa dhatèng Pandawa! Kite sadaya punika sapunka dades paramparanipun Pandawa, wajib asung pamrayogi, Pandawa kédah tumorduk kadospundi, supados ing salajengipun botén ngalami kétula-tula katak.“

„Prajanipun yayi Prabu Yudhisthira inggih punika Indraprastha dinarbe Korawa wiwit ing sabakdanipun Korawa-Pandawa kasuhan dhadhu. Klampuhipun Korawa sageéd ngukup traaja Indraprastha, jalanan Korawa caranipun main dhadhu kanthi cara julé-culika ingkang dipun-tindakakén dening Suvalaputra. Sasampunipun dipun-kukup nagarinipun, Pandawa kédah nglampahi dados tiyanig bucalen, gesang wonten ing madyaning wana 12 warsa, lajeng kédah gesang sesingidan 1 warta. Kanthi sétya-tuhu ing ubaya Pandawa sampur nindakakén bab punika, ngalami gesang sangsara lamini-pun 13 warta.“

„Para Nata ingkang minulya! Sarehuing kita punika minangka paramparanipun Pandawa, samangke kaparengka jengandika sami ngendikakégn pomanggih ingkang alondhésan dharma, cara kadospundi ingkang pratyogi katindekkakén dening Pandawa munih willujeng kalih-kalihipun, liripun Pandawa lan Korawa wslujeng sadaya sahi ing salajengipun sageéd tonsah guyub-rukun botén sami cécéngsan utawi menéngsahan.“

„Yayi Prabu Yudhisthira boéen kapengin ndarbeni ingkang sanes wéluwénanngipun, ingkang sanes bageanipun. Yayi Dharmaputra (Yudhisthira) boéen nate tilar houtamen. Pandawa kapengin guyub-rukun kaliyan Korawa, nadyan Duryodena sarpun wola-wali namakakéñ wisura lan sandiupaya ingkang adaméi sangsarenipun Pandawa.“

„Para Narendra ingkang minulya! Soderengipun jengandika sami ngaturi pamrayogi, kaparengka kula ngaturi ular-ular makaten:“

- I. Anggenipun ngaturi pamrayogi kédah alondhésan dharmaning sabhya.
- II. Supados pamrayogi jengandika botén nyimpang saking trajuning kaadilan, anggen, jengandika asung pamrayogi kanthi ngengéltana watuk-wantunipun Korawa ingkang soklangkung slingkuh julé-culika saha pambéganipun Pandawa ingkang tonsah ngienggahí houtamen, abudi luhur, atindak jujur.“

henging dipun-jah rērukunan.”

„Pamanggihipun Kaka Prabu Krësna-Baladewa ingkang mratelakaken supados Pandawa malah duta dhatêng Hastina, sumangga! Nanging duta sampaun ngantos mratelakaken nedha bagean negari dhatêng Duryodana. Kula yakin bilik Duryodana boten bodhe purun ngulungakèn sapalihing negari Hastina kanthi koranuning aris. Pandawa boten awatak ndrémis, boten sê-nèng ngémis-ngémis. Utusanipun Pandawa dhatêng Hastina kédah mratelakaken billik Duryodana, Sakuni, Karna, Dussasana kédah nedha pangapuntén dhatêng Pandawa. Lépatipun tiyang 4 punika dhatêng Pandawa matumpuk-tumpuk matumba-tumba, sedaya maharani kasangsayanipun Pandawa. Manawi Duryodana, Sakuni, Karna, Dussasana boten purun nedha pangapuntén dhatêng Pandawa, Hastina kita gitik ing pérang. Korawa kita sirmak-akèn sacindhile abung. Nyirnakaken léléthêking bumi gelah-gelahing jagad hados Duryodana punika kalebêt dharmaning satriva, boten kalepetan dosa. Sampun ngantos kita ngéceh-éceh giném mbucul wéhdal kangge rémbagan ingkang tanpa tanja. Kita kédah tumuntén sawegu pérang rérempon lumawan Korawa.”

„Para miyarsa ingkang minulya? Atur kula sigèg samantién. Manawi wontén galap-gangsuling atur kula, wontén kaparenging panggalih jéngandika sedaya karsa ngiuberrakan samodra pangahsama.”

Sésorabe Satyaki digatékake bangêt dening Prabu Drupada. Sasuwene midhangétake andharine Satyaki, amarga saka bangête kapranan panggalih, Prabu Drupada kérèp mangut-manggut.

Sawise Satyaki leuggah, Prabu Drupada juménèng saka palènggahane, ngendika mangkene: „Kula nyondhongi pamanggihipun Sang Satyaki. Basa mardu-mardawa tanpa guna kita ucapané dhatêng Duryodana. Tiyang murka-kéthaha awatek condhala kados Duryodana punika boten tépang kaliyan kaadilan, kalis ing roos kamarongsan lan kautamen, boten nate ngengèti lèrès-lépat lan nistho-utama, ingkang dipun-engèti namung sphecaring dhiri lan golongan pribadi, tangeh lamun Duryodana purun ngulungakèn sapalihing negari Hastina, nadyan punika puncen dados wéwénangipun Pandawa. Awit saking punika kita prêlu tata-ta'u nggégala wadyabala lan mepak dédaméling ayuda. Boten henging boten, wasananiipun Pandawa tém tu pérang rérempon lumawan Korawa. Bab punika prêlu tumuntén dipun-kabar-akèn dhatêng Prabu Salya, Dhrestahâtu, Jayatsena lan Kekaya, supados ugl sami nggégala wadyabala kangge mbilyantu Pandawa.”

„Tata-caringan praça prayogi kita tétepí, inggih punika ngwoanténokéni duta dhatêng Hastina. Wondene ingkang pñatah dados dutaning Pandawa, prayoginipun para pinisepuhing brahmasa Pancala, kanthi winéling pitédaht-pitédaht ingkang kédah dipun-leirakéti dhatêng Duryodana. Para pinisepuh Hastina, kados ta: Rési Bhîsma, Drona, Krépa, Prabu Drétarastra lan Widura prêlu dipun-aturi priksa bab punika.”

Sarampunging ngèndikane Prabu Drupada, amarga ora ana kang nedya médhär sabda maneh, pangarsan ng pirémbungan yaiku Prabu Krésna banjur juméneng lan ngèndika mangkene: „Para rawuh ingkang minulya! Kula ngaturakén gunging panuwun dhaténg ingkang sampun sami kaparéng paring wawasan wortén ing pépanggitan punika. Pamanggih kula wawasanipun Prabu Drupada saé, patitis, bofen tilar tata-cara kaprajan. Sintén ingkang badhe tinanggénah dados duta dhaténg Hastina, saha ing saderengipun manghat duta punika kédah dipun-sangoni piuwéling kadospundi, bab punika prøyinipun dipun-pasrahakén iguh-oratikélpun Prabu Drupada.”

„Para rawuh ingkang minulya! Dhaténg kula ing Wiratha punika kajawi kanthi ancas mangayubagya dhampipun Uttari — Abimanyu, ugi préludha-téngi pirémbagan punika. Sarehning halih-kalihipun sampun paripurna, kaparéngka kula nyuwun pamit marituk dhaténg Dwaraka.”

„Jéngandika sadaya punike Narendra kinawasa apambégan utami lan sugih pangalaman, préludha sami sanad-sinamedan ing babagan kaprajan. Préludha kawuningan bilik Prabu Drétarstra punika salugunipun kagungan raos ngurmati dhaténg jéngandika sadaya. Rési Drona lan Krépa naliku timuripun mitranipun sinarawedi Prabu Drupada. Pamuji bula, mugi utusanipun Pandawa dhaténg Hastina sageéd nénanjé panggalhipun Duryodana ingkang njalaru purun guyub-rukun kaliyan Pandawa. Wondene manawi Duryodana puguh nggégégi Hastina badhe dipun-kuwaséni pribadi, punika dados tandha-yékti bilik Bharatayuddha sampun bofen sageéd dipun-singkiri. Jéngandika sadaya kédah samékta nggrégala wadyabala lan mépak dédaméllig ayuda.”

Sawise ngèndika mangkonc, Prabu Krésna banjur madal pasilan, null kondur ményang Dwaraka sapandhereke, wondene Pandawa lan para Ratu kang nedya padha asung pambiyantu padha sawéga ing yuda. Pandawa matah caraka tinanggénah ngabari para Narendra kang pininta sraya ing yuda, para kadang-kadeyan lan para pawong mitra.

Pirémbungan ing Upaplawya kang dipangarsani Prabu Krésna iku kapiyarsa Prabu Duryodana, mulane Korawa uga banjur tata-tata samékta ing yuda. Para Ratu srayane lan para mitra kuwanuhane padha dikabari kabeh.

Kabar bakal dumadine pérang Pandawa lumawani Korawa sumébar saindénging bawana. Pandawa lan Korawa padha bikut-ribut tata-tata. Pandawa ngirimake utusan ményang Hastina, banjur génti Korawa matah duta ményang Upaplawya. Mangkono iku ngantik wola-wali.

268. ARJUNA LAN DURYODANA PADHADENE NYUWUN BEBANTU KRÈSNA.

Kacarita Prabu Drupada kang kajibah matah duta ményang Hastina wis nimbali pinituwanning brahmana Pancala, éngendikani mangkene: „*Sang Brahmana! Jèngandika kula pintasraya karsaa kyalirani dadès utusaning Pandawa rémbagan kaliyan Korawa. Wosing rémbag, jèngandika nglairna bilih Pandawa kaliyan Korawa punika semidene darbe uéwéheng nampi panduman nagari Hastina. Jèngandika sampun mangrétos dhaféng watah-wontunipun Duryodana saha sampun wuningé dhaténg téhodipun Pandawa. Kadospundi caranipun rémbagan murih sageéd teteh lan pakcleh, kula sumanggakakén dhaténg jèngandika, jér jèngandika sampun lèbda ing basa lan wasis micara. Jèngandika sampun priksa bilih Pandawa sampun wola-wali nandhang sangsara awit saking pandamélipun Prabu Duryodana kanthi kaparéngipun Prabu Drétaratra ingkang ngilirwakakén pantrayoginipun Sang Widura. Jèngandika protélokakén dhaténg Prabu Drétaratra, bilih panjénénenganipun punika tansah ngombiyongi putra turnindak sasar murang kautamen. Jèngandika sageéd angsal pambiyantu saking Sang Widura. Para pinisiépuh sanesipun, kudosta: Rési Bhisma, Drona, Krépa, mbokmáhazé ugi mbiyantu jèngandika, dene Karna lan Sakuni botén prélù fèngandika celaki. Tiyanz halih punika tansah cèngkah pamanggih kaliyan para urétha Hastina, miloripun rémbag jèngandika kaliyan Prabu Drétaratra fémitu badhe nuweuhakén régejégan antawisipun Karna lan Sakuni kaliyan para urétha Hastina. Manawi tétiyang Hastina piyambak sami régejégan rébot lèrès, sageéd njalari ringkikipun Korawa, ingkang atégés, kauntungan ingatasipun Pandawa. Kajawi punika ing salébétipun jèngandika rémbagan wonten ing kadheton Hastina, Korawa hépéksa kendéll anggenipun tata-tata kapuranlosing ayuda, punika ugi ngunlungakén Pandawa. Sukurbage manawé kondur jèngandika saking Hastina sageéd mbékta wohing pirémbagan ingkang adamel pamaréming Pandawa. Ningging pangintén kula, tangéh lamun Duryodana purun ngriwakakén saperanganing nagari dhaténg Pandawa. Sanajan makaten, Pandawa ngintunaken utusa dhaténg Hastina Punika kedadah, kéjawi nétepi fala-caraning satriya, bab puulka sageéd njunjung martabatipun Pandawa.”*

Sawise dingéndikani mangkono dening Prabu Drupada, pinituwanning brahmana Pancala banjur madal pasilan, tumuli budhal ményang Hastina didherakake wadya sawatara.

Ing sapungkure pinituwanning brahmana Pancala, Prabu Yudhisthira ndhawuhé Arjuna ndikakake ményang Dwaraka sowan Prabu Krésna, nyuwun pambiyantu marang parijénénengane, samangsé dumadi Bharatayuddha.

Kocap Prabu Duryodana wis midhangéti pawarta saka palapurasing telike, manawa Prabu Krésna ing salébare mangatsani pirémbugan ing Upapalya térus kondur ményang Dwaraka.

„*Ingsun nedya mintasraya marang Prabu Krésna. Manawa nganti dumadi Bharatayuddha, karsaa panjénénengane mbiyantu Korawa.*”

Sawise ngudarasa mangkonc, Prabu Duryodana banjur nyēngklak kuda tindak mēnyang Dwaraka, nedya sowan Prabu Krēsna. Ana ing dalan tindake Prabu Duryodana nglancangi Arjuna, mulane tēkane Prabu Duryodana ing Dwaraka *luwih dhisik tinimbang* Arjuna. Amarga Arjuna lan Duryodana tangkēpe karo prabu Krēsna wis bingét rakèt-supékèt, tindak-tanduke ana ing kraton Dwaraka bisa sakapenake bae, tanpa suba-sita,

Nalika samana Prabu Krēsna pinuju kapati nendra. Prabu Duryodana tērus bae lumēbu ing kamar pasareane Prabu Krēsna, banjur lēnggah ing *ulon-ulone* Sang Prabu. Ora antara suwe Arjuna uga lumēbu ing kamar pasareane Prabu Krēsna. Sawise nyēmbah, Arjuna banjur lēnggah kaprēnah ing dagane Prabu Krēsna. Sakarone, Arjuna lan Duryodana, padha ngenteni wungune Prabu Krēsna, tanpa ngéndikan babar-pisan.

Ora antara suwe Prabu Krēsna wungu. Priksane Prabu Krēsna marang Arjuna *luwih dhisik tinimbang* marang Duryodana. Sawise lēnggah lan bagebinage kasugēngan, Prabu Krēsna ndangu marang Arjuna lan Duryodana, ana wigati apa dene padha kēraya-rayu rawuh ing kadhaton Dwaraka.

Duryodana: „*Sowan kula ing ngarsanipun kaka Prabu, prēlu badhe nyuwun pambiyantu. Manawi Bharatayuddha ngantos dumados, kaparengka kaka Prabu mbiyantu Korawa.*”

Prabu Krēsna: „*O, matakēn karsanipun yayi Prabu. Hla yayi Arjuna darbe karsa apa?*”

Arjuna: „*Sowan kawula diruta kakang Yudhisthira ndikakakēn matur dhatēng paduka, ingkang wositur: kaparengka paduka paring pangestu dhatēng Korawa lan Pandawa, supados doroh Bharata kalih golongan punika sogēd guyub-rukun nir ing samtekala Euadene, mēnewi Bharatayuddha pencer sampun botēn kenging dipun-singgahi, wontēna kaparenging panggalih paduka karsa paring pambiyantu dhatēng Pandawa. O, kaka Prabu! Waleh-waleh punapa, botēn wontēn ingkang kapareng paring pangayoman dhatēng Pandawa, kajawi nemung paduka.*”

Duryodana: „*Kaka Prabu Krēsna! Korawa kaliyan Pandawa punika samidene krabat paduka. Kalih-kalihipun samidene nyuwun pambiyantu paduka. Kaka Prabu karsaa ngergeti bilih sowan kula langkung rumiyin tinimbang Arjuna. Awit sakling punika, sampun samēsthinipun manawi pambiyantu paduka dhawoh dhatēng Korawa. Para wicaksana ngéndika. sintēn ingkang dhatēngipun langkung rumiyin, ké dah langkung dipun-gatos-akēn. Paduka sampun kasusro Satu binathara ambēk paramarta berbudi bacea-laksana, iébda dhatēng dharma, mumpuni dhatēng arggēr-anggēring piwulang suci, mokal manawi paduka botēn ngabulahēn panyuwun kula, ingkang sowanipun langkung rumiyin tinimbang sowanipun Arjuna.*”

Prabu Krēsna: „*Yayi Prabu Duryodana, kewuningana! Késinggihan, rawuhipun yayi Prabu ing ngriki langkung nemiyin tinimbang yayi Arjuna, nanging sumérēp kula dhatēng Arjuna langkung rumiyin tinimbang sumérēp kula dhatēng yayi Prabu. Adilipua, kalih-kalihipun badhe kula bentu. Yayi*

Prabu kula biyantu, sabab rewuhipun langkung rumiyin. Yayi Arjuna inggih badhe kula biyantu, sabab kula sumerépi langkung rumiyin. Samangke hékiyatanipun praja Dwaraka badhe kula perang dades kalih. Miturut natura adat-halimrahan ingkang tumindak wiwit kina-makina, tiyang dundum punika hédaah asung halonggaran dhateng ingkang kaprénah nem, kapurih milih langkung rumiyin. Awit saking punika, yayi Arjuna badhe kula purih milih langkung rumiyin finimbang yayi Prabu.

Sawise ngendika mangkono, Prabu Krésna banjur ngendika marang Arjuna: *Yayi Arjuna! Wruhartira, kēkuwatane praja Dwaraka ingsun perang dadi loro, manghene:*

I. *Wadyabala Dwaraka iku cacahé sawurda, iku ingsun anggép saperangan. (Sawurda = 100.000.000. Sgyata = 10.000. Dadi, sayuta, ing témbung Kawi = saléksa ing témbung Jawa basa Jawa saiki). Wadyabala Dwaraka sawurda iku padha usikép sanjataning ayuda maneku werna.*

II. *Sallraningsun dhewe, tanpa hanca tanpa wadya ingsun anggép saperangan. Nanging ing témbé ana ing madyaning Bharatayuddha ingsun ora nedya ngasta géguman kong cewujud apa bae, dadi ingsun ora milu campuh perang.*"

„Yayi Arjuna! Siru ingsun paréngake milih luwih dhisik. Mora, rong perangan iku pilihén salah-sij! Milih wadya bala Dwaraka sawurda pépak sagégantering ayuda, apa milih sallraningsun dhewe sing mung siji thil tur tanpa hanca tanpa wadya lan tanpa sanjataning ayuda."

Midhangét ngendikane Prabu Krésna mangkono iku, Partha (Arjuna) tanpa mangu-mangu lan tanpa mikir dawa matur mangkene: „Kaku Prabu! Manah kula badhe saklangkurg agéng saha rumaos marém, manawi tinéng-gan paduka wonten ing madyaning Bharatayuddha, nadyan paduka tanpa wadya saha tanpa ngasta sanjata."

Nalika midhangét pamilihe Arjuna, Duryodana ora bisa ngéngkén guyune, panglocitane: „Kapriyea kae yen pamilihe wong blika, mesthi gampong kliru lan pantés digégyu. O, Arjuna, Arjuna! Gek utékmu ana ing ngéndi, ingatase wong sawurda haro wong siji, hla kok tibuning pamilihamue marang wong siji. Sapira kēkuwatane Prabu Krésna mung wong siji thil, nadyan otota kawat belunga vési pisan, mangsa madhanana wong sawurda. Apa maneh Prabu Krésna ora ngasta sarjataning ayuda, ora karsa milu campuh perang."

Duryodana rumangsa kaligan panggalih, amarga bakal tampa bêbantu wadyabala sawurda saka Prabu Krésna. Arjuna rumangsa marém péngalih, amarga samangsa pécah perang Bharatayuddha bakal jinangkung dening Prabu Krésna.

Sawise matur nuwun marang Prabu Krésna, Duryodana banjur madal pasilan, térus sowan marang Prabu Balarama (Baladewa). Ana ing ngarsane Prabu Baladewa, ing sakawit Duryodana nyaritakake bakal tampa bêbantu

wadyabala sawurda saka Prabu Krésna, banjur matur nyuwun pambilyantu marang Prabu Baladewa.

„Yayi Prabu! Sukur bage sewu dene yayi Prabu sampun badhe pikantuk hébantu wadyabala sawurda sahing Dwaraka. Kawuningana yayi Prabu! Raos sih tressna kula dhateng Pandawa sami kemawon kaliyan dhateng Korawa. Nanging wontén ing parépatan Upaplawya, swantén kula condhong dhateng Korawa. Nanging manawi kula mbiyantu Korawa, atégés kula hédah mémèngsahan kaliyan yayi Krésna, sebab piyambakipun ngiloni Pandawa. Milanipun manawi ngantos dumados Bharatayuddha, kula botén badhe tumut-tumut. Botén nedya mbiyantu Korawa lan botén badhe ngiloni Pandawa. Pangajeng-qjeng kula, sarehning yayi Prabu punika trahing satriya wirotama ingkang kasusru sindénging bawana, mugi tansah nglènggahi dharmuning setriya.”

Sawise dingéndikan mangkono dening Prabu Baladewa, Duryodana banjur madal pasilan, nuli kondur ményang Hastinapura.

Kocap Prabu Krésna, ing sapangkure Duryodana, banjur ndangu marang Arjuna: „Yayi Dhananjaya! Geneya sira milih saliraningsun kang mung sihi thil tur ora nedya ngastu sanjata lan ora mlu campuh yudha!”

Arjuna: „Kaka Prabu, kawuningana! Waleh-waleh punapa, salugunipun kawula kapengin nggayuh knagungan kados paduka. Paduka hasinungan kehiyatan lan haséhken linanghung, ngantos sagéd ngasorakén para wirotama sindénging bawana ing madyaning manggana. Kawula kapengin kasusra kados paduka. Kawula kapengin unggul ing yuda lumawani sadaya mèng-sah ingkang mèthukakén yuda kawula namung sareng pambilyantu paduka ingkang ngusiri rata kawula tanpa ngastu sanjata. Bab punika pance sampun dodos idham-idhaman kawula. Samangke kawula runaos bérga, awit idham-idhaman kawula badhe sagéd kaleksanan.”

Prabu Krésna: „O, mangkono ti arecasing panggalihira. Iya, ta! Ora liwat ingsun paring pangestu marang sira, muga-muga bisa kasémbadan gegayuhanira.”^(*)

Kacarita Prabu Baladewa, ing sapungkure Prabu Duryodana ngudas-mara mangkene: „Ingsun wis miratelakake marang Duryodana bab kékhen-cénganing panggalihingsun manawa nzanti pécah Bharatayuddha, nanging durung pratelu mierang Pandawa.”

Sawise ngudas-mara mangkono, Prabu Baladewa banjur tindak ményang Upaplawya. Sang wirotana gagah-prakosa abau santosa ajaja jémbar iku mangagém aggeman biru, rawuhe ing Upaplawya kinurmatan dening Prabu

(*) Sawise ngéndika mangkono Prabu Krésna banjur tindak ményang Upaplawya diidherakake Arjuna.

Krēsna, para Pandawa, Prabu Matsya lan Prabu Drupada. Sawise bagé-binage kasugéngan, kanthi swara gandhang ngumandhang Prabu Baladewa ngéndika: „Yayi Prabu Yudhisthira! Rawuhingsun ing Upaplawya amarga sinurung panggalih trényuh kang tuwuh dening anane pasulayare Pandawa karo Korawa kang sisip-sémbire njalari pécahe Bharatayuddha. Sarehning ingsun kaprénah tuwa, wis waajibe ingsun osung pépengét marang sira. Manawa Bharatayuddha nganti dumodi, mésithi bakal kalakon "banjur gétih asarah bangke," bisa uga darah Bharata banjur tumpés-curés. Ingsun wis kérèp pratela marang yayi Prabu Krēsna, sarehne ingsun lan yayi Prabu Krēsna iku aluraning sadulur karo Pandawa lan karo Korawa aran padha, anane pasulayan iki aja nganti ngiloni salah-sij. Nanging miturut karyatan, yayi Prabu Krēsna nedya mbiyantu Pandawa, bisa uga amarga saha bangéte kasok-trénsa marang yayi Arjuna, lan ing sému yayi Prabu pancer nayogyani dumadine Bharatayuddha. Blaka-suta, ingsun saméngko ngalami euruh-aya. Nedya mbiyantu Pandawa, panggilingsun ora mémala nyumurupi sirnaning Korawa ing rananggana. Manawa ingsun ngiloni Korawa, atégés ingsun kudu mémungsuhan karo yayi Prabu Krēsna, saya ora mémala. Awit saha iku, ingsun banjur muntu tekod, ora nedya milu caue-caue mareng anane pérang gedhe kang agauve rusak ing sekabehe.”

„Yayi Prabu Yudhisthira! Wruhanira, bukal tuwahe Bharatayuddha njalari ilange kapracayoning sun marang katéntremenan donya. Ingsun ora mémala ndulu campuhine pérang Pandawa lan menen Korawa. Awit saha iku yayi, kanthi kencenging ati ingsun nedya mahas ing asépi.”

Sawise ngéndika mangkono, Prabu Baladewa pamitan, nuli manjing alas, téteki ing pratapan.



269. BRAHMANA PANCALA LAN SANJAYA PADHADENE ORA
OLEH Gawe.

Pandawa lan Korawa padhadene sengkud ngumpulake wadyabala. Para Ratu kang nedya mbiyantu Pandawa padha ngirid wadyabalane menyang *Upaplawya*, dene para Ratu strayane Duryodana padha ngirid wadyabalane menyang Hastina. Gunggunging wadyabalane Pandawa ana 7 aksohini, wadyabala Korawa 11 aksohini. Dadi cacahé wadyabalane Pandawa ora ana rong pratéléone wadyabala Korawa.

Kang diarani wadyabala 1 aksohini iku petunge mangkene: 1 aksohini = 10 anikini = 30 camu = 90 prétana = 270 wahini = 810 gana = 2.430 gulma = 7.290 senamuka = 21.870 patti. Saben 1 patti dumadi saka : rata (kretra pé-rang) 1 + gajah 1 + kuda 3 + wadyabala 5. Dadi sabén 1 aksohini = (rata 1 + gajah 1 + kuda 3 + wadyabala 5) X 21.870 = rata 21.870 + gajah 21.870 + kuda 65.610 + wadyabala 109.350.

Kacatin brahmana Pancala kang diutus Prabu Drupada minangka dutane Pandawa, satékune Hastinapura ditampa dening Prabu Drétaratrastra, Rési Bhisma, Drona, Krépa, Duryodana, Karna, Sanjaya lsp. Sawise padha pité-punginan lan bage-binage kasugéngan, brahmana Pancala banjur médhär sabda atas asmane Pandawa, mangkene:

„Para miyarsa ingkang minulya! Sowan kula ing Hastinapura ingkus Pandawa tinuwéngénah ngrombag supados sambét-rapétipun Pandawa kaliyan Korawa sumpun ngantos dumados cécéngilan utawi méméngshan, jér Pandawa kaliyan Korawa punika hadang nah-adherek utawi hadang tunggil eyang, samidene wayahipun Maharsi linangkung Bagawan Wiyasa.

Para ingkang sami lenggah wonten ing ngriki punika fémtru botén kasamaran bilih Sang Drétaratrastra kaliyan Sang Pandu punika samidene darbe kagungan wewéñang praja Hastina tilaranipun swargi Prabu Weitrawirya, ingkang atéges ugi Pandawa kaliyan Korawa darbe wewéñang ingkang sami ingatasipun praja Hastina. Kalih-kalihipun, Pandawa kaliyan Korawa, samidene wénang nampi bagean. Nanging sémunipun Sang Duryodana ngékahé, ngangkah supados sagéd nguwaosi praja Hastina sawélah. Tindakipun Sang Duryodana makatén punika cengkah kaliyan kaadilan.”

„Para miyarsa ingkang minulya! Kacuningana, Pandawa punika baberpisan botén sénéng tindak cécéngilan, kapengin sagéd rakét-supékét anggen-ípun hékadangan kaliyan Korawa. Sanajan sampun nate ngalami panandhang warni-warni saking pandamélipun Korawa, Pandawa botén badhé ngengétinget bab punika. Pandawa kapengin nyilangkiri, sampun ngantos dumados pé-pé-rangan kaliyan hadang pribadi. Pandawa mangrélos bilih pépé-rangan punika njalari karisakan lan hasangsaran. Milanipun pangajapipun Pandawa sagéda nampi panduman warisan praja Hastina karananing sue, alandhésen kaadilan.”

Sarampunging ngéndikane brahma Pancala, Rési Bhisma ngéndika: „Amarga jinangkung ing dewa, sanajan ngalami lara-lara papa-sangsoro 13 warta, Pandawa tansah teguh-yuwana. Nadyan saméngko wis ana Retu meeuw-euuw kang nedya mbiyantu, ewadene Pandawa ora tumidah héusu grusa-grusu, ora tumuli namake ke piwalés marang Korawa. Amarga saha tuhuring bêbbudene, Pandawa tansah ngrekhadaya bisane guyub-rukun karo Korawa, sok ugå Korawa gélém nglungguhi bêbénér lan kaafilan. Pandawa iku ing salawase pancer ora lau. . .”

Durung nganti rampung ngéndikane Rési Bhisma, Karna wis juméneng saha paénggahan, nugèl ngéndikane Sang Rési sarana pangandika sérèng-sora mangkene: „Heh brahma duta! Jéngandika ngéndikahakélen kaafilan, nanging andharan jéngandika botén alandhésan bêbénér lan kaafilan. Jéngandika nutupi kanyatan utawi rewa-rewa botén mangrétos bilih wewénangipun Pandawa ingatasipun warisan praja Hastina sampun ical, dipun-tohakén nalika kesukan dhadhu kaliyan Korawa. Pandawa namung kenging nyuwun “parilan” saking Korawa, nanging botén wéñang ngucik-ucik warisan. Manawi Pandawa sapuniha kapengin ndarbeni punapa-punapa, sagéd-sagédisipun namung nyuwun “sih-kawélasan” dhaténg Korawa, ngasih-asih sarana tétembungan manis-manuhara émarhan patrap susila anor-ruga. Botén kok dumeh sampun argsal pambiyantu saking para Ratu, langkung-langkung saking Prabu Matsyn lan Prabu Drupada, lajeng ngungulakén dhadha nedha ingkang botén samésthinipun.”

„Kawuningana duta! Panyuwun ingkang hanthi ngungasakén kasudiran, langeh lanun sagéd kaleksanan. Kajawi punika, Pandawa bolén ngrumaosi manwei cidra ing janji. Anggenipun sésingidan hanthi namur salira dereng wontén suwarsa, sampun waní mancungul-muncul ngeglé wontén ing sengéngipun Korawa. Miturut ubaya, Pandawa kédah kesah lan nglampahi gesang wonien ing wana malih 12 warta lan sésingidan 1 warta.”

Midhangéti ngéndikane Karna kang kliru iku, Rési Bhisma kápéksa nyélanu pangandika: „Karna! Ngéndikanira kang mratelakake sésingidané Pandawa durung ana sawarsa iku kliru. Nalika Korawa ngrabasa lan njarah-rayah praja Wiratha, Arjuna ngétoni yuda karo nyébul slompret Devadatta (Dewadénta), ya ing wéktu iku wiwit mardikane Pandawa. O, Karna! Manawa kita ngremehake rémbuge duta, mesthi bekal dumadi Bharatayuddha, tuwuuh pérung rérémpon kang njalari sérnaning Korawa.”

Amarga panémune Kamo karo Rési Bhisma tansah cengkah, piémbug-an dadi bubrah. Rési Bhisma karo Karna régéjegan, ngukuhi bénéring panémune dhewe-dhewe. Para plintuwa Hastina nyondhongi panémune Rési Bhisma; dene Duryodana, Suwalputra lan Dussasana nyarujuki panémune Karna. Prabu Drétaratra banjur nyigéng rémbug sarana pangandika mangkene.

„Kangge ruméh sa kawilujenganing jagad sampaun ngantos wontén lélémpahan ingkang nggégirisi, rémbag punika kula sigéng samantén kemawon. Minangka sambétipun rémbag, kula badhe agutus Sanjaya dhaténg Upaplawya, Awit saking punika, panjénenganipun duta saking Upaplawya kula aturi kondur mratekakén dhaténg Pandawa, bilih badhe wontén dutanipun Korawa ingkang badhe sowan lan rémbagan kallyar Pandawa.“

Sawise dingéndikan mangkono, brahmana Pancala madal pasilan, banjur kondur menyang Upaplawya.

Ing sapungkure brahmana Pancala, Prabu Drétaratra ngéndika: *E, Sanjaya! Sira ingsun utus menyang Upaplawya, kétémua karo Pandawa. Sapisah-puji-pangestuning sun marang para Pandawa téhakna! Salamingsun marang Prabu Krésna, Prabu Matsya, lan Prabu Drupada aturna! Kapindho: Pandawa rémbugana aja nganti kébanjur congkrah karo Korawa. Térangna kapitunane wong mémungsuhan lan karusakan kang tuwuuh suka wohe pépéongan. Kariye caranira rémbugan karo Pandawa ingsun pasruhake marang sira, jér sira iku wis wasis-titis ing wicara lan lebda ngihal basa.*“

Sanjaya matur sändika, banjur mangkat menyang Upaplawya. Sapraptau Sanjaya, ing Upaplawya, mbénéri para Pandawa lagi lélénggahan karo Prabu Krésna, Prabu Matsya, Prabu Drupada, Satyaki lsp. mèntas padha midhangétake palapurane duta brahmara Pancala.

Tékane Sanjaya ditampi kinthi pangaji-ajé dening Pandawa. Baréng wi satata lenggah, Sanjaya nékakaké puji-pangestune Prabu Drétaratra marang Pandawa, banjur ngaturake salara-taklime Sang Prabu marang Prabu Krésna, Prabu Matsya, Prabu Drupada lan para wréduha liya-liyane. Sawise mangkono, Sanjaya banjur matur mangkene: „Anak Prabu Yudhisthira! Kula rumaos engsal kapitadosan agéng saking Prabu Drétaratra, tjinngénah mbudidaya murih sagéd rakétsupékét sambétipun Pandawa kaliyan Korawa, sampaun ngantos kelajéng crah. “Crah agawe bubrah, rukum agawe santosa,” makutén Sinuwun, paribasanipun. Prabu Drétaratra saklangkung botén réna, manawi Pandawa-Korawa sami cécéngilar punapa malih manawi ngantos pépéongan. Pangajapipun Prabu Drétaratra, sasampunipun Pandawa nétépi ubaya 13 wersa dédunung ing madyaning wara, ing salajéngipun sagéda tansah guyub-rukun rakétsupékét kaliyan Korawa.“

Midhangé ature Sanjaya kang sajak kopenak rinungu iku, Prabu Yudhisthira bangé karénan ing panggalih, pangandikane: „Paman, tanpa pépin-dhan bingahing manah kula miréng ngéndikanipun paman ingkang mratekakén bilih uwa Prabu Drétaratra ngarsakakén supodos Korawa-Pandawa guyub-rukun. Karsanipun uwa Prabu makutén punika salaras kaliyan pangajéng-ajéngipun Pandawa. Manawi uwa Prabu nglènggahi haadilan, témptu kaparéng maringakéen saperanganing praja Hastina dhaténg Pandawa. Mangwi

makatén, sambé-t-rapétipun Korawa-Pandawa témptu sagéd raké-t-supéhét sangéti. Sadaya lélampahan pait-géti ingkang sumpun dipun-alamí Pandawa sa-king pandamélipun kakang Duryodana botén bédhé dipun-engé-t-engéti dening Pandawa, manawi Pandawa sumpun nempi wéu-wéngipun panduman wa-risan praja Hastina.”

„Kaparéngipun Prabu Drétarustra lakar inggih makatén.” Mangkono ature Sanjaya. „Nanging anak Prabu Duryodana ingkang dhasaripun panceen strakah-kéthaha, tansah céngkah kaliyan karsanipun para wréduha Hastina. Para wréduha dalasan Sang Prameswari Dewi Anggéndari sumpun wongsal-wangsul mituturi dhaténg anak Prabu Duryodana murih sumpun kalajéng-lajéng atwatah angkera-murka; nanging ngantos sapuniha watakipun ingkang makagéén punika babar-pisan dereng mèndha. Sanajan makatén, pangajéng-ajéngipun Prabu Drétarustra, mugi-mugi Pandawa tansah ngégungakén panggalih sabar-drana.”

„Anak Prabu Yudhisthira! Para Pandawa punika mustikaning para satrya ingkang tansah nélepi sésanggeman, botén nate tilar kautamen, temtu kuwuwi nahéni hawa kangege nyéngkiri sumpun ngantos dumados pépéran. Punapa sagéd kasinungan racas mulya, manawi tlyang ngrébat wéwéñang sarana pérang nyimakahén para kudang? Para wréduha Hastina pitados bilih kéhiyatanipun wedyabala Pandawa sapuniha tan hénéna kinaya ngapa. Sanajan makatén, Prabu Drétarustra pangajéngipun mugi-mugi Pandawa tétepa tansah sabar-drana, sumpun ngantos ndamél dhadhakan ingkang njolari tuwuhipun Bharatayuddha, nedyan Sang Duryodana tansah puguh-lumuh ngirlahakén saperanganing praja Hastina.”

Saparipurnaning ature Sanjaya, Prabu Yudhisthira noleh marang Prabu Krénsa karo ngéndika: „Kaka Prabu Krénsa! Kadospundi pamenggih poduka gégayutan kaliyan cluripun paman Sanjaya, karsa ngéndikakahén.”

Krénsa: „Paman Sanjaya! Pangajéb kula. Pandawa kaliyan Korawa, kalih-kalihipun sagéda sami wiliwéng tanpa kera-kara. Nyéngkiri céngélin utawi nyéghoh sumpun ngantos dumados pépéran punika botén angel, sok ugér yayi Duryodana karsa nglénenggahi kaedilan, botén ngéhahi wéwéñangipun Pandawa bageanipun warisan praja Hastina. Ingkang njolari engeling rémbag, jalaran yayi Duryodana botén sagéd ngipatahén watakipun angkera-murka. Botén jaman rumiyin bentén jaman sapuniha, kamarkan punika manawi dipun-umber, mbabar dedos rubeda ingkang ngréribédi. Pangajéng-ajéng kula, Pandawa sagéda nampi panduman praja Hastina kanthi mulungipun yayi Duryodana. Manawi yayi Duryodana puguh-lumuh ngulung-akén karonaning aris, Pandawa wéñang ngrébat wéwéñang sarana pérang. Pépuntoning rémbag, yayi Duryodana henging milih selah-satunggal, inggih punika: pérang rérémpón punapa gendhon-rukon kaliyan Pandawa.”

Sarampunging ngéndikane Prabu Krénsa, Prabu Yudhisthira ngéndika: „Paman Sanjaya! Samangke paman kula aturi kondur dhaténg Hastina. Kajawé aturi kula saha ngéndikanipun kaka Prabu Krénsa kala wau punika,

harsaa paman mratelakakéh dhaténg uwa Prabu Drétaratra, gagasan kula makatéh. Kédahipun uwa Prabu botén mémala priksa Pandawa dipun-tundhung kédah oncat saking praja, gesang nglambrang kesurong-surong. Praja Hastina punika laladanipun saklangkung jémbar. Saking jémbaring laladanipun, manawi nagari Hastina dipun-sigar sémangka, ingkang sapalih dipun paringahéh Pandawa, inggih taksih nama nagari agéng. Manawi uwa Prabu badhe nyéga sampun ngantos Bharatayuddha dumados, kédah nyéga kakang Duryodana sampun ngantos helajéng-lajéng awatak srakah."

„Wonténa kaparéngipun paman ngéndikakahéh dhaténg kakang Duryodana, sanajan Pandawa sampun wongsai-wangsul ngalami kétula-tula katali saking pandamélipun kakang Duryodana, botén badhe darbe manah sengit ngigit-igit dhaténg Korawa, sok ugér wéwénangipun Pandawa botén dipun-hékahéh dening kakang Duryodana. Sabotén-boténipun, saking laladan praja Hastina, Pandawa kédah nampi 5 dhusun, inggih punika: 1 Awisthala, 2 Wreshasthala, 3 Mahandi, 4 Warunawata, 5 Awesana.”

„Karsaa paman ngaturi priksa dhaténg uwa Prabu Drétaratra, bilik Pandawa sampun samékla ing yuda. Manawi wéwénangipun Pandawa botén sagéh katampi kanthi haranuning aris, Pandawa sampun muntu tekad nèdya ngrébat wéwénang haranuning pérang. Penutuping atur kula, paman karsaa ngaturahéh sungkéming para Pandawa dhaténg uwa Prabu Drétaratra, eyang Bhisma, bapa Guru Drona, Rési Krépa lan paman Widura. Sadaya punika hasuwun pangesutunipun tumrap Korawa-Pandawa supados sagéh gesang gu-yub-rukun kanthi semidene ngliénggahi knadihan lan kautomen.”

Sarampuunging ngéndikane Prabu Yudhisthira, Sanjaya pamitan marang para Pandawa, Prabu Krésa, Prabu Matsya, Prabu Drupada Isp, banjur kondur ményang Hastinapum.

Ing sapungkure Sanjaya, para Pandawa mbanjutake ngéndikan karo Prabu Krésa.

Yudhisthira: „Kaka Prabu! Prakawa punika sajakipun lajéng dados soyé gawat keliwat-liwat, sisip-sémbiripun sagéh dados dhadhakaning Bharatayuddha ingkang njolari rétuning jagad. Kula sampun mratelakakéh dhaténg paman Sanjaya bilik Pandawa norimah namung nampi panduman 5 dhusun, nanging kintén kula kakang Duryodana botén badhe nyerajuki usul kula punika, amargi manahipun kebéhan watakrakah-kéthaha. Dhuh kaka Prabu, wonténa kaparéng paduka karsa paring wawasan dhaténg Pandawa, kédah tumindak hadospundi ing wékdal gawet makaténi punika.”

Krésa: „Yayi Prabu! Kangge ruméksa kauiliúénganing jagad, kula badhe ngauwaki piyambak dhaténg Hastinapura, piémbagan kaliyan Korawa. Mugi-mugi uéwénangipun Pandawa panduman warisan praja Hastina dipun-rilokahéh dening yayi Duryodana kanthi haranuning aris.”

Yudhisthira: „Adhuh kaka Prabu, kaka Prabu! Karsa paduka makaténi punika mbébayaní ingatasipun kasugéngan paduka. Botén usah paduka rawuh

ing papapaning mèngah. Kakang Duryodana punika watakipun sahlangkung juli-gullka, sénèng nandukakén sandilupaya. Tanpa gina paduka nyulang-nyulangakén babagan kautamen lan kaedilan dhaténg kakang Duryodana, jér piyambakipun botén doyan babagan makatén punika."

Krësna: „Yayi Prabu! Kula wuninga bilih yayi Duryodana sénèng lam-pah cidra, nanging yayi Prabu sampun ngantos nguwatosakén kawiluséngan kula. Dhaténg kula ing Hasthirapura botén ngandhut maksud awon, témputipun inggih batén badhe tampi piawon. Ewadene, manawi yayi Duryodana wani tumindak cidra, Korawa badhe kula brastha ngantos sirna gempang sacindhilipun abang.”

„Yayi Prabu! Kita sampun ngantos tilar tata-caruning kaprajan, hé-dah mbudidaya beresipun bat punika serana pirembagan, supados manawi ngantos dumados pérang gegémpuran, jagad botén nglepatakan dhaténg Pandawa.”

Yudhisthira: „Manawi mekatén kaparéngipun kaka Prabu, kula sumarah ing karsa paduka. Salugunipun pancer inggih namung paduka ingkang mungguh ngayahi prakawis punika, jér namung paduka ingkang priksa cetha kawontenan lan watak-wantunipun Korawa-Pandawa. Paduka témputu sageéd ngandharakén kanthi feteh-jengkleh, punupa ingkang badhe dipun-alami de ning Korawa, manawi kakang Duryodana ngantos kéléjéng cukéng-kéncéng ngékahé wéwénangipun Pandawa. Sakédhikipun 5 dhusun ingkang kula su-wun.”

Krësna: „Inggih yayi, kule badhe nyobi mbudidaya murih guyub-rukunipun Pandawa-Korawa tanpa ngirwakakén wéwénangipun Pandawa.”

Para Pandawa, kabeh padha wéling marang Prabu Krësna Karsa ngrekdaya bisane Korawa-Pandawa padha bédhamen, aja nganti kalakon padha pérang rérémpón. Dalasan Bhima sing adate yen ngguném Korawa kanthi swara séréng-sora kéncéng-masihéleng, ing wektu iku pangandikane manis-manuhara pindha madu pinus-hika, Arjuna uga wéling kanthi wanti-wanti marang Prabu Krësna, olehe rémbugan karo Korawa bisaan kanthi sareh murih pakoleh, ngarah-arah aja nganti Korawa-Pandawa kebanjur congkrah.

Nanging Satyaki lan Dewi Dropadi padha ora nyondhongi karsane para Pandawa. Panémune Satyaki, ora prélu Pandawa ngarit-arih ngasih-asih ngajak bédhami karo Korawa, mundhak dikira ringkib ingab-ingih jirih wédi gétih. Luwih bécik Korawa tumuli ginitik ing pérang, disimakake saindhile abang. Para Ratu kang ngrungu usule Satyaki padha nayogyani, luwih-luwih Prabu Drupada, nyarajuksi bangét marang panémune Satyaki.

Dewi Dropadi kang nganti tumékane ing wéktu iku isih ngure rema durung kasa gégélung sadurunge klakon ajéjamss gétihe Dussasana, kanthi netra ngémbéng waspada ndhésénganggséng nyédhaki Prabu Krësna, banjur matut kanthi swara pégal-pégal, tangéti sérét wijiling wacana. „Dhuh Maháraja Krësna! Paduka témputu boéni kasamaran, kadosundi Korawa anggenipun sampun nindakakén apus-kranan ingkang njalari Pandawa saha kula gesang

gangsan nandhang lara-lapa kēula-tula katali ngantos 13 wersa. Pandugi kula, tangeh lamun Suyudana purun kanthi karahaning eris ngulungakèn wé-wéñangipun Pandawa. Saklangkung mokal-andupera Korewa purun rērukun-an bédhamen kaliyan Pandawa. Awil saking punika sinuwun, pamanggih kula, tinimbang ngéceh-éceh wékdal wongsal-wongsul rémbagan tansah bat-al-gagal, langkung prayogé Korawa enggal ginistik ing pérong. Ngrébat wé-wéñang sarana pérong punika kalebèt dharmaning satrinya. Dhuh Maharaja Krésna! Manawi kula kengéti panyiya-nyiya lan panyamahipun Korawa dhaténg kula, manah kula saklangkung nalangsú karanta-ranta, raos isin-wirang kula ngantos ngegarés-nandhés dumugi télenging sanubari. Korawa babar-pisan botén ngengéti bilik kula asipat pawestri, botén mraduli putri putruning Nata binathara ingkang pontés ingaji-aji, ginarwa Pandawa ingkang saklanghung luhur ing budé, esesute gangsal ingkang sami sura-sakti. Kanthi tindak siya wéngis-wéntale, kula dipun-jambak lajéng dipun-larak-larak dhuténg pasamuwan hasukan dhadhu, dipun-séndhal tapis kula nedya dipun-wudani, lan badhe kadadosakén pawongan kados rencang tumbasan. Nalika samantién para Pandawa ugi sami nguningant kula dipun-siya-siya mahaténi punika, nanging kěpéksa bolén tumindah punaps-punaps, amargi sadaya sampaun sami kapurbawasesa dening Korawa. Dhuh Maharaja Krésna! Saklangkung aurat keliwat-lluat raos isin-wirang ingkang kula sandhang. Kula botén dárbe pangayoman sanesipun, koja wi namung paduka. Mugi wontén kapareng paduka karsa nyirép ubaling pangigit-igit kula dhaténg Duryodana-Dussasena sarana nyirnakahén Korawa. Anak kula 6 pisan kapareng mbiyantu paduka ngleksanani panyuwun kula. Dereng iega riosing manah kula, manawi dereng sumérep sirahipun Dussasana gumlundhung ing bantala."

Krésna: „Dhuh Mahadevi! Mugi sampaun sumélang ing paraggalih. Botén dangu malih yayi Dewi Titi bache priesa rabiniipun para Korawa sami nangis kélara-lara, jalaran guru-lakinipun, anakipun lan kulawangsanipun sami péjeh, bangkenipun pati्र glosah. Botén series ingkang mrajaya para Korawa punika inggil raka jengandika para Pandawa, langkung-langkung Sang Bhima-Arjuna. Kaléksanenipun Pandawa lan kuia mburstha Korawa punika amargi sinurung dening orang-hara-murkanipun yayi Duryodana.“

Amarga ora nayogyani marang rémbuge Prabu Krésna karo Dewi Dropadi, Prabu Yudhisthira enggal-enggal matur mangkene: „Kaka Prabu Krésna! Paduka sampaun ngantos nyaruwuké aturipun Dropadi aturipun Bhima-Arjuna kemawon kula cturi ngengéti, supados Korewa-Pandawa ugéd bédhami.“

Tékan kono olehe ngéndikan sigé, amarga wayabe wis ndungkap sandhyakula. Prabu Krésna lan para Pandawa padha sésuci, nuli padha maném-bah marang Jawata.

Nyandhak jilid VII. Isi:
Sadurunge, sajrone lan salébare
BHARATAYUDDHA
nganti tékan Pandawa mulsa.

DAFTAR KAPUSTAKAN (BIBLIOGRAFIE)
Gégaran pandhapuke buku "Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita"
 jilid I nganti jilid VI

1.	Ramayana abasa Jawa-kuna	Empu Yogiswara?
2.	Uttarakanda abasa Jawa-kuna	—
3.	Hariwangsa abasa Jawa-kuna	Empu Panuluh
4.	Bharayuddha abasa Jawa kuna	Empu Sédah
5.	Tantu Panggèlaran abasa Jawa-tengahan	—
6.	Adiparwa abasa Jawa-kuna	Parwa I ing Mahabharata
7.	Sabhaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa II ing Mahabharata
8.	Wirataparwa abasa Jawa-kuna	Parwa IV ing Mahabharata
9.	Udyogaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa V ing Mahabharata
10.	Bhismaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa VI ing Mahabharata
11.	Asramawasanaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa XV ing Mahabharata
12.	Mosalaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa XVI ing Mahabharata
13.	Prasthanikaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa XVII ing Mahabharata
14.	Swargarohanaparwa abasa Jawa-kuna	Parwa XVIII ing Mahabharata
15.	Pépôthikan Mahabharata mawa aksara Jawa	R.Ng. Djajapoespita
16.	Mahabharata abasa Indonesia	Njoman S. Pendit
17.	Kalawarti Sérat Mahabharata	Pakempalan Theosofie Surakarta
18.	Bhagawadgita abasa Indonesia	Oleh "Romo"
19.	Kalawarti Padhalangan HBS	Himpunan Budaya Surakarta
20.	Kalawarti Padhalangan Panjangmas	Yogyakarta
21.	Sérat Rama	R.Ng. Yasadipoera I
22.	Sérat Bratayuda	R.Ng. Yasadipoera I
23.	Sérat Lokapala	R.Ng. Yasadipoera II
24.	Sérat Dewaruci	R.Ng. Yasadipoera II
25.	Sérat Wiwahajarwa	R.Ng. Yasadipoera II
26.	Sérat Poestakaraja	R.Ng. Ranggawarsita
27.	Sérat Wedhapurwaka	R.Ng. Ranggawarsita
28.	Sérat Bratayuda sékar Macapat	R.Ng. Ranggawarsita
29.	Sérat Paramayoga	R.Ng. Ranggawarsita
30.	Sérat Mintaraga gancaran	Dr. M. Priyohutomo
31.	Sérat Arjunasrasrabahu (6 jilid)	R.Ng. Sindusastro
32.	Sérat Sumbadralarung	R.Ng. Sindusastro
33.	Sérat Partakrama	R.Ng. Sindusastro
34.	Sérat Srikanthi maguru manah	R.Ng. Sindusastro
35.	Sérat Jagabiliawa	K.P.A. Koesoemadilaga
36.	Sérat Sémbar Jantur	K.P.A. Koesoemadilaga
37.	Sérat Prégiwa	R.M. Sasradiwirya
38.	Sérat Abimanyukerém	M. Soekir
39.	Sérat Kapustakan Jawi	Prof. Dr. R.Ng. Poerbatjaraka
40.	Musthika Hargabélah	Késupen pangritanipun
41.	Buku-buku padhalangan	Babarán Balai Pustaka
42.	Cariyos ringgit ing RRI lan pagélaran ringgit purwa	

**DAFTAR BUKU-BUKU BERNILAI
PENERBITAN
P.T. "CITRA JAYA"**

1. SILSILAH WAYANG PURWA (bhs. Jawa).
oleh: S. Padmosoekotjo.
 jilid I Rp 1.750,-
 jilid II Rp 1.750,-
 jilid III Rp 2.000,-
 jilid IV Rp 1.750,-
 jilid V Rp 1.750,-
 Tidak saja perlu dibaca oleh penggemar wayang, tetapi juga sangat berfaedah untuk masyarakat umum, karena sejarah cerita wayang purwa ini diceritakan dengan teknik penulisan lain dari yang lain. Bahasanya mudah dimengerti serta enak dibaca. Menguraikan awal mula cerita pewayangan secara gamblang dan mengasikkan.
2. SULUK PEDHALANGAN (bhs. Jawa).
oleh: S. Padmosoekotjo.
 Rp 350,-
 Suluk pedhaiangan ini sangat praktis untuk para dhalang apalagi para calon dhalang. Diuraikan secara besar.
3. TUNTUNAN KETRAMPILAN TATAH-SUNGGING WAYANG (Ind).
oleh: Ki Marwoto Panenggak Widodo.
 Rp 1.600,-
4. MEMETRI BASA JAWI (bhs. Jawa).
oleh: S. Padmosoekotjo
 jilid I Rp 1.750,-
 jilid II Rp 1.750,-
 jilid III Rp 1.750,-
 Pelajaran bahasa Jawa yang pentng untuk siswa SPG/SMP dan juga manfaat untuk umum serta dapat digunakan sebagai buku pegangan bagi para guru.
5. WEWATON PANULISE AKSARA JAWA. (bhs. Jawa).
oleh: S. Padmosoekotjo.
 Rp 1.000,-
6. BABAD TANAH JAWI (Galuh-Mataram) (bhs. Indonesia).
oleh: Dr. Soewito Santoso.
 Rp 3.000,-
7. SERAT WEDHARAN WIRID (bhs. Jawa).
oleh: Ki. R.S. Yudi Partayuwono.
 jilid I Rp 1.200,-
 Kebatinan diuralkan berdasar akal dan budi dengan bahasa yang enak dan tanpa tekdeng aling-alings.

- jilid II - Rp 1.250,-
 Mengupas dengan cara yang sama mengenai apa yang dikenal sebagai
 Sastrajendra Hayuningrat.
8. ILMU KHAK SEJATI DAN QUN FAYAKUN. (bhs. Indonesia)
 oleh: R.S. Yudi Partayuwoso. - Rp 1.500,-
 Lanjutan uraian Wedharan Wirid, untuk lebih gamblangnya persoalan.
9. SHANTIH (bhs. Indonesia)
 oleh: Ir. Koesnadi Partosatmoko. - Rp 3.000,-
 Tuntunan ethiko psikologik Drs. R.M.P. Sosrokartono.
10. SHANTIH (APPENDIX). (bhs. Indonesia)
 oleh: Ir. Koesnadi Partosatmoko. - Rp 2.000,-
 Isi: tuntunan ethiko-psikologik Drs. R.M.P. Sosrokartono.
11. SERAT WULANG REH. (bhs. Indonesia)
 Garapan: Darusuprapto (UGM). - Rp 1.000,-
 Lengkap dengan teks asli (huruf Jawa, tulisan tangan/huruf Latin), perbandingan serta salinan maksud intinya dalam bahasa Indonesia.
12. WEDHATAMA WINARDI (bhs. Indonesia). - Rp 700,-
 Lengkap dengan teks asli (huruf Jawa/huruf Latin) dan salinan bahasa
 Indonesia + kamus kecik.
13. ESOTERIK KERIS (bhs. Indonesia).
 oleh: Syamsul'alam. - Rp 600,-
 Menguraikan dasar-dasar pemanfaatan benda pusaka.
14. SEMEDI (bhs. Indonesia).
 oleh: Syamsul'alam - Rp 2.000,-
15. ALMANAK 130 TAHUN (bhs. Indonesia) - Rp 2.000,-

Untuk mencari, hari, pasaran dan tanggal lahir pada tahun 1870 - 2000.
 Dilengkapi dengan pawukon dan primbon.

ATURAN PESANAN :

Pembelian buku-buku lewat pos ditambah ongkos kirim sedikitnya Rp 750,-
 Untuk dijual lagi rabad berunding.

P.T. "CITRA JAYA"
 Jln. Rungkut Industri II/1
 Kotakpos : 254
 SURABAYA

